

Textes collectés et introduits par **Christine Deslaurier**
traduits par **Domitien Nizigiyimana**

Paroles et écrits de **Louis Rwagasore**

leader de l'indépendance du Burundi



Amajambo n'ivyanditswe dukesha
Rudoviko Rwagasore

yarwaniye Ukwikukira kw'Uburundi

PAROLES ET ÉCRITS
DE LOUIS RWAGASORE

AMAJAMBO N'IVYANDITSWE
DUKESHA RUDOVIKO RWAGASORE

KARTHALA sur Internet : <http://www.karthala.com>
Paiement sécurisé

Couverture : Portrait de Rwagasore tenu dans le public
assistant à une fête de tambourinaires à Kayanza – *Ifoto ya Rwagasore
mw'ishengero ry'abanyagihugumu musi mukuru w'abavuzi
b'ingoma mu Kayanza*

© Jean-François Dupaquier, 1973.

© ÉDITIONS IWACU et KARTHALA, 2012
ISBN : 978-2-8111-0701-7

Textes collectés et introduits par **Christine DESLAURIER**
traduits par **Domitien NIZIGIYIMANA**

Paroles et écrits de
Louis Rwagasore
leader de l'Indépendance du Burundi

Amajambo n'ivyanditswe dukesha
Rudoviko Rwagasore
yarwaniye Ukwikukira kw'Uburundi

Éditions IWACU
Avenue de France n° 6
BP 1842 Bujumbura (Burundi)

Éditions KARTHALA
22-24, boulevard Arago
75013 Paris (France)

Ugukenguruka

Iyandikwa ry'iki gitabu turikesha imfashanyo yatanzwe n'ibiro vy'uwuserukira igihugu c'Ubufaransa mu Burundi hamwe n'ibiro vy'ugufashanya kw'Ubuswisi mu Biyaga Binini i Bujumbura mu Burundi. Bene kwandika iki gitabu baboneyeho akaryo ko kubashimira bimwe bivuye ku mutima ku mfashanyo yatanzwe kugira ngo iki gitabu candikwe congere gihindurwe. Abandi bakesha intererano kubera impanuro zirashe babahaye ni abigisha bagenzi babo bo muri Kaminuza y'Uburundi hamwe n'abakunzi baba mu gihugu c'Ubufaransa ni c'Uburundi bafashe akanya gakwiye ko gusoma integuro y'iki gitabu. Abantu twoshimira cane ku ruhara bagize mw'iyandikwa ry'iki gitabu ni Jean-Pierre Chrétien, Alexandre Hatungimana, Marcel Kabanda, Abdul Mtoka, Melchior Mukuri na Daniel Nzigamiye, batahengeshanije kudushikiriza ivyiyumviro n'impanuro zabo. Uwundi yafashije ni Bärbel Müllbacher ku ntererano y'ubuhinga mu kuringaniza ishusho y'iki gitabu imbere y'uko kijanwa mw'isohorero ry'ibitabu Karthala.

Mu vy'ukuri, hambavu y'abo twavuze, urutonde rw'amazina y'abadufashije ku mwete n'ubwira bwabo canke batwamijeko impanuro rwoba rurerure cane ku buryo tutoronka aho tubakwiza. Ariko tubicishije ku mazina ya Shantare na Alexis, twifuza gukengurukira n'abandi bose baterereye ku gishika n'ubwira vyabaranze mu kudushigikira.

Remerciements

Cet ouvrage a été publié avec le concours de l'ambassade de France au Burundi et du bureau de la Coopération suisse Grands Lacs-Burundi à Bujumbura. Les auteurs tiennent à leur exprimer leur reconnaissance pour le soutien qu'ils ont fourni à la traduction et à la production du livre. Ils se tiennent aussi pour redevables des conseils lumineux qu'ont bien voulu leur prodiguer leurs collègues de l'Université du Burundi, et des relectures minutieuses du manuscrit qu'en France et au Burundi des amis efficaces ont assurées. Ce livre doit ainsi beaucoup à Jean-Pierre Chrétien, Alexandre Hatungimana, Marcel Kabanda, Abdul Mtoka, Melchior Mukuri et Daniel Nzigamiye, que nous remercions pour leur attention durable ou leurs suggestions ponctuelles. Il a aussi bénéficié des soins de Bärbel Müllbacher, qui en a réalisé la maquette pour Karthala.

Au-delà de ces noms, la liste de celles et ceux qui, par leur enthousiasme ou leurs encouragements répétés, ont contribué à sa réalisation est positivement trop longue pour être publiée. Qu'à travers les prénoms de Chantal et Alexis, elles et ils soient tou(te)s remercié(e)s ici pour la chaleur et la constance de leur soutien.

Abanditsi

Kirisina DESLAURIER ni umuhinga yize ivyerekeye gutohoza n'ukwiga kahise; ashinzwe ubushakashatsi (ageze ku rugero rwa Chargée de recherche) mu gisata kijejwe ivyigwa bijanye n'iterambere (IRD); ari kandi mu bagize ikigo gikurikirana ivyigwa vyerekeye Afirika (EHESS-IRD) c'i Paris. Harahaze imyaka mirongo ibiri arangura imirimo yubushakashatsi ku vyerekeye kahise k'Uburundi bwo muri iyi myaka ibeze. Igikorwa yashikirije mu 2002 catumye aronka urupapuro rw'umutsindo rwa Doctorat na co nyene cari cerekeye Uburundi, citwa: « Akarere karangwamwo ihindagurika mu vya poritike: Uburundi imbere yuko bwikukira (hagati ya 1956 na 1961) ». Aragenda Uburundi akatari gake.

Domisiyo NIZIGIYIMANA, ni umuhinga yize ivyerekeye amayagwa y'Abanyafirika. Ni umwigisha (ageze ku rugero rwa Professeur associé) muri Kaminuza y'Uburundi. Mu 1985, yarashikirije igikorwa catumye aronka urupapuro rw'umutsindo rwa Doctorat mu vyerekeye amayagwa citwa: « Intererano k'uburyo bwo kwihweza n'ugutahura insiguro y'amayagwa y'ikirundi: akarorero gafatiye ku migani miremire ivugwamwo ibisizimwe ». Aramaze kurangura ibikorwa bitari bike mu gufasha guhindura ivyanditswe biva canke bija mu ndimi z'ikirundi n'igifaransa.

Les auteurs

Christine DESLAURIER est historienne, chargée de recherche à l'Institut de recherche pour le Développement (IRD), et membre du Centre d'études africaines (EHESS-IRD) à Paris. Elle travaille depuis 20 ans sur l'histoire du Burundi contemporain. Sa thèse de doctorat portait sur « Un monde politique en mutation : le Burundi à la veille de l'indépendance (env. 1956-1961) » (2002). Elle effectue de fréquents séjours au Burundi.

Domitien NIZIGIYIMANA est spécialiste de littérature africaine, professeur associé à l'Université du Burundi. Il a soutenu une thèse de doctorat en littérature, intitulée « Contribution à l'analyse des textes narratifs de la littérature burundaise : l'exemple des contes d'ogres » (1985). Il effectue régulièrement des traductions entre le kirundi et le français, pour des administrations et pour des organismes privés.

Intangamarara

Ivyiyumviro vya poritike dukeshya Rudoviko Rwagasore mu majambo yiwe

Umuganwa Rudoviko Rwagasore, imboneza y'umugambwe mukuru waharanira intahe y'Ukwikukira kw'Uburundi mu gihe c'ukurondera kwiganzura intwari y'igikoroni, yari umuhungu w'imfura w'Umwami Mwambutsa Bangiricenge; yagandaguwe igihe co ku mugoroba muri Gitugutu 1961, umugambwe wiwe Uprona umaze impusha nkeyi utsinze amatora. Inyuma y'iyi ntsinzi, umuganwa Rudoviko Rwagasore yari yabaye Umushikirangoma wa mbere w'ingoma y'Uburundi bwari bwimirije kwikukira (kw'igenekerezo rya 1 Mukakaro 1962). Igandagurwa ryiwe, ryateguwe n'abansi biwe bari bacuditse n'intwari gikoroni, ryaraciriyemwo inzira yari atumbereye mu vya poritike, maze igihugu cose gica kirwa mu gahundwe. Kuva ico gihe izine ryiwe ryibutsa « incungu y'igihugu » mu Burundi.

Yashengeye atarashikana imyaka mirongo itatu, afise inguvu n'ishaka rinini, ry'ugukorera igihugu. Rwagasore uno musi ari mu bantu bo hambere abakurikirana ivya poritike mu Burundi bahurizako, n'aho kenshi ico bavugwako ari ugucanamwo. Abantu baramwibuka mu mvugo no mu vyo bayaga; mu mihingo myinshi y'igihugu hariho ivyibutso biriko ishusho yiwe, ifoto yiwe turayisanga mu biro vya Reta, ku manoti no ku matemburi; umusi yagandaguriweko, igenekerezo rya 13 Gitugutu 1961, barawibukana iteka uko umwaka utashe maze abakuru, umuryango wiwe, imigambwe n'amashirahamwe adaharanira inyungu za poritike, barahurira hamwe ku ntatemwa yiwe i Bujumbura¹. Muri Gitugutu 2011, ibirori vyabaye ivyo kwibuka imyaka mirongo itanu amaze ashengeye, muri Ruhuhuma 2012 na ho yari kuba akwiye imyaka mirongo umunani avutse.

1. Deslaurier C., « Rwagasore for ever, Des usages contemporains d'un héros consensuel au Burundi », *Vingtième siècle, revue d'histoire*, 2012 (biriko birategurwa).

Introduction

La pensée politique de Louis Rwagasore à travers ses mots

Leader du principal parti indépendantiste du Burundi au moment de la décolonisation, le prince Louis Rwagasore, fils aîné du *mwami* (roi) Mwambutsa Bangiricenge, a été assassiné un soir d'octobre 1961 alors que sa formation, l'Uprona (Unité et progrès national), venait de remporter quelques semaines plus tôt un succès électoral décisif. Le prince Rwagasore était devenu dans la foulée de cette victoire le Premier ministre du royaume burundais dont la souveraineté allait bientôt être retrouvée (1^{er} juillet 1962). Mais son meurtre, ourdi par des adversaires proches de l'administration coloniale, abrégea son ascension politique et plongea le pays dans la stupeur. Il édifia aussi, assurément, sa figure comme celle du « héros national » du Burundi contemporain.

Mort à peine trentenaire, dans la force de son engagement nationaliste, Rwagasore est aujourd'hui une personnalité historique autour de laquelle s'est construit un certain consensus dans le champ politique burundais, hélas plus connu d'ordinaire pour ses profondes divisions. Il est célébré dans les récits populaires ; plusieurs localités du pays disposent de monuments à son effigie ; son portrait est présent dans les administrations publiques, sur les billets de banque et des timbres ; et enfin, son assassinat, le 13 octobre 1961, est commémoré chaque année par les autorités, la famille, les organisations politiques et la société civile qui communient au pied de son mausolée à Bujumbura¹. En octobre 2011, la cérémonie a marqué le cinquantième anniversaire de sa disparition, et en février 2012, l'on aurait pu célébrer les 80 ans de sa naissance.

1. Deslaurier C., « Rwagasore *for ever*? Des usages contemporains d'un héros consensuel au Burundi », *Vingtième siècle, revue d'histoire*, 2012 (sous presse).

Ariko rero, n'aho Rudoviko Rwagasore azwi na bose mu Burundi, kandi ari umuntu yubashwe, intumbero yarimwo n'iragi yasize mu vya poritike bizwi na bake mu Burundi no mu makungu. Ivyanditswe bimwerekeye biracari bike²; haramaze kuboneka ivyanditswe ku rupfu rwiwe, no ku manza zakurikiye³. Ariko mu vy'ukuri, n'aho ibiringo bikuru bikuru vy'ubuzima bwiwe n'ivy'igandagurwa ryiwe bihaye biramenyekana, ishaka ryamuranga n'ishingiro ry'ivyiyumviro vyawe muri poritike, vyo, n'ubu, ntibizwi na benshi.

Intumbero y'iki gitabu ni iyo kugira ngo haboneke, hambavu y'ingene abantu bategera Rudoviko Rwagasore mu vyiyumviro vyabo no mu biroranye na poritike mu Burundi, amakuru azwi kandi ariho yerekeye ivyiyumviro vyawe n'ivyo yakora haracye imyaka mironko itanu. Ni ukurondera ko ivyiyumviro vyawe vya poritike bimenyekana mu gushira ahabona amajambo yashikirije ku mugaragaro canke ari ahandi nk'uko tubisanga ubu, ari i Bujumbura canke i Bruxelles, mu madosiye ari mu bushinguro bw'ivya kera canke mu binyamakuru. Iki si igitabu canditswe « ku » muganwa, ariko ni integuro yanditswe yisunze ubuhinga, y'ivyashikirijwe mu ndimi zibiri; bimwe vyoba vyaranditswe ibindi bivugwa ku munwa, ariko bifise agaciro kanini karoranye n'ivy'akahise. Dusangamwo, mu majambo yiwe, inyifato yaranga Rwagasore mu buzima bwiwe, nk'imboneza nzima, yakengurukwa na bose, w'indero, avuga ibitomoye, mu majambo yoroshe kandi arimwo ubwenge.

Urugero rw'ivyanditswe

Inzandiko mironko ibiri na zitanu ziri muri iki gitabu si zo zonyene zigize ivyo umuganwa Rudoviko Rwagasore yashoboye kwandika canke kuvumera mu buzima bwiwe n'aho bwabaye buto; zigizwe ahanini n'ibiganiro, amajambo yashikirije, amakete n'ivyo yanditse mu binyamakuru. Hariho ibituma n'intumbero zizwi zatumye hacagurwa hakandikwa ivyo.

2. Nk'akarorero raba mu kirundi mu gitabu ca Gihugu D., *Ubuzima bw'umuganwa Rwagasore Ludoviko Rwagasore n'ukwikukira kw'Uburundi, 1932-1961*, Bujumbura, Presses Lavigerie, 1999; no mu gifaransa, ibitabu vya Ghislain J., *La Féodalité au Burundi*, Bruxelles, Académie royale des Sciences d'Outre-mer (Arsom), vol. 36, n° 3, 1970, na *Souvenirs de la Territoriale au Burundi : le brouillard sur la Kibira*, Louvain-la-Neuve, 1992; hamwe na Harroy J.-P., *Burundi 1955-1962. Souvenirs d'un combattant d'une guerre perdue*, Bruxelles, Hayez, 1987.

3. Chomé J., « L'affaire Rwagasore », *Remarques africaines*, vol. 4, n° 41-44, 14 décembre 1962; Ministère de la Justice, *Prince Louis Rwagasore*, Bujumbura, 1963; Poppe G., *La Mort de Rwagasore, le Lumumba burundais*, Bujumbura, éd. Iwacu, 2012. Urupfu rw'umuganwa rwahavuye ruvugwa cane kurusha ubuzima bwiwe, nk'uko vyandikwa na Chrétien J.-P., « Héros et anti-héros : la transfiguration par la mort. Biographies et pouvoir au Burundi », in Bertrand Hirsch et Manfred Kropp (dir.), *Saints, biographies et histoire en Afrique*, Francfort, Peter Lang, 2003, p. 115-125.

Pourtant, malgré la renommée nationale de Louis Rwagasore et la ferveur qu'il suscite, son parcours fulgurant et son héritage politique restent peu connus, au Burundi même et plus encore à l'extérieur. Les témoignages publiés qui le concernent de près ou de loin sont peu nombreux², et quelques textes ont été consacrés à son assassinat et aux procès qui l'ont suivi³. Mais en réalité, même si les grandes étapes de sa vie privée et publique et les conditions de son décès tragique commencent à être mieux connues, ses raisons d'agir et les fondements de sa philosophie politique restent, quant à eux, largement ignorés.

Le présent ouvrage a pour objectif de combler, partiellement au moins, ce hiatus entre la prégnance de Louis Rwagasore dans les mémoires et dans les représentations populaires du politique au Burundi, et la carence d'informations disponibles sur ses conceptions et son action il y a plus de 50 ans. Il s'agit de rendre compréhensible sa pensée politique en rendant accessibles ses interventions publiques ou privées, jusqu'alors dispersées entre Bujumbura et Bruxelles, dans des dossiers d'archives ou des périodiques, exprimées alternativement en français ou en kirundi. Ceci n'est donc pas un livre « sur » le prince, mais une édition scientifique bilingue de textes, écrits ou oraux, dont la valeur historique est indéniable. Il s'y dessine, en ses mots propres, une sorte d'autobiographie intellectuelle et morale de Rwagasore, un leader bien vivant, populaire et éduqué, aux opinions franches et à l'éloquence simple et brillante.

Le périmètre du corpus publié

Les 25 textes présentés dans cet ouvrage ne constituent pas un recueil exhaustif de tous les exposés, discours, interventions, correspondances ou articles que le prince Rwagasore a pu écrire ou prononcer durant sa courte vie. Ils ont été choisis et édités en fonction de contraintes et d'objectifs bien précis.

2. Voir par exemple en kirundi Gihugu D., *Ubusima bw'umuganwa Rwagasore Ludoviko Rwagasore n'ukwikukira ku'Uburundi, 1932-1961*, Bujumbura, Presses Lavigerie, 1999 ; et en français, les ouvrages de Ghislain J., *La Féodalité au Burundi*, Bruxelles, Académie royale des Sciences d'Outre-mer (Arsom), vol. 36, n° 3, 1970, et *Souvenirs de la Territoriale au Burundi : le brouillard sur la Kibira*, Louvain-la-Neuve, Centre d'histoire de l'Afrique, 1992, et les mémoires de Harroy J.-P., *Burundi 1955-1962. Souvenirs d'un combattant d'une guerre perdue*, Bruxelles, Hayez, 1987.

3. Chomé J., « L'affaire Rwagasore », *Remarques africaines*, vol. 4, n° 41-44, 14 décembre 1962 ; Ministère de la Justice, *Prince Louis Rwagasore*, Bujumbura, 1963 ; Poppe G., *La Mort de Rwagasore, le Lumumba burundais*, Bujumbura, éd. Iwacu, 2012. La mort du prince semble parfois être devenue plus fascinante que sa vie, comme le souligne Chrétien J.-P., « Héros et anti-héros : la transfiguration par la mort. Biographies et pouvoir au Burundi », in Bertrand Hirsch et Manfred Kropp (dir.), *Saints, biographies et histoire en Afrique*, Francfort, Peter Lang, 2003, p. 115-125.

Ivyakoreshejwe, uko bingana n'aho bigarukira

Mu gihe Rwagasore yari akiriho, ntawigeze atororokanya amakete yanditse canke ivyo yavuze nk'uko vyari kugirwa n'umukarani w'ico gihe, canke uwujewe kumenyeshamakuru w'iki gihe. Ni co gituma mu gushikira urukurikirane rw'amajambo yagiye aravugwa n'ivyanditswe n'umuganwa, umushakashatsi mu vy'akahise yisunga amakuru akura mu bushinguro bw'ivya kera n'ibimenyeshamakuru, akenshi ni ivyo mu gihe c'abakoroni, ayo ahabwa n'umuryango n'aboba bariho ico gihe. Ugufata umwanya ukwiye n'ukwamizako ni nkenerwa muri bene ico gikorwa, mbere hari n'aho ugira imana ukagwa ku « gikaratasi » iki n'iki, utari uzi. Ariko na ho nyene, mu mperuka, ntawovuga ngo ivyo yatororokanije vyose birakwiye mu bigize amajambo yose ya Rwagasore. Inzandiko zimwe zimwe, bivuye k'ukugene zimeze, zishobora kuba zaribagiriwe ahantu, canke zaratakariye aho zari zishinguwe, zigashobora gutorwa canke mbere zigashobora kwononekara nizaba zitononekaye. Ibindi vyashikirijwe, mu majambo gusa, vyaragurutse kuko amajambo yonyene aribagirwa, akazimangana iyo ahejeje kuvugwa : vyoba ari igitangaza hamwe amajambo yose yashikijwe na Rwagasore ari kumwe n'abanywanyi b'amakoperative muri 1957-1958, mu makoraniryo yo ku mugaragaro ya Uprona muri 1959, mu mibonano yo muri Onu mu 1960 canke mu makoraniryo yo mu matora mu 1961, vyoba vyarabuwwe ku buhinga bwo gufata amajwi canke bikaja mu cegeranyo gikwiye. Hariho rero kandi n'ivyo twabonye ko vyavuzwe canke vyanditswe, mu bushinguro bw'ivya kera canke mu binyamakuru, ariko bidashobora kuboneka, udashobora gushikira canke bitagikwiye⁴.

N'aho biri uko, ibiri muri iki gitabu biri n'agaciro kuko vyatororokanijwe mu myaka mirongo ibiri⁵ : ibiganiryo vyatanzwe, ivyanditswe mu binyamakuru, kwandika ku mpapuro amajambo n'ibiganiryo, amaraporo yo mu kazi, ivyegeranyo vy'amanama, impapuro zitagira umukono n'amakete ya bene yo... Ni vyinshi kandi biri kwinshi (impapuro zanditswe n'imashini, ivyanditswe mu binyamakuru, ivyanditswe n'iminwe) mu ndimi zitandukanye (igifaransa, ikirundi, igiswahiri). Ivyo dusangamwo ni vyinshi, kuva ku cemezo c'ideni gushika ku nzandiko zerekeye kazoza ka poritike y'Uburundi, utibagiye ibiganiryo vyahawe abamenyeshamakuru b'abanyamahanga. Mu

4. Nk'akarorero ni ijamba Rwagasore yashikirije mu bagize Inama nkuru y'Igihugu muri Ruhuhuma 1957, ikiganiryo yatanze i Bruxelles muri Rusama 1958, ku vyerekeye amakoperative, canke mu rwandiko « Mu gihugu harimwo ibigoye gutegera » (« Au pays de l'absurde ») mu kinyamakuru *La Chronique Congolaise* muri Gitugutu 1960, mu gihe yari apfunzwe icamaso adacaruka mu matora y'amakomine. Turasanga ibimenyetso vy'izo nzandiko mu bushinguro bw'ivya kera (AAB nko mw'idosiye BUR 6 yerekeye Rwagasore), ariko ntitwashoboye kuronka urwandiko rwa mbere.

5. Christine Deslaurier yaratororokanije izo nzandiko uko yagenda aragita ubushakashatsi mu vy'akahise amazemwo imyaka mirongo ibiri, mu Burundi no mu Bubirigi.

Limites et limitations de la documentation

Il n'y a pas eu, du vivant de Rwagasore, de collecte systématique de sa production épistolaire ou orale, telle qu'un secrétaire particulier à l'époque, ou un attaché de presse aujourd'hui, aurait pu par exemple l'organiser. Aussi, pour repérer la chronologie des prises de paroles et des mises au point écrites du leader, puis en retrouver les textes, l'historien est redevable des informations que livrent les archives et les journaux, souvent coloniaux, la famille et les témoins de l'époque. Le temps et la persévérance sont dans cette quête des alliés de taille, et sans doute aussi un peu la chance, qui permet parfois de découvrir l'un ou l'autre « papier » encore ignoré. Mais en définitive, l'on sait que la documentation accumulée ne constituera jamais un corpus « fini » des mots de Rwagasore. Certains textes, selon leur nature, auront toujours pu rester oubliés chez des particuliers ou égarés dans les armoires d'archives, avec une chance minimale qu'ils soient découverts et un risque inversement important qu'ils soient détruits – s'ils ne l'ont pas déjà été. D'autres textes, oraux cette fois-ci, se seront définitivement évaporés, comme les paroles s'évanouissent une fois prononcées : il serait miraculeux que les allocutions de Rwagasore devant les membres des coopératives en 1957-1958, dans les premiers meetings publics de l'Uprona en 1959, lors de ses auditions devant l'Onu en 1960 ou dans ses meetings électoraux en 1961 aient fait l'objet d'un enregistrement ou d'un compte rendu complet. Enfin, des productions orales ou écrites sont bel et bien pointées par les archives ou dans les journaux, mais restent pour le moment introuvables, inaccessibles ou incomplètes⁴.

Malgré ces limites, la richesse du recueil présenté ici reflète deux décennies de collectes⁵ : interviews, articles, retranscriptions de discours ou d'exposés, rapports administratifs, comptes rendus de réunions, tracts, lettres privées... La matière est abondante et se présente sous des formes différentes (notes dactylographiées, articles de presse, inscriptions manuscrites) et dans des langues distinctes (français, kirundi, kiswahili). Les contenus en sont divers, allant d'une simple reconnaissance de dettes à des textes élaborés sur l'avenir politique du Burundi, en passant par

4. C'est le cas par exemple d'une allocution prononcée par Rwagasore devant les membres du Conseil supérieur du Pays en février 1957, de sa conférence de presse sur les coopératives à Bruxelles en mai 1958, ou encore de son article « Au pays de l'absurde », paru dans *La Chronique congolaise* en octobre 1960, lors de son placement en résidence surveillée à l'occasion des élections communales. On a la trace de l'existence de ces documents grâce à des mentions dans des archives (aux AAB notamment, dans le dossier BUR 6 consacré à Rwagasore), mais on n'a pas pu avoir accès à leur version intégrale.

5. Christine Deslaurier a rassemblé ces documents au fil de ses recherches historiques, menées depuis une vingtaine d'années au Burundi et en Belgique.

guhitamwo ibiri muri iki gitabu, hatowe ibiroranye na kahise hamwe n'ivyofasha mu nyigisho.

Kubera ko intumbero nyamukuru yari iyo kwerekana ivyaranga umuganwa muri poritike uhereye ku majambo yiwe, ibice bigufi canke ataco vyofasha muri iyo ntumbero, canke inzandiko ngufi zohava zikenera insiguro zirusha uko zo nyene zingana, ntizaroye muri iki gitabu. Kubera izo mvo nyene, inzandiko zifiswe na bene zo canke iza Reta zitajanye n'ivya poritike hamwe n'ivyegeranyo vyanditswe n'abandi (Reta mbirigi canke ibisata bijewe ukugendereza) twabishize iruhande. Inzandiko tutabonye neza nyenezo canke izo Rwagasore yashizeko umukono ari kumwe n'abandi na zo nyene ntizirimo. Ahanini ni nk'inzandiko zitagira umukono canke amatangazo ya Uprona ashizweko umukono na Rwagasore yari awubereye « umuhanuzi », ari kumwe n'izindi ndongozi. Hanyuma wihweje inyangiko ntuheze ngo ubonemwo neza uruhara rw'umuganwa ; kuko na kare iki gitabu kirondera cane cane kumenyesha ivyiyumviro umuganwa yari afise muri poritike gusumvya kwamamaza umugambwe, n'aho wari uwiwe. Icagiyemwo conyene ni urwandiko yashizeko umukono ari kumwe na Yozefu Birori, batavuga rumwe mu poritike wo muri Parti démocrate chrétien (PDC, Amasuka y'umwami), twashimye kurushiramwo k'ukwerekana ko ata vy'ukwamamaza umugambwe vyarimwo ariko ko uruhara rw'umuganwa ruboneka (urwandiko 17). Muri vyose hamwe, inzandiko zose zirimwo tuzikesha ata gukekeranya umuganwa, kandi n'aho zimwe zimwe zoba zirimwo utunenge dukeduke (canecane nk'ivyanditswe mu nyuma vyabanje gushikirizwa mu majambo, ivyahinduwe bigasubirwamwo bishobora kuba birimwo amahinyu), vyose birajanye cane n'ivyavumerewe bikandikwa n'umuganwa.

Icatumye iki gitabu candikwa mu ndimi zibiri

Nk'uko twamaze kubivuga imbere, umuganwa Rwagasore yarakoresha ururimi rw'igifaransa kenshi kuko imigenderanire hagati ya we n'abakuru b'abakoroni yari yubakiye kuri urwo rurimi. Igifaransa cakoreshwa kandi mu kuganira n'Abanyaburaya baba mu Burundi hamwe n' « abize » ; yarakoresha kandi hanze canecane mu gihe yiga mu Bubiligi (hagati ya 1952 na 1956). Ururimi yonse cari ikirundi, ururimi ruvugwa mu gihugu c'Uburundi, ari na rwo rwakoreshwa gusumba izindi ndimi zose mu buzima bwa misi yose. Ariko ijunja n'igihagararo vy'umuganwa mu vya poritike vyakomejwe n'ukurwanya intwari y'igikoroni yatwara, ikagenzura, ikemera canke igahana mu gifaransa, no mu binyamakuru hamwe no mu mirwi y'abanyaburaya ; ivyo bigaca bisigura yuko vyinshi mu nzandiko n'amajambo vyoba mu ntango vyanditswe canke bikavugwa mu gifaransa. Ikoreshwa ry'ikirundi icese ryatanguye ritevye kandi cakoreshwa mu mvugo mu gihe c'amanama yatumiwemwo abarundi (inzandiko 12, 22 na 23). Hanyuma,

des interviews accordées à des journalistes étrangers. La cohérence de ce livre a donc exigé des choix de nature historique et pédagogique.

Comme l'objectif essentiel était d'éclairer l'identité politique du prince par ses mots, d'emblée, tous les fragments trop brefs pour être utilisables à cet effet ou les textes courts nécessitant un volume d'explications plus grand que leur propre taille ont été écartés de ce recueil. Pour les mêmes raisons, les documents privés ou administratifs n'ayant pas de consistance politique et les comptes rendus d'interventions du prince rédigés par des tiers (agents de l'Administration de la tutelle ou de la Sûreté coloniales) ont été laissés de côté. Les textes dont la paternité était douteuse ou ceux cosignés par Rwagasore et d'autres auteurs ont également été écartés. Il s'agit en général de tracts ou de communiqués de l'Uprona signés par le « conseiller » du parti qu'était Rwagasore, avec un ou plusieurs autres dirigeants, mais le mélange des styles empêche d'y distinguer l'influence du prince, et par ailleurs, on cherche dans ce livre plus à restituer la pensée politique d'un homme que la propagande électorale d'un parti, fût-il le sien. Une seule exception à ce principe a été admise, celle d'un appel rédigé avec Joseph Biroli, son adversaire politique du Parti démocrate chrétien (PDC), qu'on a choisi de publier précisément parce qu'il ne se rattache pas à la campagne d'un parti et qu'en outre l'inspiration princière y est flagrante (texte 17). Au final, tous les documents retenus sont attribuables avec certitude au prince et, même si certains souffrent d'imperfections (en particulier, les transcriptions d'interventions orales et les traductions elles-mêmes retraduites sont susceptibles de flottements), ils offrent un degré élevé de conformité avec ses dires et ses écrits.

Le choix du bilinguisme

Comme on l'a signalé plus haut, le prince Rwagasore s'est souvent exprimé en français, langue avec laquelle se sont construites toutes ses relations avec les autorités coloniales, les Européens du Burundi et les « évolués » comme lui, et ses rapports avec l'extérieur, surtout pendant ses années d'études en Belgique (1952-1956). Bien sûr, sa langue maternelle était le kirundi, la langue nationale du Burundi, qui reléguait au quotidien toutes les autres langues. Mais la construction de la personnalité publique du prince s'est faite essentiellement avec puis contre une administration coloniale qui gouvernait, contrôlait, consentait ou sévissait en français, et dans des journaux et devant des groupements européens, ce qui explique que la plupart des textes et discours publiés ici aient été rédigés ou prononcés à l'origine en français. L'usage public du kirundi est plus tardif, et réservé aux allocutions orales pour des audi-

muri iki gitabu, igiswahiri tugisanga mu rwandiko rutagira umukono Rwagasore yasohoye (urwandiko 4) hamwe n'izindi nzandiko zimwezimwe zasohotse ari uduce duce tutoroshe kwegeranya ngo twandikwe. Rwagasore yari amaze kumenya igiswahiri kuko mu migenderanire yiwe vyarashika yuko ahura n'Abaswahiri; muri ico gihe abatari bake baravuga urwo rurimi rwavuye muri Afrika y'ubuseruko n'aho hari n'abandi baruvuga rwonyene: mu butoyi bwiwe, mu bo babana na se i Kitega (canecane umushoferi wiwe) bari bamumenyereje kukivuga. Mu nyuma yararuvuze ari Usumbura mu baswahiri bo mu Buyenzi. Aho mu Buyenzi ni ho yatanguje kw'izina ryiwe amakoperative kandi yaragize akamaro gahambaye.

Vyabaye ngombwa gushikiriza ivyanditse n'ivyavuzwe na Rudoviko Rwagasore mu gifaransa no mu kirundi kuva mw'itegurwa rw'uwu mugambi. Imbere y'igisharara n'ugushaka kumenya kahise, nk'uko Abarundi bayiyifuzaga uno musu, ntivyokwumvikana ko, muri kino kiringo hariko harahimbazwa imyaka mirongo itanu irangiye igihugu gisubiye ku ntahe y'Ukwikukira, ko handikwa igitabu mu gifaransa conyene, ngo isinzi ry'Abarundi rivuga ikirundi ntrimenye ivyanditswemwo kandi mu vy'ukuri ari bo kigenewe.

Vyongeye, izo nzandiko ni itunga ry'ukuri ku gihugu kandi ziri n'akamaro ntangere mu vyerekeye inyigisho z'urwaruka, rwo mu mashure matomato n'ayisumbuye n'urwo muri kaminuza, mu kurwigisha kahise no mu vyerekeye indimi canke imico kama. Izo nzandiko zirafasha gutegera uko intwari y'igikoroni yari imeze n'intambwe urugamba rwari ruhambaye rwo kwiganzura abakoroni rwacyeyeko bikaba bizwi ko Rwagasore yarugizemwo uruhara ntangere. Ukwihweza neza ako kahise birafasha gutegera neza kubu gasa nk'uko kagoye k'urwaruka ruri mu gihugu casinzikajwe n'indyane kuva kera. Hanyuma, muri iki gitabu, igifaransa n'ikirundi birabangabanganye, ivyo bigaca vyorooha mu kuroranya indimi kuko umuntu akuramwo ivyavuye irya n'ino mu vyerekeye imico kama na kahise, vyaranze ikiringo c'uguharanira ukwishira n'ukwizana.

Ivyerekeye ibhindurwa ry'igifaransa mu kirundi

Ngo: « guhindura ururimi mu rundi birashobora guhuvya » nk'uko abataliyano babivuga: *Traduttore, traditore*. Mugabo, ukwubaha amajambo na kahise bifatanijwe, birashoboka y'uko iyo ntambamyi itorerwa umuti. Ni co gituma, n'aho izo nzandiko zoba zahinduwe mu kirundi na Domisiyo Nizigiyimana canke akazisubiramwo ahereye ku vyoba bimaze guhindurwa n'abafasha b'abarundi mu gihe c'intwari ya gikoroni yo hagati ya 1950-1960, muri iki gitabu haririnzwe uguhindura ijamba ku rindi. Kukaba nkako, ni ukwukuramwo yuko hariho « ibangabanganwa ry'indimi » ku buryo ijamba kanaka risubirira irindi uko nyene. Imero y'amungane

toires burundais (textes 12, 22 et 23). Enfin, le kiswahili se signale par un tract édité dans cet ouvrage (texte 4) et quelques autres textes dactylographiés, trop parcellaires pour constituer des documents publiables. Rwagasore maîtrisait en grand débutant le kiswahili parce que ses fréquentations l'avaient amené à côtoyer des Swahilis, à l'époque les locuteurs principaux sinon exclusifs de cette langue est-africaine au Burundi : dans son enfance, l'entourage de son père à Kitega (notamment son chauffeur) l'y avait familiarisé, puis il la pratiqua plus tard à Usumbura, dans les milieux musulmans de Buyenzi où les coopératives lancées sous son nom ont eu la plus grande importance.

La nécessité de présenter les textes écrits et oraux de Louis Rwagasore dans une édition bilingue français-kirundi s'est imposée comme une évidence dès la formulation de ce projet. Devant la soif d'histoire et le besoin d'appropriation du passé qu'expriment aujourd'hui les Burundais, il aurait été aberrant, à l'heure de la célébration du cinquantenaire de l'Indépendance, de publier ce corpus uniquement en français, en le soustrayant de la sorte à la connaissance de la majorité de la population burundaise, qui ne s'exprime qu'en kirundi et à laquelle ce livre est notamment destiné.

Par ailleurs, ces documents constituent un véritable patrimoine national et ils présentent un intérêt pédagogique éminent auprès des jeunes, scolaires et étudiants, dans l'enseignement de l'histoire comme dans les domaines linguistique ou culturel. Ils aident à percevoir ce qu'était le contexte colonial et les étapes du processus crucial de la décolonisation, dont Rwagasore fut un acteur majeur. L'approche de ce passé permet de mieux saisir le présent, qui peut paraître énigmatique pour la jeunesse d'un pays si longtemps marqué par les drames. Enfin, le vis-à-vis offert dans la maquette de ce livre entre le français et le kirundi, facilite un dialogue des langues utile à la découverte des interactions culturelles et historiques qui ont marqué le mouvement de l'indépendance.

Traduire sans trahir

« Traduire c'est trahir », dit à peu près l'expression italienne *Traduttore, traditore*. Mais avec le respect combiné des mots et du passé, il est possible de répondre à ce défi. Ainsi, que les textes aient été traduits d'après leur original par Domitien Nizigiyimana, ou que ses révisions aient porté sur des traductions déjà existantes, effectuées par les assistants burundais des services de l'administration coloniale dans les années 1950-1960, la traduction littérale a été bannie de ce recueil. En effet, il faut se départir de l'idée qu'il puisse exister un « parallélisme des langues » dans lequel la transposition des vocables serait automatique. La forme des phrases

n'icagurwa ry'amajambo birafasha cane bene kuvuga izo ndimi mu gutegera ibivugwa. Vyongeye, ukwitwararika ingene ibintu bivugwa n'ingene vyumvikana mu rurimi « kavukire » ni ikintu gihambaye – ng'aha tubibonera k'ukugene amungane y'ikirundi akoresha amajambo maremare gusumba ay'igifaransa, kenshi arimwo kandi imvugo irafobetse⁶.

Harabaye kandi kwitwararika igihe ibintu vyandikiweko kuko mu myaka mirongo itanu ihaciye, ikirundi cavugwa si co kimwe n'ic'ubu, eka mbere n'igifaransa kivugwa ubu si co kimwe n'ic'igihe c'intwaro y'igikoroni. Aha ni ho Kirisina Deslaurier yize ivyerekeye kahise yaciye yunganira urwandika ikirundi kugira baroranye imvugo n'amajambo yakoreshwa ico gihe.

Ikintu kiboneka mu vyagumijweho mu gikorwa co guhindura amajambo, ku basomyi bo mu 2012, ni nk'ukugumizaho inyandiko ubu yosa n'uko ari amakosa. Ivyo vyerekeye canecane amazina y'ahantu. Mu gihe c'ubukoronni nk'akarorero bandika Usumbura, Kitega canke nka Muhinga, bavuga kandi Teritwari ikukira Ububirigi ya « Ruanda-Urundi », haba mu gifaransa canke mu kirundi. Ikoreshwa ry'amajambo Bujumbura, Gitega canke Muyinga mu nyandiko vyakoreshejwe kuva igihe Urwanda n'Uburundi birekuriwe kwishira n'ukwizana kw'igenekerezo rya 1 Nzero 1962 ari vyo vyabuye intahe y'Ukwikukira ku gihugu kimwekimwe ukwaco, kw'igenekerezo rya 1 Mukakaro muri uwo mwaka nyene. Vyabaye vyo rero yuko inyandiko iguma uko, kugira twubahirize uko izo nzandiko zari zimeze n'ingene ururimi rwavugwa ico gihe. Vyongeye, iryo koreshwa ryerekana intambwe ibihugu bimwebimwe vyo muri Afirika vyacyemwo, nk'iyerekeye uguhindura amazina y'imisozi.

Ni no kubera ico, no muri iyo ntumbero yo gutomora neza amazina, twashimye igihe cose bikenewe, gukoresha amajambo uko asanzwe ameze mu rurimi yanditswemwo ubwa mbere, mu kugira abazosoma iki gitabu baronke ibibafasha gutegera gusumvya ivyerekeye ivyiyumviro vyariho « muri ico gihe », ivya poritike na canecane vyariko birahinduka hagati y'imyaka 1950-1960. Akarorero kavyerekana neza ni amazina y'imigambwe yaba ari mu rurimi rw'igifaransa (kugira yemererwe, urwandiko buzuza rwari mu gifaransa); ntiyashika kenshi ngo uko yitwa mu gifaransa bihure no mu kirundi. Imwimwe nka Uprona (Unité et progrès national), PDC (Parti démocrate chrétien), canke PDR (Parti démocrate rural) yaca irondera amazina y'ikirundi afatiye ku mico (twisunze uko iyo migambwe ikurikirana amazina yayo yari *Abadasigana b'i Burundi*, *Amasuka y'umwami*, na *Abatananirwa*) yafatira ku mazina bita intwaramiheto za kera z'umwami, canecane Abami Mwezi Gisabo na Mwambutsa mu kinjana ca 19 hamwe no mu ntango z'inkinjana ca 20. Iyindi migambwe na yo nka PP (Parti du peuple) yafatira ku vyiyumviro vyayo muri poritike n'imibano (*Umugambwe*

6. Ibi ni vyo bisigura ngaha ikoreshwa ry'indome ntonto mu kwandika ikirundi.

et le choix des termes influent fortement sur l'intelligence des propos pour les locuteurs de l'une ou l'autre langue, aussi la préservation de champs d'expression et de compréhension « natifs » est essentielle – en témoigne ici l'épanouissement du kirundi dans des locutions plus longues que le français, souvent plus imagées aussi⁶.

Ce respect concerne aussi l'environnement historique dans lequel ont été produits les textes, car à cinquante ans de distance, l'on ne parle plus exactement le même kirundi ou le même français aujourd'hui qu'à l'époque coloniale. C'est ici que Christine Deslaurier s'est associée, en tant qu'historienne, à l'artisan du kirundi pour régler les concordances de la terminologie employée à l'époque.

La plus visible des « protections » contextuelles imposées à la traduction sera sans doute, pour les lecteurs de 2012, le maintien de formes orthographiques qui pourraient sembler erronées. Ceci concerne surtout des noms de lieux. À l'époque coloniale, on écrivait par exemple Usumbura, Kitega ou encore Muhinga, et l'on parlait du Territoire sous tutelle du « Ruanda-Urundi », aussi bien en français qu'en kirundi. L'usage de Bujumbura, Gitega ou Muyinga dans la documentation écrite ne s'est imposé qu'à partir du moment où l'autonomie du Rwanda et du Burundi le 1^{er} janvier 1962 a annoncé leur Indépendance séparée le 1^{er} juillet de la même année. Il est important de conserver ces formes pour respecter leur ancien caractère usuel et imprégner le texte de son passé sous domination étrangère – y compris linguistique. En outre, cet usage souligne une étape sur la voie de l'indépendance qu'ont connue la plupart des pays africains, celle de la décolonisation toponymique.

De même, toujours dans la précision lexicale, on a choisi de préférer chaque fois que nécessaire les formules consacrées dans la langue d'origine, afin de donner des éléments de compréhension supplémentaires au lecteur sur les idéologies, politiques notamment, qui étaient dans « l'air du temps » au tournant des années 1950-1960. Un cas typique est celui des partis, dont les dénominations en français (la langue du formulaire qu'ils remplissaient pour leur agrément) correspondent rarement à leur appellation en kirundi. Certains comme l'Unité et progrès national (Uprona), le Parti démocrate chrétien (PDC) ou le Parti démocrate rural (PDR) s'intégraient dans un registre traditionnel avec des noms en kirundi (respectivement *Abadasigana b'i Burundi*, *Amasuka y'Umwami* et *Abatananirwa*) qui faisaient référence aux membres de milices royales anciennes, notamment des rois Mwezi Gisabo et Mwambutsa au XIX^e siècle et au début du XX^e siècle. D'autres comme le Parti du peuple (PP), faisaient allusion aux dimensions sociales de leur idéologie (*Umugambwe*

6. Ce qui explique aussi la réduction des caractères utilisés pour le kirundi dans ce livre.

w'Abarundi basanzwe). Uhinduye ijambo ku rindi, ntiwosanga bihuye neza n'uko biri ubu (*Umugambwe w'abanyagihugu*).

Umuntu yoshobora kugwiza uturorero, nko mu mvugo y'igikoroni abatware (*chefs*) babita *abaganwa* n'aho boba atari bo koko (Abaganwa), ivyegera vy'abatware (*sous-chefs*), ariko mu mvugo y'ikirundi ya kera bari kuvuga *ivyariho*. Ayo majambo yagumijwe uko ameze kuko arerekana ingene hariho ukwitiranya ibintu, hagati y'intwano ya cami n'iyari ijejwe ivy'ugutegeka (inzandiko 5-6 na 12-13). Ivyo vyaragize inkurikizi k'ukugene abantu babona ubutegetsu mu Burundi ku gihe c'igikoroni n'inyuma yaho.

Muri make, abazosoma iki gitabu bazobona yuko amajambo yakoreshejwe muri izi nzandiko zigize igitabu yisunze ayakoresheya mu rurimi rw'ico gihe. Bibonekera kandi mu bintu twasanze biri mu bubiko bw'ivya kera : amajambo aciyeko akarongo munsu n'uburyo bwo kwandika indome canke amaraporo vyagumijwe uko vyari bimeze; ikoreshwa ry'indome ntonto zisa n'izihenganye rituma haboneka, n'aho biva ku nzandiko, amajambo yanditswe n'iminwe mu rwandiko rw'intango (umukono, insiguro zongeweko), amajambo matirano canke inyishu zatanze n'umuganwa Rwagasore mu biganiriro yatanze⁷.

Ukwubahiriza inzandiko uko zashikirijwe vyatumye kandi haba igitigiri giciriye hagufi c'insiguro ziherekeza izi nzandiko. Izo nsiguro ziratamora iyo izo nzandiko zavuye⁸, zikamenyesha abantu bavugwamwo abo ari bo, zirafasha gutahura inzandiko zerekeye ubuzima bwa Rwagasore n'ivyo yaranguwe muri poritike. Icitwararitswe kwabaye kurondera ko abazosoma iki gitabu batahura ibirimwo batarinze kuronderera kure, kuko bitabaye uko, ntibobasha gutegera borohewe amajambo umuganwa yavumereye. Twifuje imbere ya vyose gushikiriza inzandiko maze abazozisoma bashobore n'ukumenya ivyaranga ico gihe. Ni ukumenya ko ugusoma izi nzandiko bitanga inzira yo gutegera n'ugutahura, nk'uko iyi ntangamarara ibandanya ivyerekana hamwe n'ibiri mu rukurikirane rw'ivyashitse.

Ingene twozirikana Rwagasore n'ivyiyumviro vyawe muri poritike

Iki gitabu si ico gusigura ubuzima bw'umuganwa Rwagasore. Intumbero yaco si iyo guca ku mayange ubuzima bwiwe, ivyo yakoze canke ivyamuranga muri poritike. Ariko rero, kubera ko ivyanditswe muri iki gitabu ni ivyo

7. Amahinyu yerekeye inyandiko n'utundi dukosa tujanye n'ururimi rw'ikirundi twaragerageje kuduhubura.

8. Izi nzandiko zishobora kuboneke ahari ubushinguro bw'ivya kera mu Bujurigi (AAB), mu bushinguro bw'ivya kera mu Burundi(ANB) canke mu binyamakuru vyo mu gihe c'Abakoroni dusanga i Bujumbura n'i Bruxelles.

w'Abarundi basanzwe, « le parti des Burundais ordinaires »), qu'une traduction littérale aujourd'hui restituerait plus difficilement (*Umugambwe w'abanyagihugu*).

On pourrait multiplier les cas, en ajoutant par exemple que dans le vocabulaire colonial, les chefs étaient appelés *abaganwa* même s'ils n'étaient pas des princes (Abaganwa), et les sous-chefs, *abatware*, alors que le kirundi ancien aurait évoqué les *vyariho*). Ces termes ont été maintenus tels quels car ils soulignent la confusion entre le registre dynastique et celui du commandement (textes 5-6 et 12-13), qui a eu des répercussions sur les représentations du pouvoir dans le Burundi colonial puis postcolonial.

En résumé, les lecteurs découvriront au fil du livre que la fidélité aux textes s'est imposée dans l'usage d'un vocabulaire en adéquation avec leur époque et leur langue d'origine. Elle se manifeste aussi par la reprise des éléments formels composant les documents consultés aux archives : des soulignements et les modes de présentation des lettres ou rapports ont été maintenus, et l'usage d'italiques permet, selon les textes, de repérer des passages manuscrits dans l'original (signature, annotations), des mots étrangers dans une langue, ou les réponses du prince Rwagasore dans ses interviews⁷.

Le respect à l'égard des textes explique aussi le nombre limité des notes qui les accompagnent. Elles donnent des références des sources⁸, elles identifient les personnalités mentionnées, elles éclairent des difficultés dans les documents liées au contexte de la vie de Rwagasore et de son action politique. Le résultat attendu est que les lecteurs puissent analyser ces textes sans devoir entrer dans une exégèse savante qui prendrait le pas sur les paroles du prince. Nous avons voulu avant tout restituer des paroles et à travers elles, une époque. Cette lecture appelle évidemment une mise en perspective scientifique, dont nous livrons les pistes dans la suite de cette introduction et les repères chronologiques en fin d'ouvrage.

Situer Rwagasore et sa pensée politique

Cet ouvrage n'est pas une biographie du prince Rwagasore. Toutefois, les textes de ce recueil, complétés par une fréquentation assidue des archives et des témoins de l'époque, offrent un éclairage irremplaçable

7. La plupart des fautes d'orthographe, de frappe ou de syntaxe ont été corrigées dans les textes pour en faciliter la lecture.

8. Les textes sont en général accessibles aux Archives africaines de Belgique (AAB), aux Archives nationales du Burundi (ANB), ou dans les collections des périodiques coloniaux de certaines bibliothèques de Bruxelles et Bujumbura.

twasanze mu bushinguro bw'ivya kera hanyuma tukabaza n'abariho ico gihe, biratuma tugira ico tuvuze ku majambo yashikirije kandi yagize uruhara muri poritike yariho imbere y'ukwikukira.

Yari umuganwa « yize » twoshira hagati y'ibiringo bibiri

Amajambo Rwagasore yashikirije amwerekana ko yari umuntu w'iteka n'ubuntu kandi yize, yubaha kandi agamburukira intwaro y'umwami imaze ibinjana n'ibindi kandi yakuriyemwo kuko yari umuhungu w'imfura w'umwami Mwambutsa, yabayeho kandi mu gihe c'intwaro y'igikoroni na we nyene itari imworoheye co kimwe n'abandi Barundi. Mu bwana bwiwe yarabona ivy'i bwami kandi akamenya n'imico n'amateka yaho, kubera ko yari umuganwa wo « mu nda y'ingoma ». Rudoviko Rwagasore, n'ivyo ubukirisu yarabirerewemwo kuko yari azi umusaraba n'intebe y'ishure vyari vyazanywe n'ababirigi. Yize mu mashure y'abihebeye imana, hanyuma aja mu mashure makuru yariho muri Ruanda-Urundi (Groupe scolaire d'Astrida) no mu Bubirigi (Ishure kaminuza gikoroni ry'i Anvers no muri Kaminuza y'i Louvain). Twovuga ko ari mu birabure bake « bateye imbere » bagize amahirwe yo kuronka inyigisho zategekanywa n'abakoroni b'Ababirigi (inzandiko 1 na 2).

Ibimenyetso vyerekana iyo ndero yakuye ku vyo hambere no ku ntwaro y'igikoroni biraboneka muri iki gitabu. Icerekana ingene yamiza ku muzirikanyi ayo masoko abiri yavomyemwo indero, ni ingene mu majambo yavuga tubona ko yishimikiza ivyo akura mu migani y'ikirundi n'ibisanzwe biri mu mayagwa y'abanyaburaya. Imigani imwimwe Abarundi bazi, yarakunda kuyikoresha nk'iyivuga iti « ukuri guca mu ziko ntigusha » (inzandiko 13 na 16) canke ngo « Uburundi ntibwigeze bugwa mw'isanganya » (inzandiko 22 na 23). Ahandi na ho turabona ko mu vyo yashikiriza yafatira ku banditsi b'abafaransa nka Petero Mac Orlan canke umuhinga muri batahuza ivyiyumviro mvabwenge vy'abantu yitwa Alain (urwandiko 11), hamwe n'abandi banditsi yasomye igihe yari akiri mu mashure nka Dauzat (urwandiko 12); turabibonera kandi ku cubahiro yaha abantu b'ibihangange bazwi muri kahise n'abariho ico gihe, nk'umwami w'abami wo muri Perse yitwa Cyrus canke Général de Gaulle (urwandiko 15)! Cane cane, aremeza ivyo akesha ivyo biringo bibiri yakuriyemwo mu vyamufashije we nyene ubwiwe, nk'iyi avuga neza ko ahimbarwa kandi ayoboka intwaro y'umwami (inzandiko 19 na 20), ati ndi mu bagize « inda y'ingoma » hanyuma akongera agashima kuba umukirisu n'ukuba yarize mu mashure y'ababirigi (« nize mu mashure y'ababirigi kandi y'abakirisu. Iryo shure sinzorihemukira... »).

Aha rero Rwagasore aboneka ko yari umuganwa aciye ubwenge, yakuriye i bwami nk'uko vyari n'ahandi muri Afirika kandi no mu kwemera kwanze

sur ce qu'a représenté ce personnage dans le contexte de la fin de la domination coloniale et sur son originalité dans le domaine politique.

L'entre-deux-mondes d'un prince « évolué »

La prose et les paroles de Rwagasore laissent d'abord entrevoir l'hybridation de sa formation morale et intellectuelle, entre allégeance à la tradition d'une royauté pluriséculaire dont il portait l'héritage en tant que fils aîné du *mwami* Mwambutsa, et insertion dans la modernité coloniale dont il subissait, comme tous les Burundais, l'imposition. Baigné dès son enfance dans l'univers monarchique dont il maîtrisait les règles et les codes, en tant que prince issu du « ventre du tambour », Louis Rwagasore s'est en même temps qualifié dans l'usage du crucifix et du pupitre, c'est-à-dire dans les dispositifs religieux et éducatifs mis en place par les colonisateurs belges. Inscrit à l'enfance dans des écoles missionnaires, puis jeune adulte dans des institutions supérieures du Ruanda-Urundi (Groupe scolaire d'Astrida) ou de la métropole coloniale (Institut colonial d'Anvers et Université de Louvain), il a accédé aux opportunités maximales qu'offrait à son époque, à de très rares Africains dits « évolués », le système d'instruction colonial belge (textes 1 et 2).

Les traces de cette double éducation traditionnelle et coloniale sont multiples dans ce recueil. Le chevauchement des mondes intellectuels dans lesquels Rwagasore a grandi et évolué est prégnant quand il ponctue ses interventions de fragments puisés alternativement dans le registre proverbial burundais ou le répertoire littéraire européen. Certaines maximes anciennes et connues de tous les Burundais lui sont chères, comme celles proclamant que « la vérité passe par le feu mais ne brûle pas » (*Ukuri guca mu ziko ntigusha*, textes 13 et 16) ou que « le Burundi n'a jamais sombré dans l'abîme » (*Uburundi ntibwigeze bugwa mw'isanganya*, textes 22 et 23). Mais il manifeste également son ouverture en se référant aussi bien à des écrivains français contemporains comme Pierre Mac Orlan ou le philosophe Alain (texte 11) qu'à des auteurs lus pendant ses études comme Dauzat (texte 12), ou en rendant hommage à des figures historiques aussi variées que le Général de Gaulle ou même l'empereur perse Cyrus (texte 15) ! Surtout, il assume cette conjugaison d'un entre-deux-mondes dans sa construction personnelle, lorsqu'il insiste par exemple (textes 19 et 20) sur son attachement à sa filiation et au régime monarchiques (« ... je suis un aristocrate... »), et qu'en même temps il défend son instruction dans la religion et l'école des colonisateurs (« ... j'ai appris à l'école belge et chrétienne. A cette école j'y resterai fidèle... »).

Rwagasore se dévoile donc comme un jeune prince cultivé, élevé dans l'ambiance d'une monarchie africaine ancienne et la foi d'une métropole

intwaro mbirigi ; ashaka kandi « kumenya n'ibiri irya n'ino » nk'uko abibwira umumenyashamakuru mu 1955 (urwandiko 2) ; turabona kandi ko yari azi n'ibivugwa hanze, ufatiye ku makuru mpuzamakungu yavugwa ico gihe kandi atwibutsa. Uretse ivyabaye mu bihugu bibanyi vya Kongo n'Urwanda (inzandiko za 13-14, 17 na 20), aravuga n'ivyerekeye ingene igihugu c'Ubufaransa cahevyeye Ubukoroni mu bihugu vya Afirika kandi abifata nk'akarorero (urwandiko 19) ; aravuga ingene habaye ugushamirana gukomeye muri Aljeriya no muri Kenya hagati y'abakoroni n'Abanyafirika bashaka kwikukira (urwandiko 25) ; yarituye Reta y'Abarabu bunze ubumwe (RAU), kuko muri ico gihe co hagati y'imyaka yo mu 1950, irongowe n'umukuru wayo Gamal Abdel Nasser, yari akarorero mu guharanira ukwiganzura agacinyizo k'abanyaburaya (urwandiko 8)...

Ingene yitwararika ikibazo c'ubutunzi

Ni vyo, Rwagasore yaritwararika ingene ivya poritike bitera imbere kw'isi, ariko yarerekanye ko yitaho rwose ibibazo vy'ubutunzi ; mbere ni vyo dusanga kenshi ari bikuru mu vyo yashira imbere muri kazoza k'Uburundi.

Se wiwe amaze kubaza ivyerekeye amashure yiwe mu Bubirigi mu 1948, yaciye yibanda canecane ku vyerekeye ubutunzi n'aho bamushakira ivyigwa vy'gikoroni (i Anvers mu 1953), hanyuma agakurikirana ivy'uburimi (i Louvain hagatiya 1954-1956). Mugiheyamaze i Buraya yaragendeye amahinguriro (inzandiko 2 na 20), mbere yaramaze igihe ajejwe ishirahamwe ry'ugucuruza i Anvers mu 1955. Kuva ico gihe, amaze gutaha mu gihugu, ni ho yerekanye ko azi vyinshi mu vy'ubutunzi kandi abikunda.

Yahavuye aronka akazi muri Ndamukiza 1957, mu gisata kijejwe intwaro y'igihugu (CAP), cari nk'ibiro bimeze nk'ijisho ry'abakoroni mu Burundi, biri i Kitega. Kuva muri Ndamukiza 1957, Rwagasore yarabereye « intumwa » ico gisata, kandi abakuru b'ababirigi barashima ivyiyumviro yabashikiriza. Hagati ya Ndamukiza 1957 na Ruhuhuma 1958 yaragendeye teritwari zine ziri hagati mu gihugu : Ngozi, Muhinga, Ruyigi na Rutana. Igihe cose azigendeye yamarayo amayinga menshi, yarandika amaraporo n'amakopi yayo na ho atari yose, arashinguye mu bubiko bw'ivya kera bw'i Bruxelles (AAB). N'aho iya mbere yo muri izo raporo zibiri twanditse ng'aha ataco ivuga ku vyerekeye ivy'ubutunzi bw'igihugu (urwandiko 5), iya kabiri yoyo irabivuga canecane mu gusozera (urwandiko 6). N'izindi zari gushobora kuboneka zirimwo ibibazo vy'ubutunzi bitandukanye n'uko abakoroni babibona. Nk'akarorero ku rwandiko rwerekeye irimwa ry'igiterwa c'ipampa muri teritwari ya Muhinga, rwerekana y'uko hakwiye gushingwa amakoperative y'abarimi n'amahinguriro ashobora gutuma abagore baronka

coloniale chrétienne, curieux « d'ouvrir ses horizons » comme il le dit à un journaliste en 1955 (texte 2) et, effectivement, bien avisé sur l'extérieur si l'on en juge par les informations internationales auxquelles il fait référence. En dehors des événements du Congo et du Rwanda voisins (textes 13-14, 17 et 20), il fait ainsi allusion au processus de décolonisation mené par la France dans ses territoires africains, dont il prône le modèle (texte 19), il mentionne les confrontations difficiles en Algérie et au Kenya entre colons européens et indépendantistes africains (texte 25), il s'adresse en direct au gouvernement de la République arabe unie (RAU), symbole dès le milieu des années 1950, avec son président Gamal Abdel Nasser, de la lutte contre l'impérialisme occidental (texte 8)...

Le goût de l'économie

Cet homme politique fut aussi un passionné d'économie. Ce thème central dans sa vision de l'avenir du Burundi est souvent méconnu.

Dès que la question de ses études en Belgique fut posée par son père en 1948, la voie d'une formation centrée sur l'économie a été considérée, bien que finalement ce soient les Sciences coloniales aux contenus plus généraux (à Anvers en 1953), puis agronomiques (à Louvain en 1954-1956), qui aient été imposées au jeune prince. Ce dernier n'en a pas moins visité des entreprises industrielles durant ses séjours en Europe (textes 2 et 20) et il a même été gérant d'une société de négoce d'Anvers en 1955. Mais, en fait, c'est à son retour définitif au pays qu'il a véritablement dévoilé sa fibre économique.

Recruté en avril 1957 au Centre administratif du Pays (CAP), au cœur de la bureaucratie coloniale du Burundi à Kitega, Rwagasore a été à partir d'avril 1957 un « chargé de mission » dont les analyses ont été jugées plutôt intéressantes par les autorités belges, quand il rendait ses conclusions. Parti visiter entre avril 1957 et février 1958 quatre territoires à l'intérieur du pays, Ngozi, Muhinga, Ruyigi et Rutana, à chaque fois pendant plusieurs semaines, il a laissé une dizaine de rapports dont des copies, sans doute pas la totalité, sont conservées aux archives à Bruxelles (AAB). Si le premier des deux rapports qu'on publie ici ne fait pas écho à la situation économique du pays (texte 5), le second en revanche s'y attache, surtout dans sa conclusion (texte 6). Ces rapports ouvraient des perspectives économiques originales, contrastant avec la politique coloniale menée jusque-là. On pense par exemple à ce texte sur les expériences de culture cotonnière menées dans le territoire de Muhinga, qui constitue un plaidoyer pour la création de coopératives de planteurs et d'industries de transformation pouvant embaucher leur femme, « car il ne faut pas

akazi; kuko « nta wokwibagira yuko ukurima igiterwa kimwe c'ikawa biguma ari ingorane ku butunzi bw'igihugu⁹ ».

Iciyumviro co gushinga amakoperative y'abarimyi cashikirijwe na Rwagasore muri raporo yo mu mwaka 1957 cari gifise impamvu. Kukaba nkako ni muri ico kiringo yaciye ashinga imirwi yo kugwiza umwimbu no kudandaza ari nayo yaciye ikwiragiza ivyiyumviro vya poritike ubona ko ayo makoperative yitirirwa « Rwagasore ». Ni yo mpamvu gukorera intwari ya gikoroni bitamushimisha cane akaba no mu gisata CAP yahakora ariko afise ibindi vyiyumviro kuko ico yitwararika kwari ugutunganya amashirahamwe y'ubutunzi¹⁰. Amaze kwemererwa yitwa CCRU na CCB¹¹, ayo makoperative yashinzwe afatiye ku ndagano dusoma mu rwandiko rutagira umukono ruhimiriza abaswahiri bo mu Buyenzi i Usumbura ngo bagire urunani barwanire urudandaza rwabo (urwandiko 4). Kubera ko Rwagasore yashira imbere indinganizo y'amakoperative, yaciye yandika ikete ryo gutanga imihoho muri CAP kugira « abandanye akorera ayo makoperative abiri... afise akamaro kanini » (urwandiko 7). Ni vyo, ayo makoperative amaze gukora amezi makeyi yarateye imbere bimwe bitangaje. Yarakoranyemwo abanywanyi amajana n'amajana eka mbere ibihumbi n'ibihumbi biyemeje kudasubira kuzera ivyo bakeneye ku banyamahanga (Ababirigi, Abagiriki canke « Abanye Aziya ») ari bo bari biharije urudandazwa rw'ibintu bikunda gukenerwa n'ikawa, kandi bakikwegerako inyungu z'umurenge. Gutyo, mu kwegeranya abantu basanzwe bari kure na kure canecane nk'abarimyi bo mu mitumba n'abadandaza b'abaswahiri bo mu bisagara, Rwagasore n' « abagenzi biwe » nk'uko kenshi yabita (inzandiko 16, 20 na 22) yarubatswe ishingiro ry'umwumvikano mushasha hagati y'Abarundi – nk'uko vyagenze munyuma mu mugambwe Uprona.

Ubwo nyene, amakoperative yitirirwa « Rwagasore » intwari y'Ababirigi yaciye iyafata nk'uko ari « imashini zo kurwanya igikoroni¹² » kubera ko ayo makoperative yatuma abantu bishira bakizana mu vy'ubutunzi akabafasha kandi kuganira ivya poritike. Na canecane uguhuza abanyagihugu bo mu mitumba n'abaswahiri, kuko uwo murwi wafatwa nk'uko ari uw'abagumutsi,

9. Agace ka raporo yanditswe na Rudoviko Rwagasore ku giterwa c'ipampa i Bwambarangwe-Busoni, Kitega, igenekerezo rya 17 Myandagaro 1957 (AAB, idosiye BUR 6). Mu vyo yashikiriza, turasanga kandi ico cyumviro co kugwiza ibiterwa mu gihugu mw'igwirirana ry'ibindi biterwa vyinjiza amahera atari akawa gusa, hamwe n'ishingwa ry'amahinguriro ntu gihugu muri vyinshi gitegekanya kurangura (inzandiko 12, 20 na 24).

10. Hari aho Rezida wa Urundi yagomvye kumukarira, amuhora ko ahora amanuka i Bujumbura kuraba abanywanyi biwe b'amakoperative; rimwe na rimwe hari aho yikora ku buryo akura mu ntware mu mirimo yarangura mu vy'ubutunzi. Mu 1957, uwitwa Raymond Minot yari umuhanuzi w'umwami Mwambutsa, yaramwishuje amahera yakoresheje mu kwandikisha ubutumire bw'uguhumagaza inama y'amakoperative n'ibikoresho vya CAP... (AAB, idosiye BUR 6).

11. Ni Koperative yo y'abasumyi n'abadandaza bo muri Ruanda-Urundi (CCRU), yemewe mu 1955, yarongowe na Rwagasore kuva muri Munyonyo 1957, na Koperative y'abadandaza bo mu Burundi (CCB), yemewe muri Ruheshi 1957.

12. Harroy J.-P., 1987, p. 267-276.

oublier que la monoculture du café reste un danger pour l'économie du pays⁹ ».

Cette citation, datant de la mi-1957, est significative. En effet, c'est à cette même époque que le prince s'est lancé dans la constitution de groupements de production et de commerce dont l'action collective a eu des prolongements politiques remarquables : les coopératives justement dites « Rwagasore ». C'est pour cette raison, outre que travailler au service de l'administration coloniale le rebutait, qu'il a pratiqué son travail au CAP en dilettante, tout occupé qu'il était à arranger ses associations économiques « indigènes »¹⁰. Agréées sous les sigles CCRU et CCB¹¹, ces coopératives ont été lancées dans un mouvement déjà annoncé dans le tract qui encourage les Swahilis du quartier de Buyenzi à Usumbura à s'unir pour défendre leur commerce (texte 4). L'intérêt prioritaire que leur porte Rwagasore est révélé par sa lettre de démission du CAP, pour « continuer à travailler pour les deux coopératives... qui sont d'une grande importance » (texte 7). De fait, ces coopératives avaient connu en quelques mois un succès dépassant tout espoir. Elles réunissaient des centaines de membres, voire des milliers, décidés à se passer des intermédiaires étrangers (Belges, Grecs ou « Asiatiques ») qui contrôlaient alors le commerce des biens de consommation et du café, et s'accaparaient de fortes marges bénéficiaires. Ainsi, en œuvrant à la conjonction des intérêts de composantes de la population burundaise d'ordinaire plutôt éloignées, notamment ceux des cultivateurs des collines et des commerçants swahilis des cités urbaines, Rwagasore posa, avec « ses amis » comme il les appelle souvent (textes 16, 20 et 22), les bases d'une cohésion nouvelle parmi les Burundais – qu'on retrouvera plus tard dans l'Uprona.

Instruments d'autonomisation économique et outils de mobilisation politique, les coopératives « Rwagasore » ont très vite été considérées par l'administration belge comme de véritables « machines de guerre » dressées contre le pouvoir colonial¹². Notamment, la collusion de la population rurale avec les Swahilis, un groupe jugé subversif et abusivement considéré

9. Extrait du rapport de Louis Rwagasore sur la culture du coton au Bwambarangwe-Busoni, Kitega, 17 août 1957 (AAB, dossier BUR 6). On retrouvera cette antienne de la diversification agricole du pays par l'essor d'autres cultures de rente que le café, ainsi que du besoin d'industrialisation du pays, dans plusieurs de ses interventions ultérieures (textes 12, 20 et 24).

10. Souvent rappelé à l'ordre par le Résident de l'Urundi pour manquement à ses devoirs, car il partait à Usumbura rencontrer ses partenaires des coopératives, Rwagasore usa aussi des moyens de l'administration à Kitega pour ses activités économiques. En mai 1957, Raymond Minot, le conseiller belge de son père Mwambutsa, lui adressa une facture pour des invitations à la réunion d'une coopérative qu'il avait faites imprimer sur le matériel du CAP... (AAB, dossier BUR 6).

11. Il s'agit de la Coopérative des consommateurs et commerçants du Ruanda-Urundi (CCRU), agréée en mars 1955 et présidée par Rwagasore à partir de novembre 1957, et de la Coopérative des commerçants du Burundi (CCB), officialisée en juin 1957.

12. Harroy J.-P., 1987, p. 267-276.

ugizwe n'abanyamahanga ari na co gituma waratera amakenga abategetsu b'igikoroni. Mu 1958, ubwo butegetsu bwarambeje ayo makoperative ngo « atunganijwe nabi » kandi bwaragerageje uko bishobotse kwose kugira buyasenyure kuko yari asanganywe n'ingorane z'amafaranga. Inzandiko zitatu ziri muri iki gitabu zirerekana uruhara rwa Rwagasore mu guharanira amakoperative yarabwa ribi n'ubukoroni. Ugusaba imfashanyo Repuburika y'Abarabu bunze ubumwe (urwandiko 8) biri mu ntumbero yo kubogora amakoperative. Iyo mfashanyo umuganwa yayisavye igihe yari mw'ihayishwa mpuzamakungu ry'i Bruxelles kuko ico gihe yaramaze amezi atatu i Buraya mu 1958. Muri Rusama, ari kumwe na babiri mu bagenzi biwe b'Ababirigi yarashikirije ikiganiro, ahanini cerekana ingene intwaro ya gikoroni ishaka kunzingamika iterambere ry'amakoperative; mu nyuma, Rwagasore yaranditse atera akamo Repuburika y'abarabu bunze ubumwe, mbere yarahuye n'abanyamitahe b'abanyaburaya mu Bubirigi no mu Budagi aca arabamenyesha yuko abakozi bakurubakuru b'intwaro y'igikoroni babera intambanyi ibiganiro kuko bica biba hagati y'abatangana (urwandiko 9)¹³. Amaze kugaruka mu Burundi, muri Nyakanga 1958, ni ho yabona yuko koperative CCRU igenzurwa n'intwaro y'igikoroni, haciye havuka koperative yitwa Copico (urwandiko 10). Mu 1959, ni ho ikoperative CCB yarasenyutse kubera amadeni.

Intwaro gikoroni n'abanyaburayi « bikorera ivyabo »

Mu gihe c'amakoperative ni ho imigenderanire ya Rwagasore n'abakozi b'ababirigi yatosekara bimwe bikomeye. Ni vyo, ukutumvikana vyari vyatanguye kuboneka kuva mu 1956 igihe Rezida wa Urundi yari yigijeyo urwandiko rw'umuganwa rwarondera gushiraho ibwirizwa shingiro (urwandiko 3) abigereranya n'ukwigana ibindi bihugu vyariko birondera kwikukira¹⁴. Icababaje Rwagasore kwabaye ukurwanya amakoperative n'ukwankiriza ico cose ba kavukire bashima kwigira inama nk'uko tubisanga mu nzandiko nyinshi canecane nko mw'ijambo rirerire yashikirije imbere y'abagize ishira hamwe ry'ubudandaji n'amahinguriro ry'i Burundi (CCIB) muri Myandagaro 1960 (urwandiko 20). Aranegura inyifato y'Ababirigi ibatuma bafata Abanyafirika nk'« abana » bo kurera, ko ivyo bifuzaga canke bashikiriza ataco bimaze; ariyamiriza kandi ko abakoroni bisuka muri vyose, bikabatuma bafata « ingingo bishingiye bo nyene ».

13. Mu Ruheshi 1958, Rezida Scheyven yarankiye Inama nkuru y'Igihugu guha ingurane koperative CCB, hanyuma intwaro mbirigi n'ubuzi bw'ukugendera barabuzabanyaburaya bafise amashirahamwe Rwagasore yari yikoze, ko bogira ico bafashije ngo boba bataye amahera yabo bayashize mu makoperative (AAB, amadosiye BUR 6 na BUR 74).

14. Agace k'ikete ryandikiwe icegera ca Bulamatari mukuru Harroy na Rezida Siroux, Kitega, igenekerezo rya 8 Ruhuhuma 1956 (AAB, idosiye BUR 72). Raba kandi mu gitabu ca Harroy, J.-P., 1987, p.214.

comme étranger, inquiétait les autorités tutélaires. En 1958, celles-ci accablèrent la « mauvaise gestion » des coopératives autonomes et firent tout pour les abattre. Trois textes de ce recueil témoignent de l'implication de Rwagasore dans la défense des coopératives ainsi menacées. La demande d'aide adressée à la République arabe unie (texte 8) s'inscrit dans une série de démarches menées pour sauver les coopératives depuis l'Europe, où le prince s'est trouvé pendant trois mois en 1958, officiellement à l'occasion de l'Exposition universelle de Bruxelles. Après avoir tenu en mai, avec deux de ses partenaires belges, une conférence de presse dénonçant les entraves au progrès des coopératives venant de l'administration coloniale, il rédigea en juin cet appel au gouvernement égyptien, puis contacta en Belgique et en Allemagne des investisseurs européens, avant d'aviser que les obstacles systématiques posés par les hauts fonctionnaires coloniaux rendaient toute négociation inégale (texte 9)¹³. De retour au Burundi en septembre 1958, il ne put que constater la prise de contrôle coloniale sur la CCRU, à travers la naissance de la Copico (texte 10), et plus tard en 1959 le dépérissement de la CCB qui ne tint pas le choc de l'endettement.

De l'administration coloniale et des « privés » européens

C'est incontestablement à l'occasion de la crise des coopératives que les relations de Rwagasore avec le personnel de la Tutelle belge au Burundi se sont détériorées, durablement. Certes, les prémices de la mésentente étaient apparues dès 1956 lorsque le Résident de l'Urundi avait écarté le manifeste d'intention constitutionnaliste du prince (texte 3) en le comparant à une « tentative d'imitation infantile des nations venant d'accéder à l'indépendance¹⁴ ». Mais les attaques contre les coopératives et l'obstruction systématique des autorités coloniales face à toute initiative « indigène » ont profondément marqué Rwagasore qui s'ouvre de sa « déception » dans plusieurs textes, et en particulier dans son discours-fleuve devant les membres de la Chambre de commerce et d'industrie du Burundi (CCIB), en août 1960 (texte 20). Il y fustige le paternalisme belge, à l'origine de relations inégales avec les Africains, considérés comme des « enfants » à éduquer dont les souhaits et les avis sont négligeables, et dénonce l'ingérence partisane de l'administration coloniale – justifiée par le principe précédent –, qui la conduit à des « solutions unilatérales ».

13. Le Résident Scheyven posa en juin 1958 son veto à un prêt accordé par le Conseil supérieur du Pays à la CCRU, et les entrepreneurs contactés en Europe par Rwagasore pour sauver la CCB furent aimablement prévenus par les services belges (administration et Sûreté) des risques financiers qu'ils encouraient à investir dans les coopératives (AAB, dossiers BUR 6 et BUR 74).

14. Extrait d'une lettre adressée au Vice-Gouverneur général Harroy par le Résident Siroux, Kitega, 8 février 1956 (AAB, dossier BUR 72). Voir aussi Harroy J.-P., 1987, p. 214.

Ufatiye kuri uko kutarya umunwa no ku vyo yabwiye abari aho, canecane abanyaburaya bari muri CCIB¹⁵, uca ubona neza ko atari anezerewe n'uruhara rw'abakoroni nk'uko n'Abarundi benshi vyabababaza, ari na vyo vyavuyemwo umutima n'ishaka vyo kurondera kwikukira hagati ya 1959 na 1961. Mu majambo ya Rwagasore, uca ubona ingene abantu bari batwawe nabi (urwandiko 9), ingene bafatwa nk'abana (urwandiko 19¹⁶), mbere n'ibitutsi (Abanyafirika bitwa « imbéciles » canke « makaki » (inzandiko 11 na 16). Ariko rero n'ukumenya neza abo yashaka kubwira ivyo, nk'uko we nyene abitomora (urwandiko 19), hariho intworo mbirigi n'ubukoroni, hariho ivyo yashikiriza abanyamahanga bikorera ivyabo bari mu Burundi. Hagati y'inyaka ya 1958 na 1960 (inzandiko za 8-9, 14-15 na 19-20), mu vy'ukuri Rwagasore anegura intambanyi zituruka ku bakozi b'abakoroni n'ukurenganya bagira canecane ku banywanyi b'amakoperative ubwa mbere, hanyuma ku banywanyi b'umugambwe Uprona, no kuri we nyene bwite. Ariko rero, ntiyahengeshanya kuremesha abakoroni b'ababirigi n'abanyamahanga bikorera imirimo yabo mu Burundi, mu kubahumuriza ko ata nkomanzi ku vyerekeye imitahe yabo (urwandiko 20), no mu gufashanya na bamwe muri bo mw'ishingwa ry'amakoperative. Yarabahumirije mu gihe c'intureka zo mu Rwanda kuva muri Munyonyo 1959 (inzandiko 14 na 16), na canecane mu gihe c'ivyabaye muri Kongo; muri ivyo bihe vyose, Abazungu bari bafise ubwoba bw'abakomunista, kuko n'Umushikiranganji wa mbere wa Kongo Patirisi Lumumba yafatwa nkabo (urwandiko 20). Yabahamagariye kwigumira mu « kazinga k'amahoro, k'itekane n'iterambere » (urwandiko 17), guterera mu kwubaka igihugu biciye kw'ishingwa ry'umurwi urimwo Abarundi n'Abanyaburaya boja hamwe mu guhanahana ivyiyumviro (urwandiko 20); yaranasubiye kubemerera ko abizeye mu 1961, igihe umugambwe wiwe utsinze ugaca uja ku butegetsi (inzandiko 24 na 25).

Mu vyiyumviro vyawe vya poritike, Rwagasore ntiyahengeshanya kugaruka kw'iterambere ry'abanyagihugu, ry'amahinguriro n'ubudandaji. Mu gihe hari hakirimo abadashima icyumviro co kwikukira, yarabona ko abanyamahera bogira uruhara mu butunzi bw'Uburundi¹⁷ (inzandiko 16, 19 na 24). Tunabibona ku majambo akoresha, iyo avuga « gukenguruka » ashima « ivyo ababirigi bakoze » (urwandiko 14) canke iyo avuga « Ababirigi »

15. Aha twovugaga ko iyo mvugaga itarya umunwa ya Rwagasore itakoreshejwe ku Banyaburaya gusa; turayisanga no mu majambo yabwiye abanyagihugu b'i Muhinga mu 1957 (urwandiko 6) canke mu kugabisha abadasigana ba Uprona muri 1961 (inzandiko 22 na 25) kuko ntiyahabanganira.

16. Hambavu y'urwo rwandiko rwanka gufatwa nk'abana, twokongerako n'agace k'urwandiko Rwagasore yanditse ariko rutari muri iki gitabu (raba urwandiko 4): « Nimubimenye, ntirukiri abana b'ukugamburuka gusa, ba Rudoviko, ba Petero na ba Yohani bo mu myaka ishize, bemera gushishitwa, ibigirwa turabibona... » (« Au pays de l'absurde », *La Chronique congolaise*, 1 Gitugutu 1960).

17. Akenshi yarumvikana n'abanyamaharamwe bigenga, harimwo n'Abarundi, bashobora gushigikira imigambi yiwe. Abaswahiri bafatanije gushinga amakoperative; Paulo Mirerekano na we, yari afise urucuruza rw'imboga ruteye igomwe, ni we bafatanije gutunganya imiyerekano ya Uprona (Mirerekano yari umunyabigega w'uwo mugambwe).

De ce franc parler et de ces admonestations adressées à l'auditoire surtout européen de la CCIB¹⁵, on peut tirer l'image d'un fort ressentiment à l'encontre des colonisateurs, partagé par de nombreux Burundais, qui nourrira bien sûr les revendications nationalistes et indépendantistes de 1959-1961. Dans les paroles de Rwagasore, on devine le vécu de la « malveillance » administrative (texte 9), de l'infantilisation (texte 19¹⁶), voire des insultes (les Africains sont traités d'« imbéciles » ou de « macaques », textes 11 et 16). Mais il faut, comme le prince lui-même l'établit avec clarté (texte 19), bien distinguer la cible essentielle de ses dénonciations, à savoir l'administration tutélaire et le système colonial, de ses intentions à l'égard des « privés » étrangers installés au Burundi. En effet, ce sont les entraves posées par les fonctionnaires coloniaux, et leur partialité à l'égard des membres des coopératives d'abord, et ensuite du parti Uprona et de sa propre personne, que Rwagasore dénonce avec insistance entre 1958 et 1960 (textes 8-9, 14-15 et 19-20). Mais *a contrario*, c'est avec constance qu'il rassure les colons belges et les autres entrepreneurs étrangers du Burundi, en leur garantissant notamment des investissements sûrs (texte 20), et en s'associant à certains dès l'expérience des coopératives. Il les tranquillise lorsque les violences au Rwanda à partir de novembre 1959 (textes 14 et 16), et surtout au Congo à partir de juin 1960 (texte 17), font fuir les Occidentaux qui craignent la menace communiste incarnée par le Premier ministre congolais Patrice Lumumba (texte 20). Il les appelle à rester dans « un îlot de paix, de tranquillité et de prospérité » (texte 17), à s'impliquer dans la construction du pays en promouvant un cercle burundo-européen de réflexion (texte 20), et il leur renouvelle sa confiance quand son parti victorieux prend en 1961 les rênes du pouvoir (textes 24 et 25).

Dans une pensée politique où le développement rural, industriel et commercial est un leitmotiv, et alors que l'austérité est annoncée pour l'indépendance (textes 23 et 24), Rwagasore mise donc sur les étrangers ayant un rôle à jouer dans l'économie du Burundi¹⁷ (textes 16, 19 et 24). Il n'est pas non plus avare, si l'on entend bien ses mots, de « gratitude » à l'endroit de « l'œuvre belge » (texte 14) ou du « peuple belge » auquel

15. On soulignera ici que le parler incisif de Rwagasore n'est pas réservé à ses seuls adversaires européens : son adresse aux paysans de Muhinga en 1957 (texte 6) ou ses avertissements aux militants de l'Uprona en 1961 (textes 22 et 23) sont aussi cinglants et parfois menaçants.

16. En appui à ce texte demandant la fin de la politique « de "bon papa" envers son enfant soumis », on peut aussi citer cet extrait d'un article de Rwagasore non publié dans ce recueil (voir plus haut, note 4) : « Croyez-moi, nous ne sommes plus des enfants dociles et obéissants, les gentils Louis, Pierre et Jean d'il y a quelques années, prêts à se laisser caresser dans le sens du poil ; nous voyons les jeux avec nos grands yeux... » (« Au pays de l'absurde », *La Chronique congolaise*, 1^{er} octobre 1960).

17. Plus généralement, il se rapproche de tout entrepreneur indépendant, y compris burundais, pouvant soutenir ses programmes d'action. Ainsi c'est avec les Swahilis qu'il lance les coopératives, et avec Paul Mirerekano, dont le commerce de produits maraîchers est florissant, qu'il organise les premières manifestations de l'Uprona (Mirerekano est le trésorier de ce parti).

mw'ijambo yashikirije n'ubu rihayagizwa : « Muzoba muvyibonera, nimwabishima duhimbarwe » (urwandiko 22). Ariko ico yiyamirije rwose, ni ibikorwa vy'abanyamahanga bamwe bamwe mu vya poritike y'Uburundi (inzandiko zo kuva kuri 13 gushika kuri 15, na 20); yariyamirije kandi inyifato y'intwano mbirigi itareka ngo « imigambwe ikore yishira yizana no mu kuvuga ukuri » (urwandiko 19). Mu kwibanda kuri ivyo bintu bibiri, biraboneka ko hari ivyiyumviro nkoramutima umuganwa yari afise mu vyerekeye ubutungane na demokarasi.

Abantu barangwa na demokarasi n'ubutungane

Igituma Rudoviko Rwagasore yubashwe cane gushika uno musu, ni ukubera yuko mu gihe c'ihimbazwa ry'intahe y'Ukwikukira twibuka uruhara rwiwe ntangere mu kurwanira iterambere ry'Uburundi. Ariko kandi ni ukubera ko urupfu rwamujanyiraniye mu mwaka 1961 rwatumye atabona indyane zagiye zirasinzikaza igihugu kuva mu 1965, zishingiye ku macakubiri y'ubwoko yagiye aragwira. Uko iragi ryiwe ryakoreshejwe kwose, ivyiyumviro vyawe birashe yashikiriza ku vyerekeye ikibazo c'ukungana kw'abantu hamwe n'ukudakumirana hagati y' « amoko » (ubudasa bushingiye ku rukoba rw'umubiri) nk'uko vyavugwa ico gihe, vyamutuma adahengama. Uko kwemeza adakekeranya ko igihugu gifise kahise atari « ak'Abatutsi canke ak'Abahutu ariko ari kahise karimwo vyinshi kandi gahimbaye ku Barundi bose » (urwandiko 15) na kwo kubonekera mu nzandiko nyinshi (inzandiko 3, 12-13, 15-16 na 20) ziri muri iki gitabu. Izi nzandiko ziributsa kandi uwusoma yuko Uburundi bwari buhushanye n'igihugu kibanyi c'Urwanda mu vyerekeye imigenderanire hagati y'amoko muri ico gihe...

Mu mwaka 1959, mu kinyamakuru *La Dépêche du Ruanda-Urundi*, mu gihe Rwagasore yariko arahangana n'Umubirigi Maus, ni ho ashikiriza ingene imigenderanire hagati y'ubwoko yari imeze mu Burundi n'ingene vyoba ari ukwihenda mu kubigereranya n'ivyari i Rwanda (inzandiko za 13 gushika ku rwa 15). Albert Maus, kera yari umufurera « scheutiste » yaba mu Burundi bwa mukoroni¹⁸; umuganwa yamubona nk'umunyamabanga « agumura, abesha, adendera abantu » (urwandiko 14). Ivyo yakora ntivyari bijanye n'igihe canecane inyuma y' « ivyago » vyashitse mu Rwanda ku musu mukuru w'Abatagatifu bose mu mwaka 1959. Nkako, mu Rwanda, uwo mukoroni yarafashije mu gutegura urwandiko rwitirirwe Abahutu (Manifeste des Bahutu), hanyuma arafasha mw'ishingwa ry'Aprosoma (Ishirahamwe ryo guteza imbere abaturagi) mu 1957. Yaguma rero arota « ukwiganzura kw'Abahutu » bo mu Burundi afatiye ku karorero ka « revorisyo sociale »

18. Abafurera b'aba « scheutiste » bari mu muryango w'Umushaha wa Bikira Mariya, washinzwe mu 1862 ryari Scheut i Anderlecht (mu Bubirigi).

il s'adresse lorsqu'il prononce sa sentence aujourd'hui célèbre : « Vous nous jugerez à nos actes et votre satisfaction sera notre fierté » (texte 22). Mais ce qu'il condamne avec énergie, c'est l'action de certains étrangers dans l'arène politique burundaise (textes 13 à 15, et 20), et celle de l'administration tutélaire belge ne laissant pas se dérouler « un jeu libre et honnête entre les partis » (texte 19). En plaçant la focale sur ces points, on peut dégager une dernière série d'idées chères au prince et inscrites dans les domaines larges de la justice et de la démocratie.

Pour une société juste, une nation démocratique

Si Louis Rwagasore jouit aujourd'hui d'une grande considération, c'est parce qu'à l'heure du jubilé de l'Indépendance on peut célébrer le rôle qu'il a joué dans la lutte pour l'émancipation du Burundi. Mais c'est aussi parce que sa mort précoce en 1961 l'a éloigné de toute implication dans les crises violentes qui ont secoué son pays à partir de 1965, sur fond de clivage ethnique grandissant. Quels que soient les usages de son héritage auxquels on voudrait s'adonner, la clarté de ses positions sur la question de l'égalité et de la non-discrimination « raciales », comme on disait à l'époque, interdit qu'il soit incriminé d'un parti-pris de cet ordre. Cette absence d'équivoque sur l'existence d'une nation dont l'histoire n'est « ni tutsi ni hutu [mais] bien [celle] riche et glorieuse du peuple murundi » (texte 15), est lisible dans plusieurs textes (3, 12-13, 15-16 et 20). Elle rappelle aussi au lecteur que le contexte de l'époque au Burundi en matière de relations interethniques n'était ni celui dans lequel le pays a pu se trouver ultérieurement, ni celui qui prévalait au Rwanda voisin au même moment...

C'est dans la controverse ouverte en 1959 avec le Belge Maus dans les colonnes de *La Dépêche du Ruanda-Urundi* que Rwagasore développe sa critique nationaliste de la vision raciale des rapports sociaux au Burundi et du parallélisme faussé avec le Rwanda (textes 13 à 15). Albert Maus, un ancien frère scheutiste vivant comme colon au Burundi¹⁸, représentait typiquement pour le prince cet étranger « excitant, suggérant, intrigant » (texte 14), dont l'agitation était considérée comme déplacée après la « catastrophe » frôlée au Rwanda à la Toussaint 1959. Ce colon avait en effet, dans ce dernier pays, aidé à la rédaction du Manifeste des Bahutu puis à la création de l'Aprosoma (Association pour la promotion sociale de la masse) en 1957, et caressait le rêve d'une « libération hutu » au Burundi sur le modèle de la « révolution sociale » rwandaise. Au moment

18. Les frères scheutistes appartiennent à la Congrégation du Cœur Immaculé de Marie, fondée en 1862 dans la chapelle de Scheut à Anderlecht (Belgique).

yabaye mu Rwanda. Mu gihe yariko arafasha mw'ishingwa ry'Umugambwe w'Abarundi basanzwe (PP, Parti du peuple) mu Burundi, hari mu mezi atatu yanyuma asozera umwaka 1959, yaranditse ibintu vyinshi mu binyamakuru vy'abakoroni vyerekeye « ikibazo c'Abahutu n'Abatutsi ». Rwagasore yaciye avyiyamiriza ashimitse rwose.

Ibikurubikuru mu vyo umuganwa yanegura vyari vyerekeye ku ruhande rumwe ukwimurira mu Burundi amacakubiri afatiye ku bwoko yarangwa mu Rwanda, ashingiyeye ku moko n'imigambwe¹⁹. Ku rundi ruhande, Maus yaritiranye uko abantu babayeho mu vy'imibano n'ibiranga « amoko »; agafata Umuhutu nk'umukene wa rwose – canke uwo bita « umushumba » yacurwa bufuni na buhoro mu gihe c'intwano zacinyiza abandi, nk'uko hariho ivyiyumviro bene ivyo vyo kugereranya ibintu uko, mu gihe c'imyaka ya 1950 (inzandiko 1, 13, 15 na 21) –, Umututsi nawe canke Umuganwa agafatwa nk'umuntu atunze kandi arenganya – bene uwo na we Maus akaba atamuha nirwere. Rwagasore wewe yabona ko hariho « ingorane mu gihugu » ariko yerekeye « abantu bato bato, ab'amagara make » batagira ubwoko, n'abandi « b'Abahutu, b'Abatutsi canke b'Abatwa », « usanga ari banyarucari, biziziwe n'ubujju n'ubukene » (urwandiko 13). Aho Maus yabona ugu-kumirwa kw'Abahutu mu vya poritike no mu vy'imibano, Rwagasore wewe yabona ko hari « abantu bato bato b'Abahutu canke Abatutsi batagira inguvu, batagira ikibavugira » ari na bo bakwiye kuronswa vuba « ubutungane bunyarutsa imanza kandi butarenganya » (inzandiko za 15 na 20).

Ininahazwa ry'ugusabikanya n'intwano itunganiriza abantu bose, hatagiyemwo ivy'amoko canke igihugu abantu bavamwo, turabisanga mu nzandiko ziri muri iki gitabu. Ni vyo, Rwagasore yabaye umuganwa (« chef ») hafi umwaka umwe gusa, hagati ya Ruhuhuma 1959 na Ruheshi 1960 (urwandiko 12); hanyuma yabaye Umushikirangoma wa mbere nta n'ukwezi gukwiye yabimazemwo hagati ya Nyakanga-Gitugutu 1961 (inzandiko za 23 na 25). Nico gituma atawomenya ko itunganywa ry'ubutegetsu nk'uko yabuvugaga mu majambo yiwe, vyari kumutuma aronsa abakene bose bakwiragiye mu mitumba « ubuzima bw'ukuri, burangwa n'ubuntu n'ubutungane » (urwandiko 10). Uretse ivyo, nk'uko abakoroni bo nyene bamuha amanota « meza cane » k'ukugene yatwaye sheferi ya Butanyerera « ijunja ryiwe ry'umuntu ngirakamaro » ryaratuma aronka « icubahiro ntangere mu batwarwa biwe »²⁰; hariho n'inzandiko nk'izerekeye ubugeni bwiwe mu 1959, amakoraniryo yagirisha n'ingene yahanura umugambwe

19. Mu mpera za 1950, imibano hagati y'amoko mu Burundi ntiyari imeze nko mu Rwanda nk'uko tubisanga mu vyanditswe bitari bike, nk'akarorero (Ghislain J., 1970; Gihugu D., 1995; Harroy J.-P., 1987). Mu Rwanda, ubwami bwavugwa ko ari ubw'Abatutsi, mu Burundi naho, Abaganwa bavugaga ko ari ubwoko ukwabo, ko atari Abatutsi, ntibababwira Abahutu canke Abatwa. Ivyo vyoba vyaratumye gushika icyo gihe ata ndyane z'amoko zibaho.

20. Urupaputo rwerekana amanota yo mukazi umuganwa Rwagasore yaronse rwujijwe na Musitanteri wa teritwari Schmidt, Ngozi, 1959 (AAB, idosiye BUR 6).

où il participait à la création du Parti du peuple (PP) au Burundi, au dernier trimestre 1959, il fut l'auteur de plusieurs articles sur le « problème hutu-tutsi » dans la presse coloniale, auxquels Rwagasore réagit vigoureusement.

Les principales critiques du prince concernaient d'une part, la transposition dans le contexte burundais des divisions rwandaises et de leur équation ethno-politique¹⁹, et d'autre part, la confusion que Maus entretenait entre les statuts sociaux et les identités « raciales », c'est-à-dire entre le Hutu assimilé au déshérité – ou au « serf », dans la vision « féodale » de la société burundaise répandue dans les années 1950 (textes 1, 13, 15 et 21) – et le Tutsi ou le Ganwa, identifié comme riche et abusif – le seigneur d'une féodalité africaine arriérée que Maus exérait. Rwagasore estimait au contraire qu'il existait bien « un problème dans le pays », mais qu'il s'agissait de « celui des petits et des faibles, [qui] n'ont pas de race » et qui, « nobles d'origine, Hutu, Tutsi ou Twa », « sont avant tout de la race des prolétaires, des ignorants et des pauvres gens » (texte 13). Là où Maus entrevoyait l'aliénation politique et sociale des Hutu, Rwagasore identifiait donc un « peuple [de] petits Hutu ou Tutsi sans force et sans défense » pour lesquels devait être promue « une justice prompte et équitable » (textes 15 et 20).

L'éloge de l'équité sociale et du juste gouvernement des hommes, indépendamment de leur étiquette ethnique ou nationale, visite la plupart des textes de ce recueil. Certes, Rwagasore n'a été chef qu'une année environ, entre février 1959 et juin 1960 (texte 12), puis Premier ministre à peine un mois en septembre-octobre 1961 (textes 23 à 25). Aussi, il est difficile de juger si ses modes de gestion du pouvoir auraient été, à long terme, toujours en adéquation avec ses discours en faveur « d'une vie sociale honnête, humaine et juste » pour les « pauvres gens qui grouillent sur les collines » (texte 10). Cela étant, si l'on se réfère aux appréciations coloniales sur son « très bon » commandement en chefferie Butanyerera, sa « personnalité de valeur » le laissait jouir d'une « très grande autorité sur ses administrés »²⁰, et l'on sait par d'autres documents, notamment sur son mariage en 1959, ses meetings et sa direction officieuse du parti Uprona en 1960-1961, que sa popularité n'était pas contrefaite (textes 20 et 21).

19. Les relations interethniques au Burundi étaient loin d'être aussi tendues qu'au Rwanda à la fin des années 1950, comme de nombreuses sources en attestent (Ghislain J., 1970; Gihugu D., 1999; Harroy, 1987, par exemple). Sans doute, le fait que la royauté s'affiche « tutsi » au Rwanda, alors qu'au Burundi la dynastie ganwa revendiquait former une « catégorie » (*ubwoko*) distincte de celle des Hutu, des Tutsi et des Twa, a-t-il joué aussi sur la temporisation des conflits ethniques dans le Burundi monarchique.

20. Bulletin de signalement du chef Rwagasore rempli par l'Administrateur de territoire Schmidt, Ngozi, 1959 (AAB, dossier BUR 6).

Uprona muri 1960-1961, zerekana ata nkeka ko bamwemera hose (inzandiko za 20 na 21).

Ni vyo ko uko umuganwa yabona ivy'ubutungane na demokarasi yari yabitunganye n'imigenderanire igoye yagiraniye n'intwari y'abakoroni, cane cane abakuru mu bayiserukira. Ivyagiye biramushikira ni vyinshi : hari nk'ukutubahwa n'abategetsi b'ababirigi, mu gihe amakoperative agiriye ingorane, ishigikirwa ry'imigambwe iharanira ikwikukira iri mu kwaha kw'Ababirigi (nka PDC, yari irongowe n'abahavuye bacirwa imanza mw'igandagurwa rya Rwagasore muri Gitugutu 1961), n'akarenganyo yarigiriye, we n'umuryango wiwe, akagiriye abagenzi biwe bo muri Uprona ; ivyo vyose vyaratumye yiyamiriza ashimitse amabi n'akarenganyo ako ari ko kose (inzandiko za 9, 12, 14-16 na 19-21). Ni na vyo vyatumye guharanira ukwishira n'ukwizana mu mvugo no mu vyiyumviro (urwandiko 20). Biraboneka ko yarengerwa n'ivyo abategetsi b'abakoroni bategeka no mu « gukuza idosiye Rwagasore²¹ » ; tubisanga mu nzandiko ziwe no mu makete yabandikira (urwandiko 18), aho abasaba ashimitse ko bamureka akishira akizana. Nko mu 1957, yatanze imihoho mu kazi yari yahawe n'igisata kijejwe ivy'intwari y'igihugu, kubera imvo zari « zagwiriranye » (urwandiko 7) ; mu 1959, yaramenyeshije Rezida wa Urundi ko « ataco afise amubaza²² » ; hari 1960, yarahakanye kuja mu Bubirigi bamubwira ko yoja gukarisha ubwenge, we akavuga ko akwiye nyabuna kugira uruhara rushemeye muri poritike y'igihugu ciwe (inzandiko 18-20) ; ni ho yaca ajanwa i Bururi mu gihe c'amatora y'amakomine yo muri Gitugutu-Kigarama 1960 (urwandiko 21) ; mu 1961 naho, amaze kuva aho yari acungiye icamaso, yamenyeshije abategetsi b'abakoroni ko « agiye kwiddegemvya » maze « agatunganya ubuzima bwiwe nk'uko avyumva²³ ». Mu vy'ukuri, Rwagasore yabona ko akeneye kwishira akizana (ntaje mu kwaha kw'abakoroni, canke rimwe na rimwe no mu kwaha kwa se, nk'uko biri mu rwandiko 7). Ni na vyo yifuriza igihugu cose c'Uburundi (« ntitugikeneye *gutegekwa* mu gihugu cacu », urwandiko 16) kuko yabona abanyagihugu batari bake barenganywa canke ntibashobore kuvuga ivyo biyumvira. Ivyiyumviro vya poritike vyo guhabuza intahe y'ukwikukira Rwagasore yari afise, tubibonera rero mu kubaho kw'abantu bari hamwe no mu vyo yacyemwo mu buzima bwiwe.

21. Ikete umuganwa Rwagasore yandikiye Rezida wa Urundi, Gizara (teritwari ya Ngozi), igenekerezo rya 14 Mukakaro 1959 (AAB, idosiye BUR 6).

22. Nk'uko vyanditswe imbere.

23. Ikete Rwagasore yandikiye Resida w'Uburundi, Kitega, igenekerezo rya 9 Ruhuhuma 1961, (AAB, idosiye BUR 6). Raba kandi urwandiko 21 dusanga muri iki gitabu.

Sans doute, la vision et les actes du prince en matière de justice et de démocratie ont été fortement influencés par les relations détestables qu'il a eues avec le pouvoir colonial, ou du moins ses plus hauts représentants. Son dénigrement par les autorités tutélaires, dès la crise des coopératives, leur favoritisme envers les partis réclamant une indépendance sous contrôle belge (notamment le PDC, dont les dirigeants seront ultérieurement condamnés pour l'assassinat de Rwagasore en octobre 1961), et enfin les injustices qu'il a subies, ainsi que sa famille proche et ses amis de l'Uprona, ont contribué à rendre viscérales ses condamnations des abus et de la partialité en général (textes 9, 12, 14-16 et 19-21) et ses exigences « de liberté d'expression et d'opinion » (texte 20). Son exaspération face aux injonctions des autorités coloniales et à leur manière « d'augmenter le dossier Rwagasore²¹ » s'exprime dans ses textes et des correspondances privées qu'il leur adresse (texte 18), où l'étouffement de ses libertés personnelles aboutit à des demandes fortes d'autonomie individuelle. Ainsi, en 1957, il démissionne de son emploi administratif pour des motifs « accumulés » au fil du temps (texte 7) ; en 1959, il assène au Résident de l'Urundi qu'il « n'a pas de compte à lui rendre²² » ; en 1960, il refuse d'être exilé en Belgique sous prétexte d'un stage et réaffirme sa volonté de jouer un rôle politique déterminant dans son pays (textes 18-20), ce qui lui vaut sa relégation à Bururi pendant les élections communales d'octobre-décembre 1960 (texte 21) ; et en 1961, sorti de sa résidence surveillée, il annonce encore son intention aux autorités coloniales de se « rendre libre » et de « faire [sa] vie comme [il] l'entend²³ ». En fait, Rwagasore est épris d'indépendance et son besoin de dépasser la domination (coloniale, mais aussi paternelle, parfois, comme dans le texte 7) est d'autant mieux transposable à la situation nationale du Burundi (« nous ne voulons pas être *commandés* dans notre pays », texte 16) que nombre de ses habitants vivent alors des conditions similaires d'abus ou d'entrave à l'expression. Ce sont ainsi des vécus collectifs et un parcours individuel qui se mêlent dans la philosophie politique libératrice de Rwagasore.

21. Lettre adressée par le chef Rwagasore au Résident de l'Urundi, Gizara (territoire de Ngozi), 14 juillet 1959 (AAB, dossier BUR 6).

22. *Ibid.*

23. Lettre adressée par Rwagasore au Résident du Burundi, Kitega, 9 février 1961 (AAB, dossier BUR 6). Voir aussi le texte 21 de ce recueil.

Ugusozera : ayo majambo kuri kazoza

Ibi tuvuze muri iyi ntangamarara ni zimwe mu nzira zofasha gutegera ibiri muri iki gitabu. Ntawovuga ko harimwo ivyiyumviro vyose Rwagasore yashikirije mu nzandiko zose zigize iki gitabu, canke mbere no mu bitarimwo. Ntihagiyemwo nk'ivyo yanditse afatanije n'izindi ndongozi za Uprona. Ariko n'aho ata birimwo, ivyiyumviro umuganwa yari afise kuri kazoza k'igihugu ciwe, vyari bikomeye; bihuye n'amajambo yarora ku ntwaro ya cami, uguharanira iteka ry'igihugu n'ukwikukira, uwo mugambwe wari ufise, nk'uko vyihwejwe neza ahandi²⁴. Hari kuvugwa kandi vyinshi k'ukugene ibintu vyari vyifashe mu makungu muri ico gihe ca Rwagasore; aravuga nk'imigenderanira yarondera kugiriranira n'igihugu ca Misiri (urwandiko 8), ivyerekeye kazoza k'Uburundi na Tanganyika (inzandiko 20 na 24). Ishaka rikomeye ryarondera ukuja hamwe k'Abanyafirika n'Ukwikukira (*Indépendance! Uhuru!*), mbere n'ivyavugwa vy'ugushamiramirana ata birwanisho bikoreshejwe vyari bigeze muri Afirika, ivyo vyose turabisanga mu vyaranze ukubaho n'ivyiyumviro vya Rwagasore; tubisanga mu majambo yiwe nk'uko dusangamwo ivyo yifuriza Uburundi, kuba igihugu gifise ikibanza mu yandi makungu (inzandiko za 13, 24 na 25). Hejuru y'ivyo, ku borondera gutohoza cane, muri iki gitabu harimwo urukirikirane rw'ivyagiye birashika bikuru bikuru mu buzima bugufi yamaze; harimwo kandi mu mpera z'igitabu n'ivyanditswe vyakoreshejwe vyofasha n'ukugira ikindi ciyumviro.

Iki gitabu kirimwo amajambo aranga ikiringo, ivyavugwa n'ivyariho mu gihe Rwagasore yari mu rugamba rwa poritike; kiri mu kibanza c'inkuru zo hambere zovugwa ku rugamba rwo guharanira intahe yo kwikukira. Abanditse iki gitabu, bifuza ko mu gihe Abarundi bariko barondera inzira yo gusubira kwubaka umushinge w'igihugu caranzwemwo ivyago mu myaka mirongo itanu ihaciye, iki gitabu cofasha kwibaza n'ugusangira ijambo kuri iyo « ncungu y'igihugu » we nyene ubwiwe n'ingene yabona kazoza k'Uburundi; n'ubu vyamana itoto. Ivyo Rwagasore yanditse, kenshi bihayagiza amahoro, ubumwe, ukwikukira n'iterambere, ni vyo vyofafasha, biciye kuri ayo majambo, gutegera kahise twiyumvira mu ngereranyo rimwe na rimwe katazwi neza. Uno musu twiyumvira ko bishobora gufasha mu kwubaka kazoza keza ku Barundi, cane cane ku rwaruka, kuko nk'uko Rwagasore we nyene yabivuze : « itandukanirizo hagati y'ibishoboka n'ibidashoboka ribonekera ku rugero rw'ugushaka kw'abantu » (urwandiko 20).

24. Ku ivyo, hariho vyinshi dusanga mu vyatorokanjwe na Christine Deslaurier, *Un Monde politique en mutation. Le Burundi à la veille de l'Indépendance (1956-1961)*, ni igikorwa yashikirije co guca urupapuro rw'umutsindo rwa doctorat, Université Paris 1, 2002. Ico gikorwa turagisanga mu Bufaransa (Paris, Bordeaux) n'i Bujumbura (muri Kaminuza y'Uburundi) no mu bindi yanditse (rabira mu rutonde rw'ivyakoreshejwe) ari navyo vyafashije gutegera iyi ntangamarara.

Conclusion : des paroles pour l'avenir

Les pistes de lecture prospectées dans cette introduction sont indicatives et ne reflètent pas toute la palette des idées que développe Rwagasore dans les textes de ce recueil, et au-delà, dans ceux qui n'y sont pas. En particulier, comme les documents coproduits avec d'autres dirigeants de l'Uprona n'ont pas été retenus, cet aspect de son engagement partisan peut paraître négligé. Mais on notera qu'en leur absence, les conceptions personnelles du prince sur l'avenir de son pays restent profondes et finalement apprêtent le discours monarchiste, nationaliste et indépendantiste de ce parti, mieux analysé ailleurs²⁴. Également on aurait sans doute pu développer plus en profondeur le contexte international dans lequel se sont forgés l'esprit et l'action de Rwagasore, prêt à internationaliser aussi bien son combat, avec l'Égypte (texte 8), que l'avenir de son pays avec le Tanganyika (textes 20 et 24). Le vent du panafricanisme et des Indépendances (*Ukwikukira! Uhuru!*), mais aussi les menaces de la Guerre froide exportée en Afrique, ont affecté l'existence et la pensée de Rwagasore, et ses mots en sont témoins, comme ses proclamations renouvelées d'un Burundi marchant parmi les autres dans le concert des nations (textes 13, 24 et 25). Cela dit, pour ceux qui souhaiteraient aller plus loin, des repères chronologiques essentiels sur sa courte vie et les événements politiques de son époque, et surtout une bibliographie permettant d'envisager autrement sa personnalité, ont été réunis en fin de volume.

Ce livre de paroles du passé qui renferment l'esprit d'une époque et l'univers dans lequel Rwagasore a mené son combat politique constitue une alternative à une narration historique classique sur la lutte pour l'Indépendance du Burundi. Les auteurs espèrent qu'à l'heure où les Burundais cherchent une voie pour rebâtir le socle d'une société déchirée après cinquante ans d'épreuves, cet ouvrage pourra susciter des questions et des débats à la fois sur le « héros national » lui-même et sur ses visions d'avenir pour le Burundi, d'une clairvoyance encore très actuelle. Les textes de Rwagasore, qui sont souvent des plaidoyers pour la paix, l'unité, la souveraineté et le développement, viennent baliser avec des mots les représentations d'un passé plus « imaginé » que connu. Nous pensons qu'ils peuvent aussi servir à la construction au présent d'un avenir prometteur pour les Burundais, et particulièrement les jeunes, car comme nous laisseront conclure Rwagasore : « la différence entre l'impossible et le possible est le degré de la volonté des hommes » (texte 20).

24. On trouvera sur ce sujet un volume considérable d'informations et de sources citées dans Christine Deslaurier, *Un Monde politique en mutation. Le Burundi à la veille de l'Indépendance (1956-1961)*, thèse de doctorat en histoire, Université Paris 1, 2002. Ce travail, disponible à la lecture en France (Paris, Bordeaux) et à Bujumbura (Université du Burundi), ainsi que des articles publiés ultérieurement par l'auteure (voir bibliographie), ont été à la base de la rédaction de la présente introduction.

1

**« Ikiganiro c'umwanya muto...
Rudoviko Rwagasore, yatanze igihe yiga muri
Kaminuza i Anvers »,**

*Le Courrier d'Afrique,
Leopoldville,*

ku wa mbere, igenekerezo rya 22 Ruheshi 1953¹

« Ishure kaminuza ryari yiga mwo abaturuka mu bihugu bikukira ubulayi riri mu gisagara c'i Anvers², mw'ishamba ritotahaye, ahantu harangwa n'agacerere, ari naho haramurirwa abitegurira amabanga yo gutwara mu gihe c'abakoronni. Aho muri icyo shure niho twasanze umuganwa Rudoviko Rwagasore, mwene Mwambutsa w'Uburundi, arangije umwaka wa mbere.

Ico gihe yariko yitegurira gutaha iwabo kumarayo uburuhuko bw'amezi atatu; yaradukundiye aratwemerera kutuyagira n'aho yari agifise umwitwariko w'ibibazo vya nyuma yariko arategura, ata mwanya munini asigaranye kubera ivyo bibazo nyene, n'urugendo yari yimirije kuko yitegurira gutaha mu giheho i wabo.

Rudoviko Rwagasore ni umusore w'agahore wohora uraraba, avugana isoni, w'imvugo yoroshe, arangwa n'urupfasoni. Ni muremure akaba mutomuto, umuravye igihagararo womushira mu murwi w'abantu bitwa aba hamites barangwa mu birere vy'ahitwa Louqsor³.

1. Izina ry'umumenyeshamakuru yatunganiye iki kiganiro ntiryamenyeshajwe. Mu nyuma urwandiko rucerekeye rwatangajwe mu majamba aciriye hafi na A. Peclers (« Ibigwa c'umunyeshure », *La Chronique congolaise*, igenekerezo ryo ku wa 21 Mukakaro 1953). Turusanga kandi mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 6 na BUR 73. Uko ni ko dusanga izina rya Rwagasore ryanditswe rihezwa n'urudome « i » muri urwo rwandiko.

2. Iyo shure kaminuza (Inutom) ni yo yigisha ikaramura incabwenge zizofasha abakoronni gutwara, akenshi bari Ababirigi.

3. Uvyitegereje, nk'uko abigereranya afatiye ku bitwa « abafaraoni », uwo mumenyeshamakuru uca ubona ko yari yarinjiwe n'ivyiyumviro vyari bigikwiye hose muri za Buraya ku bantu bita « abahamite » mu gihe c'imyaka ya 1950; ivyo vyiyumviro vyashaka kwemeza ko abatutsi boba baturutse amaja mu bihugu vya Misiri (canke Etiyopiya). Ubandaniye, uwo mumenyeshamakuru urabona ko ashaka kwerekana ko mu bihugu yavugaga harangwa n'intwari z'abantu baganza kandi bagacinyiza abandi nk'uko na vyo nyene ari ivyiyumviro dusanga mu nzandiko zo mu gihe c'abakoronni. Ubwo buryo bwo kubona ibintu uko, bufatiye ku mamuko canke ingene ingoma zo mu karere k'ibiyaga binini zari zitunganiye mu vya poritike n'imibano, vyarabeshujwe vyongeraga bitorwa amahinyu na Jean-Pierre Chrétien (1993, p. 189-217 na 335-341).

**« Quelques instants avec...
Louis Rwagasori [sic], étudiant noir
de l'Institut colonial d'Anvers »,**

Le Courrier d'Afrique,
Léopoldville,
lundi 22 juin 1953¹

« L'Institut supérieur des Territoires d'Outre-mer est situé à Anvers², dans une oasis de verdure et de silence propice à l'épanouissement des vocations coloniales qui s'y cultivent. C'est là que nous avons rencontré Louis Rwagasore, fils du Mwambutsa de l'Urundi, qui achève dans cette institution sa première année d'études.

Partant sous peu pour son pays, où il va passer trois mois de vacances, il s'est prêté aimablement à cette entrevue malgré la fièvre des examens de fin de session qu'il prépare, malgré le peu de temps dont il dispose à cause de ces examens et de son prochain départ.

Louis Rwagasore est un jeune homme très sympathique et un peu timide, au parler doux, aux manières courtoises. Grand et mince, il est de pur type hamidien et son profil s'inscrirait admirablement sur un bas-relief de Louqsor³.

1. Le nom du journaliste ayant réalisé cet entretien, en français, n'est pas mentionné. Le texte a été ensuite publié dans une version réduite par A. Peclers (« La leçon d'un élève », *La Chronique congolaise*, 21 juillet 1953). Il est aussi disponible aux AAB, dossiers BUR 6 et BUR 73. Le nom de « Rwagasori » est orthographié tel quel dans l'article. Il a été corrigé par nos soins dans le reste du texte et en kirundi. Les autres typographies erronées (abréviation [sic]) sont également celles du journaliste.

2. Il s'agit en réalité de l'Institut *universitaire* des Territoires d'Outre-Mer (Inutom). L'Inutom formait les futurs cadres de l'administration coloniale en Afrique, belges habituellement.

3. Manifestement, comme le suggère l'imagerie pharaonique à laquelle il fait appel, le journaliste baigne dans l'idéologie hamitique encore très en vogue en Europe au milieu des années 1950, qui attribuait des origines égyptiennes (ou éthiopiennes) à la « race » des « seigneurs » tutsi. Plus loin, il embrasse une vision « féodale » de ces sociétés, elle aussi largement développée par les auteurs coloniaux à son époque. Ces deux approches fantasmées des origines et de l'organisation sociopolitique des royaumes des Grands Lacs africains ont été déconstruites et critiquées par Jean-Pierre Chrétien (1993, p. 189-217 et 335-341).

Umuntu aca amwiyumvira ingene yoba asa mu gihe yoba yambaye inyambarabami z'Abatutsi, afise icumu mu minwe, mu karere karimwo imisozi n'ubwatsi burishwa n'amasho y'inka z'inyambo. Umwami Mwambutsa, se wiwe atwara igihugu kirimwo Abatutsi, Abahutu n'Abatwa bari hafi ya 2 400 000. Rudoviko Rwagasore na we yavukiye ku kirimba mu ngoro ibwami y'i "boma" kure y'amaso y'abantu bato bato⁴.

– Yaratwiganiye mu rurimi rw'igifaransa, *ati nkiri muto naciye ndungikwa mw'ishure ryagabwa n'ababikira bitwa aba Dames de Marie i Kanyinya; mu nyuma, nabandanije kwiga amashure mu kigo c'abafurera de la Charité i Kitega, hanyuma nja i Astrida [Ruanda]. Data yifuza ko nja kubandaniriza amashure i Buraya ni ho naca nza ino muri Munyonyo 1952. Bwari ubwa mbere mu Burundi nkaja mu mahanga ntari nzi nahora numva ku matwi gusa.*

– None ino uzohavuga gute?

Rudoviko Rwagasore yaciye amwenyura asa n'uwubuze inyishu ya hafi aduha :

– Haciye akanya ati ntako nobivuga *kuko ubuzima bw'ino buratandukanye cane n'ubw'iwacu. Narabonye ibintu vyinshi, naratangajwe n'ingene ibisagara vyanyu bikayangana, inyubakwa z'ivyibukiro zanyu, ubuzima bwanyu mu mibano, no mu vyubutunzi n'imigenzo zanyu. Naritegereje vyinshi nk'uko umuyobozi w'ishure yari yabiduhanuye. Mu vyo nabonye rero, novuga cane ibi bikurikira : ubuzima bw'ino buragoye. Bushingiye na ntaryo ku kazi, ku mwitwarirako ntangere w'uguca amahera no kwiteza imbere nk'uko mu bivuga.*

– None muri Afirika ntibimeze uko?

Rwagasore yaciye abanza kuzunza umutwe :

– *Maze aca yishura ati ikirere n'akayaga vyo muri Afirika ntibituma abantu bijukira ibikorwa nk'uko kwanyu kandi na kamere k'umwirabure kari ukundi. Arazwa ishingira n'ivyo akenera ku musi ku musi.*

Aca abandanya ati, imisi namaze mu Bubirigi, naratangajwe kandi n'ukuntu abantu bakundana. Naragendeye henshi, baranyakiriye mu miryango ihambaye y'abatunzi, n'iyindi y'abifise buke buke, naraganiriye

4. Rwagasore ntivyavukiye aho muri *boma*, yari inyubakwa y'abadagi itari iyo kubamwo, kuko yari icicarwo c'umwami i Gitega.

On se le représente très bien vêtu de l'ample manteau des Seigneurs watuzi [sic], la lance au poing, dans un paysage de montagnes et de pâturages où broutent d'immenses troupeaux de vaches à grandes cornes. Son père, le *mwami* Mwambutsa, règne sur quelques 2 400 000 Watuzi, Wahutu [sic] et Batwa, et Louis Rwagasore est né dans l'ambiance féodale, derrière les murailles d'un "boma" qui le cachait aux regards des petites gens de son peuple⁴.

– *Tout petit, j'ai été envoyé à l'école des Dames de Marie, à Kanyinya, nous explique-t-il en un français très correct, plus tard, j'ai poursuivi mon instruction chez les Frères de la Charité, à Kitega, puis à Astrida [Ruanda]. Mon père souhaitait que j'aille compléter mes études en Europe et je suis arrivé ici en novembre 1952, ayant quitté pour la première fois l'Urundi pour un monde que je ne connaissais que par ouï-dire.*

– Quelle impression emporterez-vous de ce monde ?

Louis Rwagasore sourit et semble embarrassé :

– *Je ne sais pas, finit-il par répondre, la vie ici est différente de celle de chez nous. J'ai vu tant de choses, été fortement impressionné par le visage de vos villes, par vos monuments, par votre vie sociale et économique, par vos coutumes. J'ai beaucoup observé, suivant en cela le conseil du directeur de l'Institut, et de mes observations j'ai retenu surtout ceci : c'est que votre vie est une vie dure, sans cesse orientée vers le travail, sans cesse dominée par le besoin de gagner de l'argent et de faire son chemin, comme vous dites.*

– N'en est-il pas de même en Afrique ?

Rwagasore secoue la tête :

– *Notre climat africain ne prédispose pas les gens à tant d'activité, répond-il, et puis, le caractère du Noir est tout autre. Ses préoccupations matérielles ne s'étendent pas au lendemain.*

Au cours de mon séjour en Belgique, poursuit-il, j'ai été également frappé par l'amabilité des gens. J'ai fréquenté différents milieux ; j'ai été reçu dans de grandes familles et chez de petits bourgeois, j'ai été en

4. Rwagasore n'est pas né au *boma*, une construction allemande qui ne servait pas d'habitation, mais à la résidence royale de Kitega.

n'abantu bari mu mirwi myinshi y'ino. Hose banyakiriye n'igishika n'urweze bimwe vy'ukuri kuzima, hose baranyeretse urukundo n'umutima n'ukubabarana.

Ikiganiro cabandanirije ku vyerekeye amashure yiwe. Yatubwiye ko niyamara umwaka wa kabiri azoca aronka urupapuro rw'umutsindo rw'amashure ya kaminuza mu vyigwa vyerekeye intwaro n'ubukoroni mu nyuma ace yinjira mw'ishure Kaminuza y'i Louvain gukurikirana amashure yerekeye ivy'imibano n'ubutunzi.

– Wibaza ko hazoboneka urundi rwaruka rw'abirabure bokurikira akarorero kanyu, rukaza gukurikirana amashure ya Kaminuza ino?

– *Mu majambo make, yishuye ati abamaze kuvyitegurira neza baracari bake cane.*

– Ko umengo hariho icyumviro c'ugushinga ishure kaminuza i Astrida?

– *Nivyo, ariko ndatinya ko twohava dufata inzira yihuta mu vy'indero. Ku bwanje, uko ibintu bimeze ubu, urwaruka rw'abirabure rworonka ubumenyi ku rugero rwa Kaminuza rwohava rusanga rwirebanga ata shingiro rufise kuko abantu benshi bo ku rugero rwo hasi bakiri mu bujuju. Vyoba vyiza kubanza kurwiza amashure matomato n'ugukomeza inyigisho nyazo mu mashure yisumbuye. Muri ico gihe, ni ho twokwiyumvira kurungika abaciye ubwenge gusumba abandi muri bo, kubandanya muri Kaminuza ari iwacu canke mu mahanga.*

Ariko araduherekeza mu mayira yagutse anyurangana hagati y'amazu y'ishure, Rudoviko Rwagasore yaraturagiye ivyerekeye imvyino n'intambo hamwe n'indamukanyo zitirirwa abatutsi.

– Mbega mubona vyoshoboka ko umusi uri izina boza ino mu Bubirigi, tukabakomera amashi nk'uko duherutse kubigirira Keita Fedeba n'abatamvyi biwe bo mu gihugu ca Guinée⁵?

5. Ni we yashinze mu 1952, umurwi « Ballets africains » (uno musi n'ishirahamwe ry'abatamvyi bo mu gihugu ca Guinée), Fodeba (si Fedeba) Keita yarabiciye biracika mu gihe yariko azunguruka mu bihugu vya Buraya hagati na hagati y'imyaka ya 1950. Muri ico gihe, intambo n'indirimo z'abirabure zarahimbara abitaba ibiteramo vyatunganywa mu bisagara bikuru vy'ibihugu vya Buraya.

contact avec des membres de toutes les classes de la société. Partout j'ai trouvé le même accueil charmant et sincère, partout on m'a témoigné de l'amitié et de la bienveillance.

L'entretien porte ensuite sur les études de Rwagasore. Il espère, après une seconde année passée à l'Institut, en sortir licencié ès sciences administratives et coloniales, pour entrer à l'Université de Louvain où il compte étudier les sciences sociales et économiques.

– Estimez-vous que d'autres jeunes gens noirs puissent suivre votre exemple et venir chercher chez nous le savoir universitaire ?

– *Trop peu d'entre eux y sont préparés*, répond-il laconiquement.

– N'est-il pas question cependant de fonder une université à Astrida ?

– *Effectivement, mais je crains que ce soit aller trop loin dans la voie de l'éducation. A mon avis, les jeunes Noirs qui bénéficieraient d'un enseignement universitaire dans l'état actuel des choses constitueraient une élite sans base, parce que la masse de la population est ignorante. Il serait préférable, je crois, de multiplier les écoles primaires et de créer un bon enseignement secondaire. A ce moment-là, on pourrait envisager d'envoyer les éléments doués dans des universités locales ou étrangères.*

En nous reconduisant par les spacieux couloirs de l'établissement, Louis Rwagasore nous parle des danseurs Watusi [sic] et de leurs salutations rituelles.

– Nous sera-t-il donné un jour, demandons-nous, de les applaudir en Belgique comme nous avons eu l'occasion d'applaudir récemment Keita Fedeba et ses danseurs guinéens⁵ ?

5. Fondateur en 1952 des fameux « Ballets africains » (aujourd'hui compagnie nationale de danse de Guinée), Fodeba (et non Fedeba) Keita remporta un immense succès dans ses tournées européennes au milieu des années 1950. A l'époque, l'exotisme des danses et chants africains enchantait les soirées animées des capitales du vieux continent.

Rudoviko Rwagasori yabaye nk'uwemeranye ati :

– *Ego niyoye, vyoba ari ibirori biteye igomwe ariko niyumvirako abantu b'ino batotegeza neza ico izo ntambo zisigura. Imwe imwe yose muri zo igizwe n'amajambo yigana ivya kera kandi bikaba vyose bifise ico bisigura mu mico n'akaranga kacu. Mu guheraheza yatubwiye amwenyura ati vyonashoboka, ariko hobanza kuba insiguro nyayo ibiherekeza... »*

Louis Rwagasore esquisse un geste vague :

– Ce serait effectivement un très beau spectacle, déclare-t-il, mais je crains qu'on ne comprenne pas ici le sens de ces danses. Chacune d'elles est un récit mimé de légende ou l'interprétation d'un aspect de notre folklore. A présent, conclut-il avec un charmant sourire, il est possible qu'avec un bon commentaire... »

2

« Ikiganiro ku “bintu n’ibindi” catanzwe na Rwagasore »,

Temps nouveaux d’Afrique,

Usumbura,

ku w’Imana, igenekerezo rya 20 Munyonyo 1955¹

« Twaragize amahirwe yo kuganira n’umusore Rudoviko Rwagasore, umwana w’umwami w’Uburundi. Ni umusore w’imyaka 23, asa n’irirenga, yatwakiriye n’ubwitonzi bwinshi aho aba mu ngoro iwabo iri mu micungararo y’igisagara c’i Bruxelles.

Muri ico kiganiro twavuganye ibintu n’ibindi. Mu vy’ukuri, ibintu vyose yatuyagiye kandi bitangaza umunyaburaya, usanga ari ibisanzwe ku bahora basoma ikinyamakuru *Temps nouveaux*, bakunda gusangamwo ibibazo vyerekeye uburaro n’ingene abantu babaho mu Burundi.

Ariko Rudoviko Rwagasore yaradushikirije bimwe bimwe mu vyiyumviro vyawe. Twashimye kubibashikiriza.

Tumubajije ko vyoba bikenewe ko hoshingwa amahinguriro mu gihugu, yatwishuye ati ego cane. Ariko atubarira ati ubwa mbere hakwiye kuboneka inganda z’uguhingura ivyo dusanzwe dufise iwacu. Akarorero ko Uburundi busanzwe ari igihugu c’ubworozi, twoshinga amahinguriro y’ishato.

Rudoviko Rwagasore yaraturariye ko se wiwe, umwami Mwambutsa aherutse kuganuka avuye mu rugendo yagize mu gihugu c’Ububirigi. Yaganutse ashimagiza rwose ivyo yakuye muri urwo rugendo. Na rwo rwagira kabiri kuko mu 1950, yari yaje mu Bubirigi. Ng’uku uko yagarutse abona ibintu : “Umubirigi ni umukozi wa cane. Muri iyi misi ya vuba, ico azogerageza gusigurira abanyagihugu, ni uko iterambere ata handi rikomoka atari ku bikorwa. Muri Afirika, ntibarategera neza ko gukora cane ari nkenerwa kugira ngo haboneke iterambere”.

1. Indome zitangura amazina y’uwo mumenyeshamakuru zo nyene ntizatweme tumenya uwo ari we vy’ukuri. Urwandiko ruri mu rurimi rw’igifaransa hariho ikopi yarwo yanditswe n’imashini mu bushinguro bw’ivyuma kera AAB, idosiye BUR 6.

« A bâtons rompus avec L. Rwagasore »,

Temps nouveaux d'Afrique,

Usumbura,

dimanche 20 novembre 1955¹

« Nous avons eu la bonne fortune de nous entretenir avec le jeune Louis Rwagasore, fils du *mwami* de l'Urundi. Le jeune homme de 23 ans, très sympathique, nous a accueillis avec beaucoup d'affabilité dans le salon de la pension familiale de ce faubourg de Bruxelles.

Ce fut une conversation à bâtons rompus. A vrai dire, beaucoup de choses qui nous furent confiées et qui étonnent l'interlocuteur européen, sont banales pour les lecteurs de *Temps nouveaux*, familiarisés avec toutes les questions de l'habitat et des conditions de vie de l'Urundi.

Néanmoins Louis Rwagasore nous a exposé quelques-unes de ses idées. Elles nous paraissent mériter d'être rapportées.

Comme nous lui demandions s'il croyait à la nécessité d'industrialiser le pays, il nous a répondu par l'affirmative. Mais il faut, dit-il, avant tout, s'orienter vers les industries de transformation. Puisque l'Urundi est un pays d'éleveurs, on pourrait y installer, par exemple, des tanneries. Ceci pour ne citer qu'un exemple.

Louis Rwagasore nous déclare que son père, le *mwami* Mwambutsa, a rapporté d'excellentes impressions de son récent voyage européen qui est le second, puisqu'en 1950 déjà, il est venu en Belgique. Voici, nous dit-il, son impression majeure : "Le Belge est un grand travailleur. Aujourd'hui surtout, ce qu'il essaiera de faire comprendre à son peuple, c'est qu'on ne progresse que par le travail. En Afrique, on ne se rend pas compte de cette somme de travail nécessaire à l'évolution."

1. Les seules initiales du journaliste n'ont pas permis de l'identifier avec certitude. L'article, en français, est disponible en copie dactylographiée aux AAB, dossier BUR 6.

Mu gushikiriza ivyo, Rudoviko Rwagasore avuga adakerekereza kuko na we nyene asanganywe ivyiyumviro bene ivyo.

Ageze kutuyagira ivyerekeye amashure kaminuza, yabanje kudondagura amashure yandi yacyiyemwo (amashure yisumbuye, amashure y'ivy'intwano i Astrida, Ishure kaminuza y'igikoroni y'i Anvers na Kaminuza y'i Louvain); mu nyuma yaratwiganiye ko abandanya gukurikirana ibibazo vyerekeye uburimi, hambavu y'ibindi vyigwa asanzwe akurikira, mugabo yongera ati :

– *“Imbere ya vyose, ico nshira imbere n'ugutegera ibintu n'ibindi nkagerageza kubona kure. Nasanze vyari bikenewe ko nja hanze kugira nibonere ivy'ahandi. Ndagendera cane amahinguriro, cane cane ayajanye n'ubuhinga bwo gushingura ivyimbuwe, amahinguriro y'ibiti n'ayukubaka, muri make ivyo vyose mbona ko vyogirira akamaro Uburundi²”.*

Twarabajije Rudoviko Rwagasore ivyerekeye abo bacuditse :

– *“Ati ndafise abagenzi nyabo mu Bubirigi, ni vyo, abagenzi nshobora kwizigira”*

– Wotubwira iki ku bijanye n'amacakubiri y'amoko?

– *“Ati nta macakubiri mbona. Niko imburakimazi ziri hose. Ariko Umubirigi ntarajwe ishingira n'amacakubiri y'amoko. Ntayo azi. Ntafata umwirabure uko adafata umunyaburaya.”*

Ivyo vyose yabitwiganira atarinda guca aha na hariya. Mu nyuma yatwiganiye amakuru ya Joseph Birori uwundi munyeshure wo muri Kaminuza yari asanzwe azi kuva mu gihugu c'amavukiro. Birori amaze imyaka indwi ino.

Yaratubwiye kandi tubona ko bimunezereye ati : *“turi abanyeshure ba mbere b'Abarundi”.*

Yongerako ati nka misi yose turahura n'abapatiri birabura i Louvain. Birashika ko aja kumara imisi y'uburuhuko mu muryango w'Ababirigi ku Noheli canke kuri Pasika. Mu buruhuko bukuru, aca ataha i Burundi.

2. Rwagasore ntiyagendeye bene ayo mahinguriro n'amashirahamwe y'ubudandaji yo mu Bubirigi gusa. Yaragiye n'ahandi kure mu bindi bihugu bishika nka cumi na bibiri vya Buraya kandi aranabivugaga mw'ijambo yashikiriye imbere y'abagize ishirahamwe ry'ubudandaji n'amahinguriro mu Burundi muri Myandagaro 1960 (rabira mu rwandiko rugira 20 ruri mu bikurikira).

Louis Rwagasore parle avec conviction, car, assurément ces idées sont aussi les siennes.

Parlant de sa vie universitaire et après avoir énuméré les échelons de sa vie estudiantine (études moyennes, études administratives à Astrida, Institut colonial d'Anvers, et Université de Louvain), il nous confie qu'il continue à s'intéresser, certes, aux questions agricoles, en dehors des matières qui lui sont spécifiquement enseignées, mais...

– *“Avant tout, ce qui m'intéresse c'est 'd'ouvrir mes horizons'. Il fallait que je sorte de mon pays. Je visite beaucoup d'industries, notamment des conserveries, celles du bois et de la construction, bref tout ce qui m'apparaît fort utile plus tard pour l'Urundi².”*

Interrogeons Louis Rwagasore sur ses amitiés.

– *“J'ai de vrais amis en Belgique, oui, des amis sur qui je pourrai compter.”*

– Et la discrimination raciale ?

– *“Elle ne se pose pas ici. Évidemment, il y a des imbéciles partout. Mais le Belge ne s'inquiète pas de la discrimination raciale. Il l'ignore. Il ne traite pas le Noir autrement que l'Européen.”*

Notre interlocuteur est très net dans sa déclaration. Il parle ensuite de Joseph Biroli, un autre universitaire noir qu'il a connu au pays natal. Biroli en est à sa 7^e année ici.

“Nous sommes les premiers étudiants de l'Urundi”, relève Rwagasore avec quelque fierté.

Il nous dit aussi rencontrer presque tous les jours des abbés noirs à Louvain. Il lui arrive aussi de passer des vacances dans une famille belge à Noël ou à Pâques. Pendant les grandes vacances, il rentre en Urundi.

2. Rwagasore n'a pas visité ces industries et entreprises commerciales seulement en Belgique. Il a aussi « élargi ses horizons » dans une demi-douzaine d'autres pays européens qu'il mentionne dans son discours prononcé devant la Chambre de commerce et d'Industrie du Burundi en août 1960 (voir ci-dessous, texte 20).

– Twaciye twihutira kumubaza ko aba ahakumbuye ; yishuye ati :

– *“Birampimbara gutaha iwacu mu muryango.”*

– Mwoshima kwigumira i Buraya ?

– *“Bishitse nkaguma ino, uburuhuko sinobura ico ndabukoresha. Mu gihe c'amashure, umwanya w'ukumenya utuntu n'utundi ni muto. Na yo ibintu vyo kumenya n'ugutegera, usanga ari vyinshi cane.”*

Twarubahutse turabaza Rudoviko Rwagasore ikibazo nkoramutima cerekeye ingene abona kazoza k'Uburundi mu vya poritike.

– *“Ivyo ntivyoroshe kwigana mu majambo make. Ndemeza ko Ababirigi bakoze amakosa amwe amwe. Barangwa n'ukuri abandi badafise. Uko kuri ni ko turindiriye, ni na ko twizigiye kandi turakwemera. Kazoza k'Ababirigi karafitaniye isano na kazoza k'Abarundi.”*

Umwana w'umwami Mwambutsa yarabandaniye atubarira ati intwaro yo gikoroni y'Abanyaburaya yonabandanya ariko ikizira ni uko yobera intambanyi abanyagihugu. Icoja imbere ya vyose ni uku umukoroni aho ari, yokora ashaka guteza imbere igihugu akirinda kwironderera iterambere ryiwe ryonyene.

Ivyo nivyo bikuru bikuru twayaze mu kiganiro yaduhaye. Rudoviko Rwagasore twamubonyemwo umusore aciye ubwenge kandi avuga iryo yiyumviriye, akaba n'umuntu yiyubara kutarenza urugero muvyo avuga, akitwararika ibiri mu nzira itumbereye igihe cose. Aratandukanye n'abandi biyita abanyabwenge bagashaka kubwerekana mu gukara n'ukutumviriza abandi. Nyene ubwenge nyabwo yirinda kujana n'ibihinda uko bize.

P. C. »

– Avec une certaine impatience, lui demandons-nous ?

“J’aime de rentrer dans ma famille.”

Vous serait-il indifférent de rester en Europe ?

“Si je pouvais rester, je pourrais mettre mes vacances à profit. En période scolaire, le temps des loisirs est fort mesuré. Il y a tant de choses à connaître.”

Nous avons alors osé poser une question délicate à Louis Rwagasore, sur l’avenir politique de l’Urundi.

– “Cela n’est pas facile à dire en quelques mots. Je crois que les Belges ont peut-être fait quelques erreurs. Ils ont la sincérité que peut-être d’autres n’ont pas. C’est sur cette sincérité que nous comptons, en laquelle nous espérons et à laquelle nous croyons. L’avenir belge est notre avenir d’ailleurs.”

Le fils de Mwambutsa nous dit encore que le colonat européen peut être encouragé pourvu qu’il ne soit pas un inconvénient pour les indigènes. A condition que le colon vienne faire prospérer le pays et non favoriser sa prospérité personnelle exclusive.

Telles sont les lignes principales de notre conversation. Louis Rwagasore nous est apparu non seulement comme un jeune homme intelligent et réfléchi, mais encore comme un homme soucieux d’observer la mesure et le bon sens en toutes choses. Nous sommes avec lui loin de ces pseudo-intellectuels dont la maturité, à peine germée, est agressive et catégorique. Le véritable esprit est éloigné de l’aventure de la passion.

P. C. »

3

**« Isubirwamwo ry’itegeko bwirizwa ryo ku wa
14 Mukakaro 1952 (integuro y’ibwirizwa
shingiro ry’Uburundi) »**

Kitega,
ku wa gatandatu, igenekerezo rya 4 Ruhuhuma 1956¹

« Hategekanijwe gusubiramwo itegeko bwirizwa ryo ku wa 14 Mukakaro 1952 ryerekeye ugutunganya ukundi gusha poritike iri mu Ruanda-Urundi². Ubwo none ntivyoshoboka ko risubirwamwo twishimikije ibikuru bikuru tubona mu bigize ukubaho bwite kw’igihugu c’Uburundi? Aho ni naho twoba twisunze rya jambo rivuga riti : kwigisha amajambere ntibisigura gukura ivyariho ; ahubwo kwoba ugukomeza ibihasanzwe hamwe n’ukubihinyanyura neza.

Haheze ibinjana n’ibindi dufise amategeko ashingiye ku migenzo yacu ; ni ukuvuga ibwirizwa shingiro n’aho ritanditswe. Igikwiye ni ukurikosora hamwe n’ukuriroranya n’amajambere abapfasoni n’abashingantahe baba muri kino gihugu bageze.

Muri ico gihe, ibwirizwa shingiro rishasha ryotegezwe kugira ivyo ryemeje, ivyo ritegekanya n’ivyo rikinga. Abantu bose aho baba, iyo hatunganijwe neza, bama na ntaryo bafise ibwirizwa shingiro bagenderako. Iyo bemeza ingingo ziha abantu bamwe bamwe canke inzego zimwe zimwe ububasha buzwi kandi bwemewe n’abandi ; izo ngingo ziratamora neza ivya ngombwa bikurikizwa mu kwubahiriza ubutegetsi no mu kubahanahana mbere zikerekana ikibanza n’uruhara rw’umuntu wese imbere y’ubutegetsi.

1. Uru rwandiko ruri mu bushingiro bw’ivya kera AAB, idosiye BUR 72. Ibirimwo vyanditswe mu rurimi rw’igifaransa, nta genekerezo rwandikiweko iruranga, nta n’umukono uriko, ariko inzandiko ziruherekeza zituma umuntu ashobora kumenya ko Rudoviko Rwagasore ari we yoba yarwihereye n’iminwe bwana Rezida wa Urundi Fernand Siroux, igenekerezo rya 5 canke rya 6 Ruhuhuma 1956, uwo musi ari na wo Rwagasore yurira indege aja mu Bubirigi, asubiyeyo inyuma y’impusha nke yari amaze mu karuhuko mu Burundi.

2. Iryo subiramwo ryabaye, ryahuriranye n’ihindurwa risanze ry’inze zari zagiyeho ku bw’itegeko ryo mu 1952 (inama z’abatware, inama z’abaganwa n’iz’abarongora teritwari hamwe n’abagize Inama nkuru y’Igihugu). Ntiryashiramwo ivyo gutera intambwe mu vy’amategeko shingiro yerekeye Uburundi nk’uko Rwagasore yavuyumvira ngaha, ariko ryarondera ko hojamwo ingendo ya demokarasi mu vy’amatora, biciye mw’iringanizwa ry’amatora aciyeye ku baserukira abandi muri Nyakanga 1956.

**« Révision du décret du 14 juillet 1952
(note sur l'élaboration d'un projet
de constitution murundi) »,**

Kitega,
samedi 4 février 1956¹

« Il est question de réviser le décret du 14 juillet 1952 ayant pour objet la réorganisation politique indigène du Ruanda-Urundi². N'y a-t-il pas lieu également de [le] réviser sur des bases profondes inspirées par l'existence même de la nation murundi? En considération aussi de la vérité énonçant : civiliser n'est point abolir mais bien consolider et améliorer.

Depuis des siècles nous avons un droit coutumier ; donc une constitution non-écrite ; il suffirait de la corriger, et de l'adapter à l'évolution générale des hommes et des femmes de ce pays.

Dans ce cas la nouvelle constitution devrait consacrer, prévoir et prévenir. Toute société organisée a donc toujours une constitution à partir du moment où on y admet des règles qui confèrent à certaines personnes ou à certains organes une autorité reconnue par le groupe, et qui déterminent les principes essentiels selon lesquels s'exerce et se transmet l'autorité, comme aussi la situation de l'individu en face de celle-ci.

1. Document conservé aux AAB, dossier BUR 72. Le texte, rédigé en français, n'est ni daté ni signé, mais des documents annexes permettent de savoir qu'il a été remis en mains propres par Louis Rwagasore au Résident de l'Urundi, Fernand Siroux, le 5 ou 6 février 1956, ce dernier jour étant celui du départ en avion de Rwagasore vers la Belgique, où il repartait après quelques semaines de congés au Burundi.

2. Cette révision eut bien lieu, à l'occasion du renouvellement normal des conseils que le décret de 1952 avait institués (conseils de sous-chefferie, de chefferie et de territoire, ainsi que Conseil supérieur du Pays). Elle n'incluait pas d'avancée constitutionnelle pour le Burundi comme l'envisage ici Rwagasore, mais une dose de démocratie électorale fut introduite, avec l'organisation de scrutins indirects limités en septembre 1956.

N'aho abantu ubwabo ata ruhara boba bafise mw'itunganywa ry'ubutegets, ivyo vyokwerekana gusa ko hari itegeko shingiro ribitegekanya uko, mugabo ryo nyene ubwaryo rikaba ririho.

Ikindi kandi, kugira ngo ibwirizwa shingiro ribeho singombwa na gatoyi ko haba amategeko yemejwe mu nzandiko.

Ibwirizwa shingiro rirashobora gufatira ku mico kama nk'uko ryashobora kuba ryanditswe ryose ; rishobora kuba ryorosha ibi na biriya canke rigumye birengeje urugero, canke mbere rishobora kubangikanya muri ryo, ku rugero rutari rumwe, izo ntumbero n'aho zitandukanye.

“Nta nkeka ko ryoba ari ibwirizwa shingiro riringanijwe ku rugero rw'igihugu kikiri gito, cifata uko kiri, kirangwamwo ukuri n'ishaka rikomeye ry'ukugira aho cishikanye ; vyova kandi no ku kudasamara n'ukuvuga ukuri kw'ababirigi batureze.”

Uko vyogenda rero, hoba umurwi w'igihugu ugenywe n'Inama zirongoye teritwari, ugaheza ukemezwa n'umwami. Uwo murwi ni wo woheza ukiga integuro y'ibwirizwa shingiro ry'Uburundi.

Umurwi w'intara woba ugizwe n'abantu umunani batowe uku gukurikira : umuntu 1 ava mu baganwa – umututsi 1 – umuhutu 1 – umutwa 1, hamwe rero n'abantu b'incabwenge bane ; bese hamwe boba abantu 72³ hakongerwako abahanuzi bane b'abazungu b'abanyaburaya (babiri muri bo batorwa n'umwami, bandi babiri nabo batorwa na Bulamatari).

Umurwi wo kwitorera mu bawugize uwuwurongora, ivyegera vyive bibiri, umunyamabanga n'abacungera ibikorwa.

Umurwi wokora wigenga kandi kumbure hotegekanywa n'amahera yofasha kugira ico gikorwa gitere imbere.

Uwuserukira umurwi w'igihugu yoshikiriza integuro y'ibwirizwa shingiro Inama nkuru y'Igihugu [CSP]⁴. Muri ico gihe kidasanzwe, yoheza ikarongorwa n'icegera c'umukuru wayo.

3. Mu 1956, Igice ca Urundi cari kizwe na teritwari 9 zirongowe n'abasitanteri b'ababirigi : Bubanza, Bururi, Kitega, Muhinga, Muramvya, Ngozi, Rutana, Ruyigi, Usumbura.

4. Inama nkuru y'Igihugu (CSP) yari urwego rugizwe n' « abaserukira » abandi, rwashizweho mu 1952 mu gihe kimwe n'inama za teritwari, inama z'abaganwa n'inama z'abatware. Ububasha yari ifise bwagarukira k'ugutanga impanuro ku bibazo bimwe bimwe. Mu kiringo cayo ca kabiri (hagati ya 1957 na 1960), yacyiye iba urwego rw'uguharanira inyungu z'igihugu kandi yaragize uruhara runini mu buzima bw'igihugu mu vya poritike (Bankumuhari V., 1982).

Quand bien même ces derniers ne participeraient point du tout à l'exercice de cette autorité, cela démontrerait seulement l'existence d'une règle constitutionnelle qui le prive de cette participation, et non l'absence de constitution.

De même, pour qu'il y ait constitution, n'est-il nullement nécessaire que les règles constitutionnelles fassent objet d'une constatation écrite.

Une constitution peut aussi bien être purement coutumière qu'entièrement écrite, extrêmement souple qu'absolument rigide, ou combiner dans des proportions diverses ces caractères opposés.

“Sans doute il s'agit d'une constitution faite à la mesure d'un jeune pays réaliste et sincère ayant la volonté tenace de réussir – grâce aussi à la vigilance et à la sincérité de la Belgique tutrice.”

En pratique par conséquent, un comité national nommé par les Conseils de Territoire et agréé par le *mwami* étudierait le projet de constitution murundi.

Le comité territorial serait composé par huit membres choisis comme suit : 1 de la famille muganwa – 1 mututsi – 1 muhutu – 1 mutwa, plus 4 membres évolués ; en tout donc il y aura 72 membres³ plus quatre conseillers européens (dont deux choisis par le *mwami* et les deux autres par le Gouverneur).

Le comité choisirait en son sein par vote un Président, deux vice-présidents, un secrétaire et des commissaires.

Le comité travaillerait en toute indépendance et peut-être un fonds permettant l'évolution facile de ce travail serait envisagé.

Un délégué du comité national présenterait le projet de la constitution devant le Conseil supérieur du Pays⁴ présidé pour ce cas spécial par un vice-président.

3. La Résidence de l'Urundi comptait 9 territoires en 1956, dirigés par des administrateurs de territoire belges : Bubanza, Bururi, Kitega, Muhinga, Muramvya, Ngozi, Rutana, Ruyigi, Usumbura.

4. Le Conseil supérieur du Pays (CSP), un organe « représentatif » institué en 1952 en même temps que les conseils de territoire, de chefs et de sous-chefs, n'avait qu'un pouvoir consultatif sur des matières restreintes. Dans son second mandat (1957-1960), il est devenu un organe de défense des intérêts nationaux et a contribué au dynamisme de la vie politique burundaise (Bankumuhari V., 1982).

Bigenze gutyo, umwami ari nawe asanzwe arongoye Inama nkuru y'igihugu, kubera ari we afise ijambo rya nyuma, ntiyoheza ngo aje mu biganiro vyo kuringaniza iyo nteguro.

Mu nyuma, abagize Inama nkuru y'igihugu boshikiriza umwami iyo nteguro bakanamugira inama y'ivyo babona vyosubirwamwo n'Inama nkuru y'Igihugu canke umurwi w'igihugu, bafatiye ku ngingo imwe canke iyindi boba batoye amakemwa muri iyo nteguro.

Niho rero ivyariho bibiri canke bitatu vy'Inama nkuru y'Igihugu bibanje kubicisha ku cegera ca Bulamatari mukuru vyoheza bikagarukana iyo nteguro y'ibwirizwa shingiro imbere y'abagize Inama ya gikoroni.

Abagize inama ya gikoroni bahejeje kwihweza iyo nteguro, icegera ca Bulamatari mukuru yoshikiriza icese umwami integuro kugira ngo ayemeze.

Mu mpera ya vyose, ibwirizwa shingiro rimaze kwemezwa n'umwami w'Ababirigi ryohesha rigaca rishikirizwa igihugu. »

En effet, le *mwami*-Président du Conseil supérieur du Pays devant être consulté en dernier ressort ne peut assister à la discussion du projet.

Par après, le projet serait présenté au *mwami* par le Conseil supérieur du Pays qui lui suggérerait notamment la révision soit par le Conseil supérieur du Pays ou le comité national de l'un ou de l'autre article du projet constitutionnel.

C'est alors que deux ou trois délégués par le Conseil supérieur du Pays et après avis du Vice-Gouverneur général rapporteraient le nouveau projet constitutionnel murundi devant le Conseil colonial.

Les débats du Conseil colonial terminés, le Vice-Gouverneur général présenterait officiellement au *mwami* le dit projet pour la ratification.

Enfin, la constitution serait présentée à la Nation après approbation de Sa Majesté le Roi des Belges. »

4

Urwandiko rw' « Umuganwa Rudoviko Mwambutsa », rwasohorewe kandi rukwiragizwa mu Buyenzi,

Usumbura,

nta genekerezo riruranga [Kigarama 1956-Nzero 1957]¹

« Narashimishijwe cane n'ukubona ko mwese mwahuriye hamwe². Kubera ko mwatunganiye neza amatungo yanyu, mwarerekanye ko mukuze kandi ko murangwa n'umutima wo gufatana mu nda.

Ino iwacu, umwuga wo gucuruza nturahabwa agaciro ukwiriye, kandi ari umurimo ugize itunga ry'igihugu.

Ndabamenyesheje ko ico gikorwa mwatanguye ari umurimo ugoye mugabo ndasubiye kubibabarira, igikenewe muri ico gikorwa ni ugufatana mu nda mugatera imbere buhorobuhoro ariko mubikoresheje ubwenge.

Kandi nimwaba muvuyemeye, twebwe turi hano, turashobora kubafasha mu kubamenyekanisha no mu kubereka intumbero nyayo yobatuma mushobora kurangura ivyo mwifuza.

Mu gikorwa mwatanguye, ntimwiyumvire mufatiye gusa ku bintu ingene bimeze mu gihe ca none, ico kwama mwamizako ijisho cane cane ni ibizoza ejo n'inyuma yaho. Ivyo vyose mutanguye kurangura muri iki gihe, abana banyu bazobibandanya mu nyuma kandi babishimitsemwo gusumvya.

1. Uru rwandiko rubitswe mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 6. Mu ntango, uru rwandiko rwasohotse ruri mu rurimi rw'igishwari none turashimiye ngaha Abdul Mtoka yasuzumye ihindurwa ryarwo uva mu gishwari uja mu rurimi rw'igifaransa. Nta genekerezo rwandikiweko iruranga, rwasohorewe mu Buyenzi na Salum Hasani Mashangwa, ni we wenyene yari umuhinga mu vyo gusohora ivyanditswe mu gisagara kandi yari anasanzwe ari umunywanyi w'inkerebutsi mu mirwi mitomito y'amashirahamwe ya poritike aharanira iteka ry'ibihugu yarangwa muri Tanganyika Territory no mu Burundi. Hoba hasohowe impapuro ziri hafi y'ijana zikwiragizwa mu Buyenzi muri Nzero 1957, nk'uko vyamenyeshejwe n'igisata c'iperereza co mu gihe c'ubukoroni (ikimenyeshamakuru bulletin d'information 18 co ku wa 26 Nzero 1957).

2. Ng'aha, Rwagasore ntiyashaka kuvuga cane cane ikibanza abo Baswahili bari guhuriramo (hashobora kuba ari muri karitiye ya Buyenzi); yashaka kuvuga ahubwo ishirahamwe ry'ugufashanya mu vy'ubutunzi bari bamaze kwishingira (« Ishirahamwe Rusizi ») ari na ryo ryateguye muri vyose itunganywa ry'amakoperative kavukire umuganwa yahavuye atanguza uwo mwaka nyene wa 1957 ari bo bamufashije (Harroy J.-P., 1987, p. 271-275; Deslaurier C., 2011 na 2012).

**Tract « Prince Rudoviko Mwambutsa »,
imprimé et distribué à Buyenzi,**

Usumbura,
non daté [décembre 1956-janvier 1957]¹

« J'ai été fort heureux de voir que vous vous réunissez tous au même endroit². En ayant bien organisé vos affaires, vous avez fait preuve de maturité et avez manifesté un esprit d'entraide.

Le commerce est chez nous une activité insuffisamment appréciée, alors que ce travail constitue la richesse du pays.

Je vous fais savoir que ce travail que vous avez entrepris est un travail difficile mais je vous le dis encore, ce qui convient à ce genre d'entreprise est de s'entraider et d'avancer posément, avec intelligence.

Et si cela vous agréé, nous qui sommes ici, nous pouvons vous aider pour vous faire connaître et vous indiquer la bonne voie qui vous permettra de réaliser vos desseins.

Dans le travail que vous avez entrepris, ne songez pas seulement à l'état actuel des choses, ce qu'il convient surtout d'avoir sous les yeux c'est ce qui viendra demain et bien après. Les actions que vous entreprenez maintenant, vos enfants les continueront après encore plus vigoureusement.

1. Document conservé aux AAB, dossier BUR 6. Le texte original de ce tract était en kiswahili et nous remercions ici Abdul Mtoka pour en avoir vérifié la traduction kiswahili-français. Non daté, le document a été imprimé à Buyenzi par Salum Hasani Mashangwa, unique imprimeur africain de la ville et par ailleurs membre actif de diverses cellules ou organisations politiques nationalistes du Tanganyika Territory comme du Burundi. Le tract aurait été tiré à une centaine d'exemplaires et distribué localement en janvier 1957 selon les services de la Sûreté coloniale (bulletin d'information n° 18 du 26 janvier 1957).

2. Rwagasore fait ici moins référence au lieu où étaient supposés se réunir les Swahilis (on pourrait penser au quartier Buyenzi) qu'à la société d'entraide économique qu'ils avaient constituée de manière informelle (l'« association Rusizi ») et qui préfigurait à tous points de vue l'organisation des coopératives indigènes que le prince lança la même année 1957, avec leur aide (Harroy J.-P., 1987, p. 271-275 ; Deslaurier C., 2011 et 2012).

Mfatiye kuri ivyo rero, ndabona neza ko hakenewe gushingwa amashure y'ubuhinga bw'ugucuruza. Ni co gituma mbona ko vyoba vyiza ko mwese mwofadikanya mu gutegekanya ingene bene ayo mashure y'ubucuruzi yoshingwa mu Burundi.

Ndemeza ata gukeka ko vyose bishoboka, ariko n'ukubikorana ugushaka kandi buhoro buhoro. Umwe wese muri mwebwe ategerezwa kwirinda agatima ko kuba satuntutwanje, arondera inyungu ziwe bwite.

Ndabifurije ko mwotera muja imbere n'umutima wanje wose.

Umuganwa Rudoviko Mwambutsa³ »

3. Kuba hakoreshejwe izina rya « Mwambutsa » mu kibanza c'irya Rwagasore birafise insiguro : kwari ugushaka ko umukono ubangikana n'izina ry'umwami kuko ariwe yari yemewe kandi yubashwe mu gihugu cose, mu kibanza c'izina ry'umuganwa atari bwamenyekane ico gihe co mu 1957 mu Baswahili mu Burundi.

Eu égard à ce qui précède, je vois qu'il faut des écoles de sciences commerciales. C'est pourquoi il est souhaitable que tous vous envisagiez la possibilité d'obtenir ces écoles commerciales en Urundi.

Je vous certifie que tout est possible, mais il faut progresser avec esprit et tout doucement. Chacun de vous doit s'abstenir de ne rechercher que son propre intérêt.

Je vous souhaite de tout cœur de bien progresser.

Prince Rudoviko Mwambutsa³ »

3. L'usage du patronyme « Mwambutsa » à la place de celui de Rwagasore n'est évidemment pas innocent : il s'agit de rattacher la signature d'un jeune prince encore inconnu en 1957 dans les milieux swahilis du Burundi à la notoriété du *mwami* déjà plus fameux et honoré.

5

**« Raporo yerekeye ikete inomeru 4 risohowe
n'umwami rijanye n'inyifato y'abatware¹ »,**

Kitega,

ku wa gatandatu, igenekerezo rya 3 Myandagaro 1957²

« Ikopi y'uru rwandiko irungikiwe umwami w'Uburundi,
tukanamusaba kuzirikana icubahiro tumwamizako

Kuri Rezida wa Urundi,
tukamusaba ko yozirikana ko
tumuyoboka na ntaryo

Ibirimwo : Raporo ifatiye ku
rwandiko rw'umwami inomeru 4
rwerekeye inyifato y'abatware.

Mu nama y'abaganwa n'abatware nagiyemwo mu teritwari ya Muhinga, uwari arongoye inama yashikirije ivyari mu rwandiko inomeru 4 rwarungitswe n'umwami³. Kuri uyo musu, n'aho abarongoye intara bari bamaze kurungika urwo rwandiko, benshi mu batware bashikirije ko batari bazi na gatoyi ivy'urwo rwandiko. Umuganwa Ntidendereza we nyene ubwiwe yavuze ko

1. Ku ntwaro y'igikoroni, ijambo « umutware » ryasigura *sous-chef* mu gifaransa, ari we yitwa kera « icariho ». Imbere y'umuzo w'abanyaburaya, uwo bita *chef* mu gifaransa yitwa « umutware » mu kirundi. Ijambo « umuganwa », ari ryo ryasigura *chef* ku gihe c'abakoroni, ryari rihariwe « *le prince* » (mu gifaransa), ni ukuvuga uwaba akoma akoko ku mwami imbere y'intwaro y'igikoroni.

2. Uru rwandiko ruri mu rurimi rw'igifaransa, rubitswe mu bushinguro bw'ivyaha kera AAB, idosiye BUR 6. Rwerekeye imwe muri raporo za mbere zanditswe na Rwagasore avuye kugendera intara zo hagati mu gihugu kubera amasezerano yari afitaniye n'Ubuzi bujewe intwaro mu Gihugu (CAP). Iyo CAP yari igizwe n'ubuzi bw'igikoroni bwari bujewe igice ca Urundi gusa ; bwari bukoranirijwe i Gitega maze bugatwarwa na Rezida wa Urundi kuko ubuzi bwari bujewe intwaro gikoroni muri « Ruanda-Urundi » hose, bwari buwegeranirijwe i Usumbura maze bugatwarwa n'Icegera ca Bulamatari mukuru wa Kongo mbirigi hamwe na Ruanda-Urundi (yahavuye yitwa Rezida mukuru wa Ruanda-Urundi muri 1960). Rwagasore yari amaze indwi zitari nke muri teritwari za Ngozi na Muhinga mu ngendo zibiri yagize yikurikiranya (raba urukurikirane) igihe yashikiriza iyo raporo. N'urwandiko rukurikirira (inomeru 6), rwanditswe muri icyo gihe yariko agendera intara.

3. Ni ukuvuga ikete inomeru 4/1957 ryo kw'igenekerezo rya 4 Ndamukiza 1957. Urwo rwandiko rwhanikiriza inyifato z'agahotozo zaranga abatware bamwe bamwe kandi rukamenyesha ko hazofatwa ibihano bikomeye kuri abo bose biha « uburenganzira bwo kunyaga umuntu », « ku muteguka kubakorera » canke « ngo babagirire nabi » abanyagihugu (Harroy J.-P., 1987, p. 247). Kubera ko babirenzeko, abatware bashika ijana (kuri 531) barabogojwe canke « baratanga imihoho » mu 1958.

« Rapport concernant la circulaire n° 4 du *mwami*.
Comportement des sous-chefs¹ »,

Kitega,
samedi 3 août 1957²

« Transmis copie : au *mwami* du Burundi, en lui demandant de recevoir ses respectueux et filiaux hommages

À monsieur le Résident de l'Urundi en le priant de vouloir bien agréer l'assurance de ma considération très distinguée

Objet : Rapport concernant la circulaire n° 4 du *mwami*.
Comportement des sous-chefs.

Lors de la réunion des chefs et sous-chefs du Territoire de Muhinga à laquelle j'ai assisté, l'Administrateur a traité de la circulaire n° 4 du *mwami*³. A cette date, malgré que les services territoriaux avaient envoyé la dite circulaire, beaucoup de sous-chefs déclarèrent qu'ils ignoraient la circulaire en question. Le chef Ntidendereza lui-même avoue qu'il n'a

1. Sous la colonisation, *umutware* signifiait « le sous-chef » en français, qu'on appelait autrefois *icariho*. Avant l'arrivée des Européens, « le chef » en français se disait *umutware* en kirundi. Le terme *umuganwa*, signifiant « le chef » sous la colonisation, désignait spécifiquement « le prince » (en français), c'est-à-dire un parent du roi (*umwami*), avant la colonisation.

2. Document en français, conservé aux AAB, dossier BUR 6. Il s'agit de l'un des premiers rapports rédigés par Rwagasore à l'issue de l'une de ses « tournées d'information », dans le cadre de son contrat d'engagement auprès du Centre administratif du Pays (CAP). Le CAP comprenait les services coloniaux en charge de l'Urundi, regroupés à Kitega sous l'autorité du Résident de l'Urundi, tandis que les services de l'administration coloniale pour l'entité globale du « Ruanda-Urundi » étaient plutôt regroupés à Usumbura, sous l'autorité du Vice-Gouverneur général du Congo belge et du Ruanda-Urundi (qui prit le nom de Résident général du Ruanda-Urundi en 1960). Rwagasore venait de passer plusieurs semaines dans les territoires de Ngozi et de Muhinga, au cours de deux missions d'études successives (voir chronologie), lorsqu'il rendit ce rapport. Le texte suivant (n° 6) a également été rédigé au terme de ces deux missions.

3. Il s'agit de la circulaire n° 4/1957 du 4 avril 1957. Cette note condamnait les « méthodes tyranniques » de certains sous-chefs et promettait des sanctions implacables à ceux qui s'accorderaient « le droit de spolier quelqu'un », de « l'obliger à travailler pour [leur] compte » ou qui se conduiraient en « malfaiteurs » vis-à-vis de la population (Harroy J.-P., 1987, p. 247). Sous le motif qu'ils y avaient contrevenu, une centaine de sous-chefs (sur 531) furent destitués ou déclarés « démissionnaires » en 1958.

atigeze amenya ivy'urwo rwandiko ari naco gituma ata cariho ciwe na kimwe caruronse.

Ivyo ari vyo vyose, muri icyo nama, abatware bari bamaze kumenya ibiri muri urwo rwandiko, babisabwe n'Umusitanteri wa teritwari, barashikirije bimwe bimwe mu vyo bavyiyumvirako :

1.- Bamwe babona ko umwami n'aho ariko ararangura amabanga yiwe uko bibereye, hoba hariho ibinyamakuru canke ibindi bimushikiriza inkuru zitari zo. Ni haba hariho abatware bakora nabi, ntivyokwumvikana kuko umunyagihugu ariko araca ubwenge; kuri ivyo, twishuye ko ari ivyo ukuri ko umwami atarondera kudoma urutoke ku batware bose, ariko ko hariho muri bo abo urwo rwandiko rwerekeye.

2.- Abandi nabo, n'aho bemera ivyo urwo rwandiko rubanegurako, bemeza ko rwari kwandikirwa abaganwa kuko ari bo basanzwe bategeka abatware babo, none rero ko abatware ataco bokora bitavuye k'ugushaka kw'umuganwa.

3.- Ku ngingo imwe y'urwo rwandiko rw'umwami, barashikirije kandi ko umutware, kubera ko asanzwe ari we ahenurirwako vyose mu ndinganizo y'intwari, ntiyoshobora gukurikirana uko bibereye ingene ivy'intwari y'isheferi vyose bigenda.

Muri make rero, icyo nabonye ni uko urwo rwandiko rutashitse ku co rwarondera ku batware kuko basa n'ababonye ko rwoba rubakarira.

Ivyo ari vyo vyose, icigaragaza n'uko umutware ari mu kibanza kumuteye amadidane kandi kitamuryohera namba. Uretse ko ahabwa amategeko n'umuganwa amutwara, ni ukuvuga umuganwa arongoye isheferi, araronka kandi amabwirizwa ya bwanashamba ajejwe indimo, abaganga b'ibitungwa, n'ibisongerezi vyabo, mbere n'abandi... Ivyo bituma mu mpera n'imperuka atamenya icyo ari buko; mu ncamake ahabwa amategeko kenshi na kenshi anyuranye kuko ubuzi buyamuha budasenyera ku muguzi umwe.

jamais eu connaissance de cette circulaire et que par conséquent aucun de ses sous-chefs n'en avait reçu.

De toute façon, pendant la réunion, les sous-chefs qui avaient eu connaissance du contenu de la circulaire, à la demande de l'Administrateur de territoire ont pu donner quelques objections :

1.- Certains prétendent que le *mwami*, tout en faisant son devoir, serait mal renseigné soit par les journaux ou d'autres moyens, que s'il y a eu des abus de la part des sous-chefs, ils ne se justifient plus du fait que l'indigène est de plus en plus éveillé ; là-dessus nous avons répondu que certainement le *mwami* n'accuse pas tous les sous-chefs, mais qu'effectivement il y en a encore que la circulaire vise directement.

2.- D'autres, tout en admettant les reproches que leur fait la circulaire, pensent néanmoins que cette circulaire aurait dû être adressée plutôt aux chefs, que ceux-ci ont tout à dire aux sous-chefs et par conséquent les sous-chefs ne peuvent rien faire indépendamment de la volonté du chef.

3.- Ils ont fait remarquer aussi sur un point de la circulaire du *mwami* que le sous-chef étant encore le bouc-émissaire de la hiérarchie administrative, ne saurait pas suivre efficacement tout le mouvement administratif de la chefferie.

En tout cas j'ai eu l'impression que cette circulaire n'a pas produit l'effet auquel on aurait dû s'attendre auprès des sous-chefs, sans doute parce qu'ils l'ont trouvée un peu arbitraire à leur égard.

De toute façon, comme conclusion une chose est certaine, le sous-chef est placé dans une situation si délicate et certainement pas du tout agréable. Non seulement il reçoit des instructions ou des ordres de son chef direct c'est-à-dire le chef de chefferie, mais également indépendamment du chef, il reçoit des ordres de l'agronome, des agents vétérinaires, des assistants etc., ce qui fait qu'en fin de compte il ne sait plus ce qu'il doit faire ; en résumé il reçoit des ordres très souvent contradictoires à cause de la dualité entre les différents services.

Akarorero : Ibikorwa mu karere kamwe (amabarabara, *dipping-tank*⁴). Umuganwa Nyawakira⁵ yari yagenye abatware babiri gukurikirana abakora amabarabara, abandi batware babiri kwubakisha aho inka zogera [*dipping-tank*]. Umusi uri izina hageze igihe c'isaha y'icumi n'igice haza icegera c'umuganga w'ibitungwa, asanga umutware ariko arakoresha ibarabara mu rugomero rw'inka ata mukazi n'umwe ariyo. Uwo muganga w'inka yaciye asaba ko umutware ko yomuha abakozi ariko nawe ntiyari agishobora kubaronka kuko umusi wari witereye. Uwo muvuzi w'ibitungwa yaciye ateguka umutware ko yomuha abakozi bari mu vy'amabarabara, amukangisha ko amuca ihadabu atabamuhaye ; umutware ntako atagize ngo amusigurire ko wewe ajejwe amabarabara kandi ko hariho abandi batware babiri bajewe ivy'ingomero z'inka. Wa muvuzi w'inka ntaco yigeze ashaka kwumva. Umutware nta kundi yagize yaragamburitse, ariko iyo umuganwa abisanga uko muri ico gihe, yari guhana umutware wiwe kuko yari yataye akazi k'amabarabara. Ni ukuvuga rero, abatware bameze co kimwe na ba Musitanteri ba teritwari bohabwa amategeko n'abarongoye ubuzi mu ntara bitabanje guca mu biro kwa Rezida.

Kitega, igenekerezo rya 3 Myandagaro 1957
Umuganwa, Rudoviko Rwagasore
[umukono] »

4. « *Dipping-tank* » (urugomero rw'inka) hari ahantu hateguwe bwa kinogo inka zakorokeramwo maze hakaba huzuye amazi arimwo umuti wica udukoko twoma ku rushato rw'inka (cane cane inyondwe). Mu kirundi aho hantu naho nyene hitwa urugomero.

5. Uwo avugwa ngaha ni Aloys Nyawakira, umwuzukuru wa Mwezi Gisabo akaba mwene Rugema, umuganwa w'ishoferi ya Bukakwa-Bukuba (Kirundo). Yavuye mu mabanga yari ajejwe mu 1958 akuzwe kandi arwaye, ashengera kw'igenekerezo rya 27 Ruheshi 1959.

Exemple : Parce qu'il y avait deux travaux différents à effectuer plus ou moins dans un même endroit (route, *dipping-tank*⁴), le chef Nyawakira⁵ avait désigné deux sous-chefs pour fournir les travailleurs à la route, deux autres à la construction du *dipping-tank*. Voilà qu'un jour vers 16h30 un auxiliaire vétérinaire arrive, trouve un sous-chef en train d'aménager la route et comme au *dipping-tank* il n'y avait personne, il insiste auprès du sous-chef de lui fournir des travailleurs et comme le sous-chef ne savait plus, à cette heure, les fournir, l'Agent exige qu'il en prenne parmi ceux qui travaillent à la route et le menace d'amende s'il ne s'exécutait pas ; pourtant le sous-chef avait beau expliquer que ce n'était pas son travail et qu'il y avait deux autres sous-chefs désignés par le chef pour s'occuper du *dipping-t.*, l'auxiliaire vétérinaire n'entendait rien. Évidemment le sous-chef a dû s'exécuter, mais à ce moment si le chef arrivait, il aurait pu punir le sous-chef qui ne se trouvait plus à sa tâche de la route. Donc les sous-chefs se trouvent dans la même situation qu'un Administrateur de territoire qui recevrait les ordres des bureaux provinciaux sans qu'ils passent par la Résidence.

Kitega, le 3 août 1957
Le Muganwa, Louis Rwagasore
[signature] »

4. Un « *dipping-tank* » est une grande cuve remplie d'insecticide dans laquelle le bétail est immergé pour être débarrassé de ses parasites (tiques notamment).

5. Il s'agit d'Aloys Nyawakira, petit-fils de Mwezi Gisabo et fils de Rugema, chef de la chefferie du Bukakwa-Bukuba (Kirundo). Agé et malade, il quitta ses fonctions en 1958 et mourut le 27 juin 1959.

6

**« Raporo yerekeye isekeza
ry'ukwimukira Imbo »,**

Kitega,

ku wa gatandatu, igenekerezo rya 3 Myandagaro 1957¹

« Ikopi y'uru rwandiko irungikiwe umwami w'Uburundi,
tukanamusaba kuzirikana icubahiro tumwamizako

Kuri Rezida wa Urundi,
tukanamumenyesha ko twama
na ntaryo tumuyoboka

Ibirimwo : Ikopi y'uru rwandiko -
raporo yerekeye isekeza ry'ukwimukira Imbo

Naragize isekeza ryo kwigisha ivyerekeye kwimukira mu ntara y'Imbo
muri sheferi Buterana na Bukakwa-Bukuba².

Ntatevye naciye ntegera neza ko abaganwa n'abatware bari baramaze
gukora iryo sekeza bimwe bikomeye. Mbere no mu nama z'abaganwa bari
bamaze kwiga ico kibazo.

Muri teritwari ya Muhinga, ni ukubanza kwigizayo ubwa mbere ingorane
twasanzeyo ariko tutasanze muri teritwari ya Ngozi canke yoba iriho buke
buke. Ni iyerekeye ukwimukira mu Buganda³. N'aho twagerageje kubasigurira

1. Uru rwandiko ruri mu rurimi rw'igifaransa, rubitswe mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 6.

2. Ikiyaya ca Rusizi (Imbo) carabaye ngaho igihe kirekire ata kihakorera kubera hatorohera abantu kuhaba (hari ahantu hakakaye kandi hakaze indwara ya malariya). Hagati y'imyaka ya 1950, harafashwe imigambi yo kuhakorera ibikorwa vy'iterambere ry'abanyagihugu. Imiryango irenga ibihumbi baragererewe mu bigwari vy'abanyagihugu aho Imbo, kuko bari bemerewe ko bazoronka indimiro zagutse kandi bakazirima kijambere (Cazenave-Piarrot A., 1975). Abatware bari barongoye intara zirimwo abantu benshi bari bategetse guhimiriza abanyagihugu ngo bimukire muri iyo ntara. Iyo raporo nico isigura.

3. Ukwimukira mu Buganda na vyo nyene vyari bikaze rwose mu myaka iri hagati ya 1930 na 1940. Vyaranabandanije gushika mu myaka ya 1950 (Chrétien J.-P., 1993, p. 275-310; Gahama J., 1983, p. 371-374).

**« Rapport sur l'information.
La propagande de l'immigration dans l'Imbo »,**

Kitega,
samedi 3 août 1957¹

« Transmis copie : au *mwami* du Burundi, en lui
demandant de recevoir ses respectueux et filiaux hommages

À monsieur le Résident de l'Urundi, en le
priant de vouloir bien agréer l'assurance de
ma considération très distinguée

Objet : Rapport sur l'information -
la propagande de l'Immigration dans l'Imbo

J'ai fait la propagande pour l'immigration dans l'Imbo en [chefferies]
Buterana et Bukakwa-Bukuba².

Je me suis directement rendu compte que la propagande avait été faite
assez sérieusement par les chefs et les sous-chefs, d'ailleurs les conseils
de chefferies avaient déjà discuté de la question.

En territoire de Muhinga il fallait d'abord lutter contre un handicap
qui n'existe ou existe moins en territoire de Ngozi. Il s'agit de l'immigration
vers l'Ouganda³. On a beau leur expliquer que l'immigration vers l'Imbo

1. Document en français, conservé aux AAB, dossier BUR 6.

2. La plaine de la Rusizi (Imbo), longtemps inexploitée en raison de conditions climatiques et sanitaires défavorables (sécheresse, trypanosomiase) a fait l'objet d'une politique poussée de développement rural à partir du milieu des années 1950. Des milliers de familles vinrent s'installer dans les « paysannats » de l'Imbo, attirées par les promesses d'une agriculture moderne sur des terres moins exigües (Cazenave-Piarrot A., 1975). Les autorités coutumières des régions à forte densité démographique étaient chargées d'inciter la population à cette migration, ce qu'illustre bien ce rapport du prince.

3. L'émigration vers l'Ouganda est un phénomène qui a pris une ampleur particulière dans les années 1930-1940. Elle restait très forte dans les années 1950 (Chrétien J.-P., 1993, p. 275-310; Gahama J., 1983, p. 371-374).

ko kwimukira Imbo ari vyo vyobabera neza gusumba, benshi muri bo baramaze kumenyera inzira y'Ubuganda nta kindi bashaka kwumva na kimwe. Nkako abo bantu baramaze guhurumbira kwibera mu Buganda.

Ni co gituma naciye nshikiriza abanyagihugu ibi bikurikira :

“Mwaratahuye impanuro umwami abahaye yo kwimukira Imbo n'akarusho birimwo. Mugabo ntibihagije kuvuga gusa ko mwabitahuye n'uko impanuro bene iyo, ari yo isumba izindi. Igikenewe ni ivyo mwokora, kuko mwebwe Abarundi mufise ingeso zitatu :

1) Mwama mufise amakenga. Mugomba ko abashingantahe⁴ bamwe babanza kugenda ubwa mbere mukavyibonera. None mwobemera gute ni mwaba mutemera n'umwami, abarongozi n'abaganwa? Ariko mwebwe nyene murivugira ko umwami adashobora kubabesha.

2) Ntimunezerwa n'ivyo mukora. Mwebwe abagererwa⁵, co kimwe n'abo bose batagira amatongo, ni kuki mutarondera kuronka ibisumba aho, ni kuki mutitwararika amajambere? Umwami wanyu abereka inzira ibashikana ku majambere, ni kuki mutamukurikira? Murazi ko umwami adashaka kubahata nko mu gihe c'ikawa, kuko abona ko mutakiri abana bo gutamikwa. Arabahaye impanuro kandi nta nkeka ko azoshishikara ayibaha; kuko na we nyene ikimushimisha n'uko abantu biwe ejo boba bamerewe neza.

3) Ubwanyuma, mushaka ahubwo kubanza kureka ngo umubanyi wanyu agende kugeza aho muzosanga bitagishoboka maze muri ico gihe, aho kwigaya ko mwabishizemwo ubujuju, muce mugirira inzigo umubanyi azoba yamaze gutunga kubera ko yategereye ineza yiwe, kuko we yemeye agakura amaboko mu mpuzu.”

4. Abashingantahe bari abantu b'inataribonye batorwa n'abanyagihugu bakurikije imico n'imigenzo y'ubuntu ibaranga yatuma bafatwako akarorero. Uruhara rwabo kwari ukwuzuriza abantu mu mitumba iyo hadutse amatari, bagakomeza amahoro n'umutekano aho baba mu kwama bahanura. Barafasha kandi mu guhanura umwami n'abaganwa.

5. Abagererwa bari « abanyagihugu batagira amatongo », barima amatongo batijwe n'abandi, kenshi yaba ari nk'umutunzi asanzwe afise ayandi yiwe. Mu kwishura iryo tongo batijwe canke ivyo bahakura, bategerezwa kugira ico bakorera shebuja, nko mu bikorwa vy'isarura canke ibikorwa vy'ukwubaka insago canke amazu babamwo (Gahama J., 1983, p. 312).

a plus d'avantage, la plupart de ces habitués de l'Uganda ne veulent rien entendre. En effet ces gens-là sont hypnotisés par l'Uganda.

C'est pourquoi j'ai dû m'adresser à la population en ces termes :

“Vous avez compris le conseil que le *mwami* vous donne d'immigrer vers l'Imbo et les avantages qu'il vous donne. Mais il ne suffit pas de proclamer que vous avez compris et que ce conseil est le meilleur. Il faut agir, car vous autres les Barundi vous avez trois défauts :

1) Vous avez trop de méfiance. Vous voulez tous que certains *bashingantahé*⁴ partent d'abord pour s'en rendre compte. Mais comment pouvez-vous croire en eux si vous ne croyez même pas au *mwami*, aux Administrateurs et aux chefs? Pourtant vous dites vous-mêmes que le *mwami* ne pourrait vous tromper.

2) Vous n'avez pas de fierté. Vous les *bagererwa*⁵, comme tous ceux qui n'ont pas de terre, pourquoi ne cherchez-vous pas à avoir plus, pourquoi ne cherchez-vous pas le progrès? Votre *mwami* vous montre le chemin qui vous mène vers ce progrès, pourquoi ne pas le suivre? Vous savez que le *mwami* ne veut plus vous contraindre comme au temps du café, puisqu'il pense que vous n'êtes plus des enfants qu'on oblige à manger, il vous donne un conseil et certainement il ne se fatiguera pas de vous le donner; parce que lui aussi a la fierté, il voudrait voir sa population demain plus heureuse.

3) Vous voulez enfin laisser plutôt votre voisin partir jusqu'au jour que vous trouverez que c'est trop tard et en ce moment au lieu de regretter votre stupidité, vous serez jaloux de votre voisin qui sera demain plus riche parce qu'il a compris, parce qu'il aura travaillé.”

4. Choisis par la population en fonction de leurs qualités humaines et considérés comme des modèles de vertu, les *bashingantahé* étaient des sortes de « sages » qui jouaient un rôle clé dans la résolution des conflits locaux et assuraient l'ordre et la paix dans leur communauté par leurs arbitrages. Ils participaient aussi à la régulation du pouvoir du *mwami* et des chefs.

5. Les *bagererwa* étaient des « paysans sans terre », qui exploitaient pour eux-mêmes une parcelle appartenant à un autre, en général un riche propriétaire ou un responsable coutumier local. En échange de cette jouissance de la terre et de son produit, ils avaient des obligations envers leur propriétaire, comme par exemple l'aide aux récoltes, à la construction de locaux ou d'habitations... (Gahama J., 1983, p. 312).

Inyuma y'iryo jambo, ndababwiye ko naronse abantahura benshi; bamwe mbere baciye basaba umuganwa ngo abandike – abandi nabo twabajije ko bemeye kuja Imbo batubwiye ko ari umugambi mwiza ariko ko barindiriyeye, n'aho ahandi naho, bavuze ko batabona igituma bovirira imitumba yabo.

Ivyiyumviro batanga ntibigira ishingiro. Ni intagondwa. Kubera ivyo, nabonye umenga uno mwaka muri izo sheferi zibiri za Muhinga hazoboneka nk'abantu ijana, maze abandi basumba aho bazoboneke mu mwaka uza, bamaze kubona ivyo abamaze kwimuka bahungukiye.

Uko twasanze ibintu bimeze

Narahuye n'umuntu akukira umutware Kituro mu Buterana n'uwundi ava i Nyagatovu mu Bukakwa-Bukuba bansavye ko baronswa amahegitari umunani aho kuronka ane gusa⁶.

Ikindi nabonye mu nyuma, n'uko tutaravye neza hazobaho abatunzi bazoshaka kwironkera itongo ry'Imbo kandi bagumanye rimwe canke abiri basanganywe mu gihugu hagati; canke n'aho hazoboneka abakene bafise amatongo mato canke batagira namba babe ari bo bazoja kugererayo.

Kitega, igenekerezo rya 3 Myandagaro 1957
Umuganwa Rudoviko Rwagasore
[umukono]»

6. Umunyagihugu wese yemera kugerera muri ivyo bigwari vy'Imbo yaronswa itongo ringana na hegitari zine (Harroy J.-P., 1987, p. 128).

Après ce discours, je dois dire que j'ai eu beaucoup d'adeptes ; certains d'ailleurs ont demandé immédiatement au chef de les inscrire – certains autres que l'on questionnait sur l'éventualité de leur départ vers l'Imbo nous disaient carrément que cela est très beau, mais qu'ils attendaient encore, à moins qu'ils ne disent tout simplement qu'ils n'ont pas de raison de quitter leur colline.

Les objections qu'ils donnent n'ont aucune valeur : ils sont uniquement très têtus. Par conséquent j'ai l'impression que cette année en ces deux chefferies de Muhinga il y aura une centaine de types quitte à en avoir plus l'année prochaine lorsqu'ils auront vu le résultat de ceux qui seront partis.

Remarques

J'ai rencontré un type de chez le sous-chef Kituro au Buterana ainsi qu'un autre originaire de Nyagatovu au Bukakwa-Bukuba qui m'ont demandé s'ils ne pourraient pas disposer de 8 hectares au lieu de 4⁶.

Enfin j'ai remarqué que si on ne fait pas attention on aura de riches propriétaires qui voudront disposer d'une propriété dans l'Imbo tout en gardant une ou deux dont ils disposent à l'intérieur ; ou bien ce sera uniquement des pauvres ne disposant que peu ou pas de terres qui iraient s'y installer.

Kitega, le 3 août 1957
Le Muganwa, Louis Rwagasore
[signature] »

6. Chaque paysan s'installant dans les paysannats de l'Imbo se voyait accorder une parcelle de 4 hectares (Harroy J.-P., 1987, p. 128).

7

**Ikete Rudoviko Rwagasore yandikiye
umwami Mwambutsa ryo gutanga imihoho
mu gisata kijejwe intwaro y'igihugu**

Kitega,
ku w'imana, igenekerezo rya 6 Gitugutu 1957¹

« *Ibiri mw'ikete* : Ugutanga imihoho

Muvyeyi nkunda,

Niyumvira ko mutotangara kuko inyuma y'imisi maze mbaza umutima, nafashe ingingo yo gutanga imihoho mu vyerekeye amabanga nari njejwe mu ntwaro y'igihugu ; iyi ngingo n'aho ndayifashe ntihagire uwuyitiranya n'ukwiyonjorora mu vyo gukorera igihugu, ihi bambewe! Mpisemwo ahubwo ubundi buryo bwo kugikorera kandi ahanje ndemera ko ata kwihenda kurimwo.

Ndizeye ko Reta itazobimporo. Amasezerano nagiraniye na CAP² yarangiye, kandi n'aho ngifitiye ideni ry'umuduga CDP³, nzoza ndaririha ku kiringo twumvikanye.

Vyoba vyiza mwebwe nyene mubimenyesheje Bulamatari⁴ mukagerageza n'ukumusigurira imvo zabintumye ; ku bwanje, numva ari imvo zinyerekeye ntashobora no gusigura muri iki gihe, ariko kandi nta cotuma na kimwe nisubirako. Izo mvo zagiye ziraba nyinshi muri iyi misi iheze gushika aho numva ko hageze ko mfata ingingo yanje ya nyuma.

1. Iyi ni ikopi y'ikete yanditswe n'iminwe mu rurimi rw'igifaransa, ibitswe mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 6.

2. Ku vyerekeye igisata cari kijejwe intwaro y'igihugu (subira musome ku vyatomowe ubwa mbere bifise inomero 1 ku rwandiko rwa 5).

3. Isandugu y'igihugu yari urwego rujewe itunganywa ry'amahera y'igihugu mu gihe c'abakoronni ari co cari ikigega ca Reta. Iryo sandugu ryarashobora guha ingurane abakazi bafasha abazungu gutwara n'abandi batware, kugira ngo bagure nk'ikinga, umuduga canke kwubaka inzu ikomeye.

4. Uwo avugwa aha, yari icegera ca Bulamatari yari arongoye Kongo mbirigi na Ruanda-Urundi, Jean-Paul Harroy (yari ajejwe ayo mabanga kuva 1955 gushika 1961).

Lettre de démission du Centre administratif du Pays
adressée par Louis Rwagasore
au *mwami* Mwambutsa,

Kitega,
dimanche 6 octobre 1957¹

« *Sujet* : Démission à l'Administration

Cher Père,

Enfin, rien ne doit vous étonner si après tant de réflexion j'ai pris une décision de ne plus participer à l'administration du pays ; ceci bien sûr ne veut pas dire que je démissionne définitivement de servir le pays, au contraire. Je choisis simplement un autre moyen de le servir et personnellement je crois que je ne me suis pas trompé.

J'espère que le gouvernement ne m'en voudra pas, mon contrat avec le CAP² est terminé et si j'ai encore une dette de voiture à la CDP³ je la payerai périodiquement comme nous nous en sommes convenus.

C'est donc à vous de le dire au Gouverneur⁴ en essayant de lui donner des motifs ; quant à moi ce sont des motifs personnels que je ne sais pas expliquer maintenant, mais que rien non plus ne peut changer. Ces motifs se sont accumulés ces derniers temps jusqu'au moment de ma décision définitive.

1. Copie d'une lettre manuscrite en français conservée aux AAB, dossier BUR 6.

2. Centre administratif du Pays, à Kitega (se reporter à la note 1 du texte 5).

3. La Caisse du Pays était l'organe de gestion des finances publiques sous la colonisation, l'équivalent du Trésor public. La CDP pouvait octroyer des prêts aux agents administratifs indigènes et aux cadres coutumiers, pour l'achat d'un vélo, d'une voiture, ou la construction d'une maison en matériaux durables.

4. Il est en fait question ici du Vice-Gouverneur général du Congo belge et du Ruanda-Urundi, Jean-Paul Harroy (dans cette fonction de 1955 à 1961).

Ico ngiye gukora, ubwa mbere ni ukubandanya nkorera ya makoperative abiri nasanze nagizemwo uruhara mw'ishingwa ryayo, kandi hariho n'ibintu vyinshi mbona ko nkwiye gukorera igihugu ku neza y'Abarundi. Nimundeke ndabikore ndazi ko mu misi iza, mwebwe nyene hazogera igihe co gucira urubanza umuhungu wanyu ku vyo akora, mukambwira ko mubishima canke ko bitabanzereza. Ico kutibagira ni uko ayo makoperative afise *akamaro kanini cane*; n'ikimenyamenya ni uko bose batanguye kuyahanga amaso; ntihagire uwiyumvira ko ngiye kuba imburakimazi, haba n'intete – *ahubwo ngiye nyabuna gukora ntiziganya*.

Kuva ku musu wa kabiri rero, sinkiri mu vy'intwano, ariko ivyo ari vyo vyose nzorindira inyishu muzompa cane cane nifuza ko mwobimenyeshya hakiri kare Bulamatari na Rezida⁵. Murabishira ku muzirikanyi, iryo jambo rirahambaye, ingingo namaze kuyifata kandi sincisubirako.

Ndindiriye inyishu nziza muzondonsa kuri ico cifuzo ndabatuye. Namwe mugumize umutima ku muhungu wanyu abayoboka kandi atabavirira.

Rudoviko Rwagasore
Kitega, igenekerezo rya 6 Gitugutu 1957
[umukono]»

5. Rezida yari ajeje igice ca Urundi yakukira icegera ca Bulamatari mukuru ari nawe yamugena. Mu 1957, yari uwitwa Robert Scheyven.

Ce que je compte faire, c'est d'abord de continuer à travailler pour les deux coopératives dont je suis malgré moi un peu le créateur, puis il y a plusieurs choses qu'il y a moyen de faire pour le pays et surtout pour l'intérêt des Barundi. Laissez-moi faire et d'ici quelques temps c'est vous seul qui jugere[z] votre fils et qui me dire[z] si vous êtes content ou si je vous ai déçu. Car il ne faut pas oublier que ces coopératives sont d'une *grande importance*, la preuve c'est que tout le monde commence à ouvrir les yeux. Donc il ne faut pas penser que je vais être un vagabond – loin de là, au contraire je vais *travailler beaucoup*.

Donc à partir de mardi je me considère comme ne faisant plus partie de l'administration, de toute façon j'attendrai votre réponse et surtout il faudra en avvertir le plus vite possible le Gouverneur et le Résident⁵. Il ne faudra pas négliger l'affaire, c'est sérieux, j'ai pris ma décision et il n'y a plus lieu de la changer.

En attendant votre réponse que j'espère favorable, veuillez croire toujours en votre fils fidèle et dévoué.

Louis Rwagasore
Kitega, le 6 octobre 1957
[signature] »

5. Le Résident de l'Urundi était subordonné au Vice-Gouverneur général qui le désignait. En 1957, il s'agissait de Robert Scheyven.

8

**« Raporo irungikiwe Reta ya
Repuburika y'Abarabu bunze ubumwe »,**

Bruxelles,

ku musi wa gatatu, igenekerezo ry'amaheza 11 Ruheshi 1958¹

« Intumbero y'iyi raporo : Gusaba imfashanyo y'amahera RAU² igenewe Ikoperative y'abadandaza b'i Burundi.

Ibiranga iyo raporo :

A/ Uwujejwe kubikurikirana :

N'aho nari umuhungu w'umwami w'Uburundi, kuva ndangije amashuri i Buraya, naciye ntangura kwitwararika ku buryo bushemeye ubuzima bw'abanyagihugu mu vyerekeye ubutunzi n'imibano. Ivyo nabigira kugira ngo ndabaremurure umuzigo ubaremeye uvuye ku rudandaza rubacinyiza rw'Ababirigi, Abagirigi n'Abayahudi³. Mu gihugu biraboneka ko abo badandaza ari bo bifatiye mu minwe ubutunzi n'ubudandaji bw'igihugu hafi nka bwose – kuko uko kwigenga mu butunzi turondera, ni ko kuzotuma haboneka vy'ukuri ukwigenga mu bijanye na poritike bimwe bikomeye kandi bifise ishingiro nyaryo- na bo nyene bakaboneraho amahirwe yo kubaho ata buryarya, mw'iteka n'ijambo nk'uko bibereye abantu nyene.

1. Iyi ni ikopi y'urwandiko ruciye mu mashini ruri mu rurimi rw'igifaransa rwashizweko umukono na Rwagasore, ubu rukaba rubitswe mu bushingiro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 6. Indome zakoresheje mu majambo aherekana uru rwandiko zisa ukwazonyene, bikerekana ko umuganwa ari we nyene ubwiye yavuyandikiye n'iminwe. Twihweje urwandiko ruherekana iyi kete, turabona ko yarungitswe mu biro vy'uwuserukira igihugu ca Misiri i Bruxelles n'umubirigi yitwa Max Vanderslyen, yari acuditse n'umuganwa mu vy'amakoperative. Ikopi y'urwo rwandiko yahavuye ija mu minwe y'abajejwe iperereza b'ababirigi, ku buryo butamenyekanye, hanyuma na bo bayishikiriza abajejwe iperereza muri Ruanda-Urundi ariko babasaba ko vyoguma ari « ibanga cane ».

2. Repuburika y'Abarabu bunze ubumwe (RAU), yashinzwe muri Ruhuhuma 1958, yari igizwe na Repuburika ya Misiri iri kumwe na Siriya. Yari irongowe na Gamal Abdel Nasser, maze iryo shirahamwe ry'ivyo bihugu rimara imyaka itatu; mu nyuma igihugu ca Misiri kiguma ari co kiriyitirirwa gushika mu 1971. Hagati y'inyaka ya 1950, Nasser, kubera ko yari yemewe cane aho amariye kugarura umugazo wa Suez mu minwe y'igihugu ciwe mu 1956, yari amaze kuba igihangange mu bandi bategetsu baharanira ibihugu vy'abarabu n'abaharanira ibihugu vy'abirabure. Ni co gituma Rwagasore yamwandikira ngo amufashe kuvyura amakoperative yari ageramiwe n'imyenda.

3. Mu vy'ukuri, Abayahudi ntibari benshi mu Burundi nk'uko vyari biri ku Bagiriki n'Ababirigi. Mu kubavugaga ngaha, kwari ukwigengesera Nasser n'ivyiyumviro vyawe kuko igihugu ca Misiri ni co caza imbere mu birwanya Israel.

**« Rapport destiné au Gouvernement de la
République arabe unie »,**

Bruxelles,
mercredi 11 juin 1958¹

« But : demander une aide au Gouvernement de la RAU² pour financer la Coopérative des commerçants du Burundi.

Référence :

A/ du Responsable :

Fils du *mwami* du Burundi, après mes études en Europe, je me suis penché plus particulièrement sur la vie économique et sociale de mes compatriotes pour les libérer de l'entreprise des capitalistes belges, grecs et juifs³ qui sur place détiennent presque la totalité de l'économie et du commerce du pays – car de cette indépendance économique sortira une indépendance politique sûre, stable, forte – pour leur donner à eux aussi la chance de vivre honnêtement, dignement, comme des hommes.

1. Copie d'une note dactylographiée en français signée par Rwagasore et conservée aux AAB, dossier BUR 6. Les italiques en fin de texte indiquent un passage manuscrit par le prince. Selon un document d'accompagnement, cette lettre fut remise à l'ambassade d'Égypte à Bruxelles par le Belge Max Vanderslyen, associé au prince dans les coopératives. Une copie fut récupérée, selon des modalités indéterminées, par le service de la Sûreté métropolitaine qui la transmet à la Sûreté du Ruanda-Urundi en insistant sur « le caractère très secret [du] document ».

2. La République arabe unie (RAU), fondée en février 1958, unissait la République d'Égypte et celle de Syrie. Dirigée par Gamal Abdel Nasser, cette union dura trois ans, mais l'Égypte en conserva le nom jusqu'en 1971. Au milieu des années 1950, Nasser, qui avait gagné une grande notoriété avec la nationalisation du Canal de Suez en 1956, était l'un des plus illustres leaders du panarabisme et du panafricanisme. C'est à ce titre que Rwagasore lui écrit pour sauver ses coopératives fragilisées par les dettes.

3. En réalité, les Juifs n'étaient pas nombreux au Burundi, comme l'étaient les Grecs ou les Belges. Leur mention peut être destinée à caresser l'idéologie nassérienne, l'Égypte étant alors chef de file de l'opposition à Israël.

Intambamyi nagize n'inkomoko yazo :

1) Ku ruhande rwa Reta :

Reta mbirigi irarwanya canecane uwo muhari ushingiyeye ahanini ku bundandaji kubera imvo zikurikira :

a) Uwo muhari uraha igihugu ata gukekeranya inguvu zishingiyeye ku butunzi maze zigaca na zo zivamwo n'inguvu mu vya poritike

b) Gushobora kwereka ishira hamwe mpuzamakungu Onu y'uko igihugu kitaragera gushobora kwitunganiriza ivyaco, hamwe no gushobora kwigira inama y'ukurangura ibintu vy'ingirakamaro

c) Reta ihari na yo nyene iri mu mayirabiri, hagati y'amabanga ijejwe yo guhagarikira igihugu n'ishaka ryo guharanira inyungu z'amashirahamwe akomeye; izo nyungu nazo zikaba ari iz'abakoroni n'abamabanki y'ababirigi ayiremereye.

d) Reta iratinya kandi ko uwo muhari utanguranye ishusho y'ubudandaji utohava wihishamwo uwundi muhari wa poritike kuko abanywanyi barenga ica kabiri canke abanywanyi bahambaye mu bawugize basanzwe ari abo mw'idini rya Isaramu.

Ni ukubera iki barwanya aba Isaramu ?

– Kubera yuko ishengero Katorika ari ryo risanzwe rikomeye iwacu, ritinya kugira abakeba.

– Kubera yuko mu bisanzwe aba Isaramu bamenya inkuru ziva hanze na riry imisi yose ku mugoroba – isaha 6 – bumviriza ibiganiro bishikirizwa n'Iradiyo y'i Kayiro mu rurimi rw'igiswahiri⁴; gutyo Reta igaca yicura ko hovamwo abantu b'inkerebutsi, b'imboneza bokwiragiza mu gihugu ivyiyumviro vyo kwikukira.

2) Ku ruhande rw'abikorera utwabo :

Ng'aha ni ibisanzwe ko abakoroni b'abanyaburaya hamwe n'amahinguriro akomakomeye y'Ababirigi n'Abayahudi bavira hasi rimwe bimwe vyenyuje; nkako, ntibibaryohera na buhorobuhoro ko umuntu yunguka mirongo itanu kw'ijana (50 %) mu gihe yaramenyereye kuronka ijana kw'ijana (100 %).

4. Iradiyo y'igihugu ca Misiri (Radio Le Caire) ni yo yari umuhora ukomeye wacishwamwo amajambo arwanya abakoroni muri Afirika, biciye ku makuru yategurwa mu ndimi z'Icarabu n'Igiswahiri zo muri « La Voix de l'Afrique libre » (Ijwi ry'Afirika yishira ikizana). Ivyo biganirwo vyarumvirizwa rwose mu makaritiye y'Abaswahili i Usumbura, mbere kenshi na kenshi mu 1958 harajamwo n'ukwigisha ishaka rya Rwagasore n'amakoperative (bulletin d'information n° 313 yo mu buzi bujewe iperereza, ku wa 30 Ndamukiza 1958).

Les difficultés et les causes que j'ai rencontrées :

1) sur le plan gouvernemental :

Le Gouvernement est contre ce mouvement à l'origine exclusivement commercial parce que :

a) ce mouvement donne certainement au pays une force économique, par conséquent politique

b) pouvoir démontrer à l'Onu que le pays est encore incapable de s'organiser par lui-même et d'avoir une initiative valable

c) il est pris lui-même entre son rôle de tutelle qu'il devait jouer efficacement et les intérêts des organismes puissants, des colons et des banques belges qui font pression

d) il craint que ce mouvement d'apparence commerciale ne couvre un mouvement politique, d'autant plus que la moitié des membres ou du moins les plus importants de ce mouvement sont des musulmans.

Pourquoi contre les musulmans ?

– Parce que l'Église catholique, encore puissante chez nous, craint une concurrence.

– Parce que les musulmans d'habitude ont plus de contact avec l'extérieur et écoutent chaque soir – 6 h – les émissions de la radio du Caire en langue swahili⁴ et ainsi le Gouvernement redoute des esprits audacieux, mieux éclairés, qui répandraient dans le pays l'esprit *d'Indépendance*.

2) Sur le plan privé :

Là il est normal que les colons européens et les grandes firmes belges et juives se défendent sans scrupule : en effet, il n'est point agréable de ne gagner que 50 % quand on s'est habitué à en avoir le 100 %.

4. La radio nationale égyptienne (Radio Le Caire) était un vecteur important de la diffusion des discours anticolonialistes sur le continent, par le biais des programmes en arabe et en kiswahili de « La Voix de l'Afrique libre ». On écoutait assidûment ces émissions dans les quartiers swahilis d'Usumbura, et plusieurs fois en 1958 elles relayèrent la cause de Rwagasore et des coopératives (bulletin d'information n° 313 de la Sûreté, 30 avril 1958).

B/ Ku ruhande rw'Ikoperative ry'abadandaza bo mu Burundi (CCB)⁵

- Iryo shirahamwe riramaze umwaka rishinzwe
- Gushika ubu rihurikiyemwo abadandaza 1 050
- Bafise imagazini imwe, zibiri mbere na zitatu
- Umunywanyi wese atanga intererano y'amafaranga ibihumbi bibiri (2 000) abandi nabo (ariko bakeyi) baratanga amafaranga y'amarundi ashika ibihumbi ijana (100 000)

- Ishirahamwe ry'abadandaji b'i Burundi rirashobora kugenzura urudandazwa rwose rurangurirwa mu Burundi

- Ibikorwa vy'ishirahamwe bishingiye k'ukurangura ivyimbura vyo mu gihugu hanyuma bikagurishwa mu masoko yo hagati mu gihugu canke yo mu bindi bihugu vyo kw'isi. Ivyo vyimbura na vyo ni cane ikawa, itabi, ibiyoba, ibibonobono, amavuta y'ibigazi, n'ibindi... Iryo shirahamwe rirarangura kandi ibidandazwa mvamakungu rikabigurisha ku banywanyi baryo ku giciro gitoyi.

- Mu ncamake, iryo shirahamwe muri kazoza rizoba rikomeye mu vyerekeye ubutunzi. Ni na co gituma mbere barigwanya bivuye inyuma.

- Iryo shirahamwe barahirumbira kandi rirashigikiye n'abanyagihugu n'igihugu kuko ari ishira hamwe rya mbere ribonetse ryitayeho vy'ukuri kandi bimwe biboneka, inyungu z'abanyagihugu b'imvukira.

Ni ukubera iki twahisemwo RAU?

- Ubwa mbere, twabanje guca irya n'ino urugero rw'ivyo Ababirigi badufasha⁶.

- Mu nyuma, twarashobora kwitura ibihugu bimwebimwe vy'i Burayi bigenzi vy'Ububirigi mugabo ivyo na vyo bisanzwe bifitaniye amasezerano ntarengwa n'Ububirigi (isoko rusangi)

- Ku vyerekeye Reta y'Abarabu bunze ubumwe, ni bo twari dufiseko umwizero gusumvya kuko ibihugu vya Misiri na Siriya tuzi ko vyoshobora kudutegera kuruta ibindi.

5. Ikoperative y'abadandaza bo mu Burundi (CCB) yashinzwe n'umuganwa muri Ruheshi 1957. Iyindi koperative yitirirwa « Rwagasore » na yo yari Koperative y'abasumyi n'abadandaza bo muri Ruanda-Urundi (CCRU), si we yayishinze (kuko yari imaze kubaho kuva mu 1955); ariko yaciye ashikira imirimo yari ijewe muri Kigarama 1957, afatanije na bagenzi we bo muri CCB. Ayo makoperative yari afise ingorane z'ubutunzi zikomeye mu 1958.

6. Inzandiko zibitswe mu bushinguro bw'ivya kera AAB (amadosiye BUR 6 harimwo na BUR 74) zitwerekako umuganwa n'abo bari bafatanije ataco batagize kugira ngo banagure imirimo ya koperative CCB bicye mu mibonano bagirana n'abikorera ivyabo b'ababirigi ngo babafashe kurondera ingene ibigeza vy'ayo makoperative vyobomboka. Ivyo bagerageza vyose abakuru b'Ababirigi ntako batagira ngo bankirize ivyo biganirwo bibe impfagusa.

B/ de la CCB (Coopérative des commerçants du Burundi⁵) :

- Elle a commencé il y a une année
- aujourd'hui elle groupe 1 050 commerçants
- qui ont un, deux et même trois magasins
- chaque membre verse une part sociale fixée à 2 000 FB et d'autres (une minorité) verse jusqu'à 100 000 FB
- la CCB peut contrôler tout le commerce indiqué du Burundi
- ses activités consistent à acheter pour les vendre sur le marché local ou mondial les produits du pays : café (principalement), tabac, arachides, ricin, huile de palme, etc. aussi pour acheter des articles des traites à l'étranger (grossiste) pour les revendre au prix bas à ses clients.
- En résumé, elle est une force économique future, c'est pourquoi d'ailleurs on la combat sérieusement.
- Elle a toute la sympathie et l'appui de la nation ainsi que de la population : car c'est la première organisation qui s'occupe sincèrement et sérieusement des intérêts de la population indigène.

Pourquoi la RAU ?

- Nous avons d'abord, par acquit de conscience, épuisé les possibilités belges⁶.
- Nous pouvions par après envisager certains pays européens amis à la Belgique, mais ceux-là sont malheureusement liés à elle par des conventions (Marché commun)
- Quant à la RAU nous avons plus de droit d'espérer, car l'Égypte et la Syrie pouvaient mieux nous comprendre.

5. La CCB a été créée en juin 1957, à l'initiative du prince. L'autre coopérative dite « Rwagasore » est la Coopérative des consommateurs et commerçants du Ruanda-Urundi (CCRU), qu'il n'a pas fondée (elle existait depuis mars 1955), mais dont il a récupéré les activités en décembre 1957, avec ses partenaires de la CCB. Les deux coopératives connaissaient de graves difficultés financières en 1958.

6. La documentation conservée aux AAB (dossiers BUR 6 et BUR 74 notamment) confirme que le prince et ses associés se sont démenés pour relancer les activités de la CCB et renflouer ses caisses en rencontrant un grand nombre d'entrepreneurs belges et européens. Les autorités belges se sont employées, avec succès, à faire échouer ces discussions.

Ivyo dukeneye

1) Kugira dushobore kugura n'imiburiburi ica kane (1/4) c'umwimbu w'ikawa ungana n'amatoni ibihumbi umunani (8 000 T), dukeneye amafaranga angana imiriyoni icumi (10 000 000 FB), tuzoyishura tugeretseko inyungu canke tubahe ikindi binganya igicro.

2) Bidashobotse naho, boduha n'imiburiburi ibidandazwa biciye imiriyoni zitanu (5 000 000), muri ico gihe ntaco tworindira mu bizova mu mwimbu w'ikawa uno mwaka.

Ugusozera :

Igihugu cacu hamwe n'igihugu ca Tanganyika⁷ birifuzza kuronka inzira yobibera urukiza mu vy'ubutunzi no mu vya poritike. Repuburika y'Abarabu bunze ubumwe yokora ivyo ishoboye vyose kugira ngo idufashe, ndashobora kwemeza ko muri kazoza katari kure, abanyagihugu bacu nk'uko tubazi barangwa n'umutekano, ubukerebutsi n'ukuba abantu b'iteka, bazoheza bagashimagiza ico ayandi makungu nka mwebwe mwabamariye nkako ntidukekeranya ko musanzwe murangwa n'ubutwari, ubuntu, ishaka ntangere ryo guharanira ukwikukira nyakuri mu vy'ubutunzi no mu vya poritike.

*Rwagasore,
igenekerezo rya 11 Ruheshi 1958.*

Menya neza : iyi mfashanyo isabwe kubera ko Reta mbirigi yarahiye ikarengwa ko ingurane yemeye n'Imana nkuru y'Igihugu c'Uburundi idatangwa⁸. »

7. Muri ico gihe, iryo jambo ryasigura Teritwari yaganzwa n'Abongereza yitwa Tanganyika Territory, ari yo yahavuye yikukira mu 1961 hanyuma yiyunga na Zanzibar mu 1964, icika Tanzaniye y'ubu.

8. Inama nkuru y'Igihugu (CSP) yari yahaye ikoperative CCRU ingurane y'amahera angana imiriyoni zibiri, ariko Rezida wa Urundi Scheyven arata agati aranka. Ikoperative CCRU yaciye ihomba maze ica isigara irabwa na Reta mbirigi. Mu nyuma ni ho yavamwo koperative kavukire yo gusumira hamwe Copico (raba mu bikurikira, urwandiko rwa 10).

Besoins

1) pour pouvoir acheter au moins le 1/4 de la production du café, soit 8 000 Tonnes, il nous faudrait 10 000 000 FB remboursables avec intérêts ou encore par compensations.

2) Sinon, au moins 5 000 000 pour les marchandises, en n'envisageant plus le marché du café de cette année.

Conclusion :

Mon pays, avec le Tanganyika⁷ cherchent un chemin de salut économique et politique. Que la RAU fasse ce qui est dans ses possibilités pour nous aider, je peux promettre que dans un avenir plus ou moins éloigné, ce peuple pacifique, intelligent et fier, est capable d'une très grande reconnaissance envers des peuples comme les vôtres, dont nous n'ignorons pas la lutte, la fierté, la volonté farouche de rechercher aussi une saine indépendance économique et politique.

Rwagasore
11 juin 1958

N.B. cette aide est demandée seulement parce que le gouvernement belge a opposé son droit de veto au crédit accordé par le Conseil du Pays du Burundi⁸. »

7. A l'époque, ce terme désignait le Territoire sous tutelle britannique du Tanganyika Territory, qui est devenu indépendant en 1961 puis s'est uni avec Zanzibar en 1964, formant la Tanzanie actuelle.

8. Le Conseil supérieur du Pays (CSP) avait octroyé au début de l'année 1958 un prêt de 2 000 000 de francs à la CCRU, mais le Résident de l'Urundi Scheyven y opposa son veto. La CCRU, en faillite, fut alors placée sous le contrôle du gouvernement de la Tutelle. Elle se transforma plus tard dans la Coopérative indigène de consommation, dite Copico (voir plus loin, texte 10).

9

**Ikete ryanditswe na Rudoviko Rwagasore
ku vyerekeye amakoperative,**

La Dépêche du Ruanda-Urundi,

Usumbura,

ku wa gatandatu, igenekerezo rya 26 Mukakaro 1958¹

« Ugutomora neza icyumviro n’ugushikiriza aho mpagaze.

Bimenyeshejwe :

– Nyakwubahwa icegera ca Bulamatari mukuru akaba na Bulamatari wa Ruanda-Urundi

– Nyeningoma umwami w’Uburundi

– Nyakwubahwa icegera ca Rezida wa Urundi

– Nyeningoma umwami w’Urwanda

– Banyakwubahwa mugize Inama nkuru y’Igihugu

– Umukuru arongoye Inama ijejwe gutunganya ishirahamwe ry’abadandaza b’i Burundi

– Umuyobozi w’ikinyamakuru *Temps Nouveaux d’Afrique*

– Umuyobozi w’ikinyamakuru *La Dépêche du Ruanda-Urundi*

– Umunyobozi w’ikinyamakuru *La Chronique congolaise*

– Ikigo Agence Belga

Kuri Nyakwubahwa Rezida wa Urundi,

1- Abantu bose begwa hamwe n’abarongoye ishirahamwe ry’abadandaza b’i Burundi, nta yindi ntumbero bigeze bagira atari ukurondera ko abanywanyi baryo bamererwa neza mu vy’imibano n’ubutunzi.

2- Ku vyerekeye ubutunzi, turemera yuko hoba uguhiganwa n’ugucuruza mu mwidegemvyo mu gihe ata buryarya buroyemwo.

1. Itangazo riri mu rurimi rw’igifaransa ryanditswe na Rwagasore kw’igenekerezo ryo ku wa 19 Ruheshi 1958 i Bruxelles, ariko rikaba ryatangajwe mu Burundi haciye impusha nke, kw’igenekerezo ryo ku wa 26 Mukakaro 1958. Ikopi y’itangazo uko ryari ubwambere na mbere ibitswe mu bushinguro bw’ivya kera AAB, idosiye BUR 6.

**« Mise au point et prise de position »
de Louis Rwagasore sur les coopératives,**

La Dépêche du Ruanda-Urundi,

Usumbura,

samedi 26 juillet 1958¹

« Mise au point et prise de position.

Copie pour information :

– à Monsieur le Vice-Gouverneur Général et Gouverneur du Ruanda-Urundi

– au *mwami* du Burundi

– à Mr le Résident-Adjoint de l'Urundi

– au *mwami* du Ruanda

– aux membres du Conseil Supérieur du Pays de l'Urundi

– au Président du Conseil de gestion de la Coopérative des Commerçants du Burundi

– au Directeur de *Temps nouveaux d'Afrique*

– au Directeur de *La Dépêche du Ruanda-Urundi*

– au Directeur de *La Chronique congolaise*

– à l'Agence Belga

A Monsieur le Résident de l'Urundi,

1- Les responsables ainsi que les dirigeants de la Coopérative des Commerçants du Burundi n'ont jamais eu d'autre objectif que l'épanouissement économique et social de ses membres.

2- Sur le plan économique, nous admettons la libre concurrence et le libre jeu commercial pour autant qu'ils restent honnêtes.

1. Communiqué en français rédigé par Rwagasore le 19 juin 1958 à Bruxelles, mais publié seulement quelques semaines plus tard au Burundi, le 26 juillet 1958. Une copie du communiqué initial est conservée aux AAB, dossier BUR 6.

3- Ariko rero, turababazwa n'ukubona ko hajamwo ivya poritike kandi turahakanye inkurikizi zizokomoka kuri iyo nyifato yo kwisuka mu vy'ishirahamwe, tuzozegeka kuri abo bazoba babiteye hamwe n'abazoba babifisemwo uruhara.

4- Ndahakanye nshimitse itangazo ryashikirijwe na Rezida Scheyven² ku wa 12 Ruheshi imbere y'abagize Inama nkuru y'Igihugu c'Uburundi, kandi nkaba mbeshuje nshimitse ivyashikirijwe muri izi ngingo zikurikira :

a) Nta muyobozi n'umwe w'amashirahamwe yigeze agira imibonano n'umugambwe wa poritike wo mu gihugu kibanyi canke ic'ahandi. Imigenderanire ishira hamwe ry'abadandaza b'i Burundi ryagiraniye n'amashirahamwe asanzwe acuruza yo hanze, yagizwe ashingiyeye cane cane ku vy'ubucuruza, nta kindi ashingiyeko namba. Ndongeye kuvuga nshimitse yuko imitahe y'ababirigi ariyo yashizwe imbere ya vyose.

b) Nagomba kwibutsa ko intumbero y'urugendo nagize i Buraya hamwe n'urugendo rwagizwe n'uwuserukira amashirahamwe, vyamenyeshye icegera ca Bulamatari mukuru. Iyo ngingo yafashwe inyuma y'indwi zitanu zaheze tubonana imisi yose mugabo tukabona ivyo dusezeranye bitigera biba. Mu Bubirigi, twarabonye n'abategetsi nama menyesha na ntaryo imigambi yanje.

c) Ndababajwe n'ukubona ntegerezwa kwibutsa nyakwubahwa Rezida wa Urundi ko urwanko n'isekeza ryo kunebagura ishira hamwe ryacu ryatanguye kuboneka kuva mu kwezi kwa Myandagaro. Amajambo yiwe y'ibitutsi n'ukubeshya kwiwe vyatumye twitura ico gihe komiseri wa provensi, nyakwubahwa Leroy. Ndubahutse kumwibutsa ko iyo poritike isambura, ariwe azoyibazwa ubwiwe kandi ko iyo poritike iriko irimba imanga hagati y'intwano mbirigi n'abanyagihugu b'Abarundi.

5- Mboneyeho akaryo ko gusubira kumenyesha umwizero wanje wose mfitiye umwami w'Uburundi, data, kubera ubwitonzi n'ubuntu bwiwe. Ariko ndabona ko, kubera ko hari abamwegereye bamushikiriza inkuru zitarizo, birashika ko akurikiza wa mwibutsa uvuga uti : "ntiwigere wishira mu kibanza cokubera intambanyi". *Ndemera ntakekeranya* ko atazokwemera kuba igikoresho ca poritike y'agahomerabunwa yitwararika abironderera

2. « Urwandiko Rezida wa Urundi yarungikiye Inama nkuru y'Igihugu (CSP) rwerekeye Amakoperative y'abadandaza b'i Burundi n'ay'abaguzi bo muri Ruanda-Urundi mu nama yabaye ku wa 12 Ruheshi 1958 », i Usumbura, igenekerezo rya 12 Ruheshi 1958 ; urwandiko ruyerekeye turusanga mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 6. Muri iryo jambo ryashikirijwe mu gihe Rwagasore yari mu Bubirigi kurondera amahera yo kunagura amakoperative, Rezida yegeka uguhomba kw'ayo makoperative ku « makosa » n' « ugusamara mw'ituganywa ryayo ».

3- Par contre, nous regrettons toute ingérence politique dans cette affaire et nous rejetons les conséquences éventuelles de cette ingérence sur ceux qui en sont les auteurs ou la cause indirecte.

4- Je réfute avec énergie le communiqué fait le 12 juin devant le Conseil supérieur du Pays de l'Urundi par le Résident, Monsieur Scheyven², et adresse le démenti le plus catégorique sur les points suivants :

a) aucun dirigeant des Coopératives n'a jamais contacté un parti politique d'un territoire voisin ou autre. Les contacts de la CCB avec les firmes commerciales étrangères furent établis sur des bases essentiellement commerciales à l'exclusion de tout autre. J'insiste sur le fait qu'une priorité fut accordée aux capitaux belges.

b) Je tiens à rappeler que le but de mon voyage en Europe, ainsi que celui du représentant des Coopératives, fut porté à la connaissance de Monsieur le Vice-Gouverneur Général. Cette décision fut prise après cinq semaines de contacts journaliers et de promesses jamais tenues. En Belgique, j'ai eu contact avec des autorités que j'ai toujours mises au courant de mes projets.

c) Je regrette devoir rappeler à Monsieur le Résident de l'Urundi que son hostilité et sa campagne de dénigrement contre notre groupement se manifesta dès le mois d'août, que ses propos injurieux et ses calomnies provoquèrent de notre part, à cette époque, une démarche auprès du Commissaire provincial, Monsieur Leroy. Je me permets de lui rappeler que cette politique destructive, à lui seul imputable, ne fit que creuser un fossé entre l'autorité tutélaire et l'opinion publique murundi.

5- Je profite de l'occasion pour renouveler toute ma confiance au *mwami* du Burundi, mon père, en sa sagesse et son intégrité et constate que, mal informé par son entourage, il fut amené à appliquer l'axiome : "il ne faut jamais mettre le doigt entre l'arbre et l'écorce". J'ai l'*absolue certitude* qu'il n'acceptera pas de se faire l'instrument d'une politique

2. « Communication du Résident de l'Urundi au Conseil supérieur du Pays (CSP) concernant les Coopératives des Commerçants du Burundi et des Consommateurs du Ruanda-Urundi en sa séance du 12 juin 1958 », Usumbura, 12 juin 1958, document disponible aux AAB, dossier BUR 6. Dans cette allocution prononcée alors que Rwagasore se trouvait en Belgique à la recherche de capitaux pour renflouer les coopératives, le Résident mettait en cause des « erreurs » et une « gestion imprudente » pour expliquer leur faillite.

inyungu zabo bwite canke ibindi, ataco banezwe ku vy'igihugu ciwe no ku banyagihugu biwe³.

Ndasubiye kandi kumenyesha umwizero mfitiye Inama nkuru y'Igihugu yoyo yamiza umutima kw'ishaka dukurikirana kandi ikanadushigikira na ntaryo.

6- Ntituzoshobora kwibagira uko bigenda kose, ko inyungu nkuru n'ugushaka gukomeye kw'abanyagihugu bacu barenga imiliyoni zine z'abantu, uko twebwe tubibona, ari vyo biza imbere y'ibindi bintu vyose uko vyoba bimeze kwose. Turemeza kandi tudakekerezwa ko aho duhagaze ari naho hahagaze incabwenge z'urunganwe zavuyiyemeje hamwe n'abandi bose kubera ivyiyumviro bitandukanye kumbure, basanze bategerezwa kwitaho ibibazo bijanye n'iterambere n'ukuroranyirwa kw'abantu bo muri Ruanda-Urundi.

7- Kubera izo mvo, mbona ko ishirahamwe ry'abadandaza *ritegerezwa* gushika kuco ryishinze : inyungu riharanira ziremewe kandi ni inkoramutima.

8- Ishirahamwe ry'abadandaza b'Uburundi, *rizoteba* – nti hagire uwihenda – *ritorena inyishu mu gihe ca vuba, ibibazo birihanze*; gutyo rizoshobore kubandanya rirangura umurimo ryishinze ; ni ukuvuga “kuronsa umurwi w'abantu bato bato uriko uravuka mu Burundi, amahirwe nk'ayo abandi baronse”.

9- Ishirahamwe ry'abadandaza b'i Burundi CCB rirasavye intwari mbirigi ko idashoboye kubaremesha canke ngo ibashigikize imfashanyo y'amafaranga, yokwirinda kugira aho yegamira.

10- Ku binyerekeye, uko bimera kwose, nzoguma ndi kumwe n'uwo muhari urondera gukorera hamwe. Uwo murwi w'abantu bato bato uriko uravuka, ubwo ntiwari ukwiye kuba vy'ukuri ishingiro ry'ubutunzi mu gihugu cacu?

3. Umwami Mwambutsa, mu nyuma y'ivyari vyavuzwe na Rezida Scheyven, yarashikirije ijambo rigufi mu kirundi imbere y'Inama nkuru y'Igihugu (CSP) igenekerezo ryo ku wa 12 Ruheshi 1958. Muri iryo jambo, umwami yanegura ko umuhungu wiwe Rwagasore atari « yakurikije impanuro za Reta mbirigi » mu biraba amakoperative, hanyuma aca atangaza ko hagiye gushingwa ishirahamwe ry'amakoperative yo mu Burundi (Ucobu). Iryo ni ryo ryahavuye rija hamwe na CCRU maze rivamwo irindi ryitwa Copico (raba mu rwandiko inomero 10 rukurikira).

désastreuse au service des intérêts privés ou autres, étrangers à son pays et à son peuple³.

Je renouvelle également ma confiance au Conseil supérieur du Pays dont le dévouement à notre cause ne me fit jamais défaut.

6- Nous ne pouvons, en aucun cas, oublier que l'intérêt général et la volonté profonde de notre population, de plus de 4 millions d'âmes, passent, à nos yeux, avant toute autre considération de quelque nature qu'elle soit. Nous restons convaincus que cette prise de position est partagée par l'élite engagée de notre génération ainsi que par tous ceux qui, pour diverses raisons, peut-être, sont amenés à s'intéresser aux problèmes qui touchent l'évolution et l'épanouissement du Ruanda-Urundi.

7- En conséquence, j'estime que la Coopérative des commerçants du Burundi *doit* réussir; les intérêts qu'elle défend sont légitimes et vitaux.

8- La CCB *arrivera* – qu'on ne se fasse plus d'illusions – à *bref délai à une solution de ses problèmes*, afin de continuer à jouer le rôle qu'elle s'est assigné, à savoir : "donner à la classe moyenne naissante du Burundi des chances égales à celles octroyées aux autres".

9- La CCB demande à l'Autorité tutélaire, à défaut d'un soutien moral ou financier, pour le moins une attitude neutre.

10- Personnellement, je reste, quoi qu'il puisse arriver, uni à ce mouvement coopératif. Cette classe sociale naissante ne constitue-t-elle pas, en effet, le noyau de notre armature économique?

3. Le *mwami* Mwambutsa avait, à la suite du Résident Scheyven, prononcé une courte allocution en kirundi devant le CSP le 12 juin 1958. Il y déplorait que son fils Rwagasore n'ait pas « suivi les conseils du Gouvernement belge » à propos des coopératives et y annonçait la création d'une Union coopérative du Burundi (Ucobu). Cette dernière fusionna plus tard avec la CCRU pour donner la Copico (voir texte suivant n° 10).

11- Mu nyuma, ndahakanye nshimitse insaku n'ibivugwa vyerekeye iringanizwa ry'ishirahamwe. Ni jewe jenyene hamwe n'inama ntunganyantwaro dutegerezwa kugira ico tuvuze kandi mbere tugafata n'ingingo zikenewe. Ibindi vyose bivugwa ni ukubifata ko ata shingiro bifise kandi ari ivyonona.

12- Hariho bamwe bamwe bamera nk'abiyibagiza n'impaka ko uruhara rwacu imbere ya vyose ari urwo kwigisha abantu, kenshi urwo ruhara abantu ntibategera isano rufitaniye n'ivyerekeye ubudandaza n'ubutunzi. Ni co gituma, mu ntango twashimye kwitura Reta ngo idufashe, twongera twemera, ku bw'ishirahamwe, ibiri mw'ibwirizwa twashikirijwe na Reta mbirigi ryo ku wa 24 Ntwarante 1956.

13- Mu gusozera, nifuza ko umwe wese yotegera ko mu gihe ishira hamwe ritobandanya ibikorwa vyaryo, *bivuye ku kutavuga ukuri kw'abatware*, ivyo vyotuma haba ugucanamwo gukomeye mu gihugu. Inkurikizi zavyo zosambura igihugu. Ikiringo turimwo kirahambaye, jewe ndabitegera rwose, ni co gituma nsavye umwe umwe wese muri twebwe, ko yobona ibihe turimwo agafata ingingo n'uruhara bimubereye.

Bigiriwe i Bruxelles, ku wa 19 Ruheshi 1958

Umuganwa Rudoviko Rwagasore »

11- Enfin, je réfute énergiquement les insinuations et affirmations se rapportant à la gérance sur laquelle je suis le seul, avec le Conseil de gestion, autorisé à porter un avis et donc à prendre les décisions nécessaires. Toutes autres appréciations doivent être considérées comme gratuites et malveillantes.

12- D'aucuns semblent volontairement oublier que notre rôle est avant tout éducatif, ne coïncidant pas nécessairement avec les impératifs régissant le commerce et la finance. C'est pourquoi, nous avons à l'origine eu recours à l'aide du Gouvernement et avons accepté, pour la Coopérative, le régime de la tutelle que le Gouvernement nous proposait, le décret du 24 mars 1956.

13- En conclusion, que chacun comprenne qu'un échec de la Coopérative, *échec dû à un manque d'honnêteté des autorités*, marquerait une scission profonde dans le pays. Les conséquences ne pouvant être que destructives. Conscient de la gravité de la situation, je demande à chacun de prendre ses responsabilités.

Fait à Bruxelles, le 19 juin 1958

Prince Louis Rwagasore »

10

**Ijambo Rudoviko Rwagasore yashikirije
mu gihe c'ibirori vy'ukwugurura ikoperative Copico
(Ikoperative kavukire ryo gusumiramwo),**

Usumbura,
ku wa kane, igenekerezo rya 4 Nyakanga 1958¹

« Imbere ya vyose ntanguye kubashimira kw'izina ry'inama ntunganya-bikorwa y'ishirahamwe, ko mwitavye ubutumire twabarungikiye bw'uno musi mukuru.

Kuri uno mugoroba, turamutse twinjira icese iri shirahamwe rishasha ry'abacuruza ryitwa "Copico". Muri kino kiringo hariho ikibazo dufise ku muzirikanyi : Ikoperative ni iki ? Ni ugufatana mu nda kw'abantu basangiye umutima n'intumbero imwe, n'ishaka rimwe ; uko gufashanya nako gusanze gutomowe ahanini n'amategeko agenga ishirahamwe ryacu : "na ryo ryishinze guteza imbere inyungu zabo mu vy'ubutunzi n'imibano, babicishije mu vyiyumviro vyo gufashanya n'ugukorera hamwe, maze ibiciro ntivyame biduga mu micungararo y'aho baba".

Ku vyerekeye ishaka ryacu, turitumwa n'ingendo ya poritike yo kwigisha abantu kugirango bareme ntibamane impungenge z'ugusubira inyuma nk'ibirenge.

Ico atawokekeranya n'uko amashirahamwe y'amakoperative atunganijwe neza, agafashwa kandi agahimirizwa, igihugu cacu cotera imbere mu butunzi ku buryo nyabwo, ku mpande zose kandi burama. Abanyagihugu nabo bohatorerera akoyoko mu kugira ubuzima bwiza ata wugunze uwundi, mu buntu n'ubutungane.

1. Iri jambo ryashikirijwe mu rurimi rw'igifaransa ryongera ryandikwa ryose uko riri mu kinyamakuru *Temps nouveaux d'Afrique*, co ku wa 2 Munyonyo 1958 ; ku mutwe waryo handitswe ngo « CCRU na Ucobu zicitse Copico ». Urwo rwandiko ruyerekeye rubutswe mu bushinguro bw'ivyuma kera AAB, microfilm MF 11. Uwo musi, umuganwa Rwagasore yashikiriza iryo jambo kuko yari we mukuru arongoye inama ntunganyabikorwa ya koperative Copico, iyo nayo yari yavuye mw'ishirwa hamwe ry'amakoperative Ucobu (raba mu rwandiko inomeru 9 ruza imbere), yari yashinzwe na Reta mbirigi, na koperative CCRU na yo nyene yashizwe mu minwe ya Reta mbirigi kuva aho ihombeye mu ntango y'umwaka wa 1958.

**Discours prononcé par Louis Rwagasore
pour l'ouverture de la Copico
(Coopérative indigène de consommation),**

Usumbura,
jeudi 4 septembre 1958¹

« Avant tout je vous remercie au nom du Conseil de gestion d'avoir répondu à notre invitation pour assister à cette petite fête.

Nous inaugurons ce soir la nouvelle coopérative de consommation dite "Copico" et tout de suite une question nous revient à l'esprit : qu'est-ce qu'une coopérative ? N'est-ce pas la collaboration de gens qui se groupent volontairement pour un même but, un même idéal ; celle-ci n'est-elle pas définie en partie par les statuts même de notre association : "Elle a pour objet de promouvoir, par la mise en œuvre des principes de la coopération, les intérêts économiques et sociaux de ses membres, aussi de régulariser les prix au sein de la cité".

Quant à notre idéal, il est guidé par une politique d'éducation afin de consolider bien plus que mettre à l'épreuve l'équilibre de la société indigène.

Une chose est certaine, par les mouvements coopératifs bien gérés, aidés et encouragés, notre pays connaîtra un essor économique sain, équilibré et durable, notre peuple profitera d'une vie sociale honnête, humaine et juste.

1. Discours prononcé en français et publié intégralement dans l'article « CCRU et Ucobu ont fait Copico », *Temps nouveaux d'Afrique*, 2 novembre 1958. Document également disponible aux AAB, microfilm MF 11. Le prince Rwagasore s'exprimait ce jour-là en tant que Président du Conseil de gestion de la Copico, une coopérative née de la fusion de l'Ucobu (voir texte précédent n° 9), créée par le gouvernement colonial, et de la CCRU, placée sous le contrôle de ce dernier après sa quasi-faillite au début 1958.

Igihe kirageze ko abanyagihugu bato bato bo mu mitumba batokwemera kubandanya basahurwa babona ngo banume, kubera ko bagize ivyago vyo kugumizwa mu bujuju.

Ntitwoguma tureze amaboko kandi tubona akarenganyo katagira urugero, amarushwa, ubugunge n'ukwikwegerako bingana gutyo. Ni co gituma abantu bose – abo bose bemera ko igihugu cacu kibwirizwa gutera imbere kandi bakibabaye – bofatana mu nda kugira bagwanye ata kigongwe abo bose, bava inyuma y'igihugu canke abari hagati muri co, uravye inyifato yabo canke ingene biyumvira ivy'ubuzima, babandanya babona ko abanyagihugu boguma bacinyizwa n'akarenganyo karenze urugero. Ivyo nivyo vyica abantu kandi bigahagarika ubuzima bw'igihugu haba mu butunzi, mu mibano n'imico y'igihugu- iyo ufatiye nko ku nka zabo, ku matongo yabo canke ku mwimbu bakura mw'ikawa. Dutegerezwa guha umwe wese ico yakoreye, abantu bose nabo bakigishwa ingene boshikira ubuzima bubereye, mw'iteka ata bugunge.

Bigenze uko, amakoperative azogwira atere imbere ku neza ya bose muri iki gihugu cacu n'aho kigikenye. Uko bizoshika kose, abavuga bazovuga, abandika ibitagira mvura bazokwandika; ntituzoterwa ubwoba n'abo bose bashira imbere inyungu zabo bashaka kunigira mu menshi aya mashirahamwe; igihambaye ni ugushishikara ata gukebaguzwa igikorwa gikomeye twishinze kugira ngo haboneke umwizero muri twebwe nyene no mu gihugu cacu!

Igikenewe gikuru kuri twebwe ni uko iki gihugu kigira aho cigejeje kubera abo bose bagikunda kuko tutarimwo... Kuko ishavu ni umwansi w'inzira itumbereye. Ndashavye ko iki gihugu kitotujana mu nzira y'imuzimiza tukibona!

Ahasigaye nifuza ko abo bose bajejwe guteza imbere iyi koperative y'abanyagihugu y'ugusumira hamwe mu mirimo ya misi yose bogira umutima rugabo kandi bororanirwa; nifuza ko abanywanyi bayo boyimenyekanisha ku bandi; ndizeye kandi ko izofashanya na ya koperative yindi y'Abadandaza b'i Burundi².

2. Aha, umuganwa ashaka kuvuga CCB, na yo nyene yari ifise ingorane z'ubutunzi mu mpera z'umwaka wa 1958 (raba inzandiko inomeru 7 na 8 ziri imbere), ariko yoyo yari icigenga itaragenzurwa n'ababirigi.

Le temps est là où, ici comme ailleurs, ces pauvres gens qui grouillent sur nos collines ne peuvent plus accepter d'être volés sans pouvoir se défendre parce que leur seul malheur est d'être encore ignorants.

Nous ne pouvons rester longtemps indifférents devant tant d'injustices, tant de misère, tant de malhonnêteté et de cupidité. C'est pourquoi tous dans ce pays – ceux qui croient du moins à sa réussite et les généreux – se donneront la main pour combattre sans pitié ceux venant de l'extérieur comme ceux venant de l'intérieur qui, par leur façon de faire et leur conception de vie, croient maintenir longtemps encore notre population sous un joug social injuste et pénible, qui tue les hommes et paralyse toute la vie économique d'abord, sociale et culturelle d'une nation – que ce soit la vache, la propriété ou le produit des caféiers. Nous devons pouvoir donner à chacun ce qui lui revient et à la société lui apprendre les moyens de se faire une vie digne et honnête.

En conséquence, les coopératives se multiplieront et croîtront pour le bien de tous, ici, dans ce pays encore pauvre. Qu'importe dès lors les cris d'angoisse, des feuilles de papiers aussi inutiles qu'arides ; qu'importe l'indignation de tous ceux qui pour des raisons d'intérêt propre cherchent à étouffer nos mouvements ; ce qui importe pour nous c'est de poursuivre sans relâche la tâche difficile que nous nous sommes assignée afin de donner à nous-mêmes et à notre pays des raisons d'espérer !

Il vaut mieux donc pour nous tous que ce pays réussisse avec ceux qui l'aiment que sans nous... Car la colère est l'ennemie de la raison. De grâce, ne rendons point un jour ce peuple irraisonnable !

Pour le reste je souhaite courage et bonheur à ceux qui ont pour tâche journalière de faire réussir cette coopérative indigène de consommation ; je souhaite également à ses membres d'en faire profiter les autres ; j'espère enfin qu'elle collaborera avec cette autre coopérative dite des Commerçants du Burundi².

2. Le prince fait ici référence à la CCB, toujours dans une situation financière délicate à la fin 1958 (voir les textes précédents 7 et 8), mais encore autonome et hors du contrôle des autorités tutélaires belges.

Mboneyeho akaryo ko gusubira kubabwira ikiri ku mutima : n'iryo shirahamwe nyene ritegerezwa gutera imbere kuko bene ryo n'igihugu babifisemwo inyungu. Rizotera imbere kuko nta faranga na rimwe bayihaye rizozimira kandi nta munywanyi n'umwe azorenganywa. Ivyo tutashitseko umwaka wa mbere, tuzobishikako umwaka wa kabiri ; mbere igihe vyoba nkenerwa ko dusubiramwo incuro zishika zitanu kugira ngo dushikire isemo dushaka, tuzosubiramwo !

Ng'ivyo rero, Nyakwubahwa Rezida, Nyakwubahwa cegera ca Rezida, Nyakwubahwa Mukuru w'Inama ya bose, Banyakwubahwa, mu majambo make, icadutumye dukorana kuri uno mugoroba. Ni ijambo ririmwo kazoza n'umwizigiro, ni inzira nyakuri ifashwe n'abantu bifuza ineza, barangwa n'ubutungane, bita ku rutare mu vyo barangura ; abantu bashaka kurondera ineza yabo batibagiye iy'abandi ; abantu barajwe ishingira n'ukuzamura igihugu, batabanje kugitegeka ico bashaka ngo ni co gikeneye, mugabo babanza gutegera neza ico igihugu gikeneye, ico cifuza gushikako co nyene.

Ntawokekereza ko abanyagihugu tuzobasaba nabo nyene gutanga intererano yabo mu kuvuga ukuri, ukutaba indyadya, mu kwamana umwete na ntaryo n'ukugira umutima utekanye ; gutyo ni ho tuzorondera kazoza tudahushagirika kandi ata bwoba kuko mu vy'ukuri, ako kazoza keza ni ko turiko turakorera, ni ko turwanira ni nako twizigira. »

Je profite de cette occasion pour redire ma conviction : elle doit réussir elle aussi, parce que c'est dans l'intérêt de ses membres et du pays. Elle réussira parce qu'aucun franc qu'on lui a confié ne sera à jamais perdu et parce qu'aucun membre ne peut être lésé. Ce que nous n'avons pas pu réussir la première année, nous le réussirons peut-être la deuxième, et s'il fallait pour le réussir recommencer cinq fois, nous recommencerons !

Voilà, Monsieur le Résident, Monsieur le Résident-Adjoint, Monsieur le Président de l'Assemblée générale, Messieurs, en peu de mots la raison qui nous réunit ce soir – c'est la raison d'avenir et de l'espérance – c'est la raison des hommes de bonne volonté, droits et courageux, des hommes qui veulent construire leur bonheur en faisant celui des autres, des hommes qui essayent de relever tout un peuple, non en lui imposant ce qu'il veut et ce dont [il a] besoin, mais en s'informant auprès de lui de ce qu'il manque, de ce à quoi il aspire.

Sans doute à ce peuple aussi nous devons lui demander en échange de la sincérité, de l'honnêteté, de la ténacité, de l'effort et de la sérénité ; ainsi seulement nous pourrons aborder l'avenir avec certitude et sans peur, car c'est en réalité pour cet avenir que nous travaillons, luttons et espérons. »

11

**Ijambo Rudoviko Rwagasore yashikirije
mu gihe bari mu birori vyo guha ikaze Furera Secundien,
Usumbura,
ku wa kabiri, igenekerezo rya 14 Gitugutu 1958¹**

« Nyakwubahwa Furera,

Akaryo karasubiye kuboneka ngo mushobore kuvyagira hagati y'abo mwaheruka bakiri bato haraciye imyaka mikeya. Bamwe mwigisha imico n'inyifato y'urupfasoni, y'ubuntu, ubwenge n'ubumenyi.

Umuntu yokwibaza ingene mumerewe uwu musi; ko mwoba hari ico mwicuza kitagenze neza, canke ko mwiyumvamwo agahimbare? Mbega tweho twabamenye n'amaso y'abana bakiri bato, twabatega amatwi n'umutima w'abana, umutima watimamukirwa kumenya ibintu kandi tudashobora kubitegera canke kubifata vyose, twobakira gute? Twobikorana isoni canke umunezero?

Hariho ikintu kimwe coco kidaseswa: imbuto nziza yarabibwe, ibibwa kandi n'umubivyi mwiza vyongeye mw'ivu rimerera. Uno musi ivyamwamba bireze kandi biraryoshe.

Uburundi n'Urwanda ubu biratewe iteka na bamwe mwahora mwita "imbeciles" abataco bamaze, muriko mwitwengera canke mubakekeza. Amajambo y'inyigisho n'ubuntu mwakwiragiza kurya k'umuyaga ushwara mu mitumba ntiyabaye impfagusa yose. Menshi yakorokeye mu matwi y'abarerwa banyu... Kandi yararonse umwanya wo kwererayo.

1. Iri jambo ryavuzwe mu rurimi rw'igifaransa turisanga mu biri mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 6. Ni ryo ryatanguye ibirori vy'ukwakira Furera Secundien, vyari vyateguwe n'abagize ishirahamwe ry'abanyeshure bize muri Groupe scolaire y'i Astrida (Asada) bahurikiye mu gisata cabo c'i Usumbura. Ico gihe uwo Furera Secundien yariko ararengana ari mu rugendo rujanye n'ivyigwa yariko aragira muri Afrika. Furera Secundien ni we yari yarashinze mu 1928, ishure yari izwi cane kw'izina rya Groupe scolaire d'Astrida, ari rwo rwari uruhongore rw'imikangara y'inkerebutsi muri Ruanda-Urundi mu gihe c'igikoroni. Iyo shure yari yayirongoye igihe c'imyaka 20 kuva mu 1929 gushika mu 1949. Ku vyerekeye ivyo birori vy'ukumwakira, rabira mu kinyamakuru *Rudipresse*, n° 85 yo ku wa 18 Gitugutu 1958.

**Allocution prononcée par Louis Rwagasore
en l'honneur du Révérend Frère Secundien,**

Usumbura,
mardi 14 octobre 1958¹

« Révérend Frère,

Vous voici de nouveau parmi ceux, il y a encore quelques années encore jeunes gens, [à qui] vous avez dû inculquer des principes de morale, de civisme et du savoir et de la science.

Que peuvent-être vos sentiments aujourd'hui, est-ce ceux du regret ou de la fierté? Et nous qui vous avons connu il y a à peine dix ans alors que nous vous regardions avec des yeux des enfants bien jeunes, nous vous écoutions avec un esprit d'enfants, esprit curieux sans doute mais qui ne pouvait ni tout comprendre ni tout saisir ; comment oserions-nous vous recevoir, est-ce avec honte ou fierté?

Une chose est d'ores et déjà certaine : la bonne graine a été semée, à la fois par les bons semeurs et dans une terre fertile, et à présent les fruits sont mûrs et bons.

Le Burundi comme le Rwanda ne peuvent-ils pas être fiers de ceux que vous appeliez par ironie ou par humour : "imbéciles"? Car les mots d'enseignement et de moralité que vous nous lanciez comme un vent violent [jeté] à travers la campagne, [ne sont] pas tous restés vains. Beaucoup sont tombés dans les oreilles de vos élèves... Et ils ont mis le temps aujourd'hui d'y mûrir.

1. Discours prononcé en français et conservé aux AAB, dossier BUR 6. Cette allocution a ouvert la réception offerte par la section Usumbura de l'Association des anciens élèves du Groupe scolaire d'Astrida (Asada) en l'honneur du R. F. Secundien, de passage dans le cadre d'une mission d'études en Afrique. Ce dernier avait fondé en 1928 le célèbre Groupe scolaire d'Astrida, pépinière des élites scolaires du Ruanda-Urundi colonial, qu'il avait dirigé pendant 20 ans, de 1929 à 1949. Sur la réception organisée lors de sa venue, voir *Rudipresse*, n° 85, 18 octobre 1958.

Mu bijanye n'akazi, hamwe umwanya wobibakundira, muraca kubaza abarongoye b'abo mwareze bazobibabwira². Igice kinini muri bo barashoboye amabanga bahawe, barakwiranye n'ivyo bategerezwa gukora. Ku bijanye n'inyifato runtu n'urupfasoni, baratera iteka urundi runganwe ruri mu nyuma zabo.

Mugabo rero, aho tuviriye mw'ishule i Astrida, ahantu tuzoguma twibuka ivyiza vyinshi twahasize, aho twamaze ibihe vyiza cane tutazokwibagira vy'ubuzima bwacu, tukaba twahakuye n'impamba y'ubumenyi ikwiye, ntitwari tuzi neza igikorwa gikomeye cari kiturindiriye n'intambanyi ntahara z'ubuzima dutanguye... Ariko n'ubu, ivyo twemera turacabihagazeko ntaho biraja, kuko n'aho hari ingorane n'ibihengeri, nitwaguma turi abantu b'ukuri, b'intungane, bemera kandi bazira uburyarya, nta nkeka ko ubuzima buzodushikana ku bihe vy'umunezero n'amahirwe. Sincibuka uwavuze ko : "Ubuzima bw'abantu bagenda batumbere inzira ibajana imbere, n'aho bovuka incuro icumi mu bibanza cumi vy'agahore, ubuzima bwabo bwoguma busa n'ubwa mbere. Inzira ikujana utumbereye imbere yawe ni imwe nsa³."

Ni co gituma, Nyakwubahwa Furera Secundien, muri kano kanya keza k'imbonekarimwe, mu kibanza c'umurwi w'i Usumbura w'abize i Astrida, nubahutse kuduza ijwi mbwira bose nti : igihugu, abanyagihugu benewacu, benewacu na bashikibacu, abavyeyi bacu, abo bose batagize amahirwe nk'ayo twagize, bahanze amaso twebwe, baratwitegereza badusuzuma ata mbabazi kandi batuzeyeko vyinshi.

Barindiriye ko tuzana umwizigiro mu gihugu, ko tubabera akarorero keza mu bikorwa, akarorero ko kugira umutima rugabo, kwamizako, ko kuringaniza ibintu ubanje kubiha intumbero, ko kwitwararika abandi n'ukuba abantu babushitse.

Mu vy'ukuri iki gihugu ni icacu ; beneco barafise ivyo badushakako : bashaka ko tuba abantu bitangira igikorwa ciza kandi c'akaroruhore : ico na co si ikindi ni uguterera agacumu k'ubumwe mw'iterambere rusangi ry'abanyagihugu. Ku bisigaye, twokwishimikiza amajambo y'uwitwa Guillaume d'Orange⁴ tukayafate nkama aho yagira ati : "Ntiwokwama utangura ikivi kuko ubona kizoshika gusa, kandi n'ugushishikara wamizako ntiwobireka ngo n'uko utarashikira isemo."

2. Mu 1958, hafi y'igice c'abaganwa 36 bari mu Burundi bari barangije amashuri muri Groupe scolaire d'Astrida.

3. Ibi bisubiramwo ivyanditswe mu gitabu c'inkuru canditswe na Pierre Mac Orlan, *À bord de l'étoile Matutine*, Paris, éditions Crès et cie, 1920.

4. Uwu avugwa ngaha yoba ari Guillaume de Nassau, umuganwa w'ahitwa Orange (Ubuholande, 1533-1584). Iri ryungane ryitirirwa Charles le Téméraire (Charles de Valois, duc de Bourgogne, 1433-1477).

Dans le domaine professionnel, si le temps vous le permet, passez chez les chefs de vos anciens, ils vous en parleront². Ils sont en effet pour la majorité à la hauteur de leur tâche et de leur devoir. Quant au point de vue moral, ils sont en général dignes d'une jeune génération montante.

Bien sûr lorsque nous avons quitté le Groupe scolaire d'Astrida dans lequel nous avons tous laissé nos meilleurs souvenirs et où nous avons passé le plus heureux de notre vie, et malgré le bagage que nous emportons, nous ignorions exactement la dure tâche qui nous attendait, le visage réel des difficultés inévitables que la vie nous réservait... Pourtant nos illusions ne se sont point encore dissipées, car malgré des difficultés et les faiblesses, si nous restons des hommes droits, sincères, croyants et honnêtes, la vie ne peut nous donner que des moments de joie et de bonheur. Je ne sais plus qui a dit que "la vie des hommes qui vont droit devant eux, renaîtraient-ils dix fois en dix mondes meilleurs, serait toujours semblable à la première. Il n'y a qu'une façon d'aller droit devant soi³."

C'est pourquoi, Révérend Frère Secundien, en cette heureuse unique occasion et en tant que porte-parole de la Section d'Usumbura des Anciens d'Astrida, je me permets d'élever la voix et de le redire à tous : le pays, nos compatriotes, nos frères et sœurs, nos parents, tous ceux qui n'ont pas eu la chance que nous avons eue, nous regardent, nous observent, nous jugent sévèrement et attendent de nous, beaucoup.

Ils attendent que nous donnions à la nation le droit d'espérer en leur montrant le bon exemple de travail, de courage, de ténacité, de méthode, de générosité et d'hommes.

Or, ce pays est le nôtre, ils sont encore plus exigeants ; ils veulent de nous que nous soyons des décidés pour la cause belle et magnifique qu'est la contribution à l'évolution générale d'un peuple. Pour le reste, nous trouvons encouragements dans les paroles de Guillaume d'Orange⁴ et nous en faisons les nôtres : "Point n'est besoin d'espérer pour entreprendre ni de réussir pour persévérer."

2. En 1958, près de la moitié des 36 chefs en fonction au Burundi étaient des diplômés du Groupe scolaire d'Astrida.

3. La citation est extraite d'un roman de Pierre Mac Orlan, *À bord de l'étoile Matutine*, Paris, éditions Crès et cie, 1920.

4. Il s'agit probablement de Guillaume de Nassau, prince d'Orange (Pays-Bas, 1533-1584). Cette phrase est aussi attribuée à Charles le Téméraire (Charles de Valois, duc de Bourgogne, 1433-1477).

Ariko rero, nta co twohishanya. Imbere yacu hariho abantu dutegerezwa kudomako urutoke. Hariho, n'aho tugira imana akaba ari bake, abatashoboye gutahura ico benewabo babarindiriyeko, batafashe nkama urugero bw'ivyo bategerezwa gukora; bene abo bantu bagomba kworoherwa bo nyene, ntaco banezwe, nta kigongwe bafise mu mutima, bashaka kubaho ku bw'abandi, bacura bufuni na buhoro abakene n'abanyentegenke. Abo bose, aba mbere canke abakabiri, bari mu ruhongore rumwe. Nyakwubahwa Furera, ni mwabwa igihe mwatanguza ubutumwa ngaha, mwari mwarihaye ikivi mutegerezwa gutoza, n'ubu ntikirarangira kuko hakiriho intama zazimiye. No muri kino gihe, ico muzotegerezwa gukora kizoba ico gufata mu mugongo intore zikora neza kuko igikorwa nticoshe kandi amagerazwa akomeye aracariho.

Nagomba gushima cane ikigo c'Abafurera bitiriwe umutima w'urukundo⁵, urwego rwiyerekanye rwose mu kinjana turimwo, urwego kandi rwatahuye neza ruramenya ibihe vya none, ari na vyo bihe twaboneyemwo umuco n'ukuri. Ivyo bihe vyatumye na twebwe tubona kure; imbere yacu haruguruka, haratamanzura. Amaso yacu arakanura, dutangura kubona ivyo tutari tumenyereye. Nk'uko Alain⁶ yabivuze, umunezero uruta iyindi ni uwo kwizigira ico umuntu atari yategekanije. Nta nkeka rero umuryango w'Abafurera bitiriwe umutima w'urukundo co kimwe n'iyindi itari mike muri kino gihugu, mu bihe wasanga rimwe na rimwe ata wundi mwitwarariko wagize atari uwo ugukorera n'uguterera mw'iterambere ry'igihugu cacu. Ivyo vyarantutse biciye ku mutima w'urukundo uko bukeye uko bwije. Ndayemeza neza ko ineza yavuyemwo igaragara.

Ni na co gituma, Nyakwubahwa Furera, tubatumye rino jambo kuri Nyakubwahwa Patiri mukuru: subire muturungikire Abafurera nka "Secundien" mu Rwanda no mu Burundi. Kuko hariho ibice vyinshi vy'ubuzima bw'abanyagihugu intumwa zanyu bishobora gusasagazamwo umutima w'urukundo: impumyi ntizirabona, abatumva baracazivye amatwi, ibiragi ntibiravuga⁷. Abo batabona, abo batumva n'abo baragi, barafise ico bamaze. Barafise ikibanza cabo mu bandi banyagihugu, barafise igikorwa bakora mu gihugu, ntidushobora kubaheba namba. Jewe ubwanje, ndamaze kubona ivyiza bitari bike bashoboye. Ntibagikeneye uwubagirira ikigongwe ca cane, ahubwo nabo bakeneye kwubahirizwa bakaronka iteka n'ikibanza bakwiye mu bandi.

5. Umuryango w'Abafurera bitiriwe Urukundo (Frères de la Charité) watangujwe mu 1807 ahitwa i Gand, mu Bubirigi, utangujwe na Chanoine Pierre-Joseph Triest.

6. Uwo yitwa Alain ngaha, ariko izina ry'ukuri ryiwe ryari Emile Chartier (1868-1951), yari umumenyeshamakuru akaba n'umunyabwenge w'umufurera mu bagerageza gutegera ivyiyumviro vy'abantu; mu bitabu yanditse bizwi cane harimwo icari cerekeye ico yibaza ku buhirwe (*Propos sur le bonheur*, 1925).

7. Ibikorwa vy'Abafurera bitiriwe Urukundo kuva mu ntango vyari ugufasha abarwaye n'abantu bagendana ubumuga cane cane abatumva n'impumyi. Aha rero icibonekeza ni uko akubitije agatima kuri ivyo bikorwa vyabaranga kuva mu ntango.

Hélas, devant nous, nous ne pouvons rien cacher, nous devons pouvoir parler des autres, de ceux – peu nombreux heureusement – qui n'ont pas compris ce qu'on veut d'eux ni n'ont saisi la portée de grandeur de leur devoir, de ceux qui veulent réussir seuls, qui sont sans aucun idéal, sans aucun élan de leur cœur, ceux qui ne vivent qu'en parasites ou qu'en exploitant des pauvres et des faibles. Tous ceux-là, les premiers comme les seconds, sont dans le même bercaïl et si, Révérend Frère, lorsque vous avez commencé votre mission ici vous vous êtes créé des responsabilités, elles ne sont point encore finies tant qu'il y aura des brebis galeuses. À ce moment encore votre devoir sera d'encourager les bons car la tâche est difficile et les tentations fortes.

Et ici je porte hommage à la Congrégation des Frères de la Charité⁵, cette institution de notre siècle, institution qui a si bien compris et s'est bien adaptée au temps moderne dans lequel nous-mêmes avons connu la lumière et la vérité, et durant lequel des horizons immenses, jadis fermés à nos esprits, ce sont ouverts devant nos yeux incroyants, étonnés et émerveillés, car comme disait Alain⁶ le plus grand bonheur consiste à espérer ce qu'on n'a pas prévu. Sans doute, la Congrégation des Frères de la Charité, comme tant d'autres dans ce pays, dans des conditions parfois difficiles mais toujours avec amour, jour par jour, a eu comme seul souci de servir et de collaborer au progrès de notre pays. Et, j'en conviens, le résultat est patent.

C'est pourquoi, Révérend Frère, nous vous confions un message adressé au Révérend Père général : envoyez-nous encore des Frères Secundien au Rwanda comme au Burundi. Car tant de domaines où vos enfants peuvent encore exercer leur charité sont encore inoccupés : les aveugles ne voient pas encore, les sourds n'entendent pas, ni les muets ne parlent⁷. Ces aveugles, ces sourds, ces muets, ne sont pas inutiles. Ils ont leur place parmi les citoyens, ils ont leur rôle à jouer dans la société. Nous ne pouvons les abandonner. J'ai vu personnellement tant de choses, tant de belles choses dont ils sont capables, ils n'ont plus droit à la pitié, mais bien à la dignité et à la fierté.

5. La Congrégation des Frères de la Charité est née en 1807 à Gand, en Belgique, à l'initiative du chanoine Pierre-Joseph Triest.

6. Alain, de son vrai nom Émile Chartier (1868-1951), était un journaliste et philosophe français dont les *Propos sur le bonheur* (1925) sont l'une des œuvres les plus connues.

7. Les activités des Frères de la Charité ont dès l'origine été tournées vers l'assistance aux malades et aux personnes handicapées, particulièrement aux sourds et aux aveugles. L'allusion à cette spécificité originelle de leur apostolat est ici évidente.

Mu kurangiza, ndabisubiyemwo, igikorwa ciza canyu kandi kinini ntikirarangira na gatoya, impinga iracari ndende kandi iragoye, ntigororotse, irazigura kandi ica ahahanamye cane.

Twebwe urwaruka rw'Uburundi n'Urwanda, nitwaba dushaka gushika iyo dushaka, ni nkenerwa ko tugira urunani tugatambuka dushize amanga, ata bwoba bwonigira mu menshi ibikorwa ngirakamaro. Gusumba ibindi bihe vyose vyaheze, dutegerezwa guserura ahabona ikimenyetso c'icivugo cacu : Gukorera igihugu n'abanyagihugu [*Servir*⁸].

Gukorera nde? Kumukorera kubera iki? Kumukorera gute?

Ni ugukorera abandi imbere ya vyose : igihugu, abatware n'abanganwa babirongoye n'inzeho z'igihugu mu gihe ari nziza kandi zikurikiza ubutungane; ni ugukorera abanyagihugu, gukorera abo bose dusangiye igihugu.

Ni ukubakorera kuko ni igikorwa kitwega, igikorwa cacu kuko ari ugukenguruka umugisha, n'iteka twatewe. Ko tugikorera ni vyo; igihugu citeze gukorerwa n'abana baco b'inkerebutsi.

Ni ukugikorera ata kugonanwa, gukorana umutima uri hamwe, ata kurindira impembo nk'uko bisanzwe. Impembo yo nyene yoba umunezero ukomoka ku kikorwa cose kiranguwe neza.

Ng'uko rero, Nyakwubahwa Furera Secundien, ingene ku ruhanga rwacu hazokayangana nk'inyenyeri izomurikira igihugu ciza c'Urwanda n'Uburundi, ari na co civugo cacu. Gutyo tuzoba tubereye ata kwishima rya zina ryacu ry'ubutore "indatwa" ni ukuvuga imboneza z'incabwenge. »

8. Ikinyamakuru citwa *Servir* candikwa n'ishirahamwe ryabize muri Groupe scolaire y'i Astrida (Asada) kigasohoka kabiri mu kwezi kuva mu 1940. Ico kinyamakuru cari kigenewe abanyeshure barangije kigasohorwa ku rugero rw'ibingana 1 000, ariko carasomwa kandi n'abanyeshure bakiri ku ntebe y'ishure.

Enfin, pour terminer, je le répète, l'œuvre belle et grande n'est point finie, le chemin est encore long et difficile, le tournant inquiétant, les descentes dangereuses.

A nous, si nous voulons arriver au bout, de nous tenir les mains, nous jeunesse du Rwanda-Burundi et de marcher, la tête haute en respect humain, sans cette timidité qui étouffe les bonnes intentions. Nous devons enfin, plus que jamais, porter haut l'étendard de notre devise : *Servir*⁸.

Servir qui ? Le servir pour quoi ? Le servir comment ?

Servir les autres avant tout : le pays, ses chefs et ses institutions s'ils sont bons et justes ; servir le peuple, servir nos compatriotes.

Les servir parce que c'est notre devoir, notre rôle, parce que c'est la reconnaissance de la chance, du privilège que nous avons eu, parce que, enfin, le pays l'attend de ses enfants les meilleurs.

Servir sans jamais s'en lasser, servir avec le cœur, sans attendre en dehors de nos rémunérations normales, que du bonheur intérieur du devoir bien accompli.

Ainsi, Révérend Frère Secundien, ainsi nous ferons briller sur nos fronts comme une étoile qui éclairera le beau pays du Rwanda-Burundi, notre devise et nous aurons mérité sans orgueil notre surnom *indatwa*, c'est-à-dire élites. »

8. *Servir* est le titre du bulletin bimestriel édité à partir de 1940 par l'Asada à Astrida. Ce bulletin destiné aux anciens élèves, tiré à 1 000 exemplaires, était aussi lu par les étudiants en cours de formation.

12

**Ijambo ry'umuganwa Rwagasore gihe yashikirizwa
ishoferi ya Buyenzi y'amaja epfo
(teritwari ya Ngozi),**

Rango,

ku wa gatandatu, igenekerezo rya 21 Ruhuhuma 1959¹

« Imbere ya vyose mbanje gushimira cane Bwana Rezida aserukira Reta y'Ububirigi uno musi ndamutse nshikirizwa ino ntara. Tuboneyeho kandi gushimira abo bose bakoze batiziganya igitondo n'umurango kugira ngo bateze imbere kino gihugu.

Uwo mutima w'ugushima, turawerekeje ku muhisi umuganwa Nduwumwe aho aruhukiye². Yarabaye intwari, igihangange mu buzima bw'iki gihugu c'Uburundi. Yabayeho mu gihe kitoroshe ariko ubiravuye usanga hakozwe ibitari bike bivuye ku bwenge, ku bwitonzi, ku butekereji no kwihangana kw'abanyagihugu ata kindi cabaranga, atari na ntaryo ishaka ry'uguteza imbere igihugu buhoro buhoro ariko mu nzira ishika.

Ivyaranguwe biraboneka, iterambere rishimishije ryarashobotse mu kiringo coba kingana n'imyaka umuntu amara. Ni vyo, ntawokwihaya ngo vyose vyabaye agatangaza, ariko utembereye mu mirima y'ibitoke bisharije imisozi, urabona ko hariho igikorwa kiboneka kandi gihambaye cakozwe. Urabona ko abantu bahora bameze nk'abari mu muzimagiza bamaze gukanura, bamaze kubona iyo bava n'iyoya, kwijukira ibikorwa, kwibwiriza, gutyo baravavanura n'ubujju n'ukwigira sindabibazwa.

1. Iri jambo ryoba ryashikirijwe mu rurimi rw'ikirundi, ariko nitwashoboye kureka urwandiko rwaryo rwa mbere; turisanga mu rurimi rw'igifaransa mu bushinguro bw'iyoya kera bisanzwe biri muri AAB, idosiye BUR 6. Iri jambo turarisanga aho rihinduwe mu kirundi mu gitabu canditswe na Gihugu D., 1999, p. 45-51.

2. Rudoviko Nduwumwe, umuhungu w'umwami Mwezi Gisabo n'umugore wiwe Ririkumutima, yari umuganwa yatwaye isheferi ya Buyenzi, muri teritwari ya Ngozi, hafi y'imyaka imirongo ibiri n'itanu. Amaze gushengera kw'igenekerezo rya 30 Munyonyo 1958, igice kimwe c'intara yiwe caciye gihabwa Rudoviko Rwagasore, yahawe igice c'amaja epfo (isheferi ya Buyenzi y'amaja epfo [Buyenzi-Sud], yahavuye yitwa Butanyerera muri Ntwarante 1959), ikindi gihabwa Yohani-Batista Ntakiyica, umwuzukuru wa Ntare Rugamba (ku bakomoka kuri Rwasha), yarongoye igice ca ruguru (isheferi ya Buyenzi ya ruguru [Buyenzi-Nord]).

**Discours du prince Rwagasore
lors de son investiture comme chef du Buyenzi-Sud
(territoire de Ngozi),**

Rango,
samedi 21 février 1959¹

« Avant tout j'adresse mes remerciements à Mr le Résident, Représentant de l'Autorité tutélaire, à l'occasion de mon investiture et par lui à tous ceux dont l'action civilisatrice a été des plus efficaces et dont la tâche et le souci journalier ont été de mener ce pays vers sa destinée.

Ma pensée va tout de suite au feu *muganwa* Nduwumwe dont l'âme repose en paix². Il fut le soldat, le seigneur d'une grande histoire et d'une contrée bourdonnante de vie, du Burundi. Il a vécu à un moment historique qui fut le plus délicat, pendant lequel l'essentiel a été fait ; grâce aussi à l'intelligence, à la sagesse, à la docilité et à la patience de ce peuple qui par sa bonne volonté a facilité l'évolution lente mais sûre de ce pays.

Le résultat est patent : d'énormes progrès ont été réalisés en l'espace d'une vie humaine. Sans doute, nous n'avons pas de résultats particulièrement spectaculaires ; mais il suffit d'entrer sous le feuillage des bananiers couvrant les paisibles collines pour constater que quelque chose de réel et de profond a été accompli, pour s'apercevoir que des yeux d'hommes jusqu'alors plongés dans les ténèbres se sont ouverts à la lueur d'horizons nouveaux, aux possibilités de travail, à la discipline personnelle, vainquant ainsi l'ignorance et un pénible laisser-aller.

1. Discours probablement prononcé en kirundi, mais dont la version originale est manquante, seule une traduction française, attribuable aux services de la Résidence, étant disponible aux AAB, dossier BUR 6. Une version différente en kirundi est disponible dans Gihugu D., 1999, p. 45-51.

2. Louis Nduwumwe, fils du *mwami* Mwezi Gisabo et de son épouse Ririkumutima, fut chef du Buyenzi, en territoire de Ngozi, pendant plus d'un quart de siècle. Après sa mort, le 30 novembre 1958, sa chefferie fut partagée entre Louis Rwagasore, qui obtint la partie sud (chefferie du Buyenzi-Sud, rebaptisée chefferie du Butanyerera en mars 1959), et Jean-Baptiste Ntakiyica, descendant de Ntare Rugamba (branche Rwashwa), qui dirigea la partie Nord (chefferie du Buyenzi-Nord).

Muri ino misi ibintu biranyaruka cane. Kurya k'umukuba w'uruzi umera nk'uwurusunika, n'igihugu c'Uburundi cifuza kugenda gitera imbere mu nzira kirimwo ata guhagarara. Ivyo bikwiye kuduhimbara kuko abo bagabo n'abo bagore basa n'abasinziye iyo mu mitumba, ubu baramaze gutegera y'uko urugendo igihugu kirimwo ari rurerure kandi ruruhisha. Imboneza muri bo ico bazirizwa ni ukwihebura n'uguhororokerwa.

Ariko rero, kuva aho Nduwumwe asandabiye, novuga ko hari ikiringo carangiye, hari ubuzima bwaheze hariho kandi n'ubundi buzima butanguye.

Muri kino gihugu, umurimyi n'umworozi birigwa barapfa amatongo kandi na yo yarabaye mato mato; dutegerezwa rero kubamenyereza gukorera hamwe, kuvyura agatima ko gusangira ikivi n'ugufashanya. Nk'uko uwitwa Dauzat³ yabivuze ati: "Birumvikana, ni ukumenya ko ukubaho nk'uko vyama bijana n'intambamyi zishingiye ku bwenge bwo gutegera ibintu n'ukwifata runtu; intumbero yaga ibuza kubona kure; ivyo na vyo uwujewe kwigisha abandi ni bo babitorera umuti mu kubasigurira ingene bokura mu nzira ivyo vyose bibabuza kubona inzira nyazo igihugu cotumbera; ivyiyumviro nyamukuru igihugu bijanye n'ivyo gishingiyeko."

Hanyuma, kirazira kwibagira uwo mugwi w'abantu bato bato bariko barisununura, ni intahara, baracarimwo abakiri bato, bazima kandi b'abakozi. Tutari kumwe nabo, twoba dusa n'umubiri utagira amagufa, nibo ncabwenge z'ejo, ni bo bazogirira akamaro igihugu nibemera kucigorera ku musi ku musi, barangwa n'ukwigenza runtu n'ubwenge bwo kwiyumvira na ntaryo ico bakora.

Hariho kandi n'intambamyi zihambaye nk'izerekeye ubutunzi. Harakenewe guteza imbere uburyo umuntu abayeho, ingene koline n'igihugu bibayeho. Kuva ubu, ivyo ni vyo dukwiye kwitwararika imbere ya vyose kuko ukwikukira kw'igihugu nta handi kwobonekera atari ku rugero rw'ubutunzi mu gihugu.

Mu ntumbero y'ico cyumviro, n'ibiki vyokorwa mu guteza imbere ubudandaji? Uwitwa Van Cauwembert⁴ yanditse avuga ati: "Ibihaze mu mwuga w'ubudandaji, hamwe n'uburyo umunyagihugu yironderera

3. Uwu mwanditsi bavuga aha, ni umuhinga w'ivy'indimi Albert Dauzat; hambavu y'ubushakashatsi yakora bujanye n'amazina y'abantu n'ay'imisozi mu gihugu c'Ubufaransa mu gice ca mbere c'ikinjana ca mirongo ibiri, yarakurikiranye n'ivyerekeye ingene abanyagihugu babayeho mu bihugu vya Buraya.

4. Izina ry'uwu mwanditsi avugwa aha, rishobora kuba ritandikwa uko nitwashoboye kumenya neza uwo ari we. Ashobora kuba ari uwitwa Van Cauwenberghe maze mu vyo yakozwe hakaba harimwo ivyagize akamaro mu nyigisho Rwagasore yatonse kandi agashima i Astrida, canke muri Inutom i Anvers (raba mu rwandiko inomero 1).

Tout va vite aujourd'hui. Tel un fleuve entraîné par son courant, la nation murundi veut continuer, sans s'arrêter sur la route dans laquelle elle est engagée. Nous devons nous en réjouir car ces hommes et ces femmes qui paraissent dormir sur le flanc de nos collines ont compris que la marche d'un pays est longue et fatigante et ne peut permettre aux meilleurs d'entre eux de perdre courage.

Et pourtant avec le feu Nduwumwe c'est une page qui se tourne, c'est une histoire qui finit, c'est une autre qui commence.

Dans ce pays où l'agriculteur et l'éleveur se disputent des terres qui deviennent de plus en plus étroites, il faudrait promouvoir les collectivités rurales, créer un esprit de communauté paysanne, de coopération. Comme le dit si bien Dauzat³ : "Bien entendu, un tel genre de vie comporte des inconvénients d'ordre intellectuel et moral ; horizon étroit comme celui qui borne la vue : c'est à l'éducateur de le corriger en ouvrant autour du clocher les perspectives plus vastes de la nation, de la patrie, avec toutes les grandes idées qu'elle évoque."

Ensuite, ne pas oublier cette classe moyenne, montante, inévitable, jeune, saine et laborieuse, sans laquelle notre société est corps sans squelette, car c'est d'elle que sortira l'élite de demain ; une élite qui aura grand avenir au prix de l'effort quotidien, de la discipline individuelle et de l'intelligence créatrice.

Il y a aussi des problèmes primordiaux comme celui, vital, de l'économie où il faudrait promouvoir la condition de l'individu, le bien-être de la commune et du pays tout entier. Cela devrait être dès maintenant l'un de nos premiers soucis car l'indépendance éventuelle d'un pays n'est pas une existence en soi mais elle dépend en grande partie de sa situation économique.

Au fil de cette même idée que ne reste-t-il à faire dans le simple domaine commercial ? C'est Van Cauwembert⁴ qui écrivait : "Les carences dans la pratique commerciale et les méthodes de production de l'indigène, l'insuffisance de son éducation fondamentale, constituent une véritable menace pour la stabilité de son emploi. Elles sont à l'origine de cette

3. L'auteur mentionné est sans doute le linguiste Albert Dauzat qui, en dehors de ses recherches fameuses sur l'onomatistique et les toponymes en France dans la première partie du XX^e siècle, s'est aussi intéressé aux conditions de vie de la paysannerie en Europe.

4. La transcription du nom de cet auteur, qui nous reste inconnu, est probablement incorrecte. Il pourrait s'agir d'un Van Cauwenberghe dont les travaux auraient été utilisés dans les enseignements reçus par Rwagasore soit à Astrida, soit à l'Inutom d'Anvers (voir texte 1).

ibimubeshaho, inyigisho zidakwiye asanganywe, ni vyo bintu bibangamiye ukurama kw'ico cose yokora. Ni na vyo bituma abadandaza n'abanyamyuga benshi ataho bigeza, bakamana umwitwarariko w'icorikesha”.

Ivyo rero birahambaye. Poritike y'indero nk'uko Van Cauwembert yayiyumvira, hamwe n'iterambere ry'ubundi buryo bwofasha abanyagihugu, ni vyo vyogira akamaro gusumba ibindi ivyoza bidusubiza inyuma bogirirwa.

N'ikindi co gukora n'ugushira mu banyagihugu agatima ko gushikana amahunguriro mu gihugu; uguha agaciro umwimbu uva mu vyorowe, mu burovyi, co kimwe n'ivyimbirwa bivuye mu burimyi hamwe n'ubutare. Ni ukuvuga cane cane gufasha abantu babishoboye, kubera umwete n'ubwira bwabo, n'ubwenge bwabo bwo guhingura ibintu aho, kwitaho gusa barya bandi bakora ubuzi na bwo nyene bufitiye akamaro igihugu, ariko uruhara rwabo rutaza imbere mu bizamura igihugu.

Ni co gituma, Muvyeyi wanje, mu kunshinga isheferi imwe mu zigize Uburundi, mwanteye iteka kandi ndizigiye ko igikorwa nzokirangura neza. Ndemeza ko mutantoye kuko ndi umuhungu wanyu. Vyomara iki abantu bagenywe gutwara ngo ni uko ari Abaganwa, Abatutsi canke Abahutu? Igikuru kuri mwebwe ni ikigirira akamaro igihugu, ni abaganwa [*chefs*⁵] nyabo. Ni ukuvuga abaganwa bashoboye ibanga ryo kubaserukira mu ntara bashinzwe, abaganwa bitaho ineza y'abanyagihugu babo, abaganwa bakunda amabanga bashinzwe, abaganwa bitwararika ivyo bajewe imbere y'ukwiyumvira ivyabo bwite; abaganwa bemeye guhagararira ubutungane n'amateka y'abantu bato bato basanzwe ari bo benshi mu gihugu; abatware bubaha abo bakurira kuko na bo nyene mwabahaye ubukuru mukubashinga amabanga atoroshe ariko ngirakamaro.

Mwomenya rero ko nzokwama ndi mu ngabo nkuru zikingiye igihugu c'Uburundi. Ni mwebwe nyene muzobona ico zimaze mu kuziremesha n'ukuzishigikira. Ico ngiye kwitwararika n'uko noba mu baganwa b'akarorero. Sinzokora ndindiriye impembo canke amanuta yo mu mpera z'umwaka. Impembo yanje izoba iterambere, amahoro n'ubuhirwe uko bizoza birasasagara mu banyagihugu munshinze kurongora kuva uno musi.

5. Abatware muri uru rwandiko basigura ko ari « abaganwa » ariko aha si ukuvugako ari abo mu nda y'ingoma k'uko vyokumvikana mu gifaransa, dukurikije insigura zamaze gutangwa imbere vyerekeye amajamba yakoresha ku ntwaro mbirigi mu vy'ugutegeka (urwandiko rwa 5, insiguro ya 1).

incertitude du lendemain que connaissent actuellement de nombreux commerçants et artisans.”

Cette situation est donc grave. Une politique d'éducation, constituée par Monsieur Van Cauwembert et le développement d'autres moyens d'aider [les] artisans indigènes sont de nature à consolider bien plus qu'à mettre à l'épreuve l'équilibre de notre société.

Ne faudrait-il pas aussi initier l'autochtone à l'industrialisation de son pays, à la valorisation des produits animaux, autant que le produit de la pêche, autant que la production agricole et minière ? C'est-à-dire favoriser des hommes capables par leur effort, leur travail et leur intelligence de créer, au lieu de multiplier des pépinières de ces autres, certes utiles pour le fonctionnement des cadres nécessaires à la bonne marche d'une société, mais dont le poids est léger dans la balance des valeurs capables d'élever un peuple.

C'est pourquoi, cher Père, en me confiant une des chefferies de votre pays vous m'avez honoré et j'espère que je mènerai la tâche à bien. Car je suis convaincu que ce n'est pas [...] en tant que votre fils que vous m'avez choisi : que vous importe des Baganwa, des Batutsi et des Bahutu ? Ce qui vous préoccupe c'est ce qui intéresse la nation... Ce sont des chefs⁵. C'est-à-dire, des chefs capables de vous représenter dignement dans les provinces que vous leur confiez, des chefs au service du peuple et de la nation ; des chefs qui aiment leur métier ; des chefs qui pensent d'abord à leurs devoirs avant leurs droits ; des chefs prêts à sauvegarder la justice et le droit des gens des collines, des pauvres et des faibles qui, hélas, constituent encore la majorité de notre population ; des chefs respectant les sous-chefs parce que eux aussi ont reçu de vous une partie de l'autorité et une mission peut-être encore [plus] ingrate et pourtant utile.

Et vous pouvez être assuré que ma place sera parmi vos chevaliers, parmi les piliers de votre pays. A vous de vous rendre compte de leur présence en les encourageant par la confiance. Car mon souci sera d'être un de vos chefs les meilleurs. Non pas que j'attendrai de vous une récompense ou les quelques autres cotations annuelles. Ma seule récompense sera la prospérité, la paix et un peu de bonheur de ceux que vous me confiez aujourd'hui.

5. Les chefs sont traduits dans ce texte par le mot « *abaganwa* », qui n'est donc pas à entendre ici au sens de princes », conformément aux explications déjà données plus haut à propos du vocabulaire colonial du commandement (texte 5, note 1).

Ninaramuka ntiriganye canke ntashoboye kurangura amabanga munshinze, ntimuzokwijiyanze imitima na gato; hari aho muzoshaka kungirira imbabazi kuko ndi umuhungu wanyu; birashoboka. Ariko muramenya ko ndi umuganwa, muheze mwirinde kungirira ikigongwe kuko inzira itujana iyo dutegerezwa kuja ni ndende. Abanyagihugu bafise ishaka ryo kwisununura bakagira iteka n'itekane none ntiboshobora kwemera umutware ataremye, asamara canke yajanjwa. Na mwebwe nyene, mujejwe umutwari munini uremereye none ntimwoyishoboza mudafashijwe n'abatware bazi neza ico bakora, b'imvugakuri kandi barinda.

Hanyuma, turavye ingene iterambere ry'iyi sheferi ryagiye riragenda mu vyerekeye inyifato runtu y'abanyagihugu, ubutunzi, imibano, poritike n'imico n'imigenzo, ingingo nizafatwa, amategeko meza kandi abereye agashingwa ku neza y'abanyagihugu, uruhara rwanje mu gufasha abatwara igihugu ruzoheza ruboneke bimwe bishemeye kandi vy'ukuri. Ndavyemeye ndavyizeye kuko bisanzwe mu mutima wanje.

Abo banyagihugu badukikije, baduhanze amaso, batwizigiye twirinde kubahemukira. Baturabana ukwizigira. Kukaba nkako, nitwaba dushaka kwubaka Uburundi bw'ejo, nitwaba hariho ivyo twifuza gushikako, harageze ko dutegura imishinge nyayo kandi iroranye.

Ahasigaye ni ugukora turora imbere, ata gusubira inyuma; kirazira kwihebura, kugoyagoya canke guhemuka. Iki gihugu ntigikenye; ntikibuze kazozo. Dutegerezwa kuvyemera no gukora ku buryo abantu bose bashimye ko cobabera amavukiro yabo agira kabiri nabo nyene bacemera, bakemera na kazozo kabo n'ak'Uburundi. »

Et si je devenais indigne ou incapable de la tâche que vous me confiez, n'hésitez point : en tant que fils, peut-être vous m'excuserez, mais en tant que chef vous n'aurez pas le droit de me pardonner car le long chemin qui nous conduit vers notre destinée, la volonté de votre peuple de monter vers les sommets plus dignes, plus humains, ne peut vous permettre une faiblesse, une imprudence, une négligence. Car vous sans des hommes décidés, sincères, forts et courageux, vous ne saurez supporter le fardeau – d'autant plus qu'il devient de plus en plus lourd.

Enfin dans l'ensemble de l'évolution de la chefferie sur le plan moral, économique, social, politique et culturel, si les mesures prises, les lois promues sont bonnes, justes et pour l'intérêt de cette population, ma collaboration, ma part d'efforts dans l'équipe tutrice ou nationale sera, je le promets, franche et totale, parce que cela est ma profonde conviction.

Ces frustes paysans qui nous entourent, qui nous regardent naïvement et confiants, ont plus que quiconque droit d'espérer et de croire. En effet si nous voulons bâtir l'Urundi de demain, si nous avons quelques prétentions sans doute légales, nous devons dès maintenant préparer les bases sûres et harmonieuses.

Quant au reste nous allons de l'avant, nous ne pouvons reculer, nous n'avons aucun droit de découragement, ni de faiblesse, ni de lâcheté. Ce pays n'est pas pauvre, il n'est pas sans avenir ; nous devons le croire et faire de sorte que ceux qui l'aiment parce qu'ils l'ont choisi comme deuxième patrie puissent le croire et croire en leur avenir et en celui du Burundi. »

13

**« Ikete umuganwa Rudoviko Rwagasore yandikiye
Bwana Maus »**

La Dépêche du Ruanda-Urundi, n° 429,

Usumbura,

ku wa gatanu, igenekerezo rya 4 Kigarama 1959¹

« Inkuru washikirije mu kinyamakuru *La Dépêche du Ruanda-Urundi* co ku wa 11 Munyonyo 1959² nta we yatangaje, kiretse umunyamahanga canke impumyi ataco itahura muri poritike isanzwe iri mu Ruanda-Urundi kuva imyaka ishika nk'itanu.

Ivyo mwakoze twarabonye ico vyavuyemwo mu gihugu c'Urwanda. Woba ushaka ko mu Burundi bigenda uko nyene kugira ngo unezerwe ?

Ego turazi ko no mu Burundi hariho ikibazo ariko kiri mu bindi bisanzweho, ni kuki urajwe ishingwa no kucita ic'Abatutsi n'Abahutu ?

Ndazi Abahutu – n'Abatutsi – bamaze imyaka itatu basaba ko umwami abatunganiriza ku vyo bapfa n'umuganwa [*chef*]. Ariko rero, n'umwami ntako ari bubigire kuko uwo muganwa akingiwe ikibaba n'intwari, na cane cane umukuru wo muri Reta mbirigi ku mvo tuzi neza.

Urivugira nk'umuntu ataco anezwe ngo Abatutsi isinzi ni bo biharije ibibanza mu buzi? Aha naho nyene uriyibagiza uruhara Ababirigi babifisemwo mu myaka iri hafi ya mirongo itanu bamaze muri kino gihugu; ubu ushima kwivugirako ikosa ari iry'Abatutsi. Umututsi na we nyene : none ko ari we yubakiwe amashure ngo abana bayigemwo bitegurire gushingwa amabanga akomeye mu ntwaro y'igihugu. Woba ubahora ko

1. Uru rwandiko ruri mu rurimi rw'igifaransa muri ico kinyamakuru, mu kibanza cagenewe « Uburenganzira bwo kwishura ». Turarusanga kandi aho rwanditse n'imashini mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 67.

2. Umuganwa Rwagasore ngaha, ashaka kuvuga inkuru yanditswe na Alberto Maus ikaba yasohotse impusha nkeya imbere y'ico gihe; iyo nkuru yavugaga iti « Muganwa, Aprosoma ivuze iti oya! » mu kinyamakuru citwa *La Dépêche du Ruanda-Urundi*, n° 426, yo ku wa 13 (si ku wa 11) Munyonyo 1959. Umukoronzi w'umubirigi yitwa Alberto Maus yarafashije mw'ishingwa ry'ishirahamwe ryo guteza imbere isinzi ry'abantu (Aprosoma), mu 1957, umwe mu migambwe ya mbere yitwa ko ishigikiye abahutu mu Rwanda, wari urongowe na Joseph Gitera wemewe muri Ruhuhuma 1959.

« Lettre adressée à Monsieur Maus
par le prince Louis Rwagasore »

La Dépêche du Ruanda-Urundi, n° 429,
Usumbura,
vendredi 4 décembre 1959¹

« Votre article dans *La Dépêche du Ruanda-Urundi* du 11 novembre 1959² n'étonne personne, sauf un étranger ou un aveugle à la politique qui se mène au Ruanda-Urundi depuis quelques cinq ans.

Votre "œuvre" a porté ses fruits au Ruanda... Faut-il que le Burundi y passe pour que vous soyez entièrement satisfait ?

Sans doute au Burundi existe-t-il aussi un problème, parmi tant d'autres, mais pourquoi vouloir s'acharner à lui donner l'étiquette "Tutsi-Hutu" ?

Je connais des Hutu – et des Tutsi – qui réclament depuis trois ans justice au *mwami* contre un chef. Hélas, même le *mwami* n'y peut rien parce que ce chef semble être protégé par l'administration, ou plutôt par une autorité de l'administration tutélaire – pour des motifs que nous connaissons parfaitement.

Vous parlez, Monsieur, presque comme un irresponsable des innombrables Tutsi monopolisant toutes les places dans tous les postes : là encore vous préférez ignorer l'œuvre belge pendant près de cinquante ans dans ce pays ; mais maintenant et comme par hasard, la faute en incombe aux "Tutsi". Pauvre Tutsi : c'est pourtant pour ses enfants qu'on avait créé des écoles spéciales les destinant à remplir des fonctions

1. Texte publié en français, dans la rubrique « Droit de réponse » du périodique. Également disponible sous forme dactylographiée aux AAB, dossier BUR 67.

2. Le prince Rwagasore fait ici référence à un article signé par Albert Maus et publié quelques semaines plus tôt : « Prince, l'Aprosoma dit Non ! », *La Dépêche du Ruanda-Urundi*, n° 426, 13 (et non pas 11) novembre 1959. Le colon belge Albert Maus a contribué à la création, en 1957, de l'Association pour la promotion sociale de la masse (Aprosoma), l'un des premiers partis dits « pro-hutu » au Rwanda, dirigé par Joseph Gitera (agréé en février 1959).

yabagiriye akamaro ko baharonkeye indero n'ubumenyi? Ego nuvuge usubire abo bapfukamyeye mu nda igihugu bashaka kwigungirako vyose kandi babimazemwo imisi kubera ko intwaro yari ikibakeneye. Woba ushaka gukiza iki gihugu? Gikize cose, ariko utabanje kukibibamwo amacakubiri kuko bitagenze uko nta Burundi woba ukunda.

Mbega weho nyene, boba ari bande bakuyoboka mu kigo usanzwemwo? Abahutu canke Abatutsi? Ni vyo ko ni baba abambere bakuyoboka batiziganya, n'abandi bakwitabana ingeso nziza ziteye igomwe zibaranga.

Iyo uvuga ngo Abatutsi bakengera Abahutu ukongera uti Abahutu nabo bifata ruto imbere y'Abatutsi, ku bwawe ikosa ryoba ari irya nde? Iyo ndavyitegereje nsanga Abafalama [« Flamands »] batabuze gutera imbere kubera ukwicura ngo Abawallo [« Wallons »] barabagaya. Ubwo wombarira igituma Abatwa bakengera Abahutu, Abatutsi nabo bagakengera Abaganwa ari bo ba nda z'ingoma?

Ico womenya ni iki, Bwana Maus, muri kino gihugu ikibazo kiriho turakizi: ni ico abantu bato bato n'abafise intege nke, abo nabo nta bwoko bafise. Aho baturuka hose, ari Abahutu, Abatutsi canke Abatwa, bari mu bwoko bw'abantu bato bato, bahanzwe n'ubujuju n'ubukene. Tugerageze guha umwe wese icomugirira neza, uburenganzira bwo kwisununura, kwiteza imbere ata gucagura amoko: aho niho tuzoba dufise ico tumariye Uburundi. Ku bisigaye, jewe ndazi ikibazo c'Abatutsi, Abahutu n'Abaganwa bo mu Burundi gusumvywa wewe, ndakumenyesheje ko abo bose barenganywa hazogera igihe bakiganzura intwaro izobima ivyo bafitiye uburenganzira; amahirwe ayandi makungu yo kw'isi afise: intwaro bene iyo bitebe bitebuke irahava, ni nako vyama bigenda ntakibuza.

None rero, Bwana, teshwa ute! Ivyashitse mu Ruanda ntituramenya ukuri kwose kuvyerekeye³, kwoba ari ukujujuta n'ukwihenda tuvuze ngo twaramaze kubimenya vyose. Mu mashure yanyu, baratwigishije kahise ka poritike y'ibihugu vyo kw'isi kandi kuva isi yaremwa, ivyama bishika bigenda birisubiriza; nta gishasha rero, nta gitangaje, kuko nk'uko umwibutsa w'iwacu ubivuga: "ukuri guca mu ziko ntigusha".

3. Ngaha Rwagasore ashaka kuvuga ivyashitse mu Rwanda bita « Toussaint rwandaise » (Umusi mukuru w'Abatakatifu bose w'i Rwanda) vyabaye ari ku wa mbere Munyonyo 1959, ari na vyo vyavuyemwo, amaraso abanje guseseka, ikurwa ry'intwaro y'abatutsi muri ico gihugu (muri Nzero 1961, umwaka umwe gusa imbere y'ukwikukira, intwaro ya cami irakomborwa, Repuburika iremezwa icese).

administratives supérieures. Leur reprochez-vous d'en avoir fait usage et de s'être laissé éduquer ? Parlez donc lourdement de quelques seigneurs féodaux qui voudraient garder leurs privilèges et qui les ont d'ailleurs gardés parce que l'Administration avait besoin d'eux. Voulez-vous sauver ce pays ? Sauvez-le tout entier, mais n'essayez pas de le diviser parce qu'alors ce n'est pas le Burundi que vous aurez aimé.

Et vous-même, qui sont vos serviteurs dans votre presbytère ? Des Hutu ou des Tutsi ? Il est vrai que si les premiers sont sans doute d'une fidélité naïve, les derniers s'attachent parfois par des vertus moins qualifiables.

Quant au fait que les Tutsi méprisent les Hutu et que ces derniers ont un complexe d'infériorité envers les Tutsi, est-ce la faute à quelqu'un ? Je constate pour ma part que les Flamands ont progressé malgré le mépris que leur portaient les Wallons. Pouvez-vous me dire pourquoi les Twa méprisent les Hutus, et les Tutsi les Ganwa, c'est-à-dire les princes ?

Une chose est certaine, Monsieur Maus, il existe un problème dans le pays : celui des petits et des faibles, et ceux-là n'ont pas de race. Qu'ils soient nobles d'origine, Hutu, Tutsi ou Twa, ils sont avant tout de la race des prolétaires, des ignorants et des pauvres gens. Donnons à tous une chance, un droit à s'élever, à s'émanciper, sans distinction de race : ainsi nous aurons mérité du Burundi. Pour le reste je connais mieux le problème tutsi, hutu, ganwa du Burundi que vous, je peux vous assurer que les victimes des injustices sauront s'imposer contre tout régime qui leur refuserait des droits essentiels, les chances qu'ont d'autres nations du monde : tel régime disparaîtrait, c'est dans la marche de l'histoire.

Non, Monsieur, l'histoire ne nous a pas encore révélé un son véridique sur les événements du Ruanda³, il serait stupide et imprudent de vouloir conclure dès maintenant. Nous avons appris dans vos écoles l'histoire politique de tous les pays du monde et depuis que le monde est, les événements ne font que se répéter, il n'y a rien de nouveau par conséquent, rien d'étonnant, car comme le dit un proverbe de chez nous "la vérité passe par le feu et en sort".

3. Rwagasore fait référence aux événements de la « Toussaint rwandaïse », qui avaient éclaté le 1^{er} novembre 1959 et qui aboutirent, dans la violence, au renversement de la domination politique tutsi sur ce pays (en janvier 1961, soit plus d'un an avant l'indépendance, la monarchie y fut abolie et la République proclamée).

Mu kurindira rero, Bwana Maus, girira ikigongwe Uburundi, bwaguhaye indaro nk'uko uvyivugira. Maze wewe kimwe n'abandi bameze nka we, mwirinde gukina mu bigoye. Twebwe Abarundi, turindiriyeye ko umwami wacu aganuka⁴, turizigiye ko ubuhirwe, iterambere, ubutungane n'ukwishira n'ukwizana bigiye kudasaga.

Sigaho rero, Bwana Maus, ivyashikiye Urwanda ntawuravyibagira ari co gituma Uburundi ntibwoba kurya k'umusore atamarira vya cane amaso y'uwo areheje... Abigeze kubana ni nabo bashobora gukundana no kwankana!

Umuganwa Rudoviko Rwagasore. »

4. Kuva kw'igenekerezo rya 7 Munyonyo gushika irya 7 Kigarama 1959, umwami Mwambutsa yari mu Bubirigi aho yari yatumiwe n'umwami w'Ababirigi Baudouin mugihe Reta y'Ububirigi yari iramutse ishikiriza iryo igona kuri kazoza ka poritike muri Ruanda-Urundi, hari kw'igenekerezo rya 10 Munyonyo 1959 (Harroy J.-P., 1987, p. 340-352). Iryo tangazo rya Reta (« Déclaration gouvernementale ») ryahuriranye n'uko ibintu bikomeye mu Rwanda mu gihe ca « révolution sociale », ryerekana intumbero nkuru nkuru z'ibigiye guhinduka mu bihugu bitwarwa n'Ububirigi mu nzira yo kuhazana demokarasi n'uguha ikibanza nyaco abirabure mu vy'intwaro. Izo ngingo zarasubiwemwo mw'Itegeko ry'imfatakibanza (« Décret intérimaire ») ryo ku wa 25 Nzero 1960 ari ryo ryabaye ifatiro ry'ibindi vyagiye birahinduka kugira Uburundi n'Urwanda bive mu bukoroni.

En attendant, cher Monsieur Maus, ayez pitié du Burundi qui vous a bien accueilli comme vous le dites, mais vous comme les autres évitez de mettre le doigt entre l'écorce et l'arbre. Nous attendons, nous les Burundi, le retour de notre souverain⁴ [et nous espérons] un peu de bonheur, de prospérité, de justice et de droit.

Non, Monsieur Maus, les événements du Ruanda sont trop récents pour que le Burundi tel un jeune homme ne soit ébloui uniquement par les yeux de la fiancée... Il faut avoir vécu ensemble pour aimer et pour se haïr!

Le Prince Louis Rwagasore. »

4. Du 7 novembre au 7 décembre 1959 le *mwami* Mwambutsa se trouvait en Belgique, où il avait été invité par le Roi des Belges Baudouin à assister à l'énoncé de la Déclaration gouvernementale sur l'avenir politique du Ruanda-Urundi, le 10 novembre 1959 (Harroy J.-P., 1987, p. 340-352). Cette déclaration qui intervenait dans le contexte tendu de la « révolution sociale » au Rwanda, traçait les grandes lignes des réformes envisagées pour le Territoire sous Tutelle dans l'optique de sa démocratisation et de l'africanisation de son administration. Ces principes furent repris dans le Décret intérimaire du 25 janvier 1960 qui a constitué le cadre légal de la plupart des réformes de la décolonisation au Burundi et au Rwanda.

14

« Hanyuma y'Urwanda... Uburundi ! »

La Dépêche du Ruanda-Urundi, n° 431,
Usumbura,
ku wa gatanu, igenkerezo rya 18 Kigarama 1959¹

« Mu Burundi, abanyagihugu mbere n'abanyaburaya bahatse indaro barindiranye umunezero nta ngere n'ivyizigiro vyinshi igaruka ry'umwami Mwambutsa². »

Nta nkeka ko ubwenge n'ubwitonzi biranga umwami hamwe n'umutima urondera ineza tubona mu Burundi, ari ibimenyetso vy'amahoro na kazoza gatekanye muri poritike y'igihugu. Ariko rero, n'aho biri uko, ntawobura amakenga kuko nk'uko Urwanda rwari rumeze haraciye imyaka itatu, turabona ibimenyetso bisa n'ivy'ico gihe, muri poritike y'Uburundi. Twasubiye kubona ababigizemwo uruhara.

Inyuma y'imyaka ibiri ihaciye ruri mu vya poritike yo hagati mu gihugu, Urwanda rwaraye ruhatswe kugwa mw'isanganya kandi ivyashitse bishobora kuba ari intango y'ingorane za poritike ata n'umwe azizi neza, n'aho yoba ari mu bazi ko ari incabwenge.

Hariho ibintu bigaragara, birandura umutima kandi bitangaje biriko biraba mu Ruanda; ariko inkuru zishikirizwa si iz'ukuri namba. Ibiba biba tubona atako turi bugire, turi ngaho canke ataco tubibonamwo.

Turibagira ariko ko ivyabaye mu Ruanda ataho biraja none turisamaza.

Uburundi burarindiriye ata gakoma ariko bufise n'amakenga menshi. Nkako, inyuma y'ivyabaye mu Ruanda, hariho umuzungu yitwa Maus ubu aramaze gushika mu Burundi; ivyo akora ni bimwe, amajambo avuga ni amwe, aguma akwira Uburundi, agenda agumura, yosha abantu, abasivya imitima.

1. Uru rwandiko ruri mu rurimi rw'igifaransa, turarusanga kandi rwanditswe n'imashini mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 42.

2. Raba ku kajambo k'insiguro kagira 4 mu rwandiko ruri imbere inomeru 13.

« Après le Ruanda... Le Burundi ! »

La Dépêche du Ruanda-Urundi, n° 431,

Usumbura,

vendredi 18 décembre 1959¹

« C'est non seulement avec une joie immense mais aussi avec beaucoup d'espoir que le Burundi tant autochtone qu'européen attendait le retour du *mwami* Mwambutsa².

Sans doute la sagesse du *mwami* et l'esprit positif du Burundi restent une garantie de paix et d'avenir politique stable. Hélas, malgré la bonne volonté, le danger reste grand car comme au Ruanda d'il y a trois ans, nous vivons aujourd'hui les mêmes épisodes sur la scène politique du Burundi, nous revoyons les mêmes acteurs.

Après deux ans de vie politique interne, le Ruanda vient d'effleurer une catastrophe et ceci n'est sans doute qu'un commencement des surprises politiques que personne, même ceux qui se croient les plus avisés, n'est capable de prévoir.

Des faits tangibles plus écœurants qu'étonnants se passent au Ruanda, l'opinion publique est faussée. Et nous assistons aux déroulements des événements impuissants, lâches ou inconscients.

Cependant nous oublions que l'histoire du Ruanda n'a pas encore dit son dernier mot et déjà nous nous berçons d'illusions.

Quant à l'Urundi, il attend avec une grande patience mais aussi avec une grande inquiétude. Car après la scène ruandaise, un certain Monsieur Maus se retrouve sur la scène urundaise ; avec les mêmes faits, les mêmes mots, parcourant le Burundi, excitant, suggérant, intrigant.

1. Texte publié en français, également disponible sous forme dactylographiée aux AAB, dossier BUR 42.

2. Voir note 4 du texte précédent n° 13.

Ubu sinkeneye ko duhangana na Maus; niyabishaka tuzobitorera igihe, twicare hamwe mbere dufise n'ivyabona! Ubu ngomba ngarukire kuri ibi bibazo nibaza vyonyene :

1) Ni kuki Maus yashinze Aprosoma³ haciye imyaka ibiri, uwu musi ashinze "Umugambwe w'Abarundi basanzwe" ["Parti du Peuple⁴"], aguma yibera aho ata nkomanzi kandi tuzi Bwana Lambert canke Poelaert birukanywe mu Ruanda⁵ ubutarariye bagirizwa impanuro boheje Unar⁶?

2) Ni kuki Reta mbirigi yemerera umunyamahanga kwisuka mu vya poritike mu Burundi?

3) Mbega igisata kijejwe ukugendereza mu gihugu coba kiriko gikora iki?

4) Hamwe ata ngingo nimwe yofatirwa Bwana Maus, twohava twibaza ko ivyo akora bishigikiwe canke bikingiwe ikibaba na Reta?

5) None muri ico gihe, Reta mbirigi yoheza ikemera kwemanga amabi yose azoshikira igihugu n'abakibamwo, aturutse ku marorerwa Maus akora?

Ivyo ari vyo vyose, imbere y'uko ivyo bibazo bironka inyishu, ndiyemeje nshimitse kandi ntakekerezwa na gatoyi ko igihugu c'Uburundi kitazogwa mu mutego nk'uwatezwe Urwanda.

3. Ku vyerekeye ishira hamwe ryo guteza imbere abaturagi (Ruanda), rabira ku kajamba k'insiguro kagira 2 mu rwandiko rugira 13.

4. Umugambwe w'Abarundi basanzwe (PP, « Parti du peuple »), wariko urashingwa mu gihe Rwagasore yandika iri jambo, wahavuye wemererwa kw'igenekerezo ryo ku wa 4 Ruhuhuma 1960. Wari urongowe n'uwitwaga Yohakimu Baribwagure; Alberto Maus ni we yatowe ngo awubere « umuhanuzi » muri komite yawo (AAB, idosiye BUR 64). Baragereranya kenshi ishira hamwe ryo guteza imbere abanyagihugu ryari mu Rwanda (Aprosoma) n'umugambwe PP w'i Burundi babikuye ku ruhara Alberto Maus yari afise mw'ishingwa ryawo no mu bikorwa yakora. Mu vy'ukuri, uravye mu mpande z'imibano na poritike, ibintu ntivyari co kimwe muri ivyo bihugu; ico vyahurirako catumwaga n'inyifato y'umukoronzi yitwaga Maus, yavugaga atarya umunwa ko ashigikiye abahutu « pro-hutu » ariko indongozi z'umugambwe PP mu Burundi bonyene bakigizayo ico cyumviro gishingiye ku moko, gushika mu mpera z'umwaka wa 1961 (rabira mu vyanditswe biri mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 64; Lemarchand R., 1970, p. 345).

5. Mu gihe c'ivyabaye mu gihugu c'Urwanda bise « révolution sociale hutu », abo bakoronzi babiri barirukanywe mu Rwanda, bishinzwe na Rezida w'umusirikare Guy Logiest, kuva kw'igenekerezo ryo ku wa 18 Munyonyo 1959. Bagirizwa ko bari kumwe n'intwara ya cami, kandi ko bashigikiye abatutsi, ivyo navyo bikaboneka ko bifise ico vyononona mu vya poritike no mu mibano (Raporo yama itangwa n'ubuzi bujewe iperereza, Usumbura, igice c'amezi atatu ya nyuma y'umwaka wa 1959), tuyisanga mu bushinguro bw'ivya kera AAB, microfilm MF 17).

6. Ishira hamwe ry'Abanyarwanda (Union nationale rwandaise, *Ishyamba ry'Abashyirahamwe* mu kinyarwanda) wemewe kw'igenekerezo ryo ku wa 3 Nyakanga 1959. Wari umugambwe urwanya intwara ya gikoroni ukarondera ukwikukira, witeirirwa abatutsi muri ico gihe c'ivyashitse mu Rwanda ku wa mbere Munyonyo 1959 yiswe « la Toussaint rwandaise » (Harroy J.-P., 1984, p. 290).

Je ne veux ici ouvrir une polémique avec Monsieur Maus ; s'il le veut, nous nous retrouverons, autour d'une table ronde entourés de témoins ! Je me contente pour l'instant de poser simplement quelques questions :

1) Pourquoi Monsieur Maus le fondateur il y a deux ans de l'Aprosoma³ et aujourd'hui en Urundi du "Parti du Peuple"⁴ vit-il tranquille, alors que les gens comme Monsieur Lambert ou Poelaert ont été expulsés du Ruanda⁵ parce qu'ils ont prodigué leurs conseils à l'Unar⁶ ?

2) Pourquoi l'Administration tutélaire autorise un étranger à faire de l'agitation politique au Burundi ?

3) Quel est le rôle du service de la Sûreté dans le pays ?

4) Si aucune mesure n'est prise contre Monsieur Maus, faudra-t-il en inférer que son action bénéficie de l'appui ou tout le moins de l'approbation morale du gouvernement ?

5) Dans ce cas le gouvernement tutélaire acceptera-t-il d'être responsable des conséquences néfastes pour le pays et ses habitants, des entreprises de Monsieur Maus ?

De toute façon avant qu'une réponse soit donnée à ces questions, je peux affirmer avec la force et la foi d'un homme convaincu que le Burundi ne tombera pas dans le même piège que celui qui a été tendu au Ruanda.

3. Association pour la promotion sociale de la masse (Ruanda). Voir note 2 du texte précédent n° 13.

4. Le Parti du peuple (PP), en voie de constitution au moment où Rwagasore rédigeait cet article, a été agréé le 4 février 1960. Joachim Baribwagure en était le président ; Albert Maus était identifié comme « conseiller » dans son comité (AAB, dossier BUR 64). On a souvent comparé l'Aprosoma rwandaise et le PP burundais en fonction de l'action d'Albert Maus dans leur mise sur pieds et leurs activités. En réalité, les situations sociopolitiques dans les deux pays n'étant pas jumelles, ces formations n'avaient d'air de famille que celui de la militance du colon Maus, qui se disait ouvertement « pro-hutu » quand les leaders burundais du PP eux-mêmes écartaient, au moins jusqu'à la fin 1961, cette option ethnique (voir la documentation conservée aux AAB, dossier BUR 64 ; Lemarchand R., 1970, p. 345).

5. En pleine « révolution sociale hutu », ces deux colons ont fait l'objet d'une interdiction de séjour au Rwanda, décidée par le Résident militaire Guy Logiest, à partir du 18 novembre 1959. Proches des milieux monarchistes, leur attitude « pro-tutsi » était considérée comme « politiquement et moralement nuisible » (Rapport périodique de la Sûreté, Usumbura, 4^e trimestre 1959, disponible aux AAB, microfilm MF 17).

6. L'Union nationale rwandaise (*Ishyamba ry'Abashyirahamwe* en kinyarwanda) a été agréée le 3 septembre 1959. Il s'agissait d'un parti anticolonialiste et indépendantiste classé comme radical tutsi dans le contexte violent de la Toussaint rwandaise (Harroy J.-P., 1984, p. 290).

– Ko Uburundi bumaze kuja mu nzira ya demokarasi kandi bwiyemeje kuyibandanya.

– Ko atacobuza ko turonka Reta yishingira ivyayo ari na yo yodufasha gutegura ukwikukira nyakuri.

– Ko hamwe botwankira ukwishira tukizana bitwaza ngo barondera ko igihugu kiguma mu ngendo ya demokarasi, twoca dusaba ko i Usumbura mu Burundi harungikwa intumwa za wa murwi w'ishirahamwe mpuzamakungu uraba ibihugu bitarikukira kugira ngo ucungera ibiriko biraba maze utange raporo muri Onu.

– Ko muri uko kwishira tukizana, tuzobifashwamwo n'abazungu b'abanyaburaya hamwe n'ababirigi basanzwe mu ntwaro y'ubu ariko bahawe akazi kubera ubushobozi bwabo n'umutima basanganywe; twizigiye cane cane Abanyaburaya canke Ababirigi biyumvamwo iki gihugu ko ari amavukiro yabo ya kabiri, ni ukuvuga bene barya basanzwe bitwa Abakoroni.

– Ko ibisigaye vyose ari amacakubiri n'ugusambura igikorwa Ababirigi bakoze hafi y'imyaka mirongo itanu.

– Icanyuma ni uko ingoma y'Uburundi itimirije kwisambura yo nyene. Niyaba iy'Ubufaransa canke iya Farouk yarazimanganye⁷, vyavuye ku makosa yabo, kuko ntibashoboye gutegera iyo abanyagihugu bava n'iyu baja, ibigize inyungu n'uburenganzira bwabo, n'inzira nyayo nko gukomeza ingendo ya demokarasi mu nzego za Reta n'abakozi bayo.

Ububirigi bwagerageje bwo nyene kurondera inyishu z'ibibazo vyinshi bihanze igihugu; poritike yabwo yonyene ni yo bwashimye gukurikira; inyuma y'imyaka 50 bamaze, ntibaze bagerageze kuremeka ku mutwe w'abategetsi kavukire, inkurikizi z'amakosa umuyoro bamaze hafi y'ica kabiri c'ikinjana bakora. Ariko rero, ubwo Bubirigi twobubwira tuti: "n'ubu ntakirapfa". Kuko abantu baba muri kino gihugu barangwa n'ishaka ritagira uko ringana.

7. Ngaha, yashatse kuvuga Revolisiyo izwi cane yabaye mu gihugu c'Ubufaransa mu 1789 n'ikombarwa ry'umwami Farouk I mu gihugu ca Misiri muri Mukakaro 1952 (igihe c'ishingwa rya Repuburika ya Misiri muri Ruheshi 1953).

– Que le Burundi ayant suivi la voie démocratique est décidé à la poursuivre.

– Que rien ne peut nous refuser un gouvernement autonome, lequel nous permettra de nous préparer à une véritable indépendance.

– Que si on nous refusait une large autonomie soi-disant pour sauvegarder dans le pays des principes démocratiques... nous proposerions alors qu'une délégation de la Commission de Tutelle des Nations unies s'installe au Burundi (à Usumbura) pour surveiller et donner rapport à l'Onu.

– Que dans cette autonomie nous comptons entièrement sur l'aide des Européens et des Belges de l'administration actuelle qui auront été évidemment sélectionnés d'après leur compétence ou par leur cœur; nous comptons surtout sur les Européens ou les Belges qui ont choisi de corps et d'âme ce pays comme leur deuxième patrie, c'est-à-dire ceux que l'on appelle habituellement colons.

– Que tout le reste est division et destruction de l'œuvre belge de près de 50 ans.

– Enfin que la dynastie murundi n'est pas près de se détruire elle-même; car si celle de France ou de Farouk a disparu⁷, ce fut de leur propre faute, parce qu'elles n'ont pas su comprendre ce qu'est l'évolution d'un peuple, ce que sont les intérêts et les droits essentiels du peuple, ce qu'est la démocratisation des institutions et des cadres.

La Belgique a essayé seule de solutionner les multiples problèmes de ce pays, elle a voulu suivre sa seule politique dans le pays; il ne faudra pas qu'après 50 ans elle veuille faire supporter par les autorités coutumières les conséquences de nombreuses erreurs commises et qui se sont accumulées durant près d'un demi-siècle. Mais à cette Belgique nous disons "rien n'est encore perdu". Car une immense bonne volonté anime les hommes de ce pays.

7. Allusion à la Révolution française de 1789 et au renversement du roi Farouk 1^{er} d'Égypte en juillet 1952 (proclamation de la République égyptienne en juin 1953).

Na yo ivyerekeye Bwana Maus, turamwiyamirije ubwa nyuma nateshwe ate; turindiriye ibikorwa Reta izokora bijanye n'ivyo twifuza; turizigiye ingingo umwami w'Uburundi azofata kugira ngo ukutumvikana, ukudasenyera ku mugozi umwe, ugushaka guke, bihere mu gihugu. Mu kubirindira ntidusamaye....

Ariko rero ukwihangana kw'Abarundi kandi babona ibiriko birabashikira, babona iyo bava n'iyi baja, kurafise aho kugarukira kuko ari abantu nk'abandi.

Umuganwa R. Rwagasore. »

Quant à Monsieur Maus nous disons pour la dernière fois Non, et dans l'attente des réalisations favorables du gouvernement à nos profonds souhaits ; nous avons espoir dans l'initiative que va prendre le *mwami* du Burundi pour dissiper tant de malentendus, tant d'incompréhension, tant de mauvaises volontés et tout en refusant d'être des dupes... nous attendons.

Mais la grande patience du peuple murundi face à tant d'événements, face à l'histoire, a une fin car elle est humaine.

Prince L. Rwagasore. »

15

« Uburundi bwahisemwo revorisiyo y'ukuri »

La Dépêche du Ruanda-Urundi, n° 434,

Usumbura,

ku wa gatanu, igenekerezo rya 8 Nzero 1960¹

« Mu gihe mu Ruanda abantu bene gusangira igihugu babandanya bankana, mu Burundi bashira inguvu hamwe kugira ngo bavire hasi rimwe barondera icokiza igihugu.

Abarundi biteguriye kwakira ibigiye guhinduka mu vya poritike bizobacira inzira ya kazoza bari mu mutekano no mu mahoro.

Mu mezi ari hafi y'atatu, Abarundi bose bazokwitaba amatora², tuzoba twaronse umwanya ukwiye wo kubaha impanuro zobafasha kwitorera abazobaserukira nyabo bazoshikiriza ivyo biyumvira, abagabo koko bashoboye guharanira inyungu z'Uburundi n'Abarundi; ariko nta na rimwe tuzokwigerira tubabwira ngo tora Abatutsi kuko ari Abatutsi, canke Abahutu kuko ari Abahutu!

Ndi kubiri n'abibaza y'uko bashobora kubuza abanyagihugu guserura iryo bagona kuko mbere nta n'imisi ihaciye mperutse kwandika nshikiriza ko Abanyagihugu baviriye hasi rimwe ari kurya kw'amazi y'uruzi atawushobora kuyabuza inzira³... Sinyobewe ko Abarundi dushobora gufatanya inzira turi kumwe, canke tutari kumwe canke bari mu nzira ihushanye n'iyacu; kubera ivyo, muvuyo ntegera no mu vyo ndangura, sinshobora guca kubiri n'ugutera imbere kw'abanyagihugu bato bato; abo na bo rero kuri jewe si Abatutsi, si Abahutu, ni Abarundi gusa. Ndabivuze ntarya umunwa ko uwo wese atoba aratahura ishaka ryo gushigikira inzira y'amajambere y'ukuri Uburundi burimwo, inzira y'amahoro, yoteshwa agata.

1. Uru rwandiko ruri mu rurimi rw'igifaransa na rwo nyene turusanga mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 6.

2. Rwagasore ng'aha avuga ikirangamisi c'amatora kitubahirijwe: amatora yo mu makomine yabaye mu mpera z'umwaka wa 1960, na yo amatora y'abashingamateka aba muri Nyakanga 1961.

3. Bifatiye kw'ijambo yashikirije igihe yashingwa amabanga yo kurongora isheferi ya Buyenzi y'amaja epfo ari mwi Rango, muri Ruhuhuma 1959 (raba ibiri imbere, mu rwandiko rwa 12).

« Le Burundi a choisi une vraie révolution ! »

La Dépêche du Ruanda-Urundi, n° 434,
Usumbura,
vendredi 8 janvier 1960¹

« Cependant qu'au Ruanda des gens de même peuple continuent à se haïr, le Burundi rassemble toutes ses forces pour partir du bon pied vers sa destinée.

C'est dans le calme et la paix que les Barundi vont accueillir les nouvelles réformes politiques qui seront déterminantes pour eux.

Dans trois mois à peu près les Barundi iront tous aux urnes² et nous aurons eu le temps nécessaire de les conseiller afin qu'ils élisent des représentants réels de leurs opinions, des hommes capables de lutter pour les intérêts de la nation, du peuple murundi ; mais jamais nous ne leur dirons d'élire des Tutsi parce que Tutsi ou des Hutu parce que Hutu !

Je suis loin de ceux qui croient que l'on peut mater un peuple en marche car j'écrivais il n'y a pas longtemps qu'un peuple tel les eaux d'un fleuve ne peut s'arrêter au cours de sa route³... Je n'ignore point que le peuple murundi marchera avec nous, sans nous, ou contre nous ; en conséquence dans mon esprit comme dans mes actes je suis loin d'être contre l'émancipation de la masse populaire ; seulement pour moi cette masse n'est ni tutsi ni hutu : elle est murundi. Et j'ose proclamer haut que quiconque ne veut pas comprendre et participer à la révolution véritable murundi, révolution sans doute pacifique, disparaisse.

1. Texte publié en français, également disponible aux AAB, dossier BUR 6.

2. Rwagasore évoque ici un calendrier électoral qui ne fut pas respecté : les élections communales eurent lieu à la fin de l'année 1960, et les législatives en septembre 1961.

3. Référence à son discours d'investiture comme chef à Rango, en février 1959 (voir plus haut, texte 12).

Ku bwanje rero, ndabisubiyemwo, si ndi mu murongo w'abidohora ngo n'uko hageze ibihe bigoye mu buzima bw'igihugu... Nzoba mu murongo w'abahanira kubaka igihugu, kukironsa ukubaho kwiza, na vyo si ivy'Abatutsi, si n'ivy'Abahutu, kazoza kazima kandi keza k'igihugu ni ak'Abarundi bose. Nawe umuzungu Maus, igituma ndamwamiriyeye kure, si uko aharanira ukwishira n'ukwizana kw'abacinyijwe nk'uko avyivugira, aho ho na jewe twobaye turi mu murwi umwe – ndamwamirira kure kuko atakwiye kwisuka mu vya poritike y'Uburundi kandi ari umunyamahanga. Bitari uko, ni kuki tutoreka abakomunista ngo bisuke mu vy'Uburundi ko nabo nyene bavuga ko barwanira agateka k'abacinyijwe? Na Aprosoma ico kintu ntiyagitegereye, nk'uko twabibonye mu kinyamakuru co mw'indwi ishize⁴, Maus ni umunyamabanga none turamwiyamirije nasigeho n'aho tuzi aho abajewe ibiro vy'ukugendereza bahagaze kuri ico kibazo ariko intumbero yanje mu vyo mperutse kwandika mu binyamakuru ntiyari iyo kugira ico ntegetse urwo rwego rwa Reta, ico nashaka kwari ukumenyeshya aho jewe mpagaze.

Ni co gituma ntigeze nisuka mu migenderanire ya Maus na Aprosoma ; no mu Burundi iwacu turashobora twebwe nyene kwitunganiriza inzira ya *revolisio* yotubera *vy'ukuri inzira y'iterambere* ku Bahutu no ku Batutsi. Kubera ko mbonye urwandiko rwa Aprosoma nasanze rufata abantu nk'abana, mfashe icemezo c'ukugabisha Maus hamwe n'abandi... Maze turabe uwo Abarundi bazoyoboka hagati ya *revolisio* nyayo, ibubakira canke *Revolisio* isambura, ni ukuvuga iri mu nzira itari yo! Nkako, no mu Ruanda nyene, ivyabaye nibaza ko atawovyita *revolisio*, bwabaye ubwicanyi, uguturira n'ugusahura vyagirwa n'abantu batari bazi igituma babigira n'uwabibatumye.

Noneho mu Burundi turamaze gufata inzira idushitsa kuri *revolisio* y'ukuri – ejo amatora niyarangira, umwami w'Uburundi azovumera kumwe kwa Cyrus⁵ aho yagira ati: “ndi umwami w'ibihugu birimwo amoko menshi... Ninjije i Babiloni ntasheshe amaraso, ntasahuye, ntishe kandi bose *nabasasagajemwo umutekano n'akanyamuneza*.”

4. Bifatiye ku rwandiko rwashizweko umukono na « Aprosoma » rwanditswe mu binyamakuru *La Dépêche du Ruanda-Urundi*, n° 433, co kw'igenekerezo rya 1 Nzero 1960. Urwo rwandiko rwerekeye inyishu ku vyo Rwagasore yari yashikirije muri ico kinyamakuru nyene kw'igenekerezo ryo ku wa 18 Kigarama 1959 (raba urwandiko ruri imbere, inomeru 14). Alberto Maus yaraburanirwa kandi n'uruhara rwiwe muri poritike y'Ururwanda bakaruhakana. Uru rwandiko rwahamagarira Abarundi kugumuka ngo bakurikire akarorero ka *revolisio* y'Abahutu b'ababany.

5. Uwo avugwa ni Cyrus le Grand, umwami wo muri Perse, yari yigaruriye Babiloni ata maraso asesetse mu kinjana ca gatandatu imbere y'ivuka ya Yezu Kristu. Aya majamba asubiwe mw'ubwami ng'aha ajanye n'ivyo uwo mwami yashikirije ico gihe. Amajamba yavuze yanditswe mw'ubwami ryatowe i Babiloni mu 1879. Uwo mwami azwi ko yarangwa n'ubwitonzi mu ntara y'uburasirazuba.

Et pour ma part je le répète, je ne suis pas de ceux qui démissionnent devant les tournants de l'histoire... Je serai de ceux qui la construisent et cette histoire là ne sera ni tutsi ni hutu, mais bien l'histoire riche et glorieuse du peuple murundi. Quant à Maus si je lui dis encore Non, ce n'est pas parce qu'il est pour l'émancipation des déshérités comme il les appelle, sinon je serais de son club – mais parce qu'en tant qu'étranger il n'a pas à s'occuper de la politique du Burundi. Dans le cas contraire, pourquoi ne laisserait-on pas des agents communistes opérer au Burundi au nom de l'émancipation des déshérités eux aussi ? Une chose que l'Aprosoma n'a pas saisi dans son article de la semaine passée⁴, c'est que Maus étant étranger au Burundi nous lui disons encore une fois Non et ce malgré la position prise par la Sûreté, car mon but dans mes articles précédents n'était évidemment pas de donner des ordres à cet organisme gouvernemental, mais bien de l'aviser de notre prise de position !

C'est pourquoi je me suis mépris dans les relations Maus-Aprosoma ; en Urundi aussi nous sommes capables seuls de faire *notre révolution* qui sera une *véritable évolution* aussi bien pour les Hutu que pour les Tutsi. Et comme il s'agit de paternalisme d'après le même article de l'Aprosoma, je me permets de donner un défi à M. Maus et aux autres... On verra quel paternaliste le peuple murundi préférera : celui de la révolution réelle – c'est-à-dire constructive – ou celui de la révolution destructive – c'est-à-dire fausse ! En effet, même pour le Ruanda je crois qu'on ne peut pas appeler révolution cette tuerie, des incendiaires et pillards qui ne savaient ni pourquoi ni pour qui ils le faisaient.

Or au Burundi nous sommes déjà engagés sur le chemin d'une véritable révolution – demain après les élections le *mwami* du Burundi pourra s'écrier comme Cyrus⁵ : "je suis le roi des pays aux nombreuses races... Je suis entré à Babylone sans verser le sang, sans piller, sans tuer, et à tous *j'ai donné la sécurité et la joie.*"

4. Référence à un article signé « Aprosoma », paru dans *La Dépêche du Ruanda-Urundi*, n° 433, 1^{er} janvier 1960. Il s'agissait d'une réponse à l'article de Rwagasore publié dans le même périodique le 18 décembre 1959 (voir texte précédent, n° 14). Albert Maus y était défendu et son implication dans la politique rwandaise démentie. Le texte appelait aussi les Burundais à s'éveiller et à suivre la trace de la révolution hutu voisine.

5. Il s'agit de Cyrus le Grand, roi de Perse, qui conquiert Babylone au VI^e siècle avant J.-C., sans effusion de sang. La citation utilisée ici est adaptée d'une proclamation qu'il a faite après cette conquête et dont le texte est gravé sur un cylindre d'argile retrouvé à Babylone en 1879. Ce roi est doté en Orient d'une réputation de sage souverain.

Namwe bagenzi bo muri Aprosoma, n'aho mutaramenyekana, n'aho nsanzwe nzimwo umwe canke babiri ari nabo nashaka kubwire iri jambo! Birashoboka ko Aprosoma, muzi ko ari umugambwe wo mu Ruanda, wanka kwumviriza umuganwa wo mu Burundi... Vyoba bibabaje ariko Uruanda rudafatiye akarorero ku Burundi. Turi ibihugu bibiri, n'ababibamwo si bamwe; ico ntikibuza ko twokwifurizanya twese amahirwe! Ku bitwerekeye, Abarundi, twaramaze guhitamwo; ngerageje kwisunga imvugo yaranga De Gaulle, novuga nti⁶: "Kahise na kazoza turagasangiye. Ivyadushikiye vyagenze uko vyabaye, ariko tuguma tugize igihugu kimwe, turi bamwe, igihugu gito ariko ciza c'Uburundi Turabona ko twimirije kazoza keza." Ni co gituma twameye tukavuga tuti: niharanduranwe n'imizi ubutware bwigungirako vyose bwo hambere, ni havanweho intwari y'abakoroni n'ibindi, ni uko twemera ko hariho ayandi mahirwe ashoboka: na vyo ni demokorasi idahushanye n'ukwishira n'ukwizana hamwe n'igihugu c'Uburundi n'ibiri muri co kandi vy'agaciro ntangere!

Rwagasore »

6. Ni nk'igice c'ijambo ryashikirijwe na Charles de Gaulle, umukuru yatwara igihugu c'Ubufaransa, kw'igenekerezo rya 18 Ndamukiza 1959 i Vichy. Gushika muri ico gihe, ico gisagara cabibutsa amacakubiri yabaye hagati y'abafaransa kuko mu gihe c'Intambara ya Kabiri y'Isi yose Reta ya Maréchal Pétain ni ho yakorera na yo ikaba yari icuditse n'Ubudagi bwarangwa n'ukuvangura amoko bwitirirwa abo bita aba « Nazi ». Ng'uku uko vyanditswe mu majambo atomoye: « ...ntegerezwa kuvuga yuko kuri jewe numva mfise ikigumbagumba gikeyi kubona ndi ngaha i Vichy ku mugaragaro. Murategera ibituma mugabo dutegerezwa kubandanya urugendo, turi bamwe n'aho hari ibintu vyabaye, turi ibihangane, turi bamwe, turi Abafaransa bafatanye mu nda. Aha i Vichy ni ho ndabivugiyeyi. Aha i Vichy ni ho nashatse kubivugira... ».

Eh bien mes chers anonymes de l'Aprosoma, dont cependant j'ai l'honneur de connaître un ou deux visages et auxquels je m'adresse particulièrement, il est possible que l'Aprosoma, parti politique du Ruanda, dise non à un prince du Burundi... Il serait en tout cas malheureux que le Ruanda ne prenne exemple sur le Burundi. Nous sommes deux pays et deux peuples différents, il n'empêche que nous vous souhaitons une meilleure chance ! Pour nous les Barundi le choix est fait et si je devais m'inspirer du style de De Gaulle je dirais⁶ : "nous enchaînons l'histoire – les péripéties peuvent être ce qu'elles furent, nous sommes un seul peuple, l'unique, le bon petit peuple du Burundi. Pour l'avenir nous sommes devant un mieux." Et si nous nous écrivons : à bas le féodalisme, à bas le colonialisme etc., c'est que nous croyons à d'autres chances : la démocratie qui n'est pas incompatible avec l'autodétermination et la nation murundi avec ce qu'elle contient de réel et de précieux !

Rwagasore »

6. Paraphrase d'un discours prononcé par Charles de Gaulle, président de la République française, le 18 avril 1959 à Vichy. Cette ville était, encore à l'époque, symbole de la désunion française puisqu'elle avait abrité pendant la Seconde guerre mondiale le gouvernement du Maréchal Pétain, qui collaborait avec l'Allemagne nazie. L'extrait exact est le suivant : « ... je suis obligé de dire qu'il y a pour moi un peu d'émotion à me trouver officiellement à Vichy. Vous en comprenez les raisons, mais nous enchaînons l'histoire, nous sommes un seul peuple, quels qu'aient pu être les péripéties, les événements, nous sommes le grand, le seul, l'unique peuple français. C'est à Vichy que je le dis. C'est à Vichy que j'ai tenu à le dire... »

16

« Kwikukira canke *Independance* »,

Kitega,

ku wa mbere, igenekerezo rya 8 Ruhuhuma 1960¹

« Intatinyurukamvyeye mw'Iterambere ry'Uburundi [Uprona]
 Agasandugu k'amakete 63 i Kitega
 Imana-Umwami-Uburundi

Kwikukira canke *Independance*

Ncuti zanje, Barundi, Barundikazi,

Ndahimbawe n'ukuronka akaryo ko kubandikira ngo ndabayagire ivyerekeye insiguro y' *Ukwikukira* (mu kirundi), canke *Independance* (mu gifaransa), *Uhuru* (mu giswahiri) nk'uko babivuga; ntihaagire umuntu ababesha ngo abahe insiguro atari yo.

Ubwa mbere, mbega murazi ko Inama nkuru y'Igihugu, Abadasigana² [ba Uprona], abiyemeje gukorera Afirika bari hamwe bo muri Unaru³ hamwe n'isinzi ry'Abarundi basavye ko igihugu c'Uburundi *cokwikukira*⁴?

1. Urwandiko nyezina rwari rwanditswe mu kirundi n'indome z'imashini ku rupapuro ruriko ibimenyetso biranga Uprona ku mutwe warwo. Urwo rwandiko turusanga mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 65 na BUR 66. Iryo jambo ryarahinduwe mu gifaransa mu kinyamakuru citwa *Rudipresse*, mu vyongewe ku numero idasanzwe yo kw'igenekerezo ryo ku wa 15 Ruhuhuma 1960. Rwagasore yarahawe igihano kubera ko yanse « gusokora amajambo yari yavuze babona ko atyoza intwari mbirigi n'abakorera iyo ntware. Ayo majambo ari mw'ikete ryanditswe mu kirundi » : yarakaswe igice c'umushahara (ungana 4 000), ni musi gatoyi ica kane c'amahera yose yaronka ku kwezi).

2. Abadasigana ryari izina ryitwa intwaramiheto z'umwami Mwezi Gisabo, hagati y'ibinjana vya 19 na 20. Bararwanije abashaka kuvogera igihugu cane cane « Abarabu » n'Abadagi. Iryo zina ryahavuye ryitwa abanywanyi ba Uprona bivuye kuri iryo shaka ryo guhabuza ukwishira n'ukwizana kw'abanyagihugu.

3. Ishirahamwe ry'abanyagihugu b'Abanyafirika bo muri Ruanda-Urundi (Unaru, « Union nationale africaine du Ruanda-Urundi ») ni wo wemerewe ubwa mbere mu Burundi kw'igenekerezo ryo ku wa 28 Mukakaro 1959. Wari urongowe na Barnabe Ntunguka, umunyamabanga mukuru wawo nawe yitwa Salum Hassan Mashangwa (raba imbere mu rwandiko rufise inomeru 4). Wari uhurikiyemwo Abaswahili benshi, muri bo hakabamwo abari mu makoperative yari ashigikiwe na Rwagasore hagati y'imyaka ya 1957 na 1958. Umugambwe Unaru ico gihye ico wari usangiyeye na Uprona kwari uguharanira ukwikukira vuba na vuba.

4. Imisi mikeya imbere y'uko iri kete rikwiragizwa, Inama nkuru y'Igihugu (CSP, raba imbere mu rwandiko rufise inomeru 3, insiguro igira 4) yari yemeje urwandiko rusaba y'uko Uburundi bwokwikukira kw'igenekerezo ryo ku wa 21 Ruheshi 1960, imbere y'uko igihugu ca Kongo cikukira (« Ivyifuzo vy'abarundi baserukiye na CSP, vyerekeye ukwikukira », Kitega, igenekerezo rya 3 Ruhuhuma 1960. Urwo rwandiko turusanga mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 70).

« *Kwikukira* ou bien Indépendance »,

Kitega,
lundi 8 février 1960¹

« Les vaillants dans le Progrès du Burundi
BP. 63 Kitega
Dieu-Le Roi-Le Burundi

Kwikukira ou bien Indépendance

Chers amis, Burundais, Burundaises,

Je suis heureux d'avoir l'occasion de vous écrire et de vous entretenir sur la signification d'*Ukwikukira* (en kirundi), ou alors de l'*Indépendance* (en français), *Uhuru* (en kiswahili) comme on dit ; que personne ne vous trompe en vous l'expliquant erronément.

En premier lieu savez-vous que le Conseil supérieur du Pays, les *Badasigana*² [Upronistes], ceux qui travaillent ensemble pour l'Afrique (Unaru³), ainsi que beaucoup de Burundais ont demandé que le Burundi soit *indépendant*⁴ ?

1. Document original en kirundi, dactylographié sur papier à en-tête du parti Uprona, disponible aux AAB, dossiers BUR 65 et BUR 66, et traduit en français dans *Rudipresse*, annexe au n° spécial du 15 février 1960. Une sanction disciplinaire fut infligée à Rwagasore pour avoir refusé « de rétracter les affirmations outrageantes pour la puissance tutélaire et les membres de l'Administration contenues dans [cette] lettre en kirundi » : il fut privé d'une partie de son traitement (4 000 francs, soit un peu moins du quart de ses revenus mensuels).

2. *Abadasigana* (« les inséparables ») était le nom porté par les guerriers du *mwami* Mwezi Gisabo au tournant des XIX^e-XX^e siècles. Ils luttèrent notamment contre les envahisseurs « arabes » et allemands. Le terme fut repris par les militants upronistes en raison de cette dimension symbolique de la lutte pour la préservation (ou la reconquête) de la souveraineté nationale.

3. L'Union nationale africaine du Ruanda-Urundi (Unaru) est le premier parti politique à avoir été agréé au Burundi, le 28 juillet 1959. Barnabé Ntunguka en était le président et Salum Hassani Mashangwa (voir plus haut, texte n° 4), le secrétaire général. De nombreux Swahili en étaient membres, parmi lesquels des participants aux entreprises coopératives soutenues par Rwagasore en 1957-1958. L'Unaru partageait avec l'Uprona la revendication d'une indépendance « immédiate ».

4. Quelques jours avant la diffusion de la présente lettre, le Conseil supérieur du Pays (CSP, voir plus haut, texte 3, note 4) avait adopté une motion réclamant l'indépendance du Burundi pour le 21 juin 1960, soit avant celle du Congo (« Aspirations du peuple murundi, représenté par le CSP, quant à son accession à l'indépendance », Kitega, 3 février 1960, disponible aux AAB, dossier BUR 70).

Barabisavye icese :

1° Barabonye ko Reta mbirigi yamy *ibahenda* mu bintu bitari bike. Inama nkuru y'Igihugu ni yo ivugira Uburundi ;

2° Nta Bami babiri bashobora kuba mu gihugu kuko nta n'umwe yosubira kumenya uwo ayoboka ; ivyo vyotuma Abarundi bicamwo imiriwi ibiri ;

3° Mu gihugu nta majambere tubona ahashika kandi kiyifuza ;

4° Ibihugu vyose vyo muri Afirika vyarikukiye⁵, *kandi ataco birusha Uburundi.*

Ndazi bamwe bamwe bavuga ko hataragera, ko Uburundi ari igihugu gikenye, ko ari bibi kwirukana abanyaburaya ! Eka, twumvikane neza, muntege amatwi. Mwiyumvira ko hazogera ryari ? Ni ikihe gihugu kitavuye hasi ngo gisabe Independance [intahe y'ukwikukira] cayironse ? Uburundi ntibukenye namba ; Reta mbirigi igiye, vuba na vuba tuzoca turonka amafaranga duhawe n'ibindi bihugu ; amafaranga mbere afise agaciro kurusha ay'ababirigi. Dushobora mbere n'ukwikorera ifaranga ryacu. Mwibaza kumbure ko tuvuga ibitari vyo, ko bidashoboka ! Ntihagire uwuza kubeshya yitoraguzi ku banyaburaya, *nta muntu azobirukana*. Baracadusumvya vyinshi mu bumenyi. Twumvikane neza, nibaduhanure, nibemere bakorere Uburundi, nibabe abakozi nyabo ; ico twanse ni iki : turahakanye *gutegekwa* n'abanyamahanga mu gihugu cacu. Dushaka ko amategekoye y'Uburundi agirwa n'umwami n'abajenama biwe, Abarundi nka twebwe. Oyaye, nti hagire uwusubira kuvuga ko Uburundi bukenye. Twebwe tubizi neza, nimutureke turwanire ineza yanyu, tubavugire, tuboroge mu kibanza canyu, ariko ntituzokwigera twemera ko igihugu gicugwa bufuni na buhoro, kikabura epfo na ruguru.

5. Nkako, 1960 ni umwaka waranzwe ahanini n'ukwikukira kw'ibihugu bitari bike muri Afirika (ibihugu birenga 15 vyarikukiye). Ariko mu gice ca kabiri c'iri ryungane, Rwagasore ashaka kuvuga igihugu ca Kongo. Gutyo Rwagasore yari yifatanije n'uko CSP yabibona mu ngingo yari yafashe kw'igenekerezo rya 3 Ruhuhuma 1960.

Ils l'ont demandé réellement :

1° Ils ont vu que le Gouvernement Belge *les trompait* dans pas mal de choses. Le Conseil parle pour le Burundi ;

2° Qu'il ne peut y avoir deux Rois dans un pays et que personne ne saurait à qui se soumettre, ce qui porterait les Burundais à se diviser en deux ;

3° Que beaucoup de progrès n'entrent pas dans le pays alors qu'il les désire ;

4° Tous les pays d'Afrique sont devenus indépendants⁵, alors qu'*en rien ils ne surpassent le Burundi*.

Je sais que quelques-uns disent qu'il n'est pas encore temps, que le Burundi est pauvre, que c'est mauvais de chasser les Européens ! Non, entendons-nous bien, ouvrez bien les oreilles. Quand pensez-vous qu'il sera temps ? Quel pays n'ayant pas demandé l'Indépendance l'a obtenue ? Le Burundi n'est pas du tout pauvre ; si le Gouvernement belge part nous aurons immédiatement beaucoup d'argent d'autres pays, de l'argent qui a beaucoup plus de valeur que celui des Belges. Encore pourrions-nous fabriquer nous-mêmes notre monnaie. Vous pensez peut-être que nous vous mentons, que ce n'est pas possible ! Que personne n'aille mentir effrontément aux Européens, *personne ne les chassera*. Ils nous surpassent encore dans beaucoup de connaissances, que nous nous entendions bien, qu'ils nous conseillent, qu'ils travaillent pour le Burundi, qu'ils soient des travailleurs ; nous réfutons seulement ceci : nous ne voulons pas être *commandés* dans notre pays. Nous voulons que toutes les lois du Burundi soient faites par le *mwami* et ses conseillers, des Burundais comme nous. Non, il n'est pas question de dire que le Burundi est pauvre. Nous qui le savons, laissez-nous lutter pour vous, parler pour vous, pleurer pour vous, mais nous ne permettrons jamais l'exploitation du Burundi, qu'il n'ait ni tête ni queue.

5. En effet, l'année 1960 a été une grande année des indépendances africaines (plus d'une quinzaine de pays concernés). Mais c'est au Congo que Rwagasore fait référence dans la seconde partie de sa phrase, rejoignant en cela la position du CSP dans sa motion du 3 février 1960.

Ukuri guca mu ziko ntigusha : munkundire ndababwire igituma hariho *abadashaka* ukwikukira. Bamwe barabura ico bavuga bakivugira ngo umuganwa Rwagasore abigira arondera gusubirira se. Mbega ni kubera iki noharanira ingoma kandi data ari umwami w'Uburundi agihanganye? Yoba yaranciye? N'aho ntoba umwami, ntivyombuza kurwanira ineza yanyu, kuba *indongozi yanyu*? Eka haba namba ; abadashaka ukwikukira, abagenda bararirimba ivyo vyose ni :

1° Abanyaburaya bamwe bamwe bari muri Reta badashaka kwikura amata mu kanwa ;

2° Abandi nabo ni barya bakengera umwirabure bwamwita "inguge" ngo ntaco ashobora kwikorera ubwiwe.

3° Hariho kandi n'Abarundi bibwira ngo : Uburundi bumaze kwikukira, umwami wacu (Umunyaburaya) akava ku ngoma, tuzoheza tugire gute? Abandi biyumvira gukorera hamwe – Abandi bagira ngo Uburundi buzokwihora...

Muri abo harimwo abasirimu bamwe bamwe mbere n'abaganwa bamwe bamwe. Abandi bemera ivyo vyose ngo : Uburundi buzoca busubira mu ntwaro za kera ; abaganwa biganzire igihugu. Oya, siko bimeze, uwuvuga ivyo ni we nyabuna yifuza kugicinyiza kandi bene uwo ntiyoba ari *Umudasigana mu majambere y'Uburundi*. Kubera ko twarahiye ko tuzorwanya akarenganyo, kava ku Baganwa, ku Banyaburaya, aho kazova hose, dushaka ko Umuhutu atera imbere, ko Umututsi atera imbere, ko Umurundi wese atunga agatunganirwa. Umwami nahe isheferi Abahutu, Abatutsi n'Abaganwa babishoboye. Ku bwacu, nta Murundi n'umwe yaremewe gusigara inyuma y'abandi canke gucinyiza abandi. Umurundi yaba Umuhutu canke Umututsi agitewe ubwoba n'akarenganyo yoba ataramenya neza umugambwe w'Abadasigana ; Abadasigana bazomurwanira, bamushigikire ataco batinya.

Turizigiye igihugu cacu Uburundi : ntibuzokwigera bugwa mw'isanganya. Ni nde Murundi yokwemera ko Umwarabu, Umugiriki, Umuhindi, Umubirigi canke Umunyekongo yotorwa ngo aje mu bagize Inama y'Uburundi?

La vérité passe par le feu mais ne brûle pas : permettez-moi de vous dire pourquoi il y en a qui ne *veulent pas* l'indépendance. Les uns manquent d'arguments et disent que le prince Rwagasore le fait pour succéder à son père. Vraiment, pourquoi devrais-je lutter pour le trône alors que mon père est le *mwami* du Burundi, m'a-t-il banni ? Ou bien encore même si je ne deviens pas *mwami*, cela m'empêchera-t-il de lutter pour vous, d'*être votre grand dirigeant* ? Non, ceux qui ne veulent pas l'indépendance, ceux qui chantent tout cela sont :

1° Quelques Européens du Gouvernement qui ne veulent pas s'ôter le lait de la bouche ;

2° D'autres sont ceux qui méprisent le Noir et qui l'appellent "macaque" parce qu'il ne sait rien faire pour lui.

3° Il y a aussi des Burundi qui se disent : si le Burundi devient indépendant, que notre roi (européen) est détrôné, que ferons-nous ? D'autres pensent à l'exploitation commune – d'autres pensent que le Burundi se vengera...

Parmi ceux-là il y a quelques évolués ainsi que quelques princes même. D'autres convaincus de tout disent : que le Burundi retombera dans un état archaïque ; que les princes exploiteront le pays. Non, ce n'est pas vrai, celui qui dit cela souhaiterait l'exploiter lui-même en le disant, et il semble qu'il ne soit pas un *Mudasigana pour le progrès du Burundi*. Parce que nous, nous avons juré que nous combattons l'injustice, qu'elle vienne des princes, des Européens, où de n'importe où ailleurs, nous voulons que le Muhutu progresse, que le Mututsi progresse, que chaque Burundais soit heureux. Que le *mwami* donne les chefferies aux Bahutu ou aux Batutsi et aux Baganwa qui sont capables. À notre avis il n'y a pas un Burundais qui a été créé pour rester en arrière ou bien pour exploiter les autres. Le Burundais hutu ou tutsi qui craint encore l'injustice, c'est qu'il ne connaît pas le parti des Badasigana ; ils combattront pour lui, ils le soutiendront sans crainte.

Nous avons confiance dans le Burundi : il ne tombera jamais dans le malheur. Quel Burundais admettrait que l'Arabe, le Grec, l'Indien, le Belge ou le Congolais soit élu comme membre du Conseil du Burundi ?

Abarundi baciye mu marushwa kuva kera na rindi, n'igisagara ca Bujumbura cahatswe kugenda⁶... Nibaze bemere babane natwe, nta n'umwe yokwemera kuganzwa mu gihugu ciwe.

Ukwikukira, ukwikukira, ukwikukira.

Kitega, 8 Ruhuhuma 1960

Umujenama w'Abadasigana⁷,

Umuganwa Rudoviko Rwagasore
[umukono] »

6. Aha yashaka kuvuga ivyerekeye uko igisagara ca Usumbura cafatwa, na vyo bikaba bitashimisha CSP hamwe n'incabwenge mu vya poritike z'Uburundi kuko baciye bavira hasi rimwe mu myaka ya 1957 na 1958 biyamiriza ingene umwami bamugabanya ubutegetsi bw'igice c'igihugu hamwe n'uguha abanyamahanga uburenganzira bwo gutora mu gisagara (Harroy J.P., 1987, p. 249-250).

7. Rudoviko Rwagasore, mu vy'ukuri ntiyari mu bagize komite nyobozi ya Uprona; yari ameze nk' « Umuhanuzi » canke rimwe na rimwe « nk'umuhanuzi mukuru » (AAB, idosiye BUR 65).

Les Burundais sont malheureux depuis très longtemps, et même Bujumbura allait partir⁶... Qu'ils viennent tous cohabiter avec nous, personne n'admettrait d'être commandé chez lui.

Indépendance, indépendance, indépendance.

Kitega, le 8 février 1960

Le conseiller des Badasigana⁷,

Le prince Louis Rwagasore
[signature] »

6. Allusion à la question du statut de la ville d'Usumbura, contre lequel le CSP et les élites politiques burundaises se levèrent en 1957-1958. Ce statut aurait soustrait à l'autorité du *mwami* cette partie du territoire et entériné le droit de vote des étrangers dans le centre urbain d'Usumbura (Harroy J-P., 1987, p. 249-250).

7. Louis Rwagasore ne faisait pas officiellement partie du comité directeur de l'Uprona ; il était présenté comme son « conseiller », ou parfois son « grand conseiller » (AAB, dossier BUR 65).

**« Itangazo rimenyeshewe abanyagihugu b'i Burundi »,
rishizweko umukono
na Rudoviko Rwagasore na Yozefu Birori¹,
La Dépêche du Ruanda-Urundi,
Usumbura,
inomeru idasanzwe yo ku wa 15 Mukakaro 1960²**

« Afirika yose iyo iva ikagera yashushe kandi irangwa n'icipfuzo cumvikana c'iteka c'ukwishira n'ukwizana gisa n'ikiriko kiraca hejuru y'ibihugu bibamwo abirabure, kandi ni ko vyama bigenda muri kahise k'abantu n'ibihugu. Ariko ibintu biherutse gushika mu gihugu ca Kongo bikakijugumiza, igihugu cahora cegukira Ububirigi, igihugu gisumba ibindi vyose muri Afirika ari na co kibirusha itunga, bigize gutangaza n'ugusiga ubwenge kandi ntawovyihanganira³. Si twebwe tujejwe kurondera intandaro za hafi canke iza kure z'ivyo bintu bibabaje vyashitse twabonye; ariko ico *dutegerezwa* ni uko kubera ko turi imboneza tukaba n'incabwenge, tworonderera Uburundi *amahirwe* y'akataraboneka atashitse henshi mu buzima bw'ibihugu. Ayo mahirwe ni ishaka ry'uko haboneka mu karere k'umutima wa Afirika, izinga rirangwamwo amahoro, umutekano n'iterambere

1. Umuganwa Yozefu Birori, umuhungu w'Umuganwa Petero Baranyanka, yari Umukuru w'umugambwe PDC (« Parti démocrate chrétien », Amasuka y'umwami) mu gihe wemererwa igenekerezo rya 5 Nzero 1960. Mwenewabo Yohani-Batista Ntidendera yahavuye amushubirira muri Ndamukiza 1961. Kubera ko wari ushigikiye n'ababirigi, umugambwe PDC ntwigeze, kuva ukivuka, wumvikana na Uprona ku kibazo co kwikukira, kuko ntwabishaka ubwa vuba ariko hanyuma bibanje « gutegurwa ». Uko kudahiriza hamwe kw'abo bakuru b'iyi migambwe ibiri yakebana kwari guteye isibe. Mugabo mu gihe Kongo imaze kwikukira, imigambwe ntiyumva ingene habura ikirangamisi gitegekanya ukwishira n'ukwizana kw'Uburundi. Nico gituma kw'igenekerezo ryo ku wa 5 Mukakaro 1960, imigambwe 11 iri hamwe (kuva kuri PDC gushika kuri Uprona uciye kuri PP), yashize umukono i Bujumbura, kw' « urwandiko rw'imigambwe ya poritike yo mu Burundi » rumenyeshya ikirangamisi n'ishingwa ry'umusi w'intaha y'ukwikukira kw'igenekerezo ryo ku wa 27 Kigarama, umwaka wa 1960, ari na wo wari umusi mukuru mu gihugu cose ku ntwaro ya cami, umusi w'umuganuro (AAB, idosiye BUR 66).

2. Uru rwandiko rwanditswe ubwa mbere na mbere mu rurimi rw'igifaransa, kandi turusanga mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye Presse 93, no muri ANB, idosiye AA 451.

3. Kimaze imisi itanu gusa cikukiye (kw'igenekerezo ryo ku wa 30 Ruheshi 1960) igihugu ca Kongo caciyemurira mu ntureka. Igisirikare ca Kongo (« Force publique ») caciyemurira Ababirigi bagitwara kuva kw'igenekerezo rya 5 Mukakaro, haca hakurikira ubwicanyi, mu nyuma haba ukwiyamiriza umuzo w'abasoda b'Ababirigi mu gihugu ca Kongo, n'intara ya Katanga yaciye ishaka kwiyonkora ku gihugu ca Kongo igenekerezo rya 11 Mukakaro. Ivyo vyose vyasutse igihugu mu ngorane zitagira uko zingana kandi mu Burundi ivyo vyose barabikurikira.

**« Communiqué à la population du Burundi »
signé conjointement
par Louis Rwagasore et Joseph Biroli¹**

La Dépêche du Ruanda-Urundi,
Usumbura,
n° spécial du 15 juillet 1960²

« L'Afrique bout toute entière et un désir légitime de liberté et de dignité passe par dessus le continent noir, c'est dans les normes de l'histoire. Mais les événements qui viennent de secouer le Congo ex-belge, le plus grand État africain, le plus riche aussi, sont à la fois étonnants, incompréhensibles et inadmissibles³. Il n'est pas à nous de rechercher les causes lointaines ou proches de cette situation malheureuse que nous constatons ; il est de *notre devoir* par contre en tant qu'élite et citoyens avisés de notre pays de donner au Burundi *une chance unique* que de rares pays ont eue dans l'histoire. Cette chance est de créer au cœur de l'Afrique un îlot de paix, de tranquillité et de prospérité.

1. Le prince Joseph Biroli, fils du chef Pierre Baranyanka, était le président du PDC (Parti démocrate chrétien) lorsque celui-ci fut agréé le 5 janvier 1960. Son frère Jean-Baptiste Ntidendereza le remplaça en avril 1961. Soutenu par les autorités coloniales, le PDC s'est opposé dès sa naissance à l'Uprona sur la question de l'indépendance qu'il ne souhaitait pas immédiate mais « préparée ». Cette prise de position des deux leaders de deux grands partis rivaux pourrait donc paraître aberrante. Mais à l'heure de l'indépendance congolaise, l'absence de calendrier précis pour la décolonisation burundaise a exaspéré tous les partis. Aussi, le 5 juillet 1960, 11 formations représentant un large spectre politique (du PDC à l'Uprona en passant par le PP), signèrent à Usumbura une « Motion des partis politiques du Burundi » proposant un échéancier et fixant la date de l'indépendance au 27 décembre 1960, jour de la grande fête nationale du Burundi monarchique, le *muganuro* (AAB, dossier BUR 66).

2. Texte original en français, aussi disponible aux AAB, dossier Presse 93, et aux ANB, dossier AA 451.

3. Cinq jours après son indépendance (30 juin 1960), le Congo sombra dans la violence. La mutinerie de la Force publique contre ses cadres belges à partir du 5 juillet et les débordements meurtriers qui la suivirent, ainsi que l'intervention contestée des troupes belges sur le sol congolais et la sécession du Katanga le 11 juillet, plongèrent le pays dans une profonde crise qu'on suivit de près au Burundi.

Ni co gituma dusavye abanyamahanga bose, abera n'abirabura baba muri kino gihugu ko batoja ku mohe canke ngo bishinge ivyabaye mu gihugu ca Kongo, ko nyabuna bokwitwararika kazoza kabo aho basanzwe baba mu Burundi. Ako kazoza nako, turakiyemeje ubwa mbere dufatiye kuri kamere k'Abarundi basanzwe barangwa n'ugutekana, ugutohoza ibintu n'ibindi n'ukutajana nyabaturu; ako kazoza kandi gashingiye ku nyubako nziza isanzweho mu vy'imibano na poritike dutegerezwa kwama dutunganya neza gusumba; ako kazoza gashingiye kandi ku nyifato y'abanyagihugu bama na ntaryo bubaha abakuru n'ubukuru bw'umwami nyeningoma bwemewe na bose. Kugira ngo ayo mahirwe abeyo, arame, turasavye dushimitse ko abatware boshira ibintu mu ngiro ningoga : gutwara na ntaryo ni ugutegekanya. Kukaba nkako, *mu kiringo ca hafi cane, imigambwe yose ya poritike y'i Burundi kandi y'impande zose za poritike* igiye gukorana kugira hapfundikwe inzira yumvikanyweko na bose yoshikirizwa Reta y'abazungu kugira ngo ukwikukira kw'Uburundi gutegurwe neza⁴; ni ukuvuga mu mwumvikano nyawo, hakurikijwe ingendo yumvikanyweko kandi ishemeye.

Imigambwe ya poritike yo mu Burundi, kubera kazoza k'igihugu, kubera inyungu nyamukuru kandi irengeye ku Barundi bose, iremeye kwibagira ivyo vyose idahurizako, canecane ivyo vyose bikunda gushavuzwa indongozi zayo hamwe n'inyungu z'abantu bamwebamwe ukwabo.

Turasavye *abanyamahanga bikorera* ivyabo kwubaka iki gihugu hamwe na twebwe kuko turemeza kandi turashima uruhara rwabo n'akamaro k'ivyo bakora mu gihugu cacu. Turasavye kandi ko bategera ko Abarundi bafise kamere kabo n'ibibaranga atawovyitiranya n'ibindi. Tubasavye mwese, ku buryo bugaragara, ko mwodufasha guhesha igihugu c'Uburundi, kiri mu karere k'Umutima wa Afirika, amahirwe twebwe twemeza n'inguvu nyinshi kandi Abarundi bose bafitoyeko uburenganzira.

Ni hahangame Uburundi.

Bigiriwe Usumbura, ku wa 15 Mukakaro 1960

Umuganwa Rudoviko Rwagasore

Bwana Yozefu Birori »

4. Inama y'imigambwe yari yashize umukono ku rwandiko rwo ku wa 5 Mukakaro (raba imbere ku kajamba k'insiguro inomeru 1) yari yateguwe, maze haca haba ugucanamwo, imigambwe itari mike harimwo PDC na PP iridohora ibicishije mu rwandiko rwiswe « Ivyamenyeshejwe n'imigambwe umunani ihananira demokarasi y'i Burundi » rwashizweko umukono kw'igenekerezo ryo ku wa 20 Mukakaro 1960 i Kitega. Rya sango ryo ku wa 27 Kigarama 1960 ry'umusi w'intaha y'ukwikukira ryacyiye rifatwa nk'uko « rije hataragera » (AAB, idosiye BUR 63). Birori, mbere co kimwe na Rwagasore, baramwiyamiriza na we aremera, aca ashira aho umugambwe wiwe ushize.

C'est pourquoi nous demandons à tous les étrangers blancs et noirs habitant ce pays de ne pas se laisser influencer par les événements du Congo et ne considérer leur avenir que dans le cadre du Burundi. Cet avenir nous le garantissons d'une part par la nature calme, réfléchie et sensée du peuple murundi, d'autre part par une infrastructure sociale et politique qu'il suffit d'améliorer et enfin par la discipline d'un peuple qui respecte la hiérarchie et l'autorité incontestée du *mwami*. Pour que cette chance soit réelle, nous insistons auprès des autorités d'agir vite : gouverner c'est prévoir. En effet, *dans un très bref délai, tous les partis politiques* du Burundi et *de toutes tendances* comptent se mettre d'accord sur un protocole commun à proposer à l'administration tutélaire pour préparer le Burundi à accéder à l'indépendance dans des conditions meilleures⁴ ; c'est-à-dire dans un climat de franche collaboration et suivant une ligne de conduite commune et hardie.

Les partis politiques du Burundi, pour l'avenir de leur pays, pour les intérêts supérieurs et sacrés du peuple murundi sont d'accord d'oublier les petits détails qui opposent, surtout les susceptibilités des leaders et les intérêts individuels des personnes.

Nous demandons aux *privés étrangers* de construire ce pays avec nous car nous connaissons et évaluons leur rôle et leurs valeurs dans notre pays. Nous leur demandons aussi de saisir que le peuple murundi a une âme propre qu'il ne faut pas confondre avec une autre. Nous vous demandons à tous, sans équivoque possible, de nous aider à donner au Burundi, au cœur de l'Afrique, la chance à laquelle nous croyons avec force et à laquelle le peuple murundi a droit.

Vive le Burundi.

Fait à Usumbura le 15 juillet 1960

Le Prince Louis Rwagasore

Monsieur Joseph Biroli »

4. Une réunion des partis signataires de la motion du 5 juillet (voir ci-dessus, note 1), était en effet prévue, mais des revirements eurent lieu, et plusieurs formations dont le PDC et le PP se rétractèrent dans une « Prise de position de 8 partis démocrates du Burundi » signée le 20 juillet 1960 à Kitega. La date du 27 décembre 1960 pour l'accession à l'indépendance y était considérée comme « prématurée » (AAB, dossier BUR 63). Biroli, désavoué avec Rwagasore, s'inclina et rentra dans les rangs de son parti.

18

**Ikete Rudoviko Rwagasore yandikiye
Rezida w'Uburundi,
Usumbura,
ku wa gatanu, igenekerezo rya 29 Mukakaro 1960¹**

« Nyakwubahwa Rezida,

Nkurikije ikiganiro twagiranye kw'igenekerezo ryo ku wa 28 Mukakaro 1960 turi kumwe na bwana Hellemans², umuhanuzi wa Nyeningoma umwami w'Uburundi, ndi n'iteka ryo kubamenyesha ko ntategera neza impamvu n'akamaro k'urugendo nogira mu bihugu vy'i Buraya³.

Vyongeye, sinshobora gushira umukono ku rwandiko rungenera kuba hejuru y'imigambwe ya poritike nk'uko biri kuri data, Nyeningoma umwami w'Uburundi⁴, kuko bene urwo rwandiko ntirusabwa Abaganwa bose bo mu nda y'ingoma, kubera ko hakurikijwe amategeko atunganya ivya poritike mu Burundi, bo bararekuriwe gukurikirana ivya poritike y'igihugu.

Nishimikije ivyo, nipfuzza ko ico kibazo cerekeye abaganwa bo mu nda y'ingoma bo mu Burundi cokwihweza neza n'abashingantahe baserukira igihugu vy'ukuri kugira hashingwe amategeko agenga imico n'imigenzo kama yanditswe.

1. Iri kete ryandikiwe Rezida Ivan Reisdorff, amakopi yaryo arungikirwa umwami Mwambutsa na Rezida mukuru Harroy; ribitswe mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 6.

2. Amabanga yo guhanura umwami yarangurwa na Rezida wa Urundi gushika mu gihe c'Intabara ya Kabiri y'Isi yose; mu nyuma ayo mabanga yaciye ashingwa umukozi w'umubirigi ajejwe kuba nk'umuhuza hagati y'abategetsi b'igikoroni n'umwami w'Uburundi. Abahanuzi babiri ni bo barangura ico gikorwa ku mwami Mwambutsa mu gihe c'ukwikurako abakoroni : uwitwa Raymond Minot, hanyuma asubirirwa na Jean Hellemans kuva mu mpera za 1959.

3. Amakanga Rwagasore yari afise kubera ubwo butumire bwo kugenda mu Bubirigi gukurikirana cane cane inama y'imigambwe yari yategekaniywe kubera i Bruxelles mu mishamvu mikeya yakurikira (hagati y'amagenekerezo ya 23 na 30 Myandagaro 1960) ntiyari abuze ishingiro. Nkako muri 1958, abategetsi b'intwara ya gikoroni, bari bamugondoje ngo yongereze ikiringo yari kumara mu Bubirigi kugira ngo bamuteshe kuja mw'isekeza ry'ikawa ryari ryerekeye amakoperative yiwe yari ajejwe mu Burundi (AAB, idosiye BUR 6).

4. Inzandiko nyinshi z'umwami zerekana ko ikibanza ciwe kiri « hejuru » y'imigambwe zarakurikiranye muri Ruhuhuma, Ntwarante, Ndamukiza na Ruheshi 1960. Abategetsi b'intwara y'igikoroni barashimika kugira ngo umuhungu wiwe Rwagasore na we nyene abe hejuru y'imigambwe mu gihe Uprona yariko irakwira hose mu gihugu.

**Lettre adressée par Louis Rwagasore
au Résident du Burundi,**

Usumbura,
vendredi 29 juillet 1960¹

« Monsieur le Résident

Suite à notre entretien du 28 juillet 1960, en présence de monsieur Hellemans², conseiller de Sa Majesté le *mwami* du Burundi, j'ai l'honneur de vous faire savoir que les raisons et l'opportunité de mon voyage en Europe ne me paraissent pas plausibles³.

Par ailleurs je ne puis pas signer une déclaration signifiant que je me place au-dessus des partis politiques, comme mon père, le *mwami* du Burundi⁴, étant donné que la même déclaration n'est pas exigée de tous les princes de la même dynastie qui, suivant le droit politique murundi, peuvent participer à la vie politique du pays.

Par conséquent, je souhaiterais que ce problème concernant les princes de sang du Burundi soit soumis à la consultation des véritables Représentants de la Nation, en vue de la codification du droit coutumier le plus rapidement possible.

1. Lettre adressée au Résident Ivan Reisdorff avec copie au *mwami* Mwambutsa et au Résident général Harroy, conservée aux AAB, dossier BUR 6.

2. La fonction de Conseiller du *mwami*, assurée par le Résident de l'Urundi jusqu'à la Seconde guerre mondiale, a ensuite été dévolue à un fonctionnaire belge, chargé d'établir une sorte de médiation entre les autorités coloniales et le souverain burundais. Deux conseillers ont joué ce rôle auprès de Mwambutsa pendant la décolonisation : Raymond Minot d'abord, puis son successeur, Jean Hellemans, en poste à partir de la fin 1959.

3. La méfiance de Rwagasore vis-à-vis de l'invitation qui lui était faite de partir en Belgique, pour participer notamment au colloque des partis à Bruxelles prévu quelques semaines plus tard (23-30 août 1960) n'était pas déplacée. En 1958 en effet, les autorités coloniales l'avaient contraint à prolonger son séjour en Belgique pour l'empêcher de participer à la campagne-café en faveur de ses coopératives au Burundi (AAB, dossier BUR 6).

4. Plusieurs circulaires du *mwami* Mwambutsa affirmant sa position « au-dessus » des partis se sont succédé en février, mars, avril et juin 1960. Les autorités coloniales insistaient pour que son fils Rwagasore adopte la même attitude, au moment où l'Uprona était en pleine expansion.

Ni vyamara gutegekanywa neza bikandikwa, ni ho urwandiko nk'urwo mwansavye, umuntu yoshobora kurwiyumvira.

Ndagusezeye nsubiye kwitura imbere yanyu, Nyakwubahwa Rezida, n'iteka n'icubahiro mukwiye.

[Umukono Rwagasore]»

Sur des bases constitutionnelles codifiées, la déclaration exigée pourra alors être envisagée.

Veillez agréer, Monsieur le Résident, l'assurance de ma considération très distinguée.

[Signé Rwagasore] »

19

**« Umuganwa Rudoviko Rwagasore ashikiriza
amahinyu abona ku
ntwaro y'abakoroni mu vya poritike »,**

La Chronique congolaise,
Usumbura,

ku musi wa gatandatu, igenekerezo rya 20 Myandagaro 1960¹

« Mu buzima bw'igihugu cose, mu bijanye na poritike, hariho ingendo isanzwe imenyerewe kandi ibereye ku mihari ya poritike. Iyo ngendo yemewe n'ibihugu vyose, ishimikiye mu gusigura imigabo n'imigambi hamwe no kurondera abanywanyi. Mu kugira igirire akamaro igihugu, iyo ngendo itegerezwa gushingira mu kuvuga ukuri no kubahana. Mugabo, iyo ngendo yoshingira kandi mu kwigenga mu vyiyumviro no mu mvugo. Ariko, mu bihugu bitarukira hariho ubundi buryo bugira gatatu bukoreshwa n'uwuhagarikiye igihugu canke umukoroni. Igikorwa c'uko muntu kugira kiboneke y'uko bose bashima ivyo akora kandi bigirira akamaro igihugu, ategerezwa kwitanga, atagira nkunzi kandi akaba intungane.

Mugabo birababaje yuko uko Uburundi bumeze ubu mu vya poritike atari vyo twari twaripfuye ko ariko bimera. None tugeze mu gihe gihambaye gituma abantu b'umutima bahaguruka bakemanga uruhara rwabo bakemera kuba imboneza. Kukaba nkako, ndabona kandi ndashobora kuvuga yuko intwaro y'abazungu mu Ruanda-Urundi cane cane abari ku butegetsi batigeze berekana ko ata ruhande begamiye kandi ko batarenganya². Abari mu vy'intwaro ni bo baciye bisuka mu vya poritike. Kandi ntivyumvikana kubona ubutegetsi bw'abanyamahanga canke abakozi babo bamwe bamwe bashobora kwemera ko abakunda igihugu, barondera ukwishira n'ukwizana, itekane n'ukwikukira kw'igihugu cabo ari bo bacika abansi. Ariko ubwo butegetsi nyene burazi neza yuko bubishaka canke butabishaka uko kwikukira kuzoba! Uko kwikukira gushobora kuboneka mu gihe intwaro

1. Uru rwandiko rwashikirijwe muri Myandagaro 1960 rushobora kuba rwanditswe imbere y'aho, kuko dusanga mu bushinguro bw'ivya kera hariho urwandiko nk'urwo nyene ruri ku mashini ruriko igenekerezo rya 3 Myandagaro 1960 (AAB, idosiye BUR 6 na BUR 65; ANB, idosiye AA 451).

2. Aha biraboneka ko ibivugwa bifatiye ku vyakorerwa Uprona n'indongozi yawo Rwagasore maze bigakorwa n'abategetsi bakuru baserukira intwaro ya gikoroni (Rezida mukuru Jean-Paul Harroy, Rezida Ivan Reisdorff n'icegera ca Rezida Petero de Fays).

**« Mise au point du prince Louis Rwagasore »
sur le rôle politique
de l'administration coloniale**

La Chronique congolaise,
Usumbura,
samedi 20 août 1960¹

« Dans toute vie politique d'un pays, il y a un jeu normal et démocratique pour les mouvements politiques, admis par tous les pays, qui consiste à faire de la propagande et à se faire des adhérents. Ce jeu, pour qu'il soit efficace pour la nation, doit se faire non seulement sur des bases honnêtes et franches entre les opposants politiques, mais également sur des bases de liberté d'opinion et d'expression. Or, dans les pays dépendants, il existe une troisième dimension qui est celle du tuteur ou du colonisateur. Le rôle de celui-ci, pour qu'il soit celui d'un arbitre estimé par tous et pouvant par conséquent être utile au pays, doit être généreux, neutre et intègre.

Malheureusement la situation politique du Burundi n'est pas ce que l'on avait espéré et nous arrivons au moment crucial où les hommes devront prendre leurs responsabilités face à l'histoire. En effet, je dois constater et j'ose dire que l'Administration tutélaire au Ruanda-Urundi, ou du moins ceux qui tiennent les leviers du pouvoir², n'ont pas joué et ne jouent pas ce rôle d'arbitre neutre et juste. L'Administration fait de la politique ! Et il est inconcevable de voir que l'Administration tutélaire, ou certains fonctionnaires qui engagent cette dernière, puisse croire que ceux, les nationalistes, qui sont pour la liberté, la dignité et l'indépendance de leur patrie, soient ses ennemis. Pourtant, cette même Administration sait très bien, qu'elle le veuille oui ou non, cette indépendance viendra ! Elle peut venir grâce à elle, malgré elle ou contre elle ! Il n'y a que ces

1. Ce texte publié en août 1960 a vraisemblablement été rédigé plus tôt, puisqu'on en trouve dans les archives une version dactylographiée datée du 3 août 1960 (AAB, dossiers BUR 6 et BUR 65 ; ANB, dossier AA 451).

2. La référence à l'action menée contre l'Uprona et son leader Rwagasore par les hautes autorités de la Tutelle (le Résident général Jean-Paul Harroy, le Résident Ivan Reisdorff et le Résident adjoint Pierre de Fays) est ici évidente.

y'abazungu ifashije, mu gihe idashatse gufasha n'aho itoba ibishaka namba. Nta kundi vyogenda atari muri ubwo buryo butatu. Tugerageze kuraba rero ibishoboka kandi twiyumviriyeye. Twisunze ingendo y'ibindi bihugu. Twirinde amakosa abandi bakoze. Twihweje ata kwishira hejuru ivyashikiye Ubufaransa mu bihugu vy'Afirika bibamwo abirabure hanyuma dukurikize ako karorero ata kwikengera canke kwishima³. Ni ukubera iki intwaro y'ababirigi igerageze uko bigenda kwose kuburagiza no gusambura ivy'abanyagihugu benshi bashaka? Ni ukubera iki iyo ntwaro itoreka imigambwe hagati yayo ngo yumvikane yo nyene ingene yogenza neza no kubahana? Ni co gituma, mu gihe iyo ngendo yo kwigenga no kwubahana itemewe kandi ngo ishigikiwe n'ubutegetsi, turashobora kwiyumvira ata nkeka ko muri kazoza imisi izoba mibi hanyuma kazoza mu migenderanire hagati y'Uburundi n'Ububirigi ntibe myiza. Igihambaye kandi kibabaje muri ivyo vyose, ni uko hari abantu ata na kimwe bazi bazorwa mu mporero kandi mwene abo bantu ni benshi! Ni abikorera utwabo, n'abakoroni harimwo Ababirigi, Abagiriki, Abafaransa, Abahindi, Abahorondi, Abatariyano n'abandi, n'abandi... Kuko, ni ukumenya yuko abo tutabarwanya mugabo rero ndabivuze kandi nzobisubiramwo turwanya ubwo butegetsi butagomba kubitegera kandi buriko buragerageza kwonona n'impaka hamwe n'ikibi cinshi kazoza k'abanyagihugu bose.

Ntakugerageze gushira hamwe abikorera utwabo, n'abakoroni n'iyoy ntwaro icinyiza abanyagihugu. Kuko abo tubafata nk'uko ari imvukira za kino gihugu. Kubera ivyo dutegerezwa kwitwararika kazoza kabo co kimwe n'Abarundi. Vyongeye, barafise uruhara ruhambaye mu vyerekeye ubutunzi.

Ndazi kandi ko igice c'abakozi b'iyoy ntwaro mu bisanzwe bakandamijwe ni yo Reta biyemereye kugamburukira, abo turabazi. Iyo revorisiyo turiko turarondera gushinga haba muri poritike canke mu mibano, twipfuzza kuyishinga turi kumwe na bo bose baje kudufasha... Mugabo turahakanye kwerekwa aho duca tutari impumyi. Twipfuzza gufashanya tudahendana, twubahana, ku rugero rungana. Mugabo ntibikabe, ntibigasubire kuba na rimwe ko badufata nk'umwana agamburukira se ku gitsure⁴. Ico gihe carigeze! Tugire akigoro ko gutegera ivyo.

3. Igice kinini c'ibihugu vyatwarwa n'Ubufaransa cari kimaze kwikukira canke kiri mu nzira muri 1960. Yamara uko umuganwa Rwagasore yabona ivyo kwishira n'ukwizana biriko biragenda vyasa n'indoto kuko mu bihugu vy'Afirika vyatwarwa n'Abafaransa, abategetsi bo ku ntwaro gikoroni baragerageje intumbero ibintu vyotegezweza gukurikira bongera barifatira mu minwe incabwenge za poritike.

4. Aha bashakaga gucishamwo ko poritike yaranga abakoroni mu bihugu vya Kongo na Ruanda-Urundi: abirabure kavukire bafatwa nk'abana, barerwa bakongera bakerekwa inzira n'umukoroni yibaza ko ari « ku neza yabo », hakajamwo mbere no kubakorera ivyo batifuza canke bikabaca intege bibabuzza ivyo bokwikorera bonyene.

trois alternatives. Alors, soyons plus réalistes et raisonnables. Profitons de l'expérience des autres pays. Évitions les erreurs que les autres ont commises. Regardons sans orgueil le résultat de la France dans l'Afrique noire et suivons cet exemple sans complexe³. Pourquoi l'Administration tutélaire belge tient absolument à s'opposer et à détruire la majorité populaire? Pourquoi ne laisse-t-elle pas un jeu libre et honnête entre les partis? C'est pourquoi tant que ce jeu libre et honnête n'est pas admis et n'est pas encouragé par la puissance administrante, nous pouvons avec réalisme envisager l'avenir sous des jours sombres et l'avenir belgo-burundien comme compromis. Ce qui est grave et triste dans tout cela, ce sont les innocents qui devront payer les pots cassés, et ceux-là ils sont nombreux! Ce sont des privés, des colons : Belges, Grecs, Français, Hindous, Hollandais, Italiens, etc. etc. Car, que l'on sache que nous ne sommes pas contre ceux-là, mais bien, je le dis et je le dirai encore, contre une administration qui ne veut pas comprendre et qui est en train de gâcher avec conscience et cynisme l'avenir de tout un peuple.

Il ne faudrait pas par contre associer les privés, les colons, à cette administration, car nous les considérons comme les habitants de ce pays et par conséquent nous devons veiller à leur avenir au même titre que les Barundi, et en plus ils ont un grand rôle à jouer sur le plan économique.

Je sais aussi qu'une partie des fonctionnaires de cette administration est tout simplement victime d'un gouvernement auquel elle a juré fidélité, ceux-ci nous les connaissons. Cette révolution que nous sommes en train de faire, qu'elle soit politique ou sociale, nous aurions voulu la faire avec tous ceux qui sont venus nous aider... Mais nous refusons de nous laisser guider aveuglément. Nous désirons une collaboration sincère, sur le plan du respect mutuel, d'égal à égal, mais jamais, plus jamais sur celui de "bon papa" envers son enfant soumis⁴. Ce temps a vécu ! Faisons un effort de comprendre cela.

3. Une grande partie des territoires colonisés par la France est déjà, ou va devenir dans l'année 1960, indépendante. La vision qu'a le prince Rwagasore de ce processus de décolonisation est cependant idéalisée, car dans l'Afrique française les autorités coloniales ont aussi largement orienté les évolutions et manipulé les élites politiques.

4. Allusion au paternalisme caractéristique de la politique coloniale belge au Congo et au Ruanda-Urundi : les « indigènes », considérés comme des enfants, sont éduqués et guidés par le colonisateur censé agir « pour leur bien », y compris en allant à l'encontre de leurs souhaits ou en brisant leurs élans vers l'autonomisation.

Ndazi ko, muri iyi ntambara ata masase asohoka, ubutegetsi burafise uburyo bukwiye bwo kwimenyekanisha. Ndazi kandi ko, isinzi ry'Abarundi batazokwemera guhendwa na ho iyo ntwaro igerageza kwiyeza, igakoresha inguvu, ikaduhohotera ku mubiri no ku mutima. Abarundi ntibahendwa kandi ntibigeze bajana nyabahururu. Ndavyemera kubera yuko uruhara rwanje muri iyi poritike si urwo kwemeza ku gahato, Abarundi ingene niyumvira. Mugabo mu bisanzwe iyo ingendo yari yoroshe, ni iyo yokwitondera ariko ikarangwa n'ubutwari : gushira mu ngiro ivyiyumviro n'ishaka ry'abanyagihugu.

Ku bantu bata umwanya wabo bavuga nabi abandi, bakababeshera, batukana. Ku bantu bakoresha uburyo butabereye babesha, biyorobeka buteye kubiri na demokarasi mu kubesha abanyagihugu, mu gutyozza agateka k'abantu batigeze batinya kuvuga. Ku bantu baranzwe n'ibikorwa atari amajambo yo nyene, bagerageje kwitanga ku mvo n'inyungu z'igihugu cabo n'abavandimwe babo, nibakomere ku muheto ! Mu gihe umurundi azoba afise uburenganzira bwo kwiyumvira, bwo kwitorera we nyene inzira ibereye hamwe n'ukwigenga nzotumbera iyo ari. Bibaye nkenerwa umutumba ku mutumba, kugira ndababwire ko "umuganwa Rwagasore adashobora kuba mu kiringo kimwe ashigikiye intwaro y'agacinyizo, yitaho iterembere, yemera umwami, arwanya umwami se-yemera, ari umukirisu, umu isaramu n'umukomunista⁵". Hanyuma, abanyagihugu bo nyene bazoca urubanza.

Kuri abantu bose aho bari hose, abantu mbere tuzi, benyaguzza mu gukwiza hose ivyo banyagiriza mu banyagihugu kugira basambure ibintu biragaragara. Ndababariye nti : "Va i buzimu mugaruke i buntu, ko nimba tuvuyipfuzza twese, kazoza k'iki gihugu cacu twese kadutegekaniriza ivyiza bihimbaye". Mugabo nimunyemere, guhimbarwa n'intsinzi yanje bizoba impera n'imperuka kwereka abo banyagihugu ko ntazi ico banyagiriza ko ndi ; kuko ndafise umwizero muri abo banyagihugu !

5. Aha hasubirwamwo ukudondagura amazina n'ivyaranga Rwagasore hamwe n'abamushigikiye nk'uko biri mu majambo n'ivyanditswe dusanga mu vyiyumviro vyakwiragizwa hose mu gihe c'igikoroni canke mu migambwe yarwanya Uprona.

Je sais que dans cette guerre froide, l'Administration a plus de moyens pour sa propagande. Je sais aussi que malgré cette propagande, malgré la force, malgré les contraintes physiques et morales, l'immense majorité du peuple murundi ne se laissera pas tromper, car elle n'est pas et n'a jamais été dupe. Je le crois parce que mon rôle dans cette politique n'a pas été d'imposer au peuple murundi ma façon de penser, mais simplement... le jeu était facile, humble mais audacieux : de traduire la pensée et la volonté de ce peuple.

A ceux qui passent leur temps à médire, à calomnier, à insulter. A ceux qui emploient des méthodes mensongères, hypocrites et antidémocratiques pour tromper le peuple, pour détruire le prestige de ceux qui n'ont pas eu peur de parler, de ceux qui par des faits et non des paroles, ont essayé de prêter main forte pour la cause et les intérêts de leur pays et de leurs compatriotes, à ceux-là je leur fais un défi ! Pour autant que le peuple murundi a le droit de penser, de se choisir une voie et d'être libre, j'irai vers ce peuple – colline par colline s'il le faut – leur dire “que le prince Rwagasore ne sait pas être à la fois féodal, progressiste, royaliste, anti-mwami – son père – croyant, chrétien, musulman et communiste⁵”. Alors le peuple jugera finalement lui-même.

A toutes les personnes qui qu'elles soient, des personnes que nous connaissons d'ailleurs, qui s'acharnent à répandre des accusations contre moi dans la population pour détruire des réalités apparentes, je leur dis : “revenez à la raison, car si nous le voulons tous, l'avenir de ce pays à nous tous peut réserver des surprises heureuses”. Mais croyez-moi, mon bonheur et ma victoire seront finalement de prouver à cette population que je n'étais pas ce que l'on m'accusait d'être ; car j'ai confiance en cette population !

5. Reprise de la litanie des identifications et des adjectifs attribués à Rwagasore et à ses partisans dans les discours et les écrits de la propagande coloniale ou des partis opposés à l'Uprona.

Ng'aha, ndonkeye ho akaryo ko kumenyesha ku mugaragaro ko ntari kandi ntazokwigera mba umukomunista canke ngo nshigikire ivyiyumviro vyabo⁶. Nize mw'ishure ry'Ababirigi kandi rya gatorika⁷. Iryo shure nzoguma ndaryubaha. Nkomoka ku mwami, ngashigikira imico y'igihugu kandi ndemera intwano rusangi. Kubera ivyo sinoshobora kwisambura jewe nyene! Gusambura ishingiro ry'ivyiyumviro vyanje na ho ni ikintu gihambaye kandi ndahakanye nshimitse, mpakana ivyo banyagiriza bishobora n'ugutuma mbere imigumuko ikomeye rwose. Iyo migumuko ntiyoba irwanya jewe, yoba irwanya abo bantu batagira umutima, isoni n'iteka boba bayitumye. Mbere ivyo migumuko yotosekaza kazoza k'Uburundi.

Ndahakanye ko abantu ataco bitayeho, abasuma basambura igihugu cacu. Nsavye mbere ko abantu bose bokwifatanya nanje mukubatera ivyatsi, baba abirabure canke abazungu, Abarundi canke Ababirigi n'abandi... bahaguruke barwanire iryo teka nta ngere gushika ku nguvu za nyuma umuntu afise.

Ntituzohemukira na rimwe Abarundi! Kandi barabizi!

Bigiriwe i Usumbura, igenekerezo rya gatatu Myandagaro 1960

Umuganwa, Rwagasore, R. »

6. Mu kiringo c'intambara y'uguhangahangana ata birwanisho bikoreshwa « Guerre froide », igihugu ca Kongo cabaye nk'ikibuga c'uguhanganiramwo hagati y'impande zibiri, abegamiye Ubugerero n'abegamiye Ubuseruko, ubwoba bw'ugutinye ivyiyumviro gikomunista (« communisme ») biba vyinshi. Ivyo barabikoresheje bashaka kubeshera Rwagasore, na cane cane aho amariye kuja mu birori vy'aho igihugu ca Kongo cashikira intahe y'ukwikukira hambavu ya Patrice Lumumba yari umushikiranganji wa mbere w'igihugu ca Kongo (yagandaguwe muri Nzero 1961).

7. Mu buto bwawe Rwagasore yize mu mashuri y'abihebye Imana (Bukuru, Kanyinya, Kitega), hanyuma yaroye kwiga muri Groupe scolaire d'Astrida (Butare, Rwanda), ishure yari irongowe n'Abafurera bitiriwe Urukundo bitwa « les Frères de la Charité » (rabira mu biri imbere, mu rwandiko inomeru 11).

Ici, j'en profite pour proclamer solennellement que je ne suis pas et ne pourrais pas être communiste ni communiste⁶. J'ai appris à l'école belge et chrétienne⁷. A cette école j'y resterai fidèle. Je suis un aristocrate, un conservateur et un démocrate, je ne pourrais par conséquent me détruire moi-même ! Et détruire mon idéologie ! La chose est grave et je proteste énergiquement contre ces accusations qui sont à même de provoquer des réactions terribles, non contre moi, mais contre ces individus sans conscience, sans scrupule et sans honneur qui les répandent, et aussi hélas contre l'avenir du Burundi.

Je refuse que des irresponsables, des cupides, détruisent notre pays et que tous ceux qui le refusent avec moi, qu'ils soient Noirs ou Blancs, Burundi ou Belges, etc. luttent jusqu'à la limite de la résistance humaine pour cette cause sacrée !

Nous ne trahissons jamais le peuple murundi ! Et il le sait !

Fait à Usumbura, le 3 août 1960

Le Muganwa, Rwagasore, L. »

6. En pleine Guerre froide, et alors que le Congo devient un terrain d'affrontement entre les deux « blocs » de l'Est et de l'Ouest, la peur du « communisme » entretient tous les fantasmes. Cette accusation a beaucoup été utilisée contre Rwagasore, notamment après qu'il ait participé aux cérémonies de l'indépendance du Congo aux côtés de Patrice Lumumba, alors Premier ministre congolais (assassiné en janvier 1961).

7. Rwagasore a fréquenté durant sa jeunesse des écoles missionnaires (Bukeye, Kanyinya, Kitega), puis a été scolarisé au Groupe scolaire d'Astrida (Butare, Rwanda), dirigé par les Frères de la Charité (voir plus haut, texte n° 11).

**Ikiganiro umuganwa Rudoviko Rwagasore yatanze
mw'Ishirahamwe ry'ubudandaji n'amahinguriro
ry'Uburundi (CCIB),**

Usumbura,

ku musu wa kane, igenekerezo rya 25 Myandagaro 1960¹

« Nyakwubahwa mukuru w'ishirahamwe², Bapfasoni, Bashingantahe,

Numva mpimbawe cane n'ukuba ndi kumwe namwe. Ndabashimiye kubona mwashoboye kumpa aka kanya, mukaba mwemeye ko tunganira. Ni ubwa mbere ndonka akaryo ko guhagarara imbere yanyu ngo tunganire.

Ndazi ko atari ikibanza co kuvugiramwo ivya poritike, mugabo ni ikibanza gihuriyemwo abantu b'abashingantahe bagize uruhara runini mu kwubaka igihugu gusumba na kure abanyeporitike kubera ibikorwa bakoze, umwete n'ubwira bwabo. None rero, muruheza mumbabarire ninacishamwo ivyiyumviro vya poritike kuko birashobokako mutonyemerera ko mvuga ivyiyumviro mfise mu vy'ubutunzi n'imibano ataco muzi ku vyo niyumvira muri poritike. Ico ndondera co nyene ni uko mwonyizera n'aho ntaje kubemerera ibintangaza buca muronka. Nifuza kandi ko uwo mwizero woba magiriranire ninaho woba uw'ukuri...

Jewe namaze imyaka ine n'igice mu Bubirigi. Muri iyo myaka narashoboye gutembera mu bindi bihugu vy'iburaya nk'Ubudagi bwunze ubumwe, Ubufaransa, Ubuholande, Ubutaliyano, Ubugirigi, muri Luxembourg. Ndababwiye ko n'ubu ngihimbawe n'ivyo nabonye muri iyo myaka – kuko buriya umuntu agira akarorobwe k'igihugu canke k'abanyagihugu yiboneye

1. Ijambo ryashikirijwe mu rurimi rw'igifaransa, turisanga mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 68. Iri jambo turarisanga kandi aho ryashizwe mu kirundi mu gitabu canditswe na Gihugu D., 1999, p. 75-86. Inama yabaye ku mugoroba kandi nk'uko vyari mu butumire bwatanze na CCIB (AAB, idosiye BUR 6), ijambo yari yerekeye ryitwa ngo : « Ivyiyumviro bimwe bimwe ku vyerekeye kazoza k'Uburundi mu vy'itunganywa ry'ubutunzi n'imibano ».

2. Umukuru wa CCIB yari Umubirigi yitwa Franz Meidner, umuyobozi wa Old East, ishira hamwe ry'ubudandaji ryashora rikongera rikarangurira mu mahanga, rifise icicaro i Usumbura. Kubera ko yari yaranyuzwe n'ivyiyumviro vya Rwagasore mw'iterambere ry'ubutunzi, yaciye agenwa mu mabanga yo kuba umuhanuzi mukuru mu vy'ubutunzi n'amafaranga muri Reta yashinzwe n'umuganwa, umugambwe Uprona waraye utsinze mu matora y'abashingamateka yo muri Nyakanga 1961 (AAB, idosiye BUR 68).

**Exposé du prince Louis Rwagasore
à la Chambre de commerce et d'industrie
du Burundi (CCIB),**

Usumbura,
jeudi 25 août 1960¹

« Monsieur le Président², Mesdames, Messieurs,

Je suis particulièrement heureux d'être parmi vous. Je vous remercie de m'avoir donné la parole à cette tribune, d'avoir accepté ce dialogue. C'est la première fois qu'une telle tribune m'est offerte, qu'un tel dialogue m'est possible.

Je sais que ce n'est pas une tribune politique, mais plus que les politiciens, une tribune des hommes qui ont fait les nations, c'est-à-dire ceux qui par leur travail, leurs efforts, leur abnégation, ont construit ce pays plus que les autres. Donc, vous ne m'en tiendrez pas rigueur si en passant je suis obligé de vous parler des vues politiques, car je ne vois pas comment vous pourrez croire en moi, avoir confiance en mes vues économiques et sociales si vous ignorez mes opinions politiques. Mon but est uniquement de vous donner confiance et non de vous promettre des monts et merveilles... Et cette confiance pour qu'elle soit valable doit être réciproque.

Moi qui ai vécu 4 ans et demi en Belgique et durant lesquels j'en ai profité pour voyager en d'autres pays d'Europe comme l'Allemagne fédérale, la France, la Hollande, l'Italie, la Grèce et le Grand-Duché de Luxembourg, croyez-moi, j'ai gardé le meilleur souvenir de ces années

1. Discours prononcé en français, disponible aux AAB, dossier BUR 68. La conférence eut lieu en soirée et s'intitulait, selon les invitations lancées le 19 août 1960 par la CCIB (AAB, dossier BUR 6), « Quelques idées sur l'évolution prochaine de l'organisation économique et sociale du Burundi ».

2. Le président de la CCIB était le Belge Franz Meidner, directeur de l'Old East, une firme commerciale d'import-export établie à Usumbura. Enthousiasmé par les réflexions de Rwagasore sur le développement économique, il fut nommé Conseiller général aux Affaires économiques et financières dans le gouvernement composé par le prince au lendemain de la victoire de l'Uprona aux législatives de septembre 1961 (AAB, dossier BUR 68).

aho babaye n'ingene babayeho. Mu nyuma naratahutse mu gihugu c'amavukiro ariko nk'uko bishikira abandi Banyafirika bavuye i Buraya, narababajwe n'inyifato ya bamwe nari maze kumenya, nkabategera, nkabakunda mbere, kubera ko vyari vyaciye ku migenderanire twagiranira, ku migenzo y'ubuntu dusangiye, ishingiyeye kw'idini gatolika ari yo yiganje mu buraya bwo mu burengerero bw'izuba.

Akanyamuneza nari mfise ko gutangura gukorera igihugu, n'ibindi vyiyumviro vyiza vyose nari mfise vyasanze ataho bishikira kuko ukudategera ibintu uko bibwirizwa kumera, kubera mbere ukutumvikana, rimwe rimwe harimwo agakengere. Ivyo nta co vyari bitwaye iyo bishikira jewe jenyene; oyaye, ivyo vyarashikiye n'abandi benewacu dusangiye igihugu. None inyifato yacu yari kuba iyihe imbere y'ako kagagazo ko kwanka na ntaryo ikintu cose mu gihe kije kidavuye mu batware b'abazungu? Imbere y'ibintu bimeze uko, umuntu atemera we nyene ni we yohitamwo gutana n'akabando, kuko hagati n'ikidashoboka n'igishoboka haza urugero nyarwo rw'ugushaka kw'abantu. Uko gushaka twebwe turagufise, ni ukuvuga ko ubwenge, ugutegera neza ibintu, ukugira umutima uzira uburyarya n'ukuja inama ni vyo vyonyene bishobora gutorera inyishu ako kaga turimwo; ni vyo bishobora kudushikana ku mwumvikano, aho tugira ivyo duhariraniye.

Nk'uko mperutse kuvyandika mu misi iheze, ingendo yanje mu vy'ukuri iroroshe: "Muri icyo poritike, igikorwa canje nticabaye kandi ntikizoba na rimwe icyo kwemeza umurundi ku gahato ingene tubona ibintu. Uruhara rwanje ruroroshe cane, ruciriye hagufi ariko rurarashe; ni urwo guserura ahabona n'ugutomora neza ivyiyumviro n'ivyifuzo vy'abanyagihugu³". Ninaba ivyo navuga mu myaka ibiri iheze ata kamaro vyari bifise, ubu umuntu afise ubwenge yobitega amatwi kuko ijwi ryanje ubu rishikira Abarundi bashika ibihumbi n'ibihumbi.

Bapfasoni, Bashingantahe, sinaje ngaha guca urubanza rwerekeye poritike y'intwari mbirigi. Hariho ibintu biboneka kandi bishemeye vyakozwe, ariko hariho n'amakosa, amakosa ahambaye yakozwe. Ubu rero si igihe co kubigera n'ukubigerura ngo turabe ivyiza n'ibibi; ngo duterwe ikigongwe n'akahise canke ngo dutamarire kazoza tutaramenya; ibiriho biri uko. Ubu hageze nyabuna igihe co kwerekana uruhara rwacu. Ni igihe gihambaye mu buzima bw'igihugu, tugeze mu gihe co kwubaka dufatiye kuri ivyo vyose tubona bidukikije hirya no hino, turavye iyo twavuye n'ivyagiye birashika; kazoza k'igihugu cacu twese hamwe, harageze ko tukubakira ku mushinge

3. Ibi avuga bifatiye kw'ijambo yavuze ryo « gutomora aho ahagaze (« Mise au point ») ryanditswe mu kinyamakuru *La Chronique congolaise* co kw'igenekerezo rya 20 Myandagaro 1960 (raba urwandiko ruza imbere rufise inomeru 19).

– car l'on garde la nostalgie d'un pays ou d'un peuple qu'on a connu dans son milieu naturel. Je suis par après rentré dans mon pays où, très souvent, comme d'autres Africains rentrant d'Europe, j'ai été déçu par ceux que j'avais connus, que j'avais appris à comprendre et par conséquent à aimer, par des contacts constructifs, par la civilisation commune, c'est-à-dire chrétienne ou occidentale.

Face à mon enthousiasme, à ma foi de servir mon peuple, à mes illusions aussi, je n'ai rencontré qu'un mur d'incompréhension, de terribles malentendus, parfois l'humiliation. Tout cela n'était pas très grave s'il s'agissait uniquement de ma personne ; hélas, cela est arrivé à d'autres de mes compatriotes... Que pouvaient être nos sentiments devant un refus catégorique et systématique de tout ce qui pouvait ressembler de loin à une initiative ne provenant pas de la puissance administrante ? Face à une telle situation, seul un homme n'ayant pas de foi pouvait abandonner, car la différence entre l'impossible et le possible est le degré de la volonté des hommes. Cette volonté nous l'avons, ce qui signifie par conséquent que seuls la raison, la compréhension, l'honnêteté et un dialogue franc peuvent donner la solution à ce pénible malentendu, peuvent nous amener vers un compromis, vers des concessions mutuelles.

Mon jeu, en somme, est facile, comme je l'écrivais il n'y a pas longtemps : "Dans cette politique, mon rôle n'a pas été et n'est pas d'imposer au peuple murundi ma façon de penser et de concevoir les choses, mais un rôle plus facile, plus humble peut-être, en tout cas plus audacieux, c'est-à-dire qui consiste à traduire, à exprimer la volonté, les désirs et les aspirations de ce peuple³". Il va de soi que si ma voix n'avait pas de valeur, il y a deux ans, la raison plus que les sentiments vous oblige aujourd'hui à l'écouter par le seul fait que c'est une voix écoutée par des centaines de milliers de Barundi.

Je ne suis pas venu, Mesdames, Messieurs, vous faire un procès de la politique coloniale belge. Il y a quelque chose de vrai et de durable qui a été fait, il y a aussi des erreurs, de graves erreurs qui ont été commises. Mais nous ne sommes plus à l'heure de jouer à la balance, de nous apitoyer sur le passé ou de nous exalter sur un avenir incertain ; ce qui est, est. Nous sommes, au contraire, à l'heure de la responsabilité, à l'heure décisive du tournant de l'histoire de notre pays ; nous sommes à l'heure de construire à la lumière des événements qui nous entourent, à la lumière du passé et de l'histoire ; nous sommes à l'heure de bâtir sur

3. Référence à sa « Mise au point » publiée dans *La Chronique congolaise* du 20 août 1960 (voir texte précédent n° 19).

w'ukuri, ubereye kandi ukomeye. Ni co gituma bidashoboka ko ako kazoza, akazoza k'abanyagihugu n'ak'ibihugu vyacu uko ari bibiri, kifatirwa mu minwe n'abantu bamwe bamwe bacisha ahabo; abantu batababaye igihugu, ataco bakizigako, bironderera ivyabo gusa canke ataco bitayeho. Ubu ntitukiri abo kwigirako. Ndasubiyemwo, tugeze aho dufata ingingo zikomakomeye, guhangana n'ibigoye igihugu. Na vyo bikeneye kubikorana ubwitonzi n'ugushaka nyakwo.

Icanzanye imbere yanyu, naje kukibayagira mu majambo atomoye, mu majambo ataryohera bamwe, mugabo aremesha abandi, ivyo na vyo ndazi ko hari ababimpora kuko ukuri ntikunzereza bose na ntaryo. Ico mwomenya ariko ni uko ukuvuga ukuri n'umutima uzira uburyarya vyama biruhira kwiganza. Ni co gituma mperutse kwandika mu ndwi iheze ko ataco bintwaye ko banyagiriza ngo ndi umukomunista, ko nanka abazungu, ko nanka umubirigi, ko ntera umudugararo mu gihugu n'ibindi ntazi⁴. Intsinzi yanje izoba iyo kwereka Abarundi ko uko bamvuga banyagiriza atari ko meze namba.

Ubwa mbere, sinoba umukomunista canke umwe mu bashigikiye ivyiyumviro vyabo. Kukaba nkako, jewe ndi umuganwa, nza ku rugero rwa 17 mu bakomoka ku bwami butwara Uburundi muri kino gihe⁵. Ndemeza ko iyi ingoma ya cami igifise uruhara runini mu gihugu cane cane muri kino kiringo giteye impungenge kandi c'amayirabiri. Ndashigikiye intwaro ya cami ariko sindabitumwa n'uko ndi umuhungu w'umwami. Ndabitumwa n'uko nemeza ko intwaro ya cami mbona ari yo igihugu gikwiye kandi abanyagihugu bakiyiyoboka. Sinemera ko hagira uwuhatira abanyagihugu guhindura ingene batwawe, ryoba ihinduka ribi ritabereye. Vyongeye, na jewe niyumviriye nkihweza ibintu ido n'ido sinoshobora kuja kubiri n'ivyo niyumvira, kubiri n'inyungu zanje kuko nta n'ineza y'Abarundi vyozana. Nsanzwe kandi nemera nkaba n'umukiristu. Kubera ivyo rero, abantu bakwiragiza urwo rukururukuru ni abantu ataco banezwe, bo kwirinda kuko babangamiye kazoza kacu. Ibibi bakora birengeye ivyo

4. Raba mu rwandiko ruza imbere rufise inomero 19.

5. Ng'aha umuganwa yisunga urukurikirane rw'ingoma zabayeho rwoba rugizwe n'abami bane (Ntare, Mwezi, Mutaga, Mwambutsa) kuva ingoma y'Uburundi ishingwa na Ntare Rushatsi. Urwo rukurikirane « rurerure » rushingiyeye ku matazirano yariho bita abami, na rwo rukerekana y'uko Ntare wa mbere yatwaye mu ntango z'ikinjana ca 16. Urundi rukurikirane « rugufi » rwemeza ibiringo bibiri vyonyene vy'abami bane. Uru rukurikirane rushingiyeye ku cyumviro c'uko umwami wese yashobora kwitwa amatazarino menshi, rugashingira kandi ku gitigiri c'inganzo indwi zonyene ari zo zizwi mu Burundi. Muri ico gihe naho, ishingwa ry'ingoma ryoba ahubwo ryabaye mu mpera z'ikinjana ca 17. Ibi vyerekeye urukurikirane rugufi rushirwa imbere n'abahinga b'ivya kahise kuko imvugo isa n'ivyegeranijwe vyavuzwe, bivuye mu ntwaro za cami zivugereye z'Urwanda, Ubushubi canke Ubuha (Mworoha E., 1977, p. 63).

des bases réelles, sûres et durables, l'avenir de ce pays, à nous tous, vous comme nous. Dès lors il n'est pas possible que cet avenir, que l'avenir de tout un peuple et de l'amitié de deux peuples, repose dans les mains et les caprices de quelques hommes, quelques qui n'ont aucune attache au pays, aucun intérêt futur, dans les mains des opportunistes, si pas des arrivistes. Nous ne sommes plus à l'heure des pionniers et des expériences en laboratoire. Je me répète, nous sommes à l'heure de grandes décisions, de grandes responsabilités et par conséquent d'une grande sagesse et d'une immense bonne volonté.

Ce que je suis venu vous dire, je le dirai très simplement, mais je le dirai avec cette franchise pénible pour les uns, réconfortante pour les autres, et qui m'a toujours valu des antipathies car toute vérité n'est pas bonne à dire. L'expérience m'a montré aussi que la vérité et l'honnêteté finissent toujours par triompher. C'est pourquoi j'écrivais encore la semaine dernière que ça m'importe peu que l'on m'accuse d'être communiste, d'anti-Blanc, d'anti-Belge, de fauteur de troubles, que sais-je encore⁴? Ma victoire finalement sera de démontrer au peuple murundi que je n'étais pas ce que l'on m'avait accusé d'être.

D'abord je ne sais pas être communiste ni communisant. En effet, je suis un aristocrate, je suis le 17^e descendant direct de la dynastie actuelle du Burundi⁵. Je crois que cette dynastie a encore un grand rôle à jouer, surtout en cette période délicate et décisive. Je suis pour un régime monarchique, non que je sois le fils de mon père, mais parce que je crois que la monarchie est encore ce qu'il y a de mieux dans ce pays et en laquelle le peuple croit encore. Je ne crois pas que nous devons imposer une révolution au peuple, ce serait une fausse révolution. Par conséquent je ne pourrais raisonnablement et délibérément aller à l'encontre de mes propres convictions, de mes propres intérêts et par conséquent des intérêts du peuple murundi. Enfin, je suis croyant et chrétien. Par conséquent ceux qui propagent de tels bruits sont absolument irresponsables,

4. Voir texte précédent n° 19.

5. Le prince se fonde ici sur une chronologie dynastique qui comprendrait quatre cycles de quatre rois (Ntare, Mwezi, Mutaga, Mwambutsa) depuis la fondation du royaume par Ntare Rushatsi. Cette chronologie « longue » s'appuie sur l'existence de surnoms donnés aux rois et fait remonter Ntare I au début du XVI^e siècle. Une autre chronologie, « courte », admet seulement deux cycles de quatre rois en se basant sur l'idée que chaque souverain pouvait avoir plusieurs surnoms et que seuls sept tombeaux de rois sont connus au Burundi. La fondation du royaume daterait dans ce cas plutôt de la fin du XVII^e siècle. Cette version courte est privilégiée par les historiens car elle recoupe les traditions orales recueillies dans les royaumes voisins du Rwanda, du Bushubi ou du Buha (Mworoha É., 1977, p. 63).

umuntu ashobora kwiyumvira canke naho bakwiye kugirirwa ikigongwe kuko batazi ico bakora.

Mu vyo niyumvira ntaho ntaniye na Data, Sebarundi. Dutandukaniye gusa ku myaka tutanganya no ku bumenyi twahawe n'ivyo twigishijwe, ariko ivyiyumviro n'ishaka ku Barundi, ukubakunda n'ukubakorera ni bimwe, ni ivyo biranga abatware bose bo mu nda y'ingoma barongoye igihugu ubu. Ico nshaka kandi ndondera, ni ugukorera igihugu canje; ivyo na vyo nta muntu n'umwe yashobora kubimbuza canke ngo abinyagirize. Nta muntu ndwanya baba Abazungu, Ababirigi canke abanyamahanga baba muri kino gihugu. Ndasonera rwose nk'uko bibereye, abantu bose igihugu cacu gihaye indaro. Ariko narabivuze kandi nzobisubiramwo, ndateye kubiri n'intwari ndavye ivyo iriko irakora, ataho izodushikana nk'uko vyabaye muri Kongo mbere no mu Rwanda. Ivyo bibandaniye sinzoreka kuvyiyamiriza ntarya umunwa. Ariko rero, mu Burundi haracariho ikizigizigi kuko uko biri kose, Abarundi si abagumutsi, ntibapfa kwemerana vyose, barafise n'ubwenge bwo kwiyumvira ivyo bakora. None rero ko dutegerezwa gushika ku co twipfuzwa, tubwirizwa kuguma na ntaryo dukekeranya gushika mu mpera n'imperuka; nituzokwemera umugumuko mu gihugu kuko ba sesankuyozwe baducungishije ijisho ariko bomenya ko tutazokwemera ko baduca mu jisho.

Ndazi ko mwifuzwa ko ndabacira ku mayange iryo ndota ku vyerekeye kazoza k'ubutunzi kw'Uburundi, no ku migenderanire hagati y'ababirigi batureze na twebwe. Ntako nshobora kubibabwira ntabanje kuja ku muriri w'ingorane za poritike ngo ndaziheze. Ntaco vyomara kubaganirira amajambo meza aryohere amatwi ntababwiye ingene ivyiyumviro vyanje nimwamara kuvyemera bizoza mu ngiro umusi uri izina. Kubera ivyo, ndemera rwose kandi na mwebwe muvyemere, ko uruhara ngiye kugira mu vya poritike ruzoba kirumara⁶. Nico gituma ntifuzwa ko abantu bapfa kungwanya bampora ubusa, batabanje gutohoza kandi babigira mu bujuju. Ndamaze guhura uko umusi utashe, n'abantu bamvuga batanzi bahenzwe n'abandi nabo nyene batanzi namba canke abo bamaze kubwira neza ukuri kwose niyumvira. Aha niho bigoraniye. Kumbure birashoboka ko tunana

6. Bifatiye k'ukuburabuzwa kwagirwa n'abategetsi b'intwari y'igikoroni hamwe n'imigambwe ikebana na Uprona kugira ngo umuganwa yiyonjorore muri poritike y'igihugu (raba imbere, ijambo ryashikiriye ku numero 18). Hahaze imisi Rwagasore ashikirije iryo jambo imbere ya CCIB, urwandiko rwasohotse kw'igenekerezo rya 31 Myandagaro 1960, rushizweko igikumu n'imigambwe 11 yari yitavye Inama y'i Bruxelles. Rwategeka ko abavyeyi n'abo bafise ico bapfana mu vy'amaraso n'umwami Mwambutsa gushika ku rugero rwa kabiri bokwiyonjorora mu vya poritike. Kw'igenekerezo rya 10 Nyakanga 1960, Rezida mukuru Harroy yaremeje urwo rwandiko mu guhindura ku vyerekeye Uburundi itegeko ry'imfatakananza ryo ku wa 25 Kigarama 1959 (ingingo ya 24 igira kabiri).

dangereux pour notre avenir et plus néfastes que tout ce qu'on peut imaginer, ou alors ils sont à pardonner parce qu'ils ne savent pas ce qu'ils font.

Je ne suis pas en divergence de vues avec mon père, le *mwami* du Burundi. Nous différons peut-être de génération et de formation, mais pas de sentiments profonds de fidélité et de dévouement au peuple murundi, qui doivent être ceux des représentants de la dynastie qui veille actuellement à la destinée du Burundi. Je veux et je cherche uniquement à servir mon pays et cela personne ne peut [m'en] empêcher ou me le reprocher. Je ne suis ni contre les Blancs, ni contre les Belges, ni contre les étrangers établis dans ce pays, je respecte trop les sentiments hospitaliers de ma race. Mais je suis, je l'ai dit et le dirai encore, contre une administration qui pour moi, si elle continue résolument et je dirais cyniquement ce qu'elle est en train de faire, ratera sa mission, comme, soyons francs, elle l'a ratée au Congo et même au Rwanda. Pourtant il y a encore une chance au Burundi, car quoi qu'il puisse arriver, le peuple murundi n'est pas un peuple de fous, exalté et irréfléchi. Et comme il faut réussir coûte que coûte, jusqu'au dernier moment nous garderons la tête froide, nous ne permettrons pas des troubles dans le pays car les pêcheurs en eau trouble nous guettent et nous ne leur donnerons pas cette occasion.

Je sais que vous vouliez déjà entendre de ma bouche comment je conçois l'avenir économique du Burundi, les relations futures entre les tuteurs et nous. Comment pourrais-je vous en parler si je n'épuise pas d'abord les problèmes politiques ? A quoi cela vous servirait que je vous dise de belles paroles, agréables aux oreilles, si en même temps je ne sais pas vous assurer que mes vues, que vous auriez admises, j'espère, seront un jour appliquées ? Pour cela, il faut, je pense, que je m'assure et vous assure en même temps que mon rôle politique est et sera déterminant⁶. Pour cela aussi il faudrait que je ne sois pas critiqué gratuitement, aveuglément et très souvent maladroitement. N'ai-je pas chaque jour rencontré des témoignages d'hommes qui ne me connaissent pas et qui se laissent induire en erreur par des personnes qui me connaissent encore moins ou auxquelles je n'ai pas caché les quatre vérités ? Tout le problème est là. Nous sommes peut-être difficile et intransigeants lorsque nous

6. Référence aux pressions exercées par les autorités coloniales et les partis rivaux de l'Uprona pour que le prince se retire du jeu politique national (voir plus haut, texte n° 18). Quelques jours après ce discours de Rwagasore devant la CCIB, une motion signée le 31 août 1960 par 11 partis présents au colloque de Bruxelles exigeait le retrait de la politique des parents et alliés du *mwami* Mwambutsa jusqu'au deuxième degré. Le 10 septembre 1960, le Résident général Harroy valida cette motion en amendant pour le Burundi le Décret intérimaire du 25 décembre 1959 (article 24bis).

canke ntidupfe kwemerana iyo turiko turwanira inyungu z'igihugu; ariko ntituri intagondwa kuko turemera cane kuganira n'abandi biciye m'ukuri, ata buryarya. None ivyo vyomara iki umuntu yiyobagije ibintu uko biri? Ntaco bimaze ko umuntu yironderera abansi, abaseserewe canke abanigwa n'inzigo? Ni kuki twofata ivyiyumviro vyacu nk'uko vyoba ari ukuri kugaragara? Iyo dusunitswe na kamere k'umuntu gusa dusanga dutumbereye mu ruhande rworoshe, ari na rwo abarondera ibiborohera bakunda; aho na ho kenshi si yo inyungu z'igihugu ziba zisherereye; uwukurikije ubwenge we atumbera nyabuna mu nzira y'abandi, barya bakakaye, batari bamahindagu ariko aribo baremesha abandi vy'ukuri kuko nibo remezo ryobashikana ku bintu biboneka, bizomara igihe kirekire kandi kiramba.

Sindabasavye ngo mupfe kwemerana ivyo ndabambwiye canke ngo mubishimagiza mutabanje kwiyumvira. Ni na co gituma, nsubiye kubashimira kuko mwampaye aka karyo ngo ngerageze ntomore neza ivyiyumiro vyanje mu majambo arashe.

Twe n'abagenzi banje, twipfuzaga ko igihugu cacu cokwikukira vuba kugira ngo ibintu bije inzira imwe, kugira ngo mumenye uwo muvugana, kugira ngo umwijima wose hagati yanyu na twebwe uzimangane. Ntitugishakaga gupfundapfundana mu majambo, dushakaga kumenya icokorwa kugira ngo twitegere tubizi neza dukoresheje n'uburyo dusanganywe. Ntitugishakaga ko Reta mbirigi ivuga iti ego canke igasa niyemera ivyo twipfuzaga ariko igaca ihindukira ikinyegeza inyuma y'abaturwanya ku mvo ata numwe ategera. Abazizi mugabo bariho kuko bari mu bakozzi bakuru bakuru ba Reta babikamisha, bakurikiza ryategekako ngo "mu kubatwara banza mubacanishemwo".

Ko uko kwikukira umusi umwe gutegerezwa gushika, ndiyumvira vy'ukuri ko kwoza guciye ku bikorwa vyanyu, aho kwoza mutabishakaga canke kubagirira nabi.

Ndacari muto kandi narize, ni ukuvuga ntegera neza ivyiyumviro vy'iterambere. Ndashigikiye demokarasi yoza buhoro buhoro yubakiye ku mushinge w'ukuri kandi ukomeye kuko intwari rusangi y'ukuri ntizanzwe n'amabwirizwa canke amategekako canke amahiri n'inkoko. Ndemera iterambere kandi n'ivyo hambere ndabishigikiye kuko ntegera neza yuko kazozza k'igihugu gategerezwa gushingira kuri ivyo bintu vyose vyiza vy'iteka bihesha agaciro abanyagihugu. Ahandi ho kazozza k'igihugu nta fatiro koba gafise, koba ari ukwubakira ku musenyi.

Kuvyerekeye ikibazo c'Abahutu n'Abatutsi, kuri bamwe kiroranye n'imibano y'abantu, ku bandi cerekeye amoko; kuri jewe aho mpagaze ni

défendons les intérêts de notre pays, mais nous ne sommes pas pour cela des fanatiques, nous sommes ouverts à tout dialogue sincère et honnête. A quoi sert dès lors d'ignorer la réalité ? A quoi sert de se créer inutilement des ennemis, des mécontents et des aigris ? Pourquoi prendre nos désirs pour des réalités ? Les sentiments vous poussent peut-être naturellement du côté facile, et du côté de ceux qui cherchent la facilité et pas toujours les intérêts de leur pays ; alors que la raison devrait vous pousser aussi naturellement du côté des autres, comme je l'ai dit plus haut, plus difficiles, plus intransigeants, mais qui forment une force morale puissante, laquelle est à même de vous donner des garanties tangibles, des garanties qui portent sur un temps plus long et durable.

Je ne vous demande pas de me croire sur parole ou de sympathiser avec mes opinions sans réfléchir. C'est pourquoi encore une fois je vous remercie de m'avoir donné cette occasion où je vais essayer avec des mots clairs et précis de définir celles-ci.

Mes amis et moi nous sommes pour l'indépendance rapide de notre pays pour que la situation soit nette, pour que vous sachiez avec qui traiter, pour que toute équivoque disparaisse entre vous et nous. Nous ne voulons plus jouer sur des termes, nous désirons simplement que l'on nous dise quoi, pour qu'en connaissance de cause on s'y prépare avec tous les moyens dont nous disposons. Nous ne voulons plus que l'Administration tutélaire nous dise d'accord ou [fasse] semblant d'accepter nos desiderata, cependant que de l'autre côté elle cherche à se cacher derrière une opinion qui s'opposerait à nous pour des raisons que personne parmi vous ne connaît mais que n'ignorent certainement pas certains hauts fonctionnaires qui en profitent pour appliquer la vieille loi de "diviser pour régner".

Je pense franchement, puisque cette indépendance doit venir, qu'elle vienne grâce à vous et non malgré vous ou contre vous.

Je suis jeune et intellectuel, par conséquent gagné à l'esprit moderne. Je suis pour la démocratie progressive qui doit se bâtir sur des bases réelles et solides, car une démocratie véritable ne s'instaure pas à coups d'arrêtés ou de décrets, ni à coups de crosse et de baïonnette. Je suis progressiste et en même temps conservateur parce que je suis convaincu qu'un avenir sûr doit se construire sur des patrimoines riches et nobles, qui doivent être la fierté d'un peuple sans [lesquels] l'avenir serait artificiel ou construit sur un banc de sable.

En ce qui concerne le problème hutu-tutsi, qui pour les uns est un problème social et pour les autres racial, pour moi il n'y a pas d'équivoque

hamwe. Abanyagihugu bose barangana babwirizwa kugira uburenganzira bumwe kandi bakangana imbere y'amategeko.

Ni co gituma nsavye nshimitse y'uko imbere ya vyose ari ugusonera amategeko ahari, mbere agahinyanyurwa. Ni ukugumana ubutegetsu bw'ukuri busanzweho kuko ni bwo bwo nyene bwodushikana muri kazoza ka twese. Mu Burundi, ukwubahana kuriho mu gihugu. Ndasemereye rero nti : ndabasavye ntimugusubize inyuma, nta kindi coza kigusumba. Egome ukwubahana ni kwose iwacu kandi simbeshya, sindiko ndishima mvuga ko nshobora kwamira umuntu n'urushi mu gihe nzi ko hariho ahandi babanza gukoresha inkoho, ibintu bikarinda kwononekara. Kw'izina ry'Abarundi no kw'izina ry'umwami Sebarundi dukunda, komeza inyifato runtu, sasagaza ayo mahoro, iryo humure musanganywe.

Birakenewe kandi ko mu Burundi haboneka ubutungane nyakuri. Ubwo butungane bwokwishira bukizana, bukigenza ntibutegekwe n'abagize Reta. Ivyo vyomera gutyo kugira ngo abanyagihugu ntibagumuke, ni ukuvuga ko abanyagihugu bato bato b'Abahutu canke Abatutsi ata zindi nguvu bafise canke ikindi kibakingira, bashobora gukingirwa n'ubutungane butarenganya kandi budatevya imanza – ndashobora kubaha ututorero twerekana ingene ubutegetsu bwarenganije abantu bato bato mu gukingira ikibaba abatware bamwe bamwe bushaka kubakoresha. Ahandi naho, mu vya poritike, ubutungane burakeneye kwigenga kugira ngo bushobore gutunganiriza imigambwe kuko isanzwe ifise ivyiyumviro n'intumbero bidasa. Kuko, ubutegetsu mbirigi bwoguma butagira nkunzi, ntihagire uruhande bwegamira, ntaco bwohomba. Ahubwo bwokwunguka kw'izina ry'Ababirigi; muri bino bihe, bwoba bwungutse itunga risumba kure inzahabu n'umujumbu ni ukuvuga ubugenzi n'ugukengurukwa kw'igihe cose n'abanyagihugu bibereye mu karere k'umutima w'Afrika. Kuko ukutumvikana hagati y'abadahuzwa ivyiyumviro ntivyoba ngombwa ko Reta mbirigi ibijamwo, bobitorera umuti bo nyene.

Vyoba vyiza rero ko hagati y'imigambwe haba ukwishira n'ukwizana, ugucisha ibintu mu kuri. Vyoba vyo ari vyo biroye imbere bigahimirizwa. Hagatsinda uwuramutse atsinda. Hagati y'abantu barangwa n'iteka na ntaryo hama hariho uburyo bwo kwumvikana. Kira noneho turi abantu b'iteka, abantu banama rimwe... Nta gukekeranya, muri twebwe nta n'umwe ashima ko bamuhonyorako, ko bamufata nk'uko ata co amaze kandi azi neza uruhara rumurindiriyeye muri kazoza k'igihugu. Nk'uko namaze kubivuga amakosa akomeye yarakozwe muri iki gihugu, amakosa atewe n'ubujju kandi ababaje. Ariko rero ndemera ko vyose bitononekariyeko, haracariho umwanya wo gukora neza. Tutarinze gutakaza umwanya, tuve hasi aka kanya ntikatujane kuko ibintu biranyaruka, mu mezi atatu hazoba

possible. Tous les citoyens de ce pays doivent avoir les mêmes droits et les mêmes devoirs.

C'est pourquoi j'insiste qu'il faut avant tout respecter l'ordre établi, l'améliorer bien sûr. Il faut garder l'autorité réelle existante, la seule garantie pour notre avenir à tous. La discipline est totale au Burundi. J'élève la voix : ne la démolissez pas de grâce, je ne sais pour quel saint idéal. Oui la discipline est totale chez nous et je ne raconte pas des histoires, je ne me vante pas en disant que je suis encore capable d'arrêter d'un geste [des hommes], là où les mitraillettes seraient impuissantes à moins de faire de la casse. Au nom du peuple murundi et de son Souverain bien-aimé, sauvegardez cette discipline, cette paix, cet ordre établi.

Il faut aussi qu'une véritable justice soit établie au Burundi, il faut que la justice soit libre et indépendante par rapport au pouvoir exécutif. Ceci pour éviter d'un côté le soulèvement social du peuple ; c'est-à-dire, il faudrait que le peuple, les petits Hutu ou Tutsi sans force et sans défense puissent trouver une justice prompte et équitable – car je pourrais vous donner des exemples où l'Administration a, au contraire, protégé certains chefs au détriment de ces pauvres gens, pour mieux évidemment s'en servir. D'autre part, sur le plan politique, il faut que cette justice ait la main libre pour rendre une justice équitable entre les partis politiques dont les opinions et souvent les buts divergent. Car la puissance administrante en restant neutre et intègre elle ne perd rien, au contraire, elle a à gagner, au nom du peuple belge, dans les temps actuels, un trésor plus précieux que l'or et le cuivre, c'est-à-dire l'amitié et la reconnaissance pour toujours d'un peuple au cœur de l'Afrique. Car les conflits entre les opinions opposées devraient être une affaire intérieure dans laquelle la Tutelle n'a pas à intervenir unilatéralement.

Dès lors, il faut alors qu'un jeu libre et honnête entre partis soit permis et encouragé. Et, ma foi, gagnera celui qui gagnera ! Entre gens d'honneur il y a toujours moyen de s'entendre. Or, nous sommes des gens d'honneur, des gens d'une seule parole... Sans doute personne n'aime qu'on lui marche sur les pieds, qu'on le traite pour quantité négligeable, alors qu'il a conscience de la responsabilité qu'il porte face à la destinée de son pays. Comme je disais plus haut, de grandes erreurs, idiotes et regrettables, ont été commises dans ce pays. Je crois aussi sincèrement que tout n'est pas perdu, qu'il y a encore une chance de faire mieux. Prenons cette chance sans perdre de temps car les choses vont vite, dans trois mois il sera peut-être trop tard. Abolissons tous complexes, toute cupidité. Cette chance est là près de nous, prenons-là

harenze. Twikuremwo rero kwikengereza, ntidutwarwe n'amaronko. Amahirwe turondera ari hafi yacu, ntituyanjanjweko. Harakenewe ko ibinyamakuru vyigenga⁷: abantu ntibamenya amakuru nk'uko bikwiye, kandi ni agahaze kanini cane.

Kukaba nkako, Bapfasoni, Bashingantahe, ibiriko biraba ubu, ntibishobora kubandanya ngo tuvuyemere. Mutanshigikiye kuko nubahutse kudomako urutoke ku vyo iyi ntwaro idakora neza – muzoba muyikingiye ikibaba. Ntibishoboka yuko abantu bikorera ivyabo, abadandaza, bene amahinguriro tuzi kandi dushima uruhara rwabo mu vy'ubutunzi n'imibano mu gihugu cacu, bemera bagahendwa; bakemera ibitari vyo bihushanye n'ivyo abantu babona imisi yose kandi bamana, ariko bakaguma binumiye mu ndero rufasoni y'umurundi. Ehe raba namwe n'aho bigoye kuri bamwe bamwe cane cane uno musu gusumba ibindi bihe; nimurabe turi mu Burundi, tubona y'uko abanyagihugu ataco bavuga ku ngorane ziriho kandi noneho ntibategerezwa kugira nk'uko abandi bigenjeje. Nimugerageze gutegera ivyo kandi mubitahure. Nimwaba mwiyumvira ko inyungu z'igihugu cacu turiko turaharanira zihushanye n'inyungu zanyu ni ukuvuga ko n'ubu hakiri agahaze mu mwumvikano turondera. Muri ubwo bugenzi twipfuzako bushoboka, twese twohungukira. Inyungu zacu ntizihushanye ahubwo ni magiriranire. Enda rero turonderere inyungu hamwe ata guhendana, ataco duhishanya, ntitumere nka kumwe kw'abasuma basangira kwiba ariko bakaguma bikekana hagati yabo. Ikibabajye, n'ubu ndi n'ubwoba ko hirya no hino batarategereye ivyipfuzo vyanje.

Ndabisubiyemwo, ndamaze kubona ko benshi muri mwebwe bakunda gufata ingingo ziri ku ruhande rumwe; bene izo ngingo ziba zirondera gutorera umuti ibibazo vyabo gusa. Ni bene abo bantu, iyo hageze isaha umunani y'ijoro biteretse ikirahuri ca wiski mu bunywero, uza ubona bagukoze ku rutugu, wabatwengera bakibaza ko ingorane zabo ziheze. Muramenya rero ko hariho amasaha yo kwinezerereza n'ayo gutamba ariko ntivyotwibagiza amasaha yandi dutegerezwa guhebera amabanga tujejwe.

7. Ukwishira n'ukwizana mu vyerekeye kumenyeshya amakuru ntivyavugwa muri Ruanda-Urundi gushika igihe Uburundi bwaca bwikukira. Icanditswe cose categerezwa « kuronka uruhusha imbere yo gusohoka » rwatangwa n'icegera ca Bulamatari mukuru (mu nyuma rwatangwa na Rezida mukuru). Urwo ruhusha yararutanga canke akarwanka uko ashaka (Van Bilsen A.A.J., 1977, p. 199-201). Muri Ruanda-Urundi, ibimenyeshamakuru bimwe bimwe vyarandikwa bishikiriye na Reta ya gikoroni (nk'akarorero *Rudipresse*), Ekereziya katorika (canecane *Ndongezi*) canke abanyaburaya b'ikorera utwabo (*La Dépêche du Ruanda-Urundi*, *La Chronique congolaise...*). Ivyageragejwe vyose kugira ngo hashingwe iyandikiro « ry'imvukira » ntaho vyashitse, nk'akarorero ni muri 1958, uwuhingura inzandiko yitwa Mashanwaga yaragerageje biranka (raba urwandiko rugira 4, insiguro 1) canke muri 1960 bigeragejwe n'umugambwe Uprona.

aujourd'hui. Il faudrait notamment que la presse soit libre⁷ : l'opinion publique n'est pas informée et ceci est une grande lacune.

En effet, Mesdames, Messieurs, le jeu actuel ne peut plus continuer. Ou bien vous êtes contre nous, parce que nous osons révéler la carence d'une administration – alors c'est que vous la protégez. Il est inadmissible que des privés, des commerçants, des industriels dont nous connaissons et apprécions l'efficacité dans la vie économique et sociale de notre pays, qu'ils se laissent induire en erreur, qu'ils prennent des positions erronées contre des gens pourtant qu'ils voient chaque jour et des gens qu'ils coudoient journallement avec cette courtoisie propre au peuple murundi. Imaginez-vous, même si c'est difficile pour certains, aujourd'hui plus que jamais, que nous sommes au Burundi, c'est-à-dire que vous avez affaire à un peuple, à un autre peuple qui, devant les mêmes problèmes, ne réagit pas et ne doit pas nécessairement réagir comme d'autres ont réagi. Essayez de comprendre cela et surtout de vous en convaincre. Si vous croyez que les intérêts de notre pays pour lesquels nous luttons vont à l'encontre de vos intérêts, c'est que les malentendus persistent. Nous avons à gagner dans cette amitié possible, vous avez à gagner également. Nos gains ne sont pas opposés, ils se complètent. Gagnons-les ensemble honnêtement, sans arrière-pensée et non comme des bandits lorsqu'ils vont faire un coup se suspectent mutuellement. Malheureusement, j'ai peur qu'ici comme ailleurs on n'ait pas compris nos aspirations propres.

Je me répète, j'ai souvent constaté que la plupart d'entre vous préfèrent des solutions unilatérales, des solutions évidemment qui ne résolvent que leurs problèmes. Ce sont ce genre de types qui, à deux heures du matin autour d'un verre de whisky dans un bar, lorsqu'ils vous touchent gentiment sur l'épaule et lorsque vous leur souriez, s'imaginent que les problèmes sont résolus. Or, il existe des heures de détente et de doux pas de danse qui ne peuvent nous faire oublier d'autres heures de nos

7. Jusqu'à la veille de l'indépendance, la liberté de la presse n'existait pas au Ruanda-Urundi. Toute publication était soumise à une « autorisation de paraître » que le Vice-Gouverneur général (plus tard Résident général) délivrait ou retirait à sa guise (Van Bilsen A. A. J., 1977, p. 199-201). Au Ruanda-Urundi, seuls quelques titres paraissaient, édités par le gouvernement colonial (par exemple *Rudipresse*), les missions (notamment *Ndongezi*) ou des privés européens (*La Dépêche du Ruanda-Urundi*, *La Chronique congolaise*...). Toutes les tentatives de lancement d'une presse « indigène » échouèrent, comme celle menée en 1958 par l'imprimeur Mashanwga (voir texte 4, note 1) ou en 1960 par le parti Uprona.

Aho muri mwese mubona Lumumba⁸... N'ubu nyene, nimumenye ko muri mu Burundi kandi ko hari ho ibindi bihugu bitari Kongo vyamaze kuronka canke biherutse kuronka intahe y'ukwikukira. None rero ntimube mugisubira kunyegakako ivyiyumviro bitagira ishingiro muri iyi Afirika iriko iratera imbere kandi yikukira.

Ku vyerekeye ubutunzi, na vyo, ari nayo mvo nyamukuru y'uguharanira ukwikukira mu gihe poritike dukurikiza ari nziza, ndababwire mu ncamake ivyiyumviro vyanje. Nkaba nipfuzako abahinga b'ivyo bibazo vy'ubutunzi bavyiga neza kugira ngo iki gihugu cacu gitere imbere. Ni igihugu gisanzwe ari gito, gikenye, ariko gitunze abantu baciye ubwenge kandi bitonda.

1. Ku gihugu nk'iki co muri Afirika kibamwo abantu benshi kandi bategerezwa kuronka ivyo bafungura, isi nayo ikaba yaga, harakenewe gushingwa poritike nziza yerekeye amatongo, cane cane poritike iringaniza neza amatongo y'abanyagihugu.

2. Iyo si yaga itegerezwa gukoreshwa neza kandi ku buryo itanga umwimbu mwinshi.

3. Ayo matongo n'aho ari mato mato, ibiyavamwo ntivyoba ivyo kugaburira abanyagihugu gusa; ni ukwijukira n'uburimy'i bw'ibiterwa amahinguriro akenera, n'ibindi biterwa njabukamazi vyunganira igiterwa c'ikawa kikiri conyene.

4. Harakenewe n'ukuringaniza neza ukundi gusha ivyerekeye ubworozi bw'inka.

5. Muri icyo ntumbero, ni uguhimiriza igice c'abanyagihugu canke abari mu ntara kama iyi n'iyi ngo bitorere igiterwa canke ikindi bogwizamwo umwimbu. Mugabo ivyo ntivyoshoboka abanyagihugu bamwe batarekeye abandi uburimy'i ngo nabo bijukire iyindi mirimo yobatunga. Abo banyagihugu bandi bato bato boronka akazi mu gihe hoboneka amahinguriro n'ubundi buzi boca bakoreramwo ari benshi. Nico gituma, bikenewe ko abanyamahanga bafise imitahe bipfuzako kurangurira imirimo yabo mu gihugu, bakwiye kworoherezwa bimwe biboneka.

8. Ico gihe, Umushikiranganji wa mbere w'i Kongo Patrice Lumumba, abategetsi b'intwari ya gikoroni bamufata ko ari we yobazwa umutekano muke uri mu gihugu ciwe. Nk'ako yabonwa nk'umuntu ateye amakenga menshi « ishetani y'umukomunista » ategukwa na Moscou. Izina ryiwe ryo nyene ryatuma biyumvira ibitari vyo mbere rikabatera ubwoba aho hose harangwa Abanyaburaya bo muri Afirika y'ababirigi mbere no gushika kure yaho.

responsabilités. Vous avez tous la psychose d'un Lumumba⁸... Encore une fois, pensez que vous êtes au Burundi et qu'il y a d'autres pays que le Congo qui ont eu ou qui viennent d'avoir l'indépendance, et par conséquent ne nous prêtez plus des intentions qui ne sont pas justiciables dans l'Afrique montante et indépendante.

Enfin sur le plan économique – seule raison valable dans la lutte pour l'indépendance, si la politique que nous suivons est bonne –, je vous donnerais sommairement nos points de vue, dans l'espoir que les spécialistes des questions économiques s'en saisissent pour donner à notre petit pays naturellement pauvre mais riche grâce aux hommes intelligents et sages de ce pays.

1. Pour l'un des pays les plus denses d'Afrique, dont il faut nourrir la population, malgré la terre étroite, il faut instaurer une bonne politique foncière, notamment celle de la propriété privée.

2. Il faut que cette terre étroite soit exploitée rationnellement et d'une manière intensive.

3. Il faut que cette terre étroite ne produise pas uniquement pour nourrir ses habitants, il faudrait la spécialiser dans l'agriculture industrielle et trouver d'autres produits d'exportation pour seconder la monoculture du café.

4. Il faut en plus une exploitation rationnelle et radicale du cheptel bovin.

5. Il faudrait, par conséquent, pousser à ce qu'une telle partie de la population ou une telle contrée naturelle se spécialise dans telle culture ou tel produit. Mais cela n'est possible que si une partie de la population est délivrée de l'agriculture pour en faire un prolétariat ouvrier. Ce prolétariat ne se conçoit qu'en multipliant des entreprises industrielles et autres qui occuperaient cette abondante main-d'œuvre. C'est pourquoi des garanties réelles devront être données aux investissements des capitaux étrangers.

8. A l'époque, le Premier ministre congolais Patrice Lumumba, tenu pour responsable du chaos dans son pays par les autorités coloniales, est effectivement perçu comme un dangereux « diable communiste », rélégué par Moscou. Son nom nourrit fantasmes et peurs dans les milieux européens d'Afrique belge et au-delà.

Ivyo na vyo vyoremesha bene imitahe, ni poritike nziza ifise ishingiro kandi ituma mu gihugu haba ukwizerana n'umutekano :

a) Kworohereza n'uguhimiriza ishingwa ry'amahinguriro n'amashirahamwe y'abazungu b'abakoroni.

b) Mu myaka ya mbere bagitangura, ni ukutabarihisha amakori.

c) Kubemerera ko bashobora kubika inyungu bakuye mu vyo bakora, aho bashaka hose.

d) Gutegekanya isoko ryo guhanahaniramwo ibidandazwa ni ukuvuga nk'ikivuko kitarihisha amatagisi.

6. Guhimiriza no kwigisha abadandaza n'abanyamyuga bato bato.

7. Gukundisha igihugu canke Abarundi bo nyene kugwiza ivyo bikorera canke amahinguriro mu gihugu.

8. Kurondera ko ikibuga c'indege c'Usumbura kiba mpuzamakungu.

9. Kurondera umuhora wo gucishamwo ibidandazwa wizigiwe kandi ngirakamaro; ni ukuvuga ko hoba kugiriranira amasezerano n'igihugu ca Tanganyika gifise poritike imaze gushinga imizi n'ugushiraho ibarabara ry'indarayi rifatanya Usumbura-Rumonge-Kigoma-Dar-es-Salaam.

Bapfasoni, Bashingantahe, ng'ivyo ivyiyumviro vyanje, ng'uko uko jewe mbona ibintu vyerekeye poritike, imibano n'ubutunzi mu Burundi. Ariko ivyo vyose mu vy'ukuri biracari icyumviro, ni ijambo mfise; biracakeneye kuja mu ngiro. Ni co gituma mfashe aka karyo kugira ngo ndabashikirize ibi bikurikira :

1. Birakwiye ko hashingwa Reta mfatakibanza yoba ijewe gukurikirana ubuzima bw'igihugu muri iki gihe kigoye, giteye impungenge, c'ifatakibanza; ni ukuvuga ikiringo comara hagati y'amezi umunani na cumi. Vyose vyova kw'isango y'igenekerezo ryo kwikukira twoba twumvikanye n'abo tubiganira; ni ukuvuga inyuma y'amatora y'abashingamateka⁹. Iyo Reta mfatakibanza yoba ijewe gushiraho inzego zitowe n'abanyagihugu, gushinga ikirangamisi c'ukwikukira kivuye mu nama izogirwa inyuma y'amatora yo mu makomine¹⁰. Iyo Reta yoraba ingene hoboneka abakozi kavukire basubiriza abazungu kandi bakaronswa n'inyigisho mu kiringo gito; iyo Reta cane cane yohagararira amahoro, n'umutekano mu gihugu cose muri ico gihe. Iyo Reta mfatakibanza yoba ihuriyemwo bose mbere

9. Mu gihe Rwagasore yavugaga iri jambo, hari hategekanyijwe ko amatora y'abashingamateka azotunganywa muri Nzero 1961.

10. Ng'aha akarorero ni « Inama yahuje ababirigi n'abanyekongo » (« Table ronde belgo-congolaise »), yatunganyijwe kuva kw'igenekerezo rya 20 Nzero gushika kw'igenekerezo rya 20 Ruhuhuma 1960. Muri iyo nama inzego z'igihugu ca Kongo n'igenekerezo ry'umusi w'ukwikukira (igenekerezo rya 30 Ruheshi 1960) ni ho vyashingwa.

Ces garanties sont, dans une bonne et stable politique, un climat de confiance et d'ordre :

- a) Faciliter les installations industrielles et entreprises des colons et les encourager.
- b) Durant les premières années, les exempter de taxes.
- c) Leur garantir les possibilités de transférer où ils veulent le bénéfice de leur travail.
- d) Installation d'un marché libre d'échange c'est-à-dire un port franc.
- 6. Encourager et éduquer la classe moyenne commerçante et artisanale.
- 7. Intéresser le pays ou les Barundi dans les affaires ou les industries installées dans le pays.
- 8. Internationaliser l'aérodrome d'Usumbura.
- 9. Nous assurer d'une voie de sortie sûre et rentable, c'est-à-dire faire des accords économiques avec le Tanganyika, pays politiquement stable, et en créant une ligne de chemin de fer direct Usumbura-Rumonge-Kigoma-Dar-es-Salaam.

Mesdames, Messieurs, voilà mes opinions, mes points de vue sur le plan politique, social et économique du Burundi. Tout cela n'est évidemment qu'une idée et une parole, il faut être plus pratique. C'est pourquoi, j'en profite pour vous proposer :

1. Un gouvernement provisoire, qui aurait comme mission de veiller à la marche du pays durant la période difficile, délicate, de transition, c'est-à-dire une période à peu près de 8 à 10 mois – tout dépendrait des propositions de la date de l'indépendance que feront les futures interlocuteurs valables, c'est-à-dire après les élections législatives⁹. Ce gouvernement provisoire veillerait à la démocratisation des institutions ; veillerait au calendrier de l'indépendance qui serait fixé par la Table ronde après les élections communales¹⁰, à l'africanisation des cadres et à la formation accélérée de ceux-ci ; veillerait surtout à la paix, au calme et à la tranquillité du Territoire durant cette période. Ce gouvernement provisoire serait un gouvernement d'union nationale, et je précise, j'y

9. Au moment où Rwagasore prononce ce discours, il est prévu que les élections législatives aient lieu en janvier 1961.

10. Le modèle est ici celui de la « Table ronde belgo-congolaise », tenue du 20 janvier au 20 février 1960, au cours de laquelle les structures de l'État congolais et la date de son indépendance (30 juin 1960) furent établis.

nciye ndabitomora, mbona ko hoba ibibanza bine vya Uprona, ibibanza bine vya PDC¹¹, ibibanza bine vyogabangana iyindi mirwi mbere n'ibindi bibanza bibiri canke bitatu vyohabwa Abanyaburaya, abakorera Reta canke abikorera utwabo canke abakoroni.

2. Kugira ngo ibikorwa vy'iyi Reta mfatakibanza hagire urwego rubigenzura, nshikirije ko hoba umurwi w'abantu uri hejuru ugizwe n'abantu batanu baserukira imirwi ya poritike, n'abandi bantu batandatu baserukira inyungu [mu vy'ubutunzi]. Muri abo bantu batandatu, bashobora bese kuba Abanyaburaya, batatu muri bo bagenwa n'umwami, bandi batatu bakagenwa n'Ishirahamwe ry'ubudandaji n'amahinguriro ry'i Usumbura.

3. Ubwa nyuma, nshikirije ko hoshingwa umurwi w'igihugu wo gutomora neza poritike Reta mfatakibanza yokurikiza mu vy'ubutunzi. Iyo komite yoba igizwe n'Abarundi batatu bagenywe n'umwami bo na Rezida mukuru. Hajamwo abantu batatu b'abanyamahanga bogenwa n'imigwi y'abantu bafise inyungu zabo mu Burundi babicishije ku mwami. Iyo komite yorongorwa n'icariho c'umwami. Uwundi yoja muri iyi komite n'umushikiranganji ajejwe ibibazo vy'ubutunzi n'ikigeza muri Reta mfatakibanza.

Bapfasoni, Bashingantahe, ndiyumvira kandi ndizeye ko ibi mpejeje kubayagira vyobafasha kubona neza ibintu uko biri, mukabitegera gusumvya kandi mukarangwa n'ishaka ryo gukurikira neza ivyerekeye poritike y'Uburundi.

Ndizeye ko kuva ubu, hagiye kuja imbere ya vyose ukwiyumvira n'umutima w'ubwenge aho gushira imbere ivyipfuzo n'ivyiyumviro ataho bishingiye vya bamwe bamwe. Kazoza k'iki gihugu karatwerekeye twese. Iki gihugu kizoba ico tuzoba twashatse ko kiba. Enda rero twigire inama yo guhinduka, yo kuronderera hamwe ineza y'Abarundi twishimikije ingingo nyazo dusanganywe.

Bapfasoni, Bashingantahe, mutegerezwa kwemanga uruhara rwanyu co kimwe na twebwe kuko intwari mbirigi niyabandanya poritike yayo iriho ubu, ntaco bizotumarira kandi na mwebwe ntaco bizobamarira; mw'ijambo rimwe, twovuga ko iyo poritike irwanya kazoza k'Uburundi. Mu guheraheza, nagomba ndabagire inama y'uko dushinga tudatevye

11. « Parti démocrate chrétien », Amasuka y'umwami (raba urwandiko inomeru 17 insiguro ya mbere).

vois très bien quatre départements Uprona, quatre départements PDC¹¹, quatre départements à partager entre les autres groupes d'opinion et même deux ou trois réservés à des Européens, aussi bien fonctionnaires que privés ou colons.

2. Pour que ce gouvernement provisoire soit contrôlé, je propose un grand conseil composé de cinq personnes représentant chacune des grandes tendances politiques et de six personnes représentant les intérêts [économiques]. Ces six personnes peuvent toutes être des Européens, trois nommées par le *mwami* et trois nommées par la Chambre de commerce et d'industrie d'Usumbura.

3. Enfin, je propose un comité économique national qui tracerait la politique économique du gouvernement provisoire. Ce comité serait composé par trois personnes Barundi nommées par le *mwami* avec le Résident général, et trois personnes étrangères nommées par les groupes d'intérêts avec l'accord du *mwami*. Ce comité serait présidé par un délégué du *mwami*. Et ferait partie également du Comité, évidemment, le ministre des Affaires économiques et financières du Gouvernement provisoire.

Je pense, Mesdames, Messieurs, et j'espère surtout que ce petit exposé vous ramènera dans un cadre plus réaliste, plus compréhensif et plus constructif de la vie politique du Burundi.

J'ai espoir que désormais la raison prévaudra sur les sentiments et les aspirations non fondées de certains. L'avenir de ce pays nous incombe à nous tous. Ce pays sera ce que nous aurons voulu qu'il soit. A nous de prendre la résolution de changer, de construire ensemble, avec des critères réalistes que nous avons, le bonheur du peuple murundi.

Vous devez, Mesdames, Messieurs, au même titre que nous, prendre vos responsabilités, car si l'Administration tutélaire continue sa politique actuelle, ce sera contre nous et contre vous, en un mot contre l'avenir du Burundi. Et pour terminer, je vous propose de créer sans tarder un cercle d'études et d'informations, ici à Usumbura, pour que, entre ceux qui veulent participer avec toute honnêteté et bonne volonté à l'édification

11. Parti démocrate chrétien (voir texte 17, note 1).

aha i Usumbura umurwi w'ukwiga n'uguhanahana amakuru kugira ngo hagati y'abantu basangiye ishaka ryo kwubaka Uburundi ntihasubire kuba ukutumvikana¹². Abantu bazoza barahura kenshi; gutyo baganire bumvikana.

Mbere hariho n'ikindi mbona : tugiye hamwe twosaba Inama nkuru ya Onu mu kwezi kwa Nyakanga kwimirije, ko baduha inyishu itomoye twumvikanyeko. Kubo ndababwize ukuri, nitwaba tubona ko turi mu nzira y'ukuri, ni twaba tubona canke twiyumvamwo ko turi bene igihugu, dutegerezwa kwubahuka tukagira ico dukoze kugira ngo dukingire igihugu akaguma, tugikingire indyane z'amoko, n'ubukene. Kubo nk'uko n'abandi babishitseko, turashobora gushikira intahe y'ukwikukura mw'iteka n'itekane, twizerana no mu bikorwa.

Uko kwigora kurakenewe kuko ni ko kuzobashikana kandi kukadushikana kuri kazoza k'Uburundi n'Abarundi maze ku mutima wa Afirika haboneke ubundi Buswisi.

Ivyo bidashobotse, ndabarahiye ko tutazokwemera na gato ko Uburundi bugwa mw'isanganya ry'umuzimiza nk'uko vyabaye i Kongo no mu Rwanda. Ndabibemereye! »

12. Inama zibiri zarabaye ku magenekerezo ya 30 Myandagaro na 6 Nyakanga 1960 i Usumbura, kugira hashingwe « ikigo kigenewe kwiga ingorane zerekeye ubutunzi, imibano n'ivy'itwaro » caciye citwa « Ihuriro ry'Ubumwe n'Igihugu » (« Cercle Unité et Nation », raba *Rudipresse*, n° 187 yo kw'igenekerezo rya 3 Nyakanga 1960, ububiko AAB, idosiye BUR 64). Abanyaburaya 20 n'Abarundi 40 bari batumiwe muri iyo nama, harimwo Franz Meidner, umukuru wa CCIB, na Rwagasore. Abanyaburaya benshi ni ho bari nka Leopoldo Bossaers, Umushingwamanza Federiko Jamar, Willy Van der Plancken canke kandi Fernand Dusoulier (bita Saint-Simon), bari bazwi ko biyegereza Uprona kandi baciye barwanira umuganwa mu mishamvu mikeyi yakurikiye mu gihe yari apfunzwe icamaso kw'igenekerezo rya 26 Nyakanga 1960 (ububiko AAB, idosiye AI 4369).

du Burundi, grâce à des contacts réguliers et nombreux, il ne puisse plus y avoir aucun malentendu, aucune équivoque possible¹².

Je vois même plus loin : nous devons ensemble proposer à l'Assemblée générale de l'Onu en septembre prochain, une solution commune, car je vous assure, si nous croyons que nous sommes sur le bon chemin, si nous sommes ou si nous sommes devenus dans l'âme citoyens de ce pays, nous devons oser, nous devons faire quelque chose, n'importe quoi pour sauver ce pays de l'anarchie, de la haine raciale, de la pauvreté. Car comme tant d'autres, nous pouvons arriver à l'indépendance dans la dignité, la confiance et le travail.

Cet effort, vous le devez, nous le devons à l'avenir de ce bon peuple burundi, pour faire de cœur de l'Afrique une autre Suisse.

Et si cela n'était pas possible, je vous jure que nous ne permettrons pas que le Burundi tombe dans le chaos du Congo ou du Rwanda, vous pouvez me croire ! »

12. Deux réunions eurent lieu les 30 août et 6 septembre 1960 à Usumbura pour la constitution de ce « centre d'études des problèmes économiques, sociaux et institutionnels », qui prit le nom de « Cercle Unité et Nation » (*Rudipresse*, n° 187, 3 septembre 1960; AAB, dossier BUR 64). Une vingtaine d'Européens et une quarantaine de Burundais y participèrent, dont Franz Meidner, le président de la CCIB, et Rwagasore. Plusieurs des Européens présents, comme Léopold Bossaers, Maître Frédéric Jamar, Willy Van der Plancken ou encore Fernand Dusoulrier (dit Saint-Simon), étaient réputés proches des milieux upronistes, et prirent la défense du prince quelques semaines plus tard lorsqu'il fut placé en résidence surveillée, le 26 septembre 1960 (AAB, dossier AI 4369).

21

**Igice c'ikiganiro Rudoviko Rwagasore
na Andereya Muhirwa
bagiraniye na Jean Kestergat¹,**

La Libre Belgique,
Bruxelles,

ku wa kane, igenekerezo rya 12 Nzero 1961

« Umwe mu bihangange bikuru mu bikorwa vya poritike mu Burundi ni umuganwa Rudoviko Rwagasore, umuhungu w'umwami bishoboka ko ari we aba Samuragwa w'ingoma². Arashigikira bimwe biboneka umugambwe Uprona kandi inama yabereye i Bruxelles yamusavye ko ata ruhara yogira mu vya poritike³. Umwami ari hejuru y'umugambwe, n'umuhungu wiwe bikwiye kugenda uko. Biraboneka ko Uprona mu gihe yoshigikirwa n'umuganwa, yoba isoteru kurondera ko umwami ayishigikira. Abo bahiganwa mu vya poritike ni vyo bavuga. [...]

Ivyo none Umuganwa Rwagasore abivugako iki? Yaranyakiriye mu nyubakwa iwe iherereye mu micungararo y'imisozi iri hejuru y'igisagara ca Usumbura n'ikiyaga Tanganyika⁴.

– Yavuze ati mbega ni kuki jewe ntogira poritike? Ndi umuhungu w'umwami ariko sindi umwami. Mu gihugu cacu, umuntu abaye umwami aba abaye umuntu adaserukirwa n'uwo wese. Jewe rero sinserukira umwami gusumvyira abandi baganwa bo mu Burundi.

1. Umurwe nyezina w'ibi vyanditswe na « J. K. » ni : « Nta musu nk'uwo ku wa 30 Ruheshi uzoba mu Ruanda-Urundi. VII- Abaganwa n'ivya poritike ». Indome « J.K. » ni co gikumu ca Jean Kestergat (1922-1992). Izina ryiwe mu majambo yose ni Jean-Marie van der Dussen de Kestergat, yarabaye umumenyeshamakuru mu kinyamakuru *La Libre Belgique* kuva muri 1950 gushika muri 1987. Kubera ko yari umumenyeshamakuru amenyereye akazi mu mpera y'inyaka ya 1950, yarakurikiranye ukwikukira kw'ibihugu vyo muri Aziya no muri Afrika. Yakurikiranye ku buryo bw'umwihariko ukwikukira kw'igihugu ca Kongo kuko yaracandiseko ibintu vyinshi.

2. Umumenyeshamakuru yiyumvira yuko ng'aha ari co kimwe no mu Buringi ko mu ntwaro ya cami, umuhungu mukuru ari we asubira ku ntebe ya se. Mu vy'ukuri, si ukubera ko Rwagasore yari imfura ko yaca ategerezwa gusubirira se, ukurikije amategeko y'Uburundi mu vyerekeye uko ubutegetsi bwahanahanwa (Mworoha E., 1977, p. 129-131). Mbere turanabisanga muri iki kiganiro nyene.

3. Aha bafatira ku ngingo yatorewe i Bruxelles kw'igenekerezo rya 31 Myandagaro 1960 ryahinduwe na Rezida mukuru mu ngingo ya 24 y'ubugira kabiri y'Itegeko ry'imfatakibanza ryo kw'igenekerezo rya 25 Kigarama 1959 (raba urwandiko ruza imbere inomeru 20 ku nsiguro ya 6).

4. Ubu ni harya muri karitiye Kiriri.

**Extrait d'une interview de Louis Rwagasore
et André Muhirwa**

réalisée par Jean Kestergat¹,

La Libre Belgique,
Bruxelles,

jeudi 12 janvier 1961

« L'une des figures centrales des jeux politiques du Burundi est celle du prince Louis Rwagasore, fils du *mwami* et héritier probable du trône². Il soutient ouvertement l'Uprona malgré le vœu exprimé par le colloque de Bruxelles de le voir s'abstenir de toute intervention dans la vie politique³. Le *mwami* est au-dessus des partis, il faut que son fils le soit aussi. Il est clair que l'Uprona, en se faisant patronner par le prince, cherche à s'attribuer la caution du *mwami*. C'est ce que disent ses adversaires politiques. [...]

Que répond à cela le prince Rwagasore ? Il m'a reçu dans sa villa au flanc des collines qui dominent Usumbura et le lac Tanganyika⁴.

– *Pourquoi ne ferais-je pas de politique ?* disait-il. *Je suis le fils du mwami, mais je ne suis pas le mwami. Dans notre pays, l'homme qui devient mwami devient une autre personne qui ne peut être engagée par quiconque. Je ne représente pas plus le mwami que n'importe quel prince du Burundi.*

1. Le titre original de cet article signé « J. K. » est « Pas de 30 juin au Ruanda-Urundi. VII- Les princes et la politique ». « J. K. » est la signature de Jean Kestergat (1922-1992), de son vrai nom Jean-Marie van der Dussen de Kestergat, qui a été journaliste à *La Libre Belgique* de 1950 à 1987. Grand reporter à la fin des années 1950, il a couvert les décolonisations asiatiques et africaines, et s'est particulièrement intéressé au Congo sur lequel il a rédigé plusieurs ouvrages.

2. Le journaliste raisonne ici comme si la succession monarchique au Burundi était basée, comme en Belgique, sur le droit de primogéniture. En réalité, le fait que Rwagasore soit l'aîné ne lui accordait aucune primauté dans le système successoral burundais (Mworooha É., 1977, p. 129-131), ce qui est d'ailleurs confirmé un peu plus loin dans cette interview.

3. Référence à la motion votée à Bruxelles le 31 août 1960, transformée par le Résident général en article 24bis du Décret intérimaire du 25 décembre 1959 (voir texte précédent n° 20, note 6).

4. Actuel quartier de Kiriri.

Naramwitegereje, igihagararo ciwe n'ingene angana, ndihweza ijisho ryiwe ry'umuntu w'imvugakuri. Eka ntiyasa namba nk'uko ahora avugwa ko ari umuntu ahuha.

– *Arasubira ati, mbega mwoba mwipfuzza ko ndababwira ingene ibintu bimeze? Iyindi migambwe yihaya ko ari iya cami. Ni ko. Mugabo yishimikiza intwaro, na yo Uprona yegamiye umwami. Hagati y'umugambwe wishimikiye intwaro n'umugambwe wishimikiye umwami, nibaza ko muri iyi migambwe yose, uwa kabiri ari wo wisunga intwaro ya cami gusumvya. Uprona ishaka gitsimbataza icubahiro c'umwami, na vyo bikaba ari nkenerwa ku mahoro y'igihugu. Iyindi migambwe ikingiwe ikibaba n'intwaro, uko niyumvira, irondera ahubwo gusubiza inyuma umwami mu kumwankira icubahiro akwiriye. Ndabibabariye, iteka n'icubahiro bigenewe umwami bititutse, hazoshika ibintu bihambaye muri iki gihugu. Ntidusavye ko hoba ubukuru nyamwisangizwa, turazi ko vyataye igihe, ariko umwami ategerezwa kuguma ari umuhuza n'inararibonye igihugu cose cizeye. Ni ko, iyindi migambwe izobabarira na yo nyene nk'uko, ariko yoyo biherera mu majambo gusa.*

– Bavuga ko mushaka kugarukana imigenzo yo ku bwami bwa kera.

– *Ihi bambewe! Imico n'imigenzo birahinduka. Mbere ntivyamye bitunganye neza no ku mwami nyene. Hambere, imigenzo yategeka ko umwami yiha ubuki igihe Samuragwa wiwe ashitse mu bigero. Ni na co gituma yarindiriza uko bishobotse kuose igihe co kugena uwuzomusubirira kandi hageze naho hatorwa uwukiri muto mu bahungu biwe. Oyaye, ntimudufate ko turi intagondwa zishinga ivya kera.*

– Mwibaza ko mu gihe mwategekwa kudacaruka hari ico vyahinduye mu vyavuye mu matora y'amakomine⁵?

– *Mu ntara zimwezimwe, abitoza bamwe baragize ubwoba, bava muri Uprona baja muri PDC. Abo baragarutse muri Uprona. Mu zindi ntara ariko, Uprona yarahunyukiye amajwi, ndavyiyumvira. Uko biri kuose, sinemera ko*

5. Rwagasore yari apfungiwe icamaso i Bururi adacaruka mu kiringo cose amatora yo mu makomine yamaze, kuva kw'igenekerezo rya 27 Gitugutu gushika kw'igenekerezo rya 9 Kigarama 1960. Nk'ako, ahindukiye avuye muri Ntara ya Tanganyika iyo yaramaze indwi zitatu mu kwezi kwa Gitugutu, ku kibuga c'indege ca Usumbura barasatse ibintu vyawe vyose hanyuma ibiro vy'iperereza biratora inzandiko za Uprona ziriko umukono wiwe. Ico cari icemezo cerekana ko atubahirije ya ngingo ya 24 igira kabiri y'itegeko ry'imfatakibanza; ivyo ni vyo vyatumye Rezida mukuru amupfunga icamaso (Harroy J.-P., 1987, p. 453-454; AAB, idosiye BUR 6; ibimenyashamakuru inomeru 509 na 510 vy'iperereza, Usumbura, igenekerezo rya 21 Gitugutu 1960).

Je l'observais : massif et rond, l'œil honnête. Guère conforme à sa réputation de légèreté.

– *Voulez-vous que je vous dise ce qui se passe ?* reprit-il. *Les autres partis se prétendent monarchistes. Soit. Mais ils s'appuient sur l'administration, tandis que l'Uprona s'appuie sur le mwami. Entre un parti qui s'appuie sur l'administration et un parti qui s'appuie sur le mwami, je prétends que le second est le plus monarchiste des deux. L'Uprona veut renforcer le prestige du mwami, qui est nécessaire à la paix de ce pays. Les autres partis avec la complicité de l'administration, je crois, cherchent au contraire la décadence du mwami en lui refusant les honneurs auxquels il devrait avoir droit. Croyez-moi, si le prestige du mwami s'écroule, des choses graves se passeront dans ce pays. Nous ne demandons pas le pouvoir absolu, nous savons que c'est dépassé, mais le mwami doit rester l'arbitre et le sage en qui le peuple a confiance. Oui, les autres partis vous diront la même chose, mais chez eux ce ne sont que des mots.*

– On dit que vous voulez rétablir les coutumes féodales.

– *Mais non ! La coutume évolue. D'ailleurs la coutume n'était pas toujours drôle pour le mwami. Autrefois la coutume voulait que le mwami s'empoisonne lorsque l'héritier désigné devenait adulte. C'est pourquoi d'ailleurs il retardait le plus possible la désignation et portait son choix sur le plus jeune de ses fils. Non. Il ne faut pas nous présenter comme des traditionalistes obtus.*

– Estimez-vous que votre mise en résidence forcée a pu modifier les résultats des élections communales⁵ ?

– *En certaines régions, des candidats ont eu peur et ont passé de l'Uprona au PDC. Ceux-là sont revenus à l'Uprona. En d'autres régions au contraire, l'Uprona y a gagné des voix, je pense. Tout compte fait, je ne crois pas que*

5. Rwagasore avait été placé en résidence surveillée à Bururi pendant toute la durée des élections communales, du 27 octobre au 9 décembre 1960. En effet, de retour du Tanganyika Territory où il venait de séjourner trois semaines en octobre, ses bagages avaient été fouillés à l'aéroport d'Usumbura et la Sûreté y avait découvert des tracts de l'Uprona signés de sa main. Il s'agissait d'une preuve qu'il contrevenait aux attendus du fameux article 24bis du Décret intérimaire, ce qui justifia son placement en résidence forcée par le Résident général (Harroy J.-P., 1987, p. 453-454 ; AAB, dossier BUR 6 : bulletins d'information 509 et 510 de la Sûreté, Usumbura, 21 octobre 1960).

*ivyavuye mu matora vyahindutse cane*⁶. Ariko uko biri kose, ingingo nafatiwe zaratumye ayo matora ajamwo amahinyu kandi ntitwabishimye. Sintahura igihugu c'Ubugirigi. Nta mwo n'imwe ituma Ubugirigi bushigikira umugambwe umwe gusumvya uwundi. Nta mugambwe n'umwe urwanyana Ubugirigi ng'aha, ariko uzoteba uboneke igihe intwari yobandanya ikora uko ikora.

Uwari yahisemwo guhungira i Buvira

Iki kiganiro kirangiye, naciye mperekeza umuganwa i Buvira⁷ aho yari agiye kuramutsa muramuwe Andereya Muhirwa⁸, umwe mu ndongozi nkuru za Uprona. [...] Mu gihe twariko twerekana ivya ngombwa ku rubibe rw'igihugu, nabona abahita baza kwunamira umuganwa, imbere y'umuryango w'imodoka. No hakurya mu gihugu ca Kongo, ibimenyetso biranga icubahiro bamufitiye vyari vyinshi.

– Umuganwa yavuze ati : *N'ino baranzi cane. Iyo Uburundi buja hamwe na Kivu, tuba dufise igihugu kinini kandi giteye imbere. Dufise abanyagihugu benshi na bo bafise isi nini, dufise vyose kugira ngo twumvikane.*

Andereya Muhirwa yatwakiriye imbere y'inzu nini cane yahawe na Reta ya Kongo kugira ngo ayibemwo mu gihe yari mu buhungiro⁹. [...] I Buvira ni nka Vichy canke Brazzaville¹⁰ y'abo bose bibaza ko batotezwa biba vyo canke bitaba vyo. Ni ahantu habera imikebukano itavanako ihagarikiwe n'abategetsi ba Kongo. [...]

6. Iyo mvugo irumvikana : nkako, n'aho PDC n'imigambwe yari icuditse na wo bungiyе urunani rwitwa « Front commun populaire et démocrate » (Forokome, Umurwi w'imigambwe y'abanyagihugu kandi iharanira demokarasi) batsindiye intebe nyinshi mu matora y'amakomine, mu vy'ukuri umugambwe Uprona uko vyagenze kwose, wabaye uwa kabiri ukurikira PDC mu gitigiri c'intebe umugambwe umwumwe waronse (Ghislain J., 1970, p. 75-76; Deslaurier C., 2002, p. 948-952 hamwe na 990-994).

7. Ni igisagara c'i Kongo cegerereye urubibe rw'Uburundi kirabana na Bujumbura ku nkombe z'ikiyaga Tanganyika.

8. Andereya Muhirwa akomoka ku mwami Ntare Rugamba akaba umuhungu wa Mbanzabugabo, yari umunega wa Roza-Paula Iribagiza mushiki wa Rwagasore w'umuherezzi. Yarabaye umuganwa w'isheferi ya Busumanyi (teritwari ya Muhinga) gushika muri Ruheshi 1960, yari icegera c'umukuru w'umugambwe Uprona muri komite nyobozi y'umugambwe nk'uko yari yahinduwe mu kwezi kwa Ndamukiza 1960.

9. Co kimwe na Rwagasore, Muhirwa na we nyene yari yerekewe n'ingingo ya 24 mu gace ka kabiri k'itegeko ry'imfatakibanza ribuzaba abantu bose basangiye amaraso n'umwami gushika ku rugero rugira kabiri, kurangura imirimo ya poritike. Aho yumviye ko muramuwe Rwagasore amaze gupfungwa icamaso, yaciye ahungira i Kongo atinza y'uko abategetsi b'intwari y'igikoroni bamutoteza.

10. Ukugeteranya ingene ibintu vyari bimeze mu bisagara vya Buvira na Vichy mu Bufaransa hamwe na Brazzaville yo mu gice ca Afirika giherezereye amaja kuri Equateur carwarwa n'Ubufaransa bisa n'ibitanganje. Kukwo n'aho Generali de Gaulle yatangaje mu mpera za 1940 ko Brazzaville ibaye umurwa mukuru w'« Ubufaransa bwishira bukizana » (« France libre »), Vichy nayo yaciye iba muri ico gihe nyene icicaro ca Reta y'Ubufaransa inyuma y'ihagarikwa ry'intambara bari bemeranije n'igihugu c'Ubudagi muri Ruheshi 1940 (raba imbere, urwandiko inomeru 15, insiguro igira 6). Ivyo bisagara uko ari bibiri vyahaye indaro abanyeporitike « bahunze » mu gihe c'intambara y'isi yose igira kabiri mugabo igisagara ca Vichy n'intwari cakukira, vyari ikimenyetso c'ugusangira umugambi n'umudagi yari yavogereye igihugu, nayo Brazzaville cari icicaro remezo c'abanka kuvogerwa.

les résultats aient été fortement modifiés⁶. Mais de toute manière, la mesure prise contre moi a rendu ces élections discutables, et je le déplore. Je ne comprends pas la Belgique. Elle n'a aucune raison de soutenir un parti plutôt que l'autre. Il n'y a pas de parti anti belge ici, mais il finira par y en avoir un si l'administration persévère.

L'exilé volontaire d'Uvira

Après cette conversation, j'ai pu accompagner le prince à Uvira⁷, où il allait rendre visite à son beau-frère, André Muhirwa⁸, l'un des principaux leaders de l'Uprona. [...] A l'arrêt à la frontière pendant les formalités, des passants venaient s'incliner devant la portière de l'automobile, pour saluer le prince. Même en territoire congolais, ces manifestations de respect furent nombreuses.

– On me connaît beaucoup ici, dit le prince. Si l'Urundi avait pu faire alliance avec le Kivu, nous aurions eu un pays grand et prospère. Nous avons trop de population, eux, ils ont trop de terre, on a tout pour s'entendre.

André Muhirwa nous reçut sur la barza de la grosse maison que lui a donnée le gouvernement congolais pour abriter son exil volontaire⁹. [...] Uvira, c'est le Vichy ou le Brazzaville¹⁰ de ces persécutés imaginaires ou non. C'est le lieu d'incessants conciliabules qui se déroulent sous la protection des autorités congolaises. [...]

6. Commentaire justifié : si, en effet, le PDC et ses alliés réunis dans le « Front commun populaire et démocrate » (Front commun) gagnèrent ensemble la majorité électorale dans les scrutins communaux, en réalité l'Uprona se plaça malgré tout en deuxième position derrière le PDC en nombre de sièges par parti (Ghislain J., 1970, p. 75-76 ; Deslaurier C., 2002, p. 948-952 et 990-994).

7. Ville congolaise proche de la frontière avec le Burundi, faisant face à Bujumbura sur le littoral du lac Tanganyika.

8. André Muhirwa, descendant du *mwami* Ntare Rugamba et fils de Mbanzabugabo, était l'époux de la sœur cadette du prince Rwagasore, Roza-Paula Iribagiza. Chef de la chefferie du Busumanyi (territoire de Muhinga) jusqu'en juin 1960, il était vice-président de l'Uprona dans le comité directeur du parti remanié en avril 1960.

9. Comme Rwagasore, Muhirwa était concerné par l'article 24bis du Décret intérimaire interdisant aux parents et alliés du *mwami* jusqu'au deuxième degré d'exercer des activités politiques. Craignant d'être lui aussi inquiété par les autorités coloniales, il s'est enfui vers le Congo dès l'annonce de la mise en résidence surveillée de son beau-frère Rwagasore.

10. La comparaison entre la situation d'Uvira et celle de Vichy en France et de Brazzaville en Afrique équatoriale française est ici étrange, car si effectivement Brazzaville fut proclamée par le Général de Gaulle capitale de la « France libre » à la fin de l'année 1940, Vichy en revanche a été à la même époque le siège du gouvernement français après l'armistice signé en juin 1940 avec l'Allemagne (voir plus haut, texte 15, note 6). Ces deux villes ont donc bien accueilli des hommes politiques « exilés » pendant la Seconde guerre mondiale, mais Vichy et son régime représentent plutôt la collaboration avec l'occupant allemand, tandis que Brazzaville a été le siège symbolique de la résistance contre ce même occupant.

Ni kubera iki Andereya Muhirwa yatoye kwijana mu buhungiro we nyene?

Arishura :

– *Ndi i Usumbura, nta burenganzira mfise bwo kwivugira. Noshobora gutaha ariko ngaca ntegerezwa kunuma kandi boca banyugaranira i muhira ngacungirwaho. Nshima kuba mu buhungiro rero. Ivyo vyose ariko ni akarenganyo. [...] Oya, nzoguma ng'aha mu gihe cose ata butungane buzoba buraboneka iyo hakurya. [...] Tuzorwanya poritike ya gikoroni iriho ubu gushika ku mpera. Ububirigi bwaraducinyije, tuzoburwanya.*

Ayo majambo yatumye umuganwa Rudoviko Rwagasore asa n'uwutangaye gatoyi. None Muhirwa yoba yumvise ko yakaze rwose? Yarasubiriye arigarura ati :

– *Uprona ntirwanya intwari, ntirwanya Ububirigi. Uprona yigisha amahoro. [...] Uprona yamye na ntaryo ishigikiye amajambere. Ntiturwanira ubwami bwo hambere. Turemera inzira ya poritike y'Ububirigi mugabo ntidushobora kwemera kububirigi bukumira umugambwe wacu.*

Umuganwa Rudoviko Rwagasore aca afata ijambo ati :

– *Batwigisha revorisiyo. Twebwe ariko, twishakira gutera tuja imbere. Revorisiyo nyayo itegerezwa kuzoshika, revorisiyo ntawuyitegeka ku nguvu. [...].»*

Pourquoi André Muhirwa a-t-il choisi de vivre en exil volontaire ?

Il répond :

– A Usumbura je n'ai pas le droit de me défendre. Je pourrais rentrer à condition de me taire, et on me mettra en résidence surveillée. Je préfère l'exil. Tout cela est bien injuste. [...] Non, je resterai ici aussi longtemps qu'il n'y aura pas de justice de l'autre côté. [...] Nous lutterons jusqu'au bout contre la politique tutélaire actuelle. Nous avons été offensés par la Belgique, nous lutterons contre elle.

Ces mots provoquent un petit sursaut chez le prince Rwagasore. Muhirwa sent-il qu'il va trop fort ? Il se reprend :

– L'Uprona n'est pas contre l'administration, ni contre la Belgique. L'Uprona prêche la paix. [...] L'Uprona a toujours été partisan du progrès. Nous ne défendons pas la féodalité. Et nous approuvons la ligne politique de la Belgique, mais nous ne pouvons admettre l'exclusive qu'elle jette sur notre parti.

Le prince Rwagasore intervient :

– On nous prêche la révolution. Nous autres, c'est l'évolution que nous voulons. La vraie révolution doit encore venir, on n'impose pas la révolution. [...]. »

22

**Ijambo ryashikirijwe kw'iradiyo
na Rudoviko Rwagasore igihe Uprona yari yaraye
itsinze amatora y'abashingamateka,**

Usumbura,

ku musi wa gatatu, igenekerezo rya 20 Nyakanga 1961¹

« Barundi, Barundikazi mwese,

Ukubaganirira muri iki kiringo numva ari ibintu bimpimbaye². Murarangije gutora, muratoreye Uburundi abanyu bazobayobora. Murahejeje gushinga ingingo ishorera Uburundi, ibuteza imbere. Ivyo vyose mwabigiranye ubwitonzi, amahoro n'iteka ryinshi. Iyo abantu bahigiye ku kintu, hama na ntaryo utsinda n'utsindwa. No mu vya poritike n'uko nyene. Uyu musi Uprona yatsinze³, itsinda kuko mwabishatse, mbere tugiye gushinga Reta y'Uburundi.

Ariko rero muri iryo tora, uwatsinze n'uwatsinzwe ni Abarundi bose, basangiye intara, bakagira umwami umwe. N'aho nyene badasangiye umugambwe, Uburundi burabakeneye bose. Ni co gituma ncuti zanje, intsinzi y'uno musi atari intsinzi y'umugambwe. Uyu musi hatsinze amahoro, hatsinze iteka n'itekane ry'Uburundi, kuko nyene ahatagira ubukuru nyabwo, ntihaboneka amajambere.

Igitsinze uyu musi kandi ni demokarasi y'ukuri, demokarasi nkuko Abarundi bayumva kandi bayipfuzwa. Namwe murazi ko ico Abarundi

1. Urwandiko rw'iri jambo ruriho mu gifaransa, ruri muri *Rudipresse*, n° 242, 23 Nyakanga 1961, p. 3-4; Mukuri M., 2011, p. 209-212. Ijambo ryose uko riri mu kirundi ryama risamirana kw'iradiyo uko umwaka utashe, umusi baba bariko baribuka igandagurwa ry'umugambwe.

2. Iri jambo kenshi barihenda bakaryitirira igenekerezo ryo ku wa 18 Nyakanga 1961, umusi w'amatora y'abashingamateka. Mu vy'ukuri ivyavuye mu matora ntivyashoboye kumenyekana uwo musi nyene ahubwo vyamenyekanye neza kw'igenekerezo rya 20 Nyakanga 1961 ari na ho Rwagasore yaca ashikiriza iri jambo kw'iradiyo ya Usumbura (Harroy J.-P., 1987, p. 566-567).

3. Umugambwe Uprona watsinze amatora n'amajwi mirongo umunani kw'ijana (80 %). Ku ntebe 64 zo mu nama nshingamateka, intebe 58 zatsindiye abanywanyi ba Uprona, intebe 6 na zo zegukiye Urunani « Front commun populaire et démocrate » (Forokome) harimwo intebe 2 z'umugambwe PDC (« Parti démocrate chrétien », Amasuka y'umwami), zindi 2 umugambwe PDR (« Parti démocrate rural », Abatananirwa), hamwe n'izindi 2 z'Urunani rw'imigambwe y'abanyagihugu UPP (« Union des partis populaires », rwari urunani rw'imigambwe 6 y' « abanyagihugu » harimwo n'umugambwe w'Abarundi basanzwe, PP).

**Discours radiodiffusé de Louis Rwagasore
au lendemain de la victoire de l'Uprona
aux élections législatives,**

Usumbura,
mercredi 20 septembre 1961¹

« Mes chers compatriotes,

J'ai l'honneur et le plaisir de m'adresser à vous en ce moment décisif². Le peuple murundi vient de choisir ses dirigeants nationaux et de se prononcer sur son avenir dans un climat de calme et de paix qui l'honorent. Dans toute compétition, fut-elle politique, il y a un gagnant et un perdant, et l'Uprona, de par votre libre volonté, est sorti vainqueur des élections législatives³ et formera demain le premier Gouvernement du Burundi autonome.

Mais le vainqueur et le perdant sont tous des Barundi, membres de la même famille nationale, enfants d'un même *mwami*. Le Burundi a besoin de tous, à quelques partis politiques qu'ils appartiennent. C'est pourquoi, mes chers compatriotes, la victoire électorale d'aujourd'hui n'est pas celle d'un parti. C'est le triomphe de l'ordre, celui de la discipline, de la paix, de la tranquillité publique. Car sans autorité forte, aucun pays ne connaît l'ordre, la paix, la tranquillité. Sans autorité forte, point de progrès.

C'est aussi le triomphe de la démocratie telle que le peuple murundi la comprend et la veut, c'est-à-dire la véritable justice sociale plutôt que des formes extérieures d'une démocratie de surface. L'heure est arrivée

1. Le texte de cette déclaration est disponible en français dans *Rudipresse*, n° 242, 23 septembre 1961, p. 3-4 ; Mukuri M., 2011, p. 209-212. Sa version originale en kirundi est rediffusée sur les ondes chaque année, le 13 octobre, à l'occasion de la commémoration de l'assassinat du prince.

2. Cette déclaration est souvent située erronément le 18 septembre 1961, jour des élections législatives. Les résultats du scrutin ne furent en réalité pas connus le jour même, et c'est donc bien le 20 septembre 1961 que Rwagasore prononça cette allocution sur les ondes de Radio Usumbura (Harroy J.-P., 1987, p. 566-567).

3. L'Uprona a gagné les élections avec 80 % des voix. Sur 64 sièges à l'Assemblée, 58 furent remportés par des candidats upronistes, et 6 par des candidats du Front commun populaire et démocrate, dont deux du Parti démocrate chrétien (PDC), deux du Parti démocrate rural (PDR) et deux de l'Union des partis populaires (UPP, regroupement de six partis « populaires », dont le Parti du peuple).

bipfuzza ko ari ubutungane bw'ukuri. Ubu rero ubutigu burageze bwo kwihweza ibibazo vyerekeye Uburundi. Ivyo bibazo murabizi namwe, hari ukongereza itunga ry'igihugu, hari ibiraba amatongo yanyu, hari uguteza imbere abantu batobato n'abakene, hari ivyerekeye amashure n'ibindi... Tuzogerageza kwitaba ivyo bibazo vyose nkuko bibereye.

Ni co gituma canecane umukunzi wese aba muri ubu Burundi, yogira ati : Ashii ! Maze umutima ugasubira mu nda. Nshaka ko ata n'umwe yogirirwa nabi, nshaka ko Reta yoba umuvyeyi ahumuriza bose, akabakingira.

Ni co gituma Reta tugiye gushinga itazokwigera igirira imbabazi umuntu agomba gutera umugumuko mu ntara. Ndasagasagiye cane incuti n'abagenzi ba Uprona ngo berekane ko twatsinze tubibereye. Namwe badasigana mwese mwakoreye umugambwe, nimugwirize incuti umugambwe wacu, ni mugwane mu nda n'abo mwahora muhiganwa, ntimwishime, ntimushire isoni.

Abategeka umugambwe w'Abadasigana, bazokwereka abari muriwo ko uyo mugambwe urondera ubupfasoni n'umubano mwiza. Nta na rimwe bazokwigera bemera ko haboneka ishirasoni zityoza iteka ry'Uburundi mu bikorwa no mu majambo. Ivyo kurwanira gutsinda mw'itora vyarangiyeye, hasigaye ineza ya bose. Nidushishikare rero tuyirondere.

Umudasigana rero azoramuka ahagaritse umutima abantu bakavamahanga bari mu Burundi, cabure abo badasangiye umugambwe, azoba agiriye nabi cane Uburundi kandi no guhanwa azohanwa bimwe bishimitse. Na yo imihimbiri, ibisuma n'abambuzi nibamenye ko nibafatwa bazohanwa nyaguhanwa.

Uburundi ni bwo buhejeje kwitorera, none mwumva twokwubahuka kubuhemukira mu gukoresha iteka bwaduteye mu kwihora canke mu kwishima? Ubukuru twahawe dutegerezwa kubukoresha mu guhumuriza Abarundi bose, mu kugwiza urukundo n'amahoro mu gihugu cacu. Abakuru mu mugambwe w'abadasigana, barakwiye mbere gusumba abandi gutanga akarorero ko gutekanya igihugu cacu. Ni co gituma umugambwe w'Abadasigana utazokwigera wemera uwurondera kuwutesha iryo teka.

de se pencher sur les véritables problèmes de la nation : problèmes économiques surtout, problèmes de la terre et de l'émancipation sociale du petit peuple, problèmes de l'enseignement et tant d'autres, auxquels nous cherchons et trouverons des solutions qui nous sont propres.

Il faut surtout que les habitants du Burundi se sentent en paix et en sécurité, que personne ne se croit menacé et que chacun ait confiance dans la protection du Gouvernement.

C'est pourquoi ce Gouvernement qui sera formé bientôt aura comme premier devoir de sévir sévèrement contre tout fauteur des troubles, les irresponsables quels qu'ils soient. J'exhorte surtout plus spécialement les partisans et amis de l'Uprona à se montrer dignes de la victoire du parti. Les militants actifs doivent agrandir le cercle de nos amis, tendre loyalement et cordialement la main aux adversaires d'hier et non étaler de l'orgueil ou de l'insolence.

Le Comité national de l'Uprona sera sans pitié pour ceux de ses partisans qui ne respectent pas ce mot d'ordre impératif de courtoisie, de tolérance et de respect d'autrui, car le Parti ne tolérera pas que le prestige, l'honneur et l'avenir de la patrie soient compromis par des paroles ou des gestes irréfléchis de quelques exaltés. La campagne électorale est terminée, le passé doit être oublié et il ne faut plus penser qu'à l'avenir qui est prometteur si nous voulons et si nous agissons en conséquence.

Par conséquent, les hommes qui se permettront de décourager ou d'importuner les étrangers ou les adversaires politiques, sous prétexte de la victoire du Parti nationaliste, seront considérés comme des ennemis de la patrie et seront punis de manière exemplaire. Aux voleurs, agresseurs et bandits de toute espèce, nous annonçons une répression énergique et impitoyable, un châtement dont ils se souviendront.

Le peuple murundi vient de faire son choix et nous n'avons pas le droit de le décevoir en exerçant le pouvoir qu'il nous a délégué pour assouvir nos rancœurs ou notre orgueil. Nous lui devons au contraire, de nous servir de ce pouvoir pour rassurer tous les hommes, augmenter le nombre de nos amis et apaiser les querelles entre Burundi. Il appartient aux partisans de l'Uprona, les plus importants davantage encore que les plus humbles, de donner l'exemple de cette volonté de concorde, de patience et de tolérance. Nous avons fait notre politique en acceptant d'avance toutes les conséquences qui en découleraient, mais c'est pour servir le pays et le peuple ; le parti ne permettra pas que [quelqu'un] fasse dévier notre idéal et notre but.

Ni ko umugambwe wanje uratsinze, ariko nta ntsinzi ndemera ntabonye ko Uburundi bwose buri mu mahoro, mw'ihirwe n'amajambere y'ukuri. Turakengurukiye cane abo bose bashaka kudufasha gukorera Uburundi bwacu. Ico twemereye igihugu ntutuzoruhuka tutagishikirije.

Ndashimiye cane Ububirigi bwatureze. Turazi neza ko umuzigo bwahora bwikoreye mu gutwara iki gihugu bugiye kuwutereka ku mutwe wacu. Turazi ico twemereye kandi tuzogikora. Babirigi mwatureze, nimudufashe mu vyo duteyemwo, ntimutwibagire mu bukene bwacu, maze mudufashe twigumye duteze imbere Uburundi bwacu nkuko bibereye. Tugiye kwishira twizane kuko twakuze. Ariko tuzokwama twigana abatureze mu vyerekeye ukubaha no mu gukundana. Muzoba muvyibonera, nimwabishima duhimbarwe.

Ndaboneyeho mbere no gukengurukira Bwana Dorsinville, umukuru w'intumwa za Onu mu Rwanda no mu Burundi hamwe na Bwana Gassou, n'abagenzi babo ku vyiza batugiriye cane muri aya mezi duhitiye twitegurira ivy'itora⁴.

Imana nidufashe ituje imbere, maze umwami wacu Sebarundi arambe, ahangame ku ngoma.

Uburundi ntibwigeze bugwa mw'isanganya. »

4. Kuva mu kwezi kwa Ruheshi 1961, Umurwi w'ishirahamwe mpuzamakungu Onu wari ushinze Ruanda-Urundi (Cnuru) warahagarikiye itunganywa ry'amatora ry'abashingamateka, kandi waraba ryiza imigambwe ihananira iteka ry'ibihugu na bene vyo hamwe n'ukwikukira. Uwari awurongoye yaturuka mu gihugu ca Haiti Bwana Max Dorsinville na Komiseri Ernesito Gassou aturuka mu gihugu ca Togo barakoze batiziganya. Gassou cane cane, kubera ko yakunda Uburundi, yarafashije, aratanga n'impanuro ngirakamaro ku bari barongoye umugambwe Uprona (Harroy J.-P., 1987, p. 531-540; Ghislain J., 1992, p. 96; Deslaurier C., 2002, p. 1009-1012).

A cette heure de la victoire du parti, fût-il le mien, je ne suis pas grisé par le succès, car pour moi et mes amis, la véritable victoire ne sera atteinte qu'après l'accomplissement d'une tâche difficile mais exaltante : un Burundi paisible, heureux et prospère. Nous ouvrons nos bras à tous ceux qui veulent collaborer avec franchise et bonne foi. Nous sommes des hommes d'honneur, des hommes réfléchis et calmes, et nous voulons donner au peuple ce que nous lui avons promis.

Au peuple belge, j'ai l'honneur d'adresser un message de gratitude : la responsabilité que vous, Belges, vous portiez, vous allez bientôt la transférer sur nos épaules et nous sommes conscients de nos devoirs. Nous vous demandons de nous aider à entreprendre l'avenir avec confiance, de continuer à nous aider avec générosité, à nous guider dans le respect de notre dignité, de nos intérêts et de notre propre conception de l'intérêt national. Nous sommes devenus des enfants libres et adultes mais nous suivons la tradition de notre peuple qui veut que les enfants restent respectueux et témoignent leur affection. Vous nous jugerez à nos actes et votre satisfaction sera notre fierté.

Je profite de l'occasion pour remercier Monsieur Dorsinville, Président de la Commission de l'Organisation des Nations-unies au Rwanda et au Burundi, et Monsieur Gassou, ainsi que leurs collaborateurs, pour l'aide précieuse qu'ils ont fournis ces derniers mois qui sont déterminants pour l'avenir de notre pays⁴.

Que Dieu nous aide et nous éclaire et que notre *mwami* bien aimé en reste longtemps encore le sage garant, le père de la Nation.

Vive le Burundi ["Le Burundi n'est jamais tombé dans l'abîme"]. »

4. Plutôt bienveillante à l'égard des partis nationalistes et indépendantistes, la Commission des Nations-unies pour le Ruanda-Urundi (Cnuru) a supervisé l'organisation des élections législatives à partir de juin 1961. Son président haïtien Max Dorsinville et le Commissaire togolais Ernest Gassou en ont été des membres actifs et engagés. Gassou en particulier, spécialement attaché au Burundi, a prodigué aide et conseils avenants à l'état-major du parti Uprona (Harroy J.-P., 1987, p. 531-540; Ghislain J., 1992, p. 96; Deslaurier C., 2002, p. 1009-1012).

23

**Ijambo Rudoviko Rwagasore yavuze imbere
y'abashingamateka batowe
abashikiriza abagize Reta y'Uburundi,
Kitega,
ku musi wa kane, igenekerezo rya 28 Nyakanga 1961¹**

« Banyakwubahwa Bashingamateka, ncuti zanje,

Kuva aho mumariye kuntora ngo nshinge Reta y'Uburundi, umwami w'Uburundi, nyeningoma yaciye angena muri iryo banga². Ni co gituma, mbanje gufata umwanya wo guhanuza bikwiye, uno musi nje gushikiriza inama nshingamateka umurwi w'abagize Reta mpejeje gushinga maze mwemeze ko muwizeye, umwami nawe abone kubemeza.

Ingingo n'ivyiyumviro vy'umugambwe Uprona uherutse gutsinda amatora kandi ari wo uzoshinga Reta ziratomeye kandi ni ntabanduka. Izo na zo ni Ubumwe, Amajambere n'Ubutungane kuri bese. Abatarategera neza canke bataremara vy'ukuri insiguro z'ayo majambo ntibakwiye kuba muri uwo mugambwe igihugu gihejeje kwizigira. Twebwe aho duhagaze ntawohakekerezwa : Abarundi bategerezwa gutera imbere muri vyose na canecane mu mibano ata macakubiri namba ari hagati y'amoko n'imiryango.

Ico twiyemeje uno musi mbere gusumvyira no misi ishize, ni uguharanira iyo ngendo dushimitse tudahengeshanya kandi ata bwoba. Ico cose cotuma tudohoka muri iyo nzira kwoba ari uguhemukira Abarundi, coba ari icaha gikomeye mu gihugu.

1. Iri jambo riri mu rurimi rw'igifaransa mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 70.

2. Iryo banga yarigenyemwo uwo musi nyene w'inama ya mbere y'Inama nshingamateka, igenekerezo rya 28 Nyakanga 1961. Mu bashingamateka bariho, 50 bo muri Uprona na 3 bo muri Forokome baratoye babicishije mu nyandiko, batora nka bese umugambwe, kiretse abashingamateka babiri batoye Petero Ngendandumwe, ari wa yahavuye aba icegera c'Umushikirangoma wa mbere (Harroy J.-P., 1987, p. 569 ; Ghislain J., 1992, p. 97). Umwami Mwambutsa yaciye agena vuba na vuba umuhungu wiwe mu mabanga y'Umushikirangoma wa mbere amugena ngo ashinge Reta. Rezida na we yaciye yemeza iyo ngingo ubwo nyene.

**Discours inaugural du formateur du gouvernement
du Burundi, Louis Rwagasore, devant les députés élus
de l'assemblée parlementaire,**

Kitega
jeudi 28 septembre 1961¹

« Messieurs les Députés, mes chers amis,

Après que vous m'ayez choisi comme formateur du Gouvernement, Sa Majesté le *mwami* du Burundi m'a nommé à cette tâche². C'est ainsi qu'après une sérieuse consultation je viens aujourd'hui présenter au parlement l'équipe ministérielle que j'ai constituée, en vue d'obtenir sa confiance et de pouvoir présenter les ministres à la nomination du *mwami*.

Les principes du parti gagnant, Uprona, appelé à former le Gouvernement, sont clairs et immuables. Ces principes sont : Unité, Progrès, Justice sociale. Ceux qui n'ont pas encore compris ou qui n'ont pas cru à la profonde signification de ces mots ne sont pas dignes d'être dans le parti auquel le peuple murundi vient de témoigner une confiance totale. Aussi notre position est sans équivoque possible : le peuple murundi doit progresser sur tous les plans et surtout sur le plan social sans discrimination possible entre les ethnies, les races ou les clans.

Notre devoir plus particulièrement aujourd'hui qu'hier est de défendre ce principe fondamental d'une façon tenace, sans défaillance ni peur. Car toute position contraire est pour nous une trahison contre le peuple murundi, un crime contre la nation.

1. Discours disponible en français aux AAB, dossier BUR 70.

2. Ce choix a été fait le jour même de la première réunion de l'assemblée nationale, le 28 septembre 1961. Les députés présents (50 de l'Uprona et 3 du Front commun) ont voté à bulletin secret, largement en faveur du prince, seuls deux députés s'étant prononcé en faveur de Pierre Ngendandumwe, son futur Vice-Premier ministre (Harroy J.-P., 1987, p. 569; Ghislain J., 1992, p. 97). Le *mwami* Mwambutsa désigna dans la foulée son fils comme Premier ministre et formateur du Gouvernement, et le Résident avalisa immédiatement cette décision.

Dès que vous aurez donné votre confiance à l'équipe que je préside, nous prendrons le gouvernail bien en mains, droit vers le but que nous nous sommes fixé. Nous ne dévierons pas de notre route, car nous voulons être dignes de la responsabilité qui nous sera confiée. Nous ne perdrons pas notre temps à des bagatelles, car un temps nous est départi pour accomplir notre mission. Nous ne chercherons pas le danger, car la route a déjà par elle-même ses difficultés.

Vous comprendrez, Messieurs, que seuls comptent les intérêts de la nation et du peuple qui a mis sa foi en vous. C'est pourquoi en examinant l'équipe que nous constituons, il ne faut pas vous dire : "Et pourquoi pas moi ?" En fait, chacun de vous a une mission et une tâche bien précises à remplir. Ce que le peuple vous demande c'est de bien l'accomplir et non une course aux intérêts personnels ou aux places. N'oubliez pas que dans une démocratie saine, les places ne sont pas définitives.

En tout cas il y a des promotions, tenant compte des capacités et du dévouement à la chose publique. D'ailleurs d'autres places parfois plus utiles et plus délicates que celles de ministres attendant la plupart d'entre vous. Sachez surtout, Messieurs, que si vous êtes des élus du peuple, vous avez un compte à rendre aux électeurs qui ont cru en vous. De grâce, ne les trahissez jamais.

Le parti sous l'égide duquel vous vous êtes présentés devant le peuple ne permettra pas que vous trompiez le peuple, il ne permettra pas non plus que par vos agissements vous le compromettiez devant tous ceux qui, le 18 septembre 1961, ont rendu le jugement des élections dans la dignité, l'ordre, le calme et la liberté, assurés d'une part, par la commission des Nations unies, et d'autre part, par la Tutelle pratiquant un nouvelle politique neutraliste à l'égard des formations politiques du Burundi.

Cette date du 18 septembre 1961 est désormais historique, une page de notre histoire vient d'être tournée, une autre commence, toute vierge, qu'il convient de remplir. Je crois que vous vous montrerez dignes et honnêtes car vous, pouvoir législatif, et nous, pouvoir exécutif, c'est le même peuple qui nous a choisis hier et qui nous jugera demain. Puisse-t-on ne jamais le décevoir.

Excusez-moi, Messieurs les députés, d'avoir abusé de votre patience, mais cette mise au point était nécessaire. Et permettez-moi de vous dire tout de suite que le gouvernement que j'ai l'honneur de former et de vous présenter est composé de dix ministères sans Secrétariats d'État.

kubungabunga ubutunzi bwa Reta n'ukwimenyereza ingeso nziza yo kudasesagura na vyo nyene tukaba twagomba kubibamenyasha.

Ng'ubu rero ubwo bushikirangoma n'abagiye kuburongora :

Umushikirangoma wa mbere ajejwe n'ivyerekeye akakerere Uburundi busangiye n'ibindi bihugu, Rudoviko Rwagasore ;

Icegera c'umushikirangoma wa mbere akaba n'uw'ikigega ca Reta, Petero Ngendandumwe ;

Umushikirangoma w'intwaro yo hagati mu gihugu no kumenyeshya amakuru, Andereya Muhirwa ;

Umushikirangoma w'indero, Petero Ngunzu ;

Umushikirangoma w'ubutunzi n'ubudandaji, Ferigisi Katikati ;

Umushikirangoma w'uburimi n'ubworozi, Alubino Nyamoya ;

Umushikirangoma w'amagara y'abantu, Andereya Baredetse ;

Umushikirangoma w'ubutungane, Karaveri Nuwinkware ;

Umushikirangoma w'imibano, Yohani Ntiruhwama ;

Umushikirangoma w'ibikorwa vya Reta, Ignace Ndimanya.

Banyakwubahwa bashingamateka, aba tugiye gusangira imirimo na jewe nyene, tubasavye ko mutwizera³. Ikizoturanga ni uko tuba vy'ukuri, abizigirwa bemeye gukorera igihugu n'umwami w'Uburundi nyeningoma. Dufatanije muri vyose, abashingamateka n'abashikirangoma tuyoboka umwami Sebarundi, tuzoheza twiyemeza koko nk'uko umugani w'i kirundi ubivuga tuti, "Uburundi ntibuzorwa mw'isanganya". »

3. Iyo Reta imaze gushikirizwa yaciye yemezwa ubwo nyene ko yizigiwe n'Inama nshingamateka yose havuyemwo ijwi rimwe ry'umushingamateka w'ishirahamwe ry'imigambwe y'abanyagihugu, UPP (Ghislain J., 1992, p. 97).

Ceci uniquement par souci d'économie et par régime d'austérité que nous annonçons.

Voici donc la composition des ministères et de leurs titulaires :

Premier ministre et affaires de la communauté, Monsieur Louis Rwagasore ;
Vice-Premier ministre et Finances, Monsieur Pierre Ngendandumwe ;
Intérieur et Information, Monsieur André Muhirwa ;
Éducation nationale, Monsieur Pierre Ngunzu ;
Économie et Commerce, Monsieur Félix Katikati ;
Agriculture et Élevage, Monsieur Albin Nyamoya ;
Santé publique, Monsieur André Baredetse ;
Justice, Monsieur Claver Nuwinkware ;
Affaires sociales, Monsieur Jean Ntiruhwama ;
Travaux publics, M. Ignace Ndimanya.

Messieurs les Députés, mes collègues et moi, nous espérons obtenir votre entière confiance³. Le seul titre que nous avons est celui de "Serviteurs du peuple et du *mwami* du Burundi". Main dans la main, députés et ministres guidés par notre bien-aimé *mwami*, nous pourrions continuer à croire que, comme dit l'adage murundi, "Le Burundi ne faillira pas". »

3. Ce gouvernement obtint immédiatement après sa présentation la confiance de l'assemblée, à l'unanimité moins une voix, celle d'un député de l'UPP, Union des partis populaires (Ghislain J., 1992, p. 97).

24

Ikiganiro Umushikirangoma wa mbere Rwagasore yahaye ikigo c'abamenyeshamakuru AFP¹,

Usumbura,
ku w'Imana, igenekerezo rya 1 Gitugutu 1961²

« Umuganwa Rudoviko Rwagasore, Umushikirangoma wa mbere wa Reta y'Uburundi, yaraduhaye ikiganiro kw'igenekerezo rya mbere Gitugutu aho yatanze inyishu ku bibazo bikurikira :

Ikibazo. Mu mabanga mujejwe harimwo n'ayerekeye ivy'akarere Uburundi burimwo. Mwotubwira neza ivyo ubwo bushikiranganji bujejwe?

Inyishu. Iryo jambo ryakoreshejwe ntiritumbereye neza; bwari bukwiye kwitwa "Ubushikiranganji bujejwe ivyo vyose Urwanda n'Uburundi bisangiye". Ubwo bushikiranganji bujejwe gukurikirana ivyo vyose ibihugu vy'Urwanda n'Uburundi bisangiye, ari vyo vy'ibi : Ociru (ishirahamwe riraba ivy'amakawa ya Ruanda-Urundi), ivyerekeye amaposita, ivyo gutumatumanako amakuru, amadwane, amahera, amayira y'ivyinzira n'ibisohoka (ikivuko n'ikibuga c'indege ca Usumbura³).

Ik. Mwoba mutegekanya ko muri kazoza ibihugu vy'Urwanda n'Uburundi bizotandukana kimwe cose kikigenga canke ko biguma bisangiye ibibazo bimwe bimwe?

Iny. Nta nkeka ko ivyo bihugu bibiri bizoba ibihugu vyigenga kimwe kimwe ukwaco. Ariko ndiyumvira ko bizoguma bisangiye ibibazo bimwe bimwe, nko

1. Agence France Presse (Ikigo gitangaza amakuru c'Ubufaransa).

2. Impapuro vyanditsweko tuzisanga mu bushinguro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 70. Ibiranga uwo mumenyeshamakuru yatunganiye ico kiganiro ntibizwi neza. Haravugwa rimwe na rimwe umubirigi yitwa Petero Davister, yakora mu kimenyeshamakuru *Pourquoi pas?*, ariko ibimuranga ntibizwi neza : mu bushinguro bw'ikigo c'abafaransa gitangaza amakuru France Presse nta kimenyetso kimuranga dusangayo.

3. Twibutse ko Usumbura ari ho hari icicaro ca Reta yo ku gikoroni yari ijewe Ruanda-Urundi, hariho kandi ikibazo cerekeye inyubakwa n'ibibanza rusangi, mbere hakabamwo n'ingene igihugu c'Urwanda cobishikira mu gihe ivyo bihugu bibiri vyoronka kimwe cose ukwaco intahe y'ukwikukira. Ivyo bibazo vyaratorewe umuti mu « masezerano » yashiriweko umukono i Bruxelles, mu kwezi kwa Kigarama 1961 (AAB, idosiye BUR 72; Harroy J.-P., 1987, p. 629-630; *BORU*, n° 4, 28 Ruhuhuma 1962, p. 128).

Interview du Premier ministre Rwagasore par le correspondant local de l'AFP¹,

Usumbura,
dimanche 1^{er} octobre 1961²

« Le prince Louis Rwagasore, Premier ministre du gouvernement du Burundi, nous a accordé aujourd'hui 1^{er} octobre un entretien au cours duquel il a bien voulu nous répondre aux questions suivantes :

Question. Vous détenez également le portefeuille des Affaires de la Communauté. Voudriez-vous nous préciser les attributions de ce ministère ?

Réponse. Le terme qui a été employé est impropre et il aurait mieux fallu dire "ministère des Affaires communautaires du Rwanda et du Burundi". Ce ministère a pour attributions de s'occuper des affaires communes concernant le Rwanda et le Burundi, à savoir : l'Ociru (Office des cafés du Ruanda-Urundi), le service des postes, des télécommunications, des douanes, la monnaie, les voies d'accès (port et aéroport d'Usumbura³).

Q. Envisage-t-on dans l'avenir une scission complète entre le Rwanda et le Burundi ou bien certains problèmes resteront-ils communs ?

R. Il est certain que ces deux pays représenteront bien deux États complètement indépendants l'un de l'autre. Mais je pense toutefois que certains problèmes resteront communs, notamment sur le plan économique,

1. Agence France Presse.

2. Feuilles de transcription conservés aux AAB, dossier BUR 70. L'identité du journaliste ayant mené cet entretien reste inconnue. On cite parfois le Belge Pierre Davister, journaliste de l'hebdomadaire *Pourquoi pas ?*, mais l'identification est douteuse : les archives de l'Agence France Presse ne conservent pas trace d'un dossier le concernant.

3. Pour rappel, Usumbura était le siège du gouvernement colonial pour le Ruanda-Urundi, aussi la question du partage des infrastructures communes, et notamment de leur accessibilité pour le Rwanda, se posait en prévision de l'indépendance séparée des deux pays. Ces questions furent réglées par une série de « protocoles » signés à Bruxelles en décembre 1961 (AAB, dossier BUR 72 ; Harroy J.-P., 1987, p. 629-630 ; *BORU*, n° 4, 28 février 1962, p. 128).

mu vyerekeye ubutunzi, akarorero nk'ivy'amaposita, amadwane n'ibindi, utavuze amayira acamwo ivyinjira n'ibisohoka nk'ikivuko nk'ibuga c'indege vy'i Usumbura.

Ik. Muri Reta murungoye, abashikirangoma bane bari mu bashingamateka batowe, batandatu ntibatowe, hoba hari imvo zatumye mubatora uko ?

Iny. Imvo zonyene zabitumye ni ubushobozi bw'abo twagenye muri ayo mabanga. Ikindi nobabwira ni uko dukurikije amategeko atugenga muri kino gihe, amabanga yubushikirangoma n'ayubushingamateka ntabangikanywa, ari na co gituma umushingamateka abaye umushikiranganji ntabandanya mu bushingamateka.

Ik. Vyoba ari vyo ko abantu bari muri "Forokome" [« Front commun »] bashobora kuja mu barongoye ubushukiranganji, mbere rimwe rimwe no mu yandi mabanga yo hejuru ?

Iny. : Ni vyo, ariko mu buzi bwa Reta busanzwe no mu yandi mabanga atajanye na poritike. Ahandi ho dushaka ko abantu bose bafise ico bomarira igihugu baronswa ubuzi ku neza y'igihugu cose⁴.

Ik. Dufatiye ku rukurukuru ruvugwa, abahurikiye muri "Forokome" ntibemera ivyavuye mu matora mbere vyaravuzwe ko bashobora gutera akaguma. Reta yanyu hari amakenga yoba ifise ku bujanyi n'ivyo ?

Iny. Oyaye, twihweje ingene isinzi ry'abanyagihugu bahurumbiye umugambwe wacu, nta mugararizo nk'uwo twicura kandi noneho ntitwiyumvira ko muri "Forokome" hoba hari umutegetsi n'umwe yoshobora guhindukiza iryo shaka ry'abanyagihugu.

Ik. Hoba hari isango murashinga ryo kwikukira ?

Iny. Oyaye. Nta sango turashinga kandi noneho, hariho intumwa z'igihugu cacu zimirije kuja i New York muri Munyonyo mu nama nkuru y'ishirahamwe

4. Yohani-Paulo Harroy (1987, p. 572-573) ni vyo avuga ko habaye uguhanura ko abashikiranganji batatu bahora muri Reta mfatakibanza y'Uburundi (hagati ya Nzero na Nyakanga 1961) bari mu migambwe itavuga rumwe na Uprona bohabwa akazi : Yohani-Batisita Ntindereza (PDC) yahawe guserukira Uburundi mu gihugu c'i Buraya, Yozefu Cimpaye (UPP) yahawe kuba umuyobozi mwishikira mu bushikiranganji, Petero Bigayimpunzi (PDR) agenwe kuba Komiseri wa Reta.

à savoir les services des postes, des douanes etc., sans parler des voies d'accès représentées par le port et l'aérodrome d'Usumbura.

Q. Dans votre gouvernement quatre ministres sont députés, six ne le sont pas, y a-t-il des raisons spéciales ayant motivé ce choix ?

R. Les seules raisons ayant motivé ce choix sont fonction des capacités des gens élus à ces postes. Je dois également vous dire que selon la législation actuelle les fonctions de ministre et de députés sont incompatibles, et de ce fait un député devenant ministre perd en même temps son titre de député.

Q. Est-il exact que des gens appartenant au "Front commun" seront placés dans les équipes ministérielles et parfois à de hauts postes ?

R. C'est exact, mais à des postes d'administration générale et à des fonctions étrangères aux questions politiques. Nous désirons en effet que tous les gens susceptibles d'être utiles au pays soient employés au mieux de l'intérêt national⁴.

Q. S'il faut en croire la rumeur publique, le "Front commun" n'accepterait pas le résultat des élections et l'on a même dit qu'ils n'hésiteraient pas à fomenter des troubles. Votre gouvernement craint-il quelque chose dans ce sens ?

R. Non, étant donné la sympathie que la masse du pays a manifesté à l'égard de notre parti nous ne craignons pas de soulèvement de ce genre et en tout cas nous ne pensons pas que le "Front commun" dispose d'un seul leader susceptible de retourner cette sympathie en leur faveur.

Q. Une date pour l'indépendance a-t-elle déjà été avancée ?

R. Non, aucune date précise n'a encore été avancée. D'autre part une délégation de notre pays doit se rendre en novembre à New York pour la

4. Jean-Paul Harroy (1987, p. 572-573) rapporte, en effet, que des propositions de reclassement auraient été faites à trois anciens ministres du Gouvernement intérimaire du Burundi (janvier-septembre 1961) appartenant à des partis d'opposition à l'Uprona : une ambassade européenne pour Jean-Baptiste Ntidendereza (PDC), une direction de Cabinet pour Joseph Cimpaye (UPP), un Commissariat du Gouvernement pour Pierre Bigayimpunzi (PDR).

mpuzamakungu Onu⁵. Izo ntumwa zizobanza guca i Bruxelles; aho naho niho hazotangurira ibiganiro vya mbere kandi uko ndavyiyumvira, integuro yibikorwa igenze uko tubitegekanya, ukwikukira tuvuyiyumvira mu mezi ari hagati y'atanu n'umunani.

Ik. Hari abakozi ba Reta bamaze guhunga bava mu gihugu⁶. None abo bakozi bazosubirizwa gute? Hoba hategekanijwe ibibanza vy'abahanuzi?

Iny. Hazoba ibibanza vy'abahanuzi kandi kuvyerekeye abakozi ba Reta, vyoba vyiza bashizwe mu mirwi ibiri. Umurwi wa mbere twokwita uw'abakozi ba Reta mbirigi, na wo nitwamara kwikukira nta co uzoba ugikora bazoca basubira i wabo. Umurwi wa kabiri twokwita uw'abahinga, ni wo hazotorwamwo bakeya twogumya kubera ko igihugu nticogumya abakozi b'umurengerera badakenewe nk'uko vyari bimeze ubu. Ntituzoreka kandi kurondera abakozi iyo bari, haba mu Bubishi canke ahandi mu mihingo y'isi.

Ik. Vyarigeze kuvugwa ko no mu Banyaburaya basanzwe mu gihugu hatorwamwo abahanuzi. Vyoba ari vyo?

Iny. Ni ivy'ukuri, mbere dushaka gushinga vuba na vuba umurwi wa Reta ujejwe ibibazo vyubutunzi, kandi uzoba wigenga⁷. Uwo murwi uzoba urongowe n'umuntu yigenga. Uwo murwi kandi uzoba ugizwe n'abakozi ba Reta bakora mu vyubutunzi harimwo na bene amahinguriro n'abadandaza bo mu Burundi, ni ukuvuga abantu basanzwe bafise uruhara mu butunzi bw'igihugu. Bene uwo murwi turawizigiye kuko bene abo bantu basanzwe bafise ico bamaze mu gihugu, turazi ko akazi tubashinze bazogashira ku muzirikanyi. Uwo murwi woba ushinze kwegeranya ibikorwa vya nkenerwa hamwe n'ivyigwa bikenewe vyofasha mu'iterambere ry'igihugu.

5. Iyo nama yari yerekeye kazoza k'intara yatwarwa n'abakoroni ya Ruanda-Urundi yahavuye yungururizwa mu ntango z'ukwezi kwa Nzero 1962 (Harroy J.-P., 1987, p. 627). Icabaye ariko ni uko intumwa z'Uburundi zironkome n'icegera c'umushikirangoma wa mbere Petero Ngendandumwe zagiyeye i Bruxelles kuva kw'igenekerezo rya 3 gushika ku wa 23 Kigarama 1961 (raba imbere mu nsiguro igira 3), mu nama y'ukwiga ingene intambwe zokurikizwa mu gushika k'ukwitunganyiriza ibintu maze hagukurikira ukwikukira bwite.

6. Ababirigi b'abakoroni bagiyeye atari bake kuva mu kwezi kwa Nyakanga 1961 (Ghislain J., 1992, p. 101; Harroy J.-P., 1987, p. 572). Baciye bagenda ari benshi gusumba kuva aho umuganwa Rwagasore agandaguriwe, hagendamwo n'abakozi b'abahinga kandi umuganwa we yashaka ko batogira rimwe (Harroy J.-P., 1987, p. 613; Deslaurier C., 2002, p. 1102).

7. « Abahanuzi b'abahinga » b'abazungu barenga mirongo ibiri, baharurwa mu bakozi b'igikoroni bari mu bushikiranganji butandukanye bwa Reta ya Rwagasore. Hariho kandi « abahanuzi b'abahinga bakuru » babiri batowe mu bikorera urwabo b'abazungu bari bashigikiye umuganwa mu 1960 (raba mu biri imbere mu rwandiko rwa 20, insiguro ya 12); abo bahanuzi bari bajejwe ivyerekeye ubutunzi n'amafaranga (Franz Meidner) n'ivyerekeye ubutunzi na poritike (Leopoldo Bossaers). Umushingwamanza Federiko Jamar yari yagenywe kuba « umushingwamanza wa Reta » (AAB, idosiye BUR 68; Harroy J.-P., 1987, p. 574).

session de l'Assemblée générale de l'Onu⁵. Cette délégation passera d'abord par Bruxelles et là commenceront sans doute les discussions préliminaires, et à mon avis si le programme de notre travail peut se dérouler comme prévu nous pouvons envisager cette indépendance d'ici 5 à 8 mois.

Q. Déjà de nombreux fonctionnaires quittent le pays⁶. Comment ces fonctionnaires seront-ils remplacés ? Y aura-t-il un cadre de conseillers ?

R. Il y aura un cadre de conseillers et en ce qui concerne les fonctionnaires, il est bon de les partager en deux catégories. La première que nous appellerons le personnel de la Tutelle, lequel une fois arrivé à l'indépendance de notre pays n'aura plus rien à y faire et devra donc partir. La seconde que nous appellerons le personnel technique. Dans cette catégorie une sélection sera opérée et nous ne garderons que le strict minimum, ne serait-ce que parce que notre pays ne peut pour l'instant se payer le luxe d'un personnel en dehors de proportions vis-à-vis de ses besoins, comme cela a souvent été le cas ici. Nous n'hésiterons pas également à procéder à un recrutement tant en Belgique que dans le reste du monde.

Q. Il a été dit à un certain moment que des Européens habitant déjà le pays seraient choisis comme conseiller. Est-ce exact ?

R. C'est vrai et plus exactement nous désirons créer le plus rapidement possible une commission gouvernementale économique, laquelle jouirait d'une certaine autonomie⁷. Cette commission serait dirigée par un privé. En feraient partie également des fonctionnaires des services économiques ainsi que des industriels et des commerçants du pays, c'est-à-dire des gens ayant un rôle à jouer dans l'économie du pays. Nous avons confiance en une telle commission du fait que ces gens participant à la vie du pays prendront certainement leur travail à cœur. Cette commission serait chargée de faire les travaux de déblaiement et les études nécessaires au développement du pays.

5. Cette session consacrée à l'avenir du Territoire sous Tutelle du Ruanda-Urundi fut reportée au début du mois de janvier 1962 (Harroy J.-P., 1987, p. 627). En revanche, une délégation burundaise dirigée par le Vice-Premier ministre Pierre Ngendandumwe rejoignit bien Bruxelles pour discuter des étapes vers l'autonomie interne puis l'indépendance, du 3 au 23 décembre 1961 (voir plus haut, note 3).

6. Les départs des agents belges de la Tutelle furent importants dès le mois de septembre 1961 (Ghislain J., 1992, p. 101 ; Harroy J.-P., 1987, p. 572). Ils s'accélérent après l'assassinat du prince Rwagasore, y compris parmi le personnel technique dont il souhaitait le maintien limité (Harroy J.-P., 1987, p. 613 ; Deslaurier C., 2002, p. 1102).

7. Plus d'une vingtaine de « conseillers techniques » européens, issus du cadre de la Tutelle, figuraient dans les divers départements ministériels du gouvernement Rwagasore. En outre deux « conseillers techniques généraux », issus des milieux privés européens ayant soutenu le prince en 1960 (voir plus haut, texte 20, note 12), chapeautaient les Affaires économiques et financières (Franz Meidner) et les Affaires économiques et politiques (Léopold Bossaers). Maître Frédéric Jamar avait été désigné « avocat du gouvernement » (AAB, dossier BUR 68 ; Harroy J.-P., 1987, p. 574).

Ik. Mbega Reta yoba izogumana icicaro i Kitega ?

Iny. Oyaye! Umurwa mukuru w'igihugu uzoba i Usumbura na Reta hamwe n'inama nshingamateka bigiye kumanuka mu misi iza. Kuva ubu mbere ubuzi bumwe bumwe bwa Reta bugiye kuja i Usumbura mu misi iza. Ni ubuzi bujanye n'ubutunzi, ibikorwa vya Reta, amagara y'abantu hamwe n'ibiro mfatakibanza vy'Inama irongoye igihugu.

Ik. Hari imigambi mufise yerekeye ivyokorwa mu kugarukira ubutunzi bw'igihugu busanzwe atako bwifashe ?

Iny. Biragoye kukwishura kuri ico kibazo kuko ni kinini kandi kirahambaye ku gihugu cacu. Ico mwomenya ni uko kimwe mu bikorwa wa murwi mpejeje kubabwira uzokora ni ukwiga inyishu zose zotuma hagaruka umwizero mu bantu basanzwe bari mu gihugu no ku bari hanze yaco. Biraboneka ariko ko igihugu cacu kizoca mu bihe bitoroshe ugereraniye n'ubuzima bworoshe intwari y'ababirigi yahoramwo.

Ik. Ni iyihe migambi mutegekanya gufashanyamwo n'Isoko Rusangi ry'ishirahamwe ry'Abanyaburaya⁸ ?

Iny. Ubwa mbere mwomenya ko twifuzaga kugiriranira amasezerano mu vy'ubutunzi n'ibihugu bibanyi hanyuma dusabe kwinjira mu'Isoko Rusangi tutari twenyene mugabo Uburundi bwifataniye n'ibindi bihugu. Uwo murwi w'ibihugu tuzoba turimwo ushobora kuba muto canke munini bizova ku masezerano tuzoba tumaze kugiriranira n'abandi. Nk'akarorero, uwo murwi woba urimwo ibihugu vy'Urwanda, Uburundi na Tanganyika.

Ik. Haravugwa ko igihugu c'Uburundi coja hamwe na Tanganyika. Hoba hari icyumviro kiriho kijanye n'ivyo ?

Iny. : Neza na neza turashigikiye icyumviro co kuja hamwe mu vyerekeye ubutunzi hagati y'ibihugu vyacu uko ari bibiri, ariko kimwe cose kikigenga mu vyerekeye poritike. Mbere nobamenyeshya ko na Bwana Nyerere ashigikiye ico cyumviro ari na we yacyumviriye ubwa mbere⁹.

8. Aha yashakaga kuvugaga Isoko Rusangi y'abanyaburaya (« Marché commun ») yari yashinzwe n'amasezerano y'i Roma yashizweko umukono mu Ntwarante 1957 n'ibihugu bitandatu vy'iburaya (Ubudagi, Ububirigi, Ubufaransa, Ubutariyano, Luxembourg, Ubuholande) ; iyo soko rusangi na yo yarategekanye ko yoya hamwe n'ibihugu vya kure vyahozze bikukira Uburaya.

9. Icyumviro co gushingira ishira hamwe ry'ibihugu vyiyungiyeye hamwe, nticari cerekeye Uburundi na Tanganyika gusa, Julius Nyerere yaragikomeje, nko mw'ishingwa ry'Umuhari w'abanyafrika uharanira ukwikukira muri Afirika yo mu buseruko n'iyi hagati witwa Pafimeca (« Pan African Freedom Movement in East and Central Africa »), washingwiye i Mwanza muri Nyakanga 1958 (Unesco, 1998, p. 823).

Q. Le gouvernement va-t-il rester à Kitega ?

R. Non, la capitale du pays sera Usumbura et le gouvernement ainsi que l'assemblée y descendront prochainement. D'ores et déjà certains départements vont s'installer prochainement à Usumbura. Ce sont l'économie, les travaux publics, la santé ainsi qu'un bureau provisoire de la présidence du conseil.

Q. Avez-vous déjà des projets sur ce qu'il y aurait lieu de faire vis-à-vis de la situation économique du pays qui actuellement n'est guère brillante ?

R. Il m'est difficile de vous répondre d'ores et déjà sur ce sujet si vaste et si important pour notre pays. Sachez en tout cas qu'un des premiers travaux de la commission dont je vous ai parlé il y a un instant sera d'étudier toutes les solutions possibles destinées à ramener la confiance, d'une part vis-à-vis des gens déjà installés dans le pays et d'autre part vis-à-vis de l'étranger. Il est évident toutefois que notre pays va connaître des heures d'austérité comparé à la vie trop luxueuse qui fut menée par l'administration coloniale.

Q. Quels sont vos projets vis-à-vis du Marché commun⁸ ?

R. Tout d'abord, sachez que nous aimerions d'abord conclure des accords économiques avec nos voisins puis demander notre adhésion au Marché commun, mais non pas en tant que seul pays du Burundi, mais au nom d'un bloc, que ce bloc soit petit ou grand selon les accords que nous aurons pu conclure. Par exemple un bloc Rwanda, Burundi et Tanganyika.

Q. L'on a souvent parlé d'un rattachement du Burundi au Tanganyika. Y a-t-il quelque chose de prévu dans ce sens ?

R. Pour être plus précis nous sommes très favorables à l'idée d'une confédération sur le plan économique entre nos deux pays, lesquels garderaient bien entendu leur entité politique. Je puis d'ailleurs vous dire que Monsieur Nyerere est très favorable à cette idée et que c'est lui qui en est d'ailleurs le promoteur⁹.

8. Référence au Marché commun européen institué par le Traité de Rome signé en mars 1957 par six pays européens (Allemagne, Belgique, France, Italie, Luxembourg, Pays-Bas), qui prévoyait aussi l'association des anciens territoires d'outre-mer.

9. L'idée d'une confédération, ne concernant d'ailleurs pas seulement le Burundi et le Tanganyika, a bien été développée par Julius Nyerere, notamment au travers de la constitution du Pan African Freedom Movement in East and Central Africa (Pafmea), créé à Mwanza en septembre 1958 (Unesco, 1998, p. 823).

Ik. Mbega Reta itegekanya iki kugira ngo abanyagihugu bijukire kurima neza amatongo ari mu gihugu?

Iny. Ica mbere nobabwira, ni uko tutazoshimikira ku giterwa c'ikawa gusa. Tuzobandanya turondera ingene umwimbu w'ikawa wokongerekana, ariko turifuzaga guteza imbere ibindi biterwa bishoboka, akarorero ni nk'icyi. Ahasigaye mwomenya ko Reta turongoye ifise inguvu zikwiye zo guhimiriza abanyagihugu ngo bijukire imirimo yose tuzobararikira ku neza y'igihugu.

Ik. Haravugwa n'umugambi w'uko igisagara ca Usumbura cogirwa "igisagara cigenga" [ville libre]?

Iny. Ni vyo, biri no mu bikorwa vya mbere wa murwi navuga uzokwiga kandi turabishigikiye¹⁰. Ubu sinovuga neza ingene uwo mugambi uzoba umeze, ariko uzoba uwo kugira igisagara ca Usumbura, "igisagara cigenga" canke icambu kitarishisha amatagisi. Ico kibazo tuzocitondera mu kuciga kuko niyumvira ko vyogirira akamaro twese.

Ik. Harigeze icyumviro c'uko hoshingwa i Usumbura ikigo gikomeye co gutangaza amakuru biciye ku mahera yova mu bihugu vy'i Buraya biri mu Isoko Rusangi¹¹.

Iny. Ico kibazo ubu ntaho kiragera. Ndazi ko Reta y'imfatakibanza yari yabitanguye, ariko sindaronka umwanya wo kwihweza ico kibazo. Ndazi ko i Usumbura hariho icuma ca kilowatts 5, kigitekeye mu masandugu cajemwo. Hoboneka uburyo bwo kugikoresha kuko ku bwanje ico cyumviro cogirira akamaro igihugu. Vyoba vyiza aha i Usumbura hashinzwe ikigo nk'ico kuko igihugu cacu kiri hagati na hagati muri Afirika. Noneho uwo mugambi urajanye na ca cyumviro c'uko Usumbura coba "igisagara cigenga".

10. Ico kibazo cari kijanye buke buke na kimwe « c'ikibanza cohabwa ibisagara » (Statut des villes) camaze kuvugwa mu biri imbere (urwandiko inomeru 16, insiguro igira 6).

11. Ico kuvugwa aha cari ikigo c'ugutangarizamwo amakuru aciyemo mw'iradiyo akumvikanira gushika kure.

Q. Qu'envisage le gouvernement pour amener le paysannat à mettre en valeur d'une façon suffisante les terres du pays ?

R. Je dirais tout d'abord que nous ne comptons pas exercer tous nos efforts uniquement sur la culture du café. Il est bien entendu évident que nous ferons tout ce qu'il nous sera possible pour continuer à en intensifier le rendement, mais nous désirons également nous tourner vers d'autres productions possibles telles que le thé par exemple. Enfin croyez bien que notre gouvernement est assez fort pour obtenir des gens du pays de faire ce qu'on leur demandera dans l'intérêt de la nation.

Q. On reparlerait, paraît-il, du projet Usumbura "ville libre" ?

R. C'est exact et ce sera également un des premiers travaux de la commission d'étudier cette idée à laquelle nous sommes très favorables¹⁰. Je ne puis encore dire sous quelle forme exacte je verrais la réalisation de ce projet, c'est-à-dire s'il s'agira d'une "ville libre" ou d'un port franc, mais nous comptons en tout cas étudier cette question très sérieusement et je pense que c'est tout dans notre intérêt.

Q. Il a été question un moment d'un centre d'émission de grande portée à Usumbura, financé par des pays du Marché commun¹¹. A quel point en est cette question ?

R. Pour l'instant cette idée en est au point mort. Je sais que des contacts avaient été pris avec le gouvernement provisoire, mais je n'ai pas encore eu le temps de revoir cette question. Je sais qu'il existe à Usumbura un poste de 5 kilowatts, lequel est toujours dans ses caisses d'origine. Il devrait y avoir certainement moyen de l'utiliser et à mon avis cette idée est intéressante pour le pays. Usumbura en outre doit pouvoir se prêter à un pareil centre du fait de la situation centrale de notre pays en Afrique, et cette question pourrait être également reliée à l'idée d'Usumbura "ville libre".

10. Cette question recoupe partiellement celle du « Statut des villes » déjà évoquée plus haut (texte 16, note 6).

11. Il est question ici d'un centre d'émission de radiophonie longues ondes.

Ik. Vyoba ari vyo ko Reta y'imfatakibanza yoba yaratanguye ibiganiro na Reta mbirigi iyisaba ko inteko z'Ababirigi ziri mu Rwanda no mu Burundi zogumaho inyuma y'ukwikukira¹²?

Iny. Sinzi neza ingene bene ivyo biganiro vyoba vyaratanguye, ariko ku bwanje, simbona ingene izo nteko zogumaho igihugu cacu camaze kwikukira. Biramutse bishitse zikagumaho ku mvo iyi canke iyindi, boheza bakazidushikiriza zigategewe na Reta y'Uburundi. Ariko uko ndabibona, tubwirizwa gushimikira ku gisirikare c'igihugu cacu tuzoshira mu minwe y'abahinga babizi kandi babishoboye¹³. Igihugu c'Uburundi kizoturonsa abo bahinga mbere bikenewe tuzobarondera n'ahandi.

Ico kiganiro carangiye umuganwa Rwagasore amaze kutubwira ati :
"Ndipfuzako abanyamahanga bomenyera gutandukanya Uburundi n'Urwanda; ubumwe bwamye mu Burundi, ni izina n'akaranga bwamye bushingiyeko; icamye kiburanga ni umutekano wamyeho, uwuharangwa ubu kandi dushaka ko uzokwamaho. Igihugu cacu c'Uburundi camye na ntaryo ari igihugu gitekanye nk'uko vyari bimeze mu gihugu kibanyi ca Tanganyika". »

12. Aho abasirikare bo mu gihugu ca Kongo batsindiwe muri Mukakaro 1960, abari muri Ruanda-Urundi bacye babaka ibirwanisho hanyuma umutekano ucungengwa n'abasirikare b'ababirigi mu kurindira ko abasoda bacungera imbibe z'ibihugu vy'Urwanda n'Uburundi bari bashizweho muri Nyakanga 1960 bigishwa. Imbere y'amatora y'abashingamateka yo muri 1961, hafi y'abasoda 1000 b'ababirigi bari mu Burundi (AAB, idosiye Archives Diplomatiques 14290). Bavuye mu Burundi muri Myandagaro 1962.

13. Abasirikare bacungera imbibe z'Uburundi (« Garde territoriale ») batarenge abantu 700, ni bo bavuyemwo igisirikare c'Uburundi (uno musi ni Intwaramiheto z'igihugu).

Q. Est-ce exact que des pourparlers avaient été entamés par le gouvernement provisoire pour obtenir de la Belgique qu'elle laisse des troupes actuellement basées au Rwanda et au Burundi après l'indépendance¹² ?

R. *Je ne sais pas encore dans quelle mesure de tels pourparlers ont pu être entamés, mais personnellement je ne vois pas pourquoi ces troupes resteraient une fois que notre pays aura accédé à son indépendance. Si pour une raison ou une autre cela devait être le cas, ces troupes devraient alors être mises à notre disposition et sous le commandement unique du gouvernement du Burundi. Mais à mon avis nous devons plutôt nous baser sur notre garde territoriale, que nous doterons d'un encadrement très sérieux d'instructeurs¹³. La Belgique pourrait mettre à notre disposition de tels instructeurs ou le cas échéant nous pourrions également en recruter à l'étranger.*

L'entretien s'est alors terminé après que le prince Rwagasore nous ait encore déclaré : *"J'aimerais qu'à l'étranger l'on commence enfin à différencier le Burundi du Rwanda, l'unité du Burundi et sa personnalité, ne serait-ce que par l'ordre qui y a toujours régné, qui y règne encore et que nous entendons bien y voir régner toujours. Notre pays le Burundi a toujours su garder son calme et cela à l'image de notre voisin et ami le Tanganyika".* »

12. Après la débandade de la Force publique au Congo en juillet 1960, ses soldats présents au Ruanda-Urundi furent désarmés et des troupes belges assurèrent le maintien de l'ordre en attendant que les soldats des « gardes territoriales » respectives du Rwanda et du Burundi, créées en septembre 1960, soient formés. A la veille des élections législatives de 1961, environ 1 000 soldats métropolitains étaient présents au Burundi (AAB, dossier Archives diplomatiques 14290). Ils quittèrent le Burundi en août 1962.

13. La Garde territoriale du Burundi, constituée alors de moins de 700 hommes, est l'ancêtre de l'Armée nationale du Burundi (aujourd'hui Force de défense nationale).

25

**Ijambo ryashikirijwe na Rudoviko Rwagasore,
Umushikirangoma wa mbere w'Uburundi,
ari kumwe n'abagize ishira hamwe Lions Club,**

Usumbura,
ku wa gatanu, igenekerezo rya 4 Gitugutu 1961¹

« Nyakwubahwa urongoye ishira hamwe, Banyakwubahwa,

Numva bimpimbaye kandi binteye n'iteka kuba ndi kumwe namwe. Mfise umunezero kuko ndahasanze abo dusanzwe tuzinanye bakaba kandi ari n'abagenzi. Ni iteka kandi kuko irishira hamwe Lions Club² ari ihuriro ry'abantu baturuka hirya no hino, b'amoko yose bashobora kurangura igikorwa gihambaye co kwitaho abandi muri kano karere k'isi duherereyemwo.

Benshi muri mwebwe murazi ibigoye kino gihugu ; mwarabikurikiranye neza mugerageza n'ukubitegera, mwirinda gutwarwa n'ibihuha vy'abashaka guta abandi mu rudubi, bashaka kwononera igihugu aho kucubaka.

Umwe wese muri mwebwe arafise ico yokora mu ntumbero y'ukuronderera inyungu igihugu kuko na mwebwe gisigaye ari rwanyu. Ni muri iyo nzira na mwebwe nyene mwoba muriko murakingira inyungu zanyu.

Ntidushobora kwemera kubandanya tujuragirika. Ni vyo murakeneye kumenya ikiri ku mutima wacu n'iryo tugona. Mushaka ko dutera tuja imbere ataco twinona, tukarazwa ishingira gusa n'ineza y'igihugu n'iterambere ryaco. Enda rero dufatane mu nda, twizigiranire, maze twiyamirize ibikorwa bibi vy'abashaka gutobera igihugu. Mwebwe na mwe mwizeye iki gihugu kandi mugikunda, nimuhaguruke ntihagire icoza kibaca intege. Igihe kinini

1. Iri jambo ryanditswe mu rurimi rw'igifaransa mu *Rudipresse*, n° 244, co kw'igenekerezo rya 7 Gitugutu 1961 ; turarisanga kandi mu bushingiro bw'ivya kera AAB, idosiye BUR 70.

2. Ishira hamwe ryitwa Lions Club, ryashinzwe mu 1917 mu gihugu ca Reta zunze ubumwe za Amerika, rikaba ishira hamwe bene aya arangwa n'ibikorwa arangura, umuntu yorigereranya n'irindi ryitwa Rotary International. Rihurikiyemwo abanywanyi dusanga ko mu ntango, kenshi bari aborongoye amashira hamwe bashobora gutorokanya amafaranga yo kurangura ibikorwa vy'imibano, vy'ukugarukira ku mbabare no gufasha abagowe. Iryo shira hamwe Lions Club ry'i Bujumbura ryashinzwe mu mpera y'imyaka ya 1950 harimwo abanyamashira hamwe b'abazungu bikorera utwabo, benshi muri bo bari n'abanywanyi b'ishira hamwe ry'ubadandaji n'amahinguriro, CCIB (raba mu biri imbere, mu rwandiko 20).

**Allocution prononcée par Louis Rwagasore,
Premier ministre du Burundi,
au déjeuner du Lions Club d'Usumbura,**

Usumbura,
mercredi 4 octobre 1961¹

« Monsieur le Président, Messieurs,

C'est pour moi à la fois une joie et un honneur d'être parmi vous. Une joie, parce que j'y trouve des connaissances et des amis ; aussi un honneur, parce que le Lions Club² est un lieu de rencontre des peuples et des races pouvant jouer un grand rôle humanitaire dans ce petit coin du monde.

Beaucoup d'entre vous connaissent les problèmes de ce pays ; ils les ont suivis avec attention et compréhension, sans se laisser influencer par de faux bruits mal intentionnés qui nuisent à la vie nationale au lieu de la bâtir.

Chacun de vous a un rôle à jouer dans l'optique des intérêts de la Nation, qui est, pour vous aussi devenue la vôtre. C'est dans cette ligne, Messieurs, que vous pourrez sauvegarder vos intérêts.

Nous ne pouvons plus nous permettre de vivre dans une équivoque. Vous voulez sans doute connaître ce qui se trouve au fond de nos cœurs et quels sont nos sentiments. Vous voulez que nous allions de l'avant sans inquiétude, avec comme soucis le bien-être général et la prospérité du pays. Et bien, aidons-nous à avoir une confiance mutuelle, en refusant

1. Discours en français reproduit dans *Rudipresse*, n° 244, 7 octobre 1961, également disponible aux AAB, dossier BUR 70.

2. Le Lions Clubs, fondé en 1917 aux États-Unis, est une association de type « club service », un peu comparable au Rotary International. Il regroupe des membres, à l'origine souvent des dirigeants d'entreprise capables de lever des fonds, qui encouragent des actions sociales, humanitaires ou caritatives. Le Lions Club de Bujumbura a été fondé à la fin des années 1950 et regroupait quelques entrepreneurs privés européens, dont plusieurs étaient également membres de la CCIB (voir plus haut, texte 20).

c'ubuzima bwanyu mwakimaze aha ; mutegerezwa rero kuhamerererwa neza mu banyu no mu vyanyu. Igihe kirageze ko impanuro zanyu, iviyumviro vyanyu n'ibindi mwokwigira inama yo kurangura, vyofatwa nkama, kuko nk'uko umwami w'Uburundi nyeningoma abizirikana, nanje namye nemeza ko abanyamabanga, abakoroni tukibakeneye na cane cane mu gisata c'ubutunzi.

Muremera nkanje ko ibirangwa mu bihugu vya Kenya na Aljeriya atari vyo biri ino³. Ni co gituma, ikintu ca mbere tubemereye kuko gishoboka, ni ubukuru nyabwo, bwo nkingi y'umutekano, ukwigenza runtu n'amahoro. Izindi ngingo zizofatwa vuba mu misi iri imbere, tugiye gushinga umurwi ujejwe ibibazo vy'ubutunzi, uzoba urimwo Abarundi n'Abanyaburaya bazokwitwararika bimwe bibereye kuronderera umuti ibibazo vy'ubutunzi biri mu gihugu c'Uburundi⁴.

Banyakwubahwa, uwo Murwi ni wamara gushingwa, ndabasavye ko mwoca muwegera kugira ngo ntihagire icyumviro cubaka cofatwa minenerwe canke ngo cibagirwe. Uwo Murwi ni wamara gushikiriza igikorwa cawo, Reta izoca ifata ingingo zirashe kandi zinyarutse kuko twifuza ko Reta yobamwo abantu bakiri bato babangukiye ibikorwa vy'ukuri biboneka. N'aho mwoba musa n'abatabibonye, mukutwizigira, Abarundi bahejeje kwerekana ibibwirizwa guhinduka ku neza yabo kandi mu mahoro.

Mu vy'ukuri, Abarundi bahejeje guserura aho bahagaze ku bintu bine bikurikira : ko Ntwaro y'umwami ari ryo shingiro ry'igihugu ; Ubumwe bw'Abarundi, n'ukuvuga umwumvikano w'amoko yose ari mu gihugu ; Amajambere hamwe n'Ubukuru nyabwo, ari ho hakomoka umutekano, ukwigenza runtu, ibikorwa, ihumure mu gihugu, ari vyo soko y'ibindi vyiza vyose bishobora kurangurwa. Kuva ubu rero, mubishaka canke mutabishaka, kazozo k'igihugu cacu c'Uburundi, uko kazomera kose ni twebwe gahagazeko. Vyose bizova k'ukugene tuzovyifatamwo turi hamwe mu misi igiye kuza.

Banyakwubahwa, ndabifuriye ko twese hamwe, twovira hasi rimwe maze tukaba imboneza koko mu kuronderera hamwe icokiza igihugu cacu n'abanyagihugu. »

3. Aha bashaka kuvuga ingene ukuva mu bukoroni vyagoranye cane mu bihugu vya Aljeriya yatwarwa n'Abafaransa no muri Kenya catwarwa n'Abongereza. Ivyo bihugu vyaganzwa n'abakoroni bera bakomeye kandi batarota ko hogira igihinduka muri poritike coza kirondera ineza y'abirabure. Abirabure bo nyene ni bo bahavuye bihakana abazungu biciye mu ntambara n'imigumuko (intambara yo mu gihugu ca Aljeriya yo kuva mu 1954 gushika muri 1962, n'imigumuko y'abitwa aba Mau Mau mu gihugu ca Kenya yabayeho hagati y'imyaka ya 1952 na 1956).

4. Uwo Murwi ujejwe ibibazo vy'ubutunzi nk'uko vyamazwe kuvugwa mu rwandiko ruri imbere inomero 24 wari urongowe na Franz Meidner, umukuru yari arongoye ishirahamwe CCIB yari kandi umuhanuzi mukuru mu biraba ivy'ubutunzi n'amafaranga muri Reta ya Rwagasore.

tous, quels qu'ils soient, l'action des saboteurs. Quant à vous qui avez confiance dans ce pays, levez la tête et ne vous laissez pas démoraliser. Le meilleur de votre vie, vous l'avez passé ici, vous vous devez de réussir dans ce pays. Le temps est enfin arrivé où vos suggestions, vos idées et vos initiatives seront examinées avec sollicitude, car comme mon père, Sa Majesté le *mwami* du Burundi, j'ai toujours cru que les étrangers, les colons sont nécessaires, surtout dans le secteur économique.

Vous serez d'accord avec moi que la situation délicate du Kenya et de l'Algérie n'existe pas ici³. C'est pourquoi la première garantie promise, nous sommes à même de vous la donner, c'est l'autorité, meilleur garant de l'ordre, de la discipline et de la paix. D'autres mesures seront prises dans un bref délai, nous créerons bientôt une Commission économique qui sera composée de Burundi et d'Européens, qui ont tous à cœur la solution des problèmes économiques du Burundi⁴.

Je vous demanderais, Messieurs, dès la création de cette Commission, d'entrer en contact avec elle, pour qu'aucune idée constructive ne soit négligée ou oubliée. Dès la déposition des conclusions des études de cette Commission, des mesures pratiques et rapides seront prises par le Gouvernement, car nous voulons être un gouvernement jeune, dynamique et réaliste. Le peuple murundi en nous donnant sa confiance vient, sans que vous vous en rendiez compte, d'accomplir une véritable révolution pacifique.

Le peuple murundi, en effet, vient de se prononcer sur les quatre points suivants : la Monarchie, pilier de la nation ; l'Unité, par conséquent l'entente entre les ethnies et les races ; le Progrès et l'Autorité forte, d'où l'ordre découle, ainsi que la discipline, le travail et la tranquillité, conditions essentielles pour réussir une grande œuvre. Que vous le vouliez ou non, nous sommes tous, dès à présent, les auteurs des pages heureuses ou tristes de l'histoire du Burundi. Tout dépendra de notre comportement à tous dans les jours à venir.

Puissions-nous, Messieurs, vous et nous, être les promoteurs de la réussite de ce pays et de ce peuple. »

3. Allusion aux décolonisations difficiles de l'Algérie française et du Kenya britannique, où la domination d'un colonat blanc puissant et rétif à toute réforme politique en faveur des Africains fut violemment remise en cause par ces derniers (guerre d'Algérie de 1954 à 1962, révolte des Mau-Mau au Kenya de 1952 à 1956).

4. Cette Commission économique dont il est déjà question dans le texte précédent n° 24 aurait été dirigée par Franz Meidner, président de la CCIB et conseiller technique général aux Affaires économiques et financières du gouvernement Rwagasore.

Urukurikirane rw'ivyashitse (1932-1962)

Hagati ya 1932 na 1936

– *10 Nzero 1932*. Ivuka ry'umuganwa Rudoviko Rwagasore i Gitega, imfura y'umwami Mwambutsa na Tereza Kanyonga (babiranye kw'igenekerezo rya 24 Kigarama 1930). Mu bwana bwiwe yarabaye i Kitega n'i Muramvya.

1937-1940

– Amashure mato yayize mu Bukeye (Muramvya), hanyuma aja kwiga arara mw'ishure rya Bene Mariya i Kanyinya (Kirundo).

1941-1944

– Yinjiye mw'ishure ry'inderabigisha ry'i Kitega, rirongowe n'Abafurera bitiriwe Urukundo. Abavyeyi ba Rwagasore baravanye (bahukanye mu 1947). Umuganwa akiri muto yaragenda rimwe rimwe kuramutsa nyina i Kobero (Muhinga).

1945-1951

– Ukwiga amashure yisumbuye muri Groupe scolaire i Astrida (Ruanda).
– *Mukakaro-Myandagaro 1948*. Umuzo wa mbere w' « Intumwa » z'ishirahamwe mpuzamakungu muri Ruanda-Urundi.
– *Mukakaro-Myandagaro 1951*. Umuzo ugira kabiri w'Intumwa z'ishirahamwe mpuzamakungu Onu.

Umwaka wa 1952

– *14 Mukakaro*. Itegeko risubiramwo indinganizo y'ivyerekeye poritike muri Ruanda-Urundi (ishingwa ry'Inama nkuru y'i Gihugu, y'amanama ya teritwari, y'amanama y'abaganwa n'abatware).
– *Munyonyo*. Rwagasore ni ho yashika mu Bubirigi kwiga amashure ya kaminuza mu gisata cari kigenewe abaturuka mu bihugu bikiri mu bukoroni (Inutom) y'i Anvers.

1953

– *22 Ruheshi*. Ikiganiro ca mbere Rwagasore yatangiye mu Bubirigi (**urwandiko 1**).
– *Mukakaro-Nyakanga*. Igihe c'uburuhuko umuganwa yamaze mu Burundi.
– *Nyakanga*. Uguhindurirwa ishure kaminuza arora mu gisata c'uburimiyo co muri Kaminuza katolika y'i Louvain (mu buhinga bw'ivy'uburimiyo bwerekeye ubworozi).

Repères chronologiques (1932-1962)

Entre 1932 et 1936

– *10 janvier 1932*. Naissance à Gitega du prince Louis Rwagasore, fils aîné du *mwami* Mwambutsa et de Thérèse Kanyonga (union le 24 décembre 1930). Il passe sa petite enfance à Kitega et Muramvya.

1937-1940

– Scolarité à l'école primaire à Bukeye (Muramvya), puis internat chez les Dames de Marie à Kanyinya (Kirundo).

1941-1944

– Entrée à l'école normale des Frères de la Charité à Kitega. Les parents de Rwagasore se séparent (divorce en 1947). Le prince effectue quelques visites chez sa mère à Kobero (Muhinga) durant son enfance.

1945-1951

- Études « moyennes » au Groupe scolaire d'Astrida (Ruanda).
- *Juillet-août 1948*. Première « Mission de visite » des Nations-unies au Ruanda-Urundi.
- *Juillet-août 1951*. Deuxième Mission de visite de l'Onu.

Année 1952

- *14 juillet*. Décret sur la réorganisation politique du Ruanda-Urundi (création du Conseil supérieur du Pays, des conseils de territoires, de chefferies et de sous-chefferies).
- *Novembre*. Arrivée en Belgique de Rwagasore pour des études à l'Institut universitaire des territoires d'outre-mer (Inutom) à Anvers.

1953

- *22 juin*. Première interview de Rwagasore en Belgique (texte 1).
- *Juillet-septembre*. Congés universitaires du prince au Burundi.
- *Septembre*. Réorientation vers l'Institut agronomique de l'Université catholique de Louvain (sciences agronomiques orientées vers l'élevage).

1954

– *Mukakaro-Nyakanga*. Igihe c'uburuhuko umuganwa yamaze mu Burundi. Muri icyo kiringo ni ho Intumwa z'ishirahamwe mpuzamakungu Onu zagira urugendo rugira gatatu (Mukakaro-Myandagaro).

1955

– *15 Munyonyo*. Ugutaha mu Burundi aya mu Bubirigi aje mu buruhuko (gushika kw'igenekerezo rya 7 Ruhuhuma 1956).

– *20 Munyonyo*. Ikiganiro umuganwa yahaye ikinyamakuru c'i Usumbura citwa *Temps nouveaux d'Afrique* (urwandiko 2).

1956

– *Ruhuhuma*. Imibonano y'umuganwa n'abagize Inama nkuru y'Igihugu (CSP) i Kitega. Buca asubira mu Bubirigi (igenekerezo rya 6 Ruhuhuma), umuganwa yaranditse « Integuro y'ibwirizwa shingiro ry'uburundi » (urwandiko 3).

– *Nyakanga-Kigarama*. Amatora y'abagabo yo gushiraho abahanuzi b'abatware n'abaganwa hisunzwe ihinduka ry'itegeko ryo ku wa 14 Mukakaro 1952.

– *Gitugutu*. Ni ho Rwagasore yarangiza amashuri mu Bubirigi. Ariko arataha mu Burundi yaramaze imisi i Leopoldovile muri Kongo (24 Gitugutu-4 Munyonyo).

1957

– *Nzero-Ruhuhuma*. Amatora y'abahanuzi ba teritwari n'ay'abagize Inama nkuru y'Igihugu (CSP). Rudoviko Rwagasore yarashikirije ijamba imbere CSP.

– *Ruhuhuma*. Urwandiko rutagira umukono rw'« Umuganwa Rudoviko Mwambutsa » rwakwiragijwe mu badandaza b'abaswahiri bo mu Buyenzi i Usumbura (urwandiko 4).

– *Ntwarante*. Inama ya mbere yabereye i Kitega, irongowe na Rwagasore, y'Ishirahamwe ry'abadandaza b'imvukira z'i Burundi (Acibu) ryahavuye mu kwezi kwa Ruheshi ryitwa Koperative y'abadandaza b'i Burundi (CCB).

– *Ndamukiza*. Rwagasore agenwa kurangura imirimo ku bw'ikigo cari kijejwe ivy'intwari y'igihugu (CAP) i Kitega. Ikete inomeru 4 y'umwami ijanye n' « inyifato y'abatware » (igenekerezo rya 4 Ndamukiza).

– *Ndamukiza-Rusama*. Umuganwa Rwagasore yaragize urugendo rw'akazi rwamushikanye muri teritwari ya Ngozi.

– *Ruheshi-Mukakaro*. Urugendo rw'akazi rwamushikanye muri teritwari ya Muhinga kandi yaraca kenshi i Kitega (inzandiko 5 na 6).

– *Nyakanga-Gitugutu*. Urugendo rugira kane rw'Intumwa z'ishirahamwe mpuzamakungu Onu.

– *6 Gitugutu*. Ikete Rwagasore yandikiye umwami ry'ugutanga imihoho muri CAP. Intwari y'igikoroni ntiyemeye iryo kete (urwandiko 7).

1954

– *Juillet-septembre*. Congés universitaires du prince au Burundi. Au même moment, troisième Mission de visite de l'Onu (juillet-août).

1955

– *15 novembre*. Départ de Belgique pour des congés universitaires au Burundi (jusqu'au 7 février 1956).

– *20 novembre*. Interview du prince par le journal d'Usumbura *Temps nouveaux d'Afrique* (texte 2).

1956

– *Février*. Rencontres du prince avec les membres du Conseil supérieur du Pays (CSP) à Kitega. La veille de son retour en Belgique (6 février), le prince produit un « Projet de constitution murundi » (texte 3).

– *Septembre-décembre*. Elections au suffrage masculin direct des conseillers de sous-chefferies et de chefferies, dans le cadre de la modification du Décret du 14 juillet 1952.

– *Octobre*. Fin des études de Rwagasore en Belgique. Séjour à Léopoldville (Congo) sur le chemin du retour au Burundi (24 octobre-4 novembre).

1957

– *Janvier-février*. Elections au suffrage indirect des conseillers de territoire et du CSP. Intervention de Louis Rwagasore devant le CSP.

– *Février*. Tract « Prince Rudoviko Mwambutsa » distribué parmi les commerçants swahili de Buyenzi à Usumbura (texte 4).

– *Mars*. Première réunion à Kitega, sous la présidence de Rwagasore, de l'Association des commerçants indigènes du Burundi (Acibu) qui devient en juin la Coopérative des commerçants du Burundi (CCB).

– *Avril*. Engagement de Rwagasore comme chargé de mission au Centre administratif du Pays (CAP) à Kitega. Circulaire n° 4 du *mwami* sur le « comportement des sous-chefs » (4 avril).

– *Avril-mai*. Mission d'étude du prince Rwagasore en territoire de Ngozi.

– *Juin-juillet*. Mission d'étude en territoire de Muhinga et nombreux passages à Kitega (textes 5 et 6).

– *Septembre-octobre*. Quatrième Mission de visite de l'Onu.

– *6 octobre*. Lettre de démission du CAP adressée au *mwami* par Rwagasore, refusée par l'administration coloniale (texte 7).

- 9 *Munyonyo*. Inama ya bose ya Koperative y'abasumyi bo muri Ruanda-Urundi (CCRU, yemerewe gukora ku wa 10 Ntwarante 1955) : umuganwa yaciye aba umukuru w'inama ntunganyabikorwa.
- 23 *Munyonyo*. Rwagasore « atomora icyumviro ciwe » ashigikira itunganywa rya CCRU, ryari ryatowe amahinyu mu rwandiko rwaheruka gusohoka mu kinyamakuru *La Chronique Congolaise*.
- *Kigarama 1957-Nzero 1958*. Urugendo rw'akazi muri teritwari ya Ruyigi.

1958

- *Nzero*. Harasohotse ikirangamisi mu rurimi rw'igiswahiri gishushanijweko umuganwa, canditseko « amajambere aciye ku makoperative CCB-CCRU ».
- *Ruhuhuma*. Urugendo rw'akazi muri teritwari ya Rutana.
- 28 *Ruhuhuma-1 Ntwarante*. Urugendo rw'umuganwa i Elisabethville (Kongo) ari kumwe n'umunyabigega wa CCRU, kugira barihe umwenda wa koperative.
- *Ntwarante*. Imibonano ya mbere ya Rudoviko Rwagasore na Julius Nyerere, umukuru w'umugambwe Tanu (Tanganyika African National Union), igihe yaca i Usumbura agiye mu nama yabera mu gisagara ca Accra (16-17 Ntwarante).
- 6-8 *Ndamukiza*. Urugendo rw'umuganwa muri Tanganyika Territory. Basubiriye guhurira na Nyerere i Ngara ; habaye ugusaba ko umugambwe Tanu wofasha amakoperative.
- *Ndamukiza*. Ikoperative CCRU yashinzwe mu rwego rw'amakoperative ajenzurwa n'intwari.
- *Ntwarante-Ndamukiza*. Ukwiyamiriza ikori kwabereye mu Rumonge n'i Nyanz-lac. Radio Le Caire ishikiriza « Rudoviko » nk'intwari mu rugamba rwo kwikurako intwari y'igikoroni mu Burundi.
- 10 *Rusama*. Ukuja mw'ihayanishwa mpuzamakungu ry'i Bruxelles. Umuganwa arondera amafaranga yo kubombora ikigega ca CCB.
- 29 *Rusama*. Ikiganiro Rwagasore yahaye abamenyeshamakuru i Bruxelles, ari kumwe n'abo bafatanije imirimo ari bo Max Vandersleyen na Jules Lambrechts, bavuga ingorane za Koperative CCB y'i Burundi.
- 11 *Ruheshi*. Ikete umuganwa yandikiye Reta ya Repuburika y'Abarabu bunze ubumwe (ryashikirijwe ibiro vy'uwuserukira Misiri i Bruxelles) ryo gusaba imfashanyo kugira ikoperative CCB rive mu kaga (**urwandiko 8**).
- 11-13 *Ruheshi*. Yarakubitiye i Bonn na Hambourg aho yagize imibonano n'abanyamafaranga b'Abadagi.
- 26 *Mukakaro*. Rwagasore yarasohoye urwandiko rwo « gutomora n'ukwerekana aho ahagaze » mu kimenyeshamakuru *La Dépêche du Ruanda-Urundi* (**urwandiko 9**).
- 1-2 *Nyakanga*. Rwagasore yaraganutse i Usumbura. Kw'izina ry'abanyekoperative CCB, uwubaserukira Salum Bicuka, yaramuhaye impfunguruzo z'imodoka Ford Fairline yaguzwe mu ntererano zabo.
- 4 *Nyakanga*. « CCRU na Ucobu zavuyemwo Copico », ijambo ryashikirijwe na Rwagasore mu gihe yugurura Koperative kavukire y'ugusumiramwo (**urwandiko 10**).

- 9 novembre. Assemblée générale de la Coopérative des consommateurs du Ruanda-Urundi (CCRU, agréée le 10 mars 1955) : le prince prend la présidence du conseil de gestion.
- 23 novembre. « Mise au point » de Rwagasore défendant la gestion de la CCRU, mise en cause dans un article précédent de *La Chronique congolaise*.
- Décembre 1957-janvier 1958. Mission d'étude en territoire de Ruyigi.

1958

- Janvier. Parution en kiswahili d'un calendrier à l'effigie du prince, « Le Progrès par les coopératives CCB-CCRU ».
- Février. Mission d'étude en territoire de Rutana.
- 28 février-1^{er} mars. Voyage du prince à Elisabethville (Congo), en compagnie du gérant de la CCRU, pour régler une dette de la coopérative.
- Mars. Premières rencontres entre Louis Rwagasore et Julius Nyerere, président de la Tanganyika African National Union (Tanu), lors du passage de ce dernier à Usumbura, en route vers la conférence d'Accra (16-17 mars).
- 6-8 avril. Voyage du prince au Tanganyika Territory. Nouvelle rencontre avec Nyerere à Ngara ; demande d'aide à la Tanu pour les coopératives.
- Avril. La CCRU est placée sous le régime des coopératives contrôlées par l'administration.
- Mars-avril. Révolte antifiscale à Rumonge et Nyanza-Lac. Radio Le Caire présente « Rudoviko » comme le héros de la lutte anticoloniale au Burundi.
- 10 mai. Départ pour l'exposition internationale de Bruxelles. Le prince recherche des financements pour renflouer les caisses de la CCB.
- 29 mai. Conférence de presse de Rwagasore à Bruxelles, avec ses associés Max Vandersleyen et Jules Lambrechts, sur les difficultés de la CCB au Burundi.
- 11 juin. Lettre du prince au gouvernement de la République arabe unie (remise à l'ambassade d'Égypte à Bruxelles) demandant de l'aide pour le sauvetage de la CCB (texte 8).
- 11-13 juin. Voyage éclair à Bonn et Hambourg pour des contacts avec des financiers allemands.
- 26 juillet. Publication d'une « Mise au point et prise de position » de Rwagasore dans *La Dépêche du Ruanda-Urundi* (texte 9).
- 1-2 septembre. Retour de Rwagasore à Usumbura. Au nom des coopérateurs de la CCB, Salum Bicuka, leur représentant, lui remet les clés d'une Ford Fairline financée grâce à leurs dons.
- 4 septembre. « CCRU et Ucobu ont fait Copico », discours prononcé à l'occasion de l'ouverture de la Coopérative indigène de consommation par Rwagasore (texte 10).

- *Nyakanga-Gitugutu*. Inama ya mbere yabereye i Muramvya ihuje umurwi w'abashingantahe n'abanywanyi barondera gushinga umugambwe Uprona (Unipro ubwa mbere, mu nyuma Uprona). Rwagasore n'umuganwa Bihumugani nibo bagirishije iyo nama.
- *14 Gitugutu*. Ijambo rya Rwagasore, mu gihe yari arongoye igisata c'i Usumbura c'ishirahamwe ry'abanyeshure bize muri Groupe scolaire i Astrida (Asada), baramutse bakira uwigeze kuyirongora yitwa Furera Secundien (**urwandiko 11**).
- *Gitugutu-Munyonyo*. Rwagasore yarituye Nyerere ko yomumenyakanisha mu nama yahuza Abanyafirika yabera i Accra muri Kigarama 1958, ariko ntiyayigiyemwo.
- *Kigarama*. Itunganywa ry'umusi mukuru w'umuganuro, warumaze imyaka mirongo itatu ubujijwe. Rwagasore yari mu bawutegura.

1959

- *10 Ruhuhuma*. Umuganwa yatanze imihoho mu ma banga yari ajejwe yo gutunganya ikoperative CCB. Yagumye ari mu bagize inama ntunganyabikorwa ya Copico.
- *21 Ruhuhuma*. Ishikirizwa ry'umuganwa Rwagasore kuba umukuru wa sheferi ya Buyenzi y'amaja epfo, yahavuye yitwa Butanyerera muri Ntwarante (**urwandiko 12**).
- *Rusama*. Inama ya nyuma yabereye mu Buyenzi y'abanywanyi ba koperative CCB, yahavuye yitwa Koperative y'abadandaza n'abarimi b'i Burundi (CCAB).
- *27 Ndamukiza-7 Rusama*. Haramaze imisi mu Burundi, «Umurwi uje kwiga ikibazo ca poritike kiri muri Ruanda-Urundi», ugizwe n'abashingamateka b'ababirigi. Rwagasore ntibamwumvirije.
- *28 Mukakaro*. Iyemerwa rya Unaru (Ishirahamwe ry'Abanyafirika bo muri Ruanda-Urundi), wari urongowe na Barnabé Ntunguka ushigikiwe na S.H. Mashangwa.
- *12 Nyakanga*. Ubugeni bwa Rudoviko Rwagasore na Mariya-Roza Ntamikeyvyo i Usumbura. Abo bageni baciye baja gutembera i Buvira n'i Goma (Kongo), hanyuma Astrida (Ruanda) aho Rwagasore yarorereye inama ya Unar (Union nationale rwandaise, Ishirahamwe ry'Abanyarwanda).
- *4 Gitugutu*. Inama ya mbere yo ku mugaragaro y'Uprona mu nyubakwa za CCB i Muramvya. Inama ya kabiri yabereye i Gitega ku wa 24 Gitugutu.
- *1 Munyonyo*. Umusi hatangura «revorisiyo sociale hutu» mu Ruanda (yiswe «umusi mukuru w'abatagatifu bose mu Rwanda»).
- *10 Munyonyo*. «Itangazo rya Reta ku vyerekeye poritike y'Ububirigi muri Ruanda-Urundi» yabereye i Bruxelles.
- *Kigarama*. Iyandikwa ry'inkuru muri *La Dépêche du Ruanda-Urundi* ziyamiriza uruhara rw'umukoronzi Alberto Maus mu vya poritike y'Urwanda n'aho ahagaze ku biraba « ikibazo c'Abahutu n'Abatutsi » mu Burundi (**inzandiko 13 na 14**).

– *Septembre-octobre*. Première réunion à Muramvya d'un groupe de notables et militants qui jettent les bases du parti Unité et progrès national (Unipro, puis Uprona). Rwagasore et le prince Bihumugani animent la réunion.

– *14 octobre*. Allocution de Rwagasore, président de la section Usumbura de l'Association des anciens élèves du Groupe scolaire d'Astrida (Asada), en l'honneur de son ancien directeur, le Révérend frère Secundien (texte 11).

– *Octobre-novembre*. Rwagasore sollicite Nyerere pour être introduit à la Conférence panafricaine d'Accra de décembre 1958, mais il ne s'y rend pas.

– *Décembre*. Fête royale de l'*umuganuro*, réorganisée après une trentaine d'années d'interdiction. Rwagasore est membre du comité d'organisation.

1959

– *10 février*. Démission du prince de ses fonctions de gérant de la CCB. Il demeure membre du conseil de gestion de la Copico.

– *21 février*. Installation du prince Rwagasore comme chef de la chefferie Buyenzi-Sud, rebaptisée Butanyerera en mars (texte 12).

– *Mai*. Dernière réunion à Buyenzi des membres de la CCB, qui devient Coopérative des commerçants et agriculteurs du Burundi (CCAB).

– *27 avril-7 mai*. Séjour dans le Territoire sous Tutelle du « Groupe de Travail pour l'étude du problème politique au Ruanda-Urundi », composé de parlementaires belges. Rwagasore n'est pas auditionné.

– *28 juillet*. Agrément de l'Unaru (Union nationale africaine du Ruanda-Urundi), présidée par Barnabé Ntunguka et soutenue par S. H. Mashangwa.

– *12 septembre*. Mariage de Louis Rwagasore avec Marie-Rose Ntamikeyvyo à Usumbura ; voyage de noces à Uvira et Goma (Congo), puis à Astrida (Ruanda), où le prince assiste à un meeting de l'Unar (Union nationale rwandaise).

– *4 octobre*. Première réunion publique de l'Uprona dans les locaux de la CCB à Muramvya. Le 24 octobre, deuxième grand meeting public à Kitega.

– *1^{er} novembre*. Début de la « révolution sociale hutu » au Ruanda (« Toussaint rwandaise »).

– *10 novembre*. « Déclaration du gouvernement sur la politique de la Belgique au Ruanda-Urundi » à Bruxelles.

– *Décembre*. Publication d'articles dans *La Dépêche du Ruanda-Urundi* dénonçant le rôle du colon Albert Maus dans la politique au Rwanda et ses positions à propos du « problème hutu-tutsi » au Burundi (textes 13 et 14).

– 25 *Kigarama*. « Itegeko ry'imfatakibanza ryerekeye indinganizo ya poritike muri Ruanda-Urundi », ryashizweko umukono n'umwami w'Ababirigi Baudouin i Elisabethville (Kongo).

1960

– 5 *Nzero*. Ukwemererwa kw'umugambwe PDC (Parti démocrate chrétien, Amasuka y'umwami), urongowe na Yozefu Birori munyuma urongorwa na mwene nyina Yohani-Batisita Ntidendereza.

– 7 *Nzero*. Ukwemererwa kw'umugambwe Uprona (Unité et progrès national, Abadasigana b'i Burundi), urongowe na Andereya Ndugu munyuma urongorwa na Andereya Rufuruguta. Rwagasore yari « umuhanuzi ».

– 8 *Nzero*. Urwandiko rugira gatatu rwanditswe mu kinyamakuru *La Dépêche du Ruanda-Urundi* rwerekeye ivyo Maus akora hamwe na Aprosoma (Association pour la promotion sociale de la masse, Ishirahamwe ryo guteza imbere abaturagi) mu Rwanda hamwe n'uko ibintu vyifashe mu Burundi (**urwandiko 15**).

– 3 *Ruhuhuma*. Itangazo rimenyeshajwe na CSP risaba y'uko Uburundi bwokwikukira ku wa 21 Ruheshi 1960.

– 4 *Ruhuhuma*. Ukwemererwa kw'umugambwe PP (Parti du peuple, Umugambwe w'Abarundi basanzwe), urongowe na Yohani Baribwegure agahanurwa na Maus.

– 8 *Ruhuhuma*. Ijambo ryavumerewe n'umwami Mwambutsa amenyeshako ari « hejuru y'imigambwe ». Ikwiragizwa ry'urwandiko rutagira umukono rwiswe ngo « Kwikukira canke *Independance* » : Rezida wa Urundi yaciye atangura gufatira ibihano Rwagasore (**urwandiko 16**).

– 17 *Ruhuhuma*. Ikiringo co gukora CSP yari yahawe n'amategeko kirarangira. Yasubiriwe n'umurwi w'imfatakibanza w'Uburundi (CIB) wo ku wa 27 Ruhuhuma.

– 2-31 *Ntwarante*. Urugendo rugira gatanu rw'intumwa z'ishirahamwe mpuzamakungu Onu. Muri ico gihe haciye haba imyiyerekano yatunganijwe na Uprona yo kubiyamiriza n'iyindi myiyerekano yatunganijwe na PDC yo kwemeza ivy'izo ntumwa (20-26 Ntwarante).

– 26 *Ntwarante*. Iyemererwa ry'umugambwe PDR (Parti démocrate rural, Abatananirwa), urongowe na Petero-Karaveri Kayonde ashigikiwe n'umugambwe Petero Bigayimpunzi.

– 25-26 *Rusama*. Ugutana mu mitwe mu ntara ya yatwarwa na Ntidendereza (PDC) igihe Rwagasore n'abarongoye Uprona bari baciye ku Mukenke n'i Kiteranyi (isheferi ya Bwambarangwe-Busoni, teritwari ya Muhinga).

– 29 *Rusama*. Ijambo ryashikirijwe na Rwagasore mu gihe bariko barinjira ibiro vy'umugambwe Uprona mu Rumonge.

– 13 *Ruheshi*. Ivuka ry'umukobwa w'imfura wa Rwagasore, yitwa Mariya-Tereza.

– 26 *Ruheshi-3 Mukakaro*. Rwagasore yaragiye i Bukavu hanyuma aja i Leopoldovile aho yakurikiranye ibirori vy'ugushikira intahe y'Ukwikukira y'igihugu ca Kongo (30 Ruheshi 1960). Rwagasore yari kumwe n'umunyabigega wa Uprona, Paulo Mirerekano (yaciye asigara i Kongo).

– 25 décembre. « Décret intérimaire sur l'organisation politique au Ruanda-Urundi » signé par le roi des Belges Baudouin à Elisabethville (Congo).

1960

– 5 janvier. Agrément du PDC (Parti démocrate chrétien), présidé par Joseph Biroli, puis par son frère Jean-Baptiste Ntidendereza.

– 7 janvier. Agrément de l'Uprona (Unité et progrès national) dirigé par André Nugu puis par André Rufuruguta. Rwagasore en est le « conseiller ».

– 8 janvier. Troisième article dans *La Dépêche du Ruanda-Urundi* consacré à l'action de Maus et de l'Aprosoma (Association pour la promotion sociale de la masse) au Rwanda et à la situation du Burundi (texte 15).

– 3 février. Motion du CSP réclamant l'indépendance du Burundi pour le 21 juin 1960.

– 4 février. Agrément du PP (Parti du Peuple), présidé par Joachim Baribwagure et conseillé par Maus.

– 8 février. Discours du mwami Mwambutsa qui se déclare « au-dessus des partis ». Diffusion du tract « *Kwikukira* ou Indépendance » : le Résident de l'Urundi ouvre une action disciplinaire contre Rwagasore (texte 16).

– 17 février. Fin du mandat légal du CSP, remplacé par la Commission intérimaire du Burundi (CIB) le 27 février.

– 2-31 mars. Cinquième Mission de visite de l'Onu. Manifestations et contre-manifestations de l'Uprona et du PDC à son passage (20-26 mars).

– 26 mars. Agrément du PDR (Parti démocrate rural), présidé par Pierre-Claver Kayonde et soutenu par le chef Pierre Bigayimpunzi.

– 25-26 mai. Echauffourées chez le chef Ntidendereza (PDC) à l'occasion d'un passage de Rwagasore et de l'état-major de l'Uprona à Mukenke et Kiteranyi (chefferie du Bwambarangwe-Busoni, territoire de Muhinga).

– 29 mai. Déclaration de Rwagasore à l'occasion de l'inauguration d'un bureau Uprona à Rumonge.

– 13 juin. Naissance de la fille aînée de Rwagasore, Marie-Thérèse.

– 26 juin-3 juillet. Séjour de Rwagasore à Bukavu puis Léopoldville, où il assiste aux cérémonies de l'Indépendance congolaise (30 juin 1960) en compagnie du trésorier de l'Uprona, Paul Mirerekano (qui reste au Congo).

- 8 *Mukakaro*. Amakoraniro n'amajambo yasaba ukwikukira bitunganijwe na Rwagasore imbere y'ikigo Saint-Michel hanyuma bibandaniriza ku musigiti mu Buyenzi (Usumbura).
- 12 *Mukakaro*. Itegeko ry'umwami ryihaniza ishingwa ry'amashirahamwe ya poritike y'abanyamahanga mu Burundi. Rwagasore yaremeye kuzofasha kugira Unaru ntizofatwe n'iyongero.
- 15 *Mukakaro*. Itangazo rishizweko igikumu na Rudoviko Rwagasore hamwe na Yozefu Birori risaba abanyamahanga kudahagarika umutima rikanamenyeshya ivyapfunditswe n'imigambwe mu ntumbero y'ukwitegurira ukwikukira (**urwandiko 17**).
- 23 *Mukakaro*. Umukuru w'umugambwe Uprona Andereya Rufuruguta hamwe n' « umuhanuzi mukuru » wiwe Rwagasore bandikiye ikete Rezida wa Urundi basaba kuronka intaha y'ukwikukira mu mpera z'umwaka wa 1960.
- 29 *Mukakaro*. Ikete Rwagasore yandikiye Rezida w'Uburundi amumenyeshya ko atemeye kwitaba ubutumire bwo kuja kumara imisi mu Bubirigi ko atemeye icyumviro kimusaba ata ruhande yegamira mu vya poritike (**urwandiko 18**).
- 10-13 *Myandagaro*. Inama y'imigambwe hamwe n'iya CIB yabereye i Kitega. Iherwa ry'igikumu ku rwandiko rwiyamiriza Uprona hamwe n'imirimo y'ivya poritike ikorwa n'umugambwe Rwagasore.
- 14 *Myandagaro*. Itangazo rya mbere ry'umugambwe Uprona ritomora uruhara rw'umugambwe Rwagasore mu vyerekeye poritike y'Uburundi.
- 20 *Myandagaro*. « Umugambwe Rwagasore atomora intumbero yiwe » vyatangarijwe mu kinyamakuru *La Chronique congolaise* canditswe ku wa 3 Myandagaro 1960 (**urwandiko 19**).
- 25 *Myandagaro*. Ikiganiro umugambwe Rwagasore yaratanze ari kumwe n'abagize Ishirahamwe ry'ubudandaji n'amahinguriro ya Ruanda-Urundi (**urwandiko 20**).
- 23-31 *Myandagaro*. Inama y'imigambwe yo mu Burundi yabereye i Bruxelles. Urwandiko rwashizweko umukono n'imigambwe 11 rusaba abavyeyi n'abafitanyije ubumwe n'umwami ko batojwe mu vya poritike. Ingingo ya 24 mu gace kagira kabiri y'itegeko mfatakibanza ryaremeje ivyasabwe ku wa 12 Nyakanga.
- 30 *Myandagaro*. Ivuka ry'ikigo citiriwe (Ubumwe n'Igihugu) i Usumbura, ikigo gihurikiyemwo abarundi n'abanyamahanga cishinze kugira ivyigwa n'uguhana amakuru mu vy'ubutunzi na poritike.
- 12 *Nyakanga*. Itangazo inomeru 2 ry'umugambwe Uprona ku ruhara « rushinga kandi rugufata ingingo » biranga umugambwe Rwagasore mu buzima bwa poritike y'igihugu.
- 20-25 *Nyakanga*. Iashingwa ry'urunani rw'imigambwe rwitwaga Forokome, Front commun des partis populaires et démocrates (imigambwe 12, harimwo PDC, PDR na PP).
- 1 *Gitugutu*. « Mu gihugu harimwo ibigoye gutegeza », urwandiko rwerekeye ico Rwagasore yibaza ikibanza ciwe ka buganza n'ingene Uburundi bumeze mu vya poritike (*La Chronique congolaise*).

- 8 juillet. Rassemblements et discours indépendantistes de Rwagasore devant le Cercle Saint-Michel puis à la mosquée de Buyenzi (Usumbura).
- 12 juillet. Arrêté du *mwami* interdisant les associations politiques étrangères au Burundi. Rwagasore promet d'intervenir pour que l'Unaru ne soit pas frappée par cette mesure.
- 15 juillet. Communiqué conjoint de Louis Rwagasore et Joseph Biroli demandant aux étrangers de ne pas s'alarmer et annonçant un protocole des partis vers l'indépendance (texte 17).
- 23 juillet. Lettre adressée au Résident de l'Urundi par le président de l'Uprona, André Ruruguta, et son « grand conseiller » Rwagasore, pour réclamer l'indépendance à la fin 1960.
- 29 juillet. Lettre adressée par Rwagasore au Résident du Burundi déclinant une invitation à séjourner en Belgique et rejetant l'idée de neutralité politique (texte 18).
- 10-13 août. Réunion des partis et de la CIB à Kitega. Signature d'une motion contre l'Uprona et les activités politiques du prince Rwagasore.
- 14 août. Communiqué n° 1 de l'Uprona sur le rôle du prince Rwagasore dans la politique burundaise.
- 20 août. « Mise au point du prince Rwagasore » parue dans *La Chronique congolaise*, rédigée le 3 août 1960 (texte 19).
- 25 août. Conférence du prince Rwagasore devant les membres de la Chambre de commerce et d'industrie du Ruanda-Urundi (texte 20).
- 23-31 août. Colloque des partis burundais à Bruxelles. Une motion signée par 11 partis exige le retrait de la politique des parents et alliés du *mwami*. L'article 24bis du Décret intérimaire entérine cette motion le 12 septembre.
- 30 août. Naissance du Cercle Unité et nation à Usumbura, centre burundo-européen d'études et d'informations économiques et politiques.
- 12 septembre. Communiqué n° 2 de l'Uprona, sur le rôle « déterminant et décisif » du prince Rwagasore dans la vie politique de son pays.
- 20-25 septembre. Constitution du Front commun des partis populaires et démocrates (12 partis, dont le PDC, le PDR et le PP).
- 1^{er} octobre. « Au pays de l'absurde », article de Rwagasore consacré à son statut princier et à la situation politique au Burundi (*La Chronique congolaise*).

- 30 *Nyakanga-21 Gitugutu*. Rwagasore ari kumwe na Leon Ndenzako na Apollinaire Siniremera baramaze imisi i Tabora n'i Dar-es-Salaam bagiyeye mu misi mikuru y'ukwigina ukwikukira kwa Tanganyika Territory. Barabonye n'imboneza z'imigambwe Tanu (Nyerere) hamwe na Pafmeca (Pan African Freedom Movement for East and Central Africa). Ibiganiro vyashingiye mu kunga ubucuti muri kazoza mu vyerekeye ubutunzi na poritike hagati y'Uburundi na Tanganyika.
- 21 *Gitugutu*. Isakwa ry'imizigo ya Rwagasore n'iy'abo bagendanye bavuye muri Tanganyika; basanzemwo impapuro z'ivya poritike ziriko igikumu c'umuganwa.
- 27 *Gitugutu*. Umuganwa Rwagasore apfungwa icamaso ubudacaruka i Bururi.
- 29 *Gitugutu-5 Munyonyo*. Inkuru zanditswe na Leopoldo Bossaers yiyamiriza « ikumirwa ry'umuganwa Rudoviko Rwagasore » (*La Chronique congolaise*).
- 13 *Munyonyo*. Ikwiragizwa mu Burundi ry'urwandiko « biboneka ko rugumura » rwitwa « Badasigana b'Imana n'Uburundi » rwandikiwe muri Tanganyika.
- 15 *Munyonyo-8 Kigarama*. Amatora y'amakomine atsinzwe na PDC (intebe 923 z'abahanuzi kuri 2873 zo mu gihugu cose). Uprona yabaye iya kabiri ironse (intebe 545), ikurikirwa na PDR (502) na PP (221).
- 9 *Kigarama*. Ipfungurwa ry'umuganwa Rwagasore.
- 20 *Kigarama*. Ingingo 1579 ya Onu yo kuri Ruanda-Urundi (ishigikirwa n'ingingo ya 1605 yo ku wa 21 Ndamukiza 1961); ishingwa ry'Umurwi w'ishirahamwe mpuzamakungu ku Ruanda-Urundi (Cnuru).

1961

- 7-12 *Nzero*. Inama ya poritike yerekeye Urwanda n'Uburundi yabereye i Ostende.
- 12 *Nzero*. Ikiganiro Rudoviko Rwagasore yagiranye na Yohani Kestergat muri *La Libre Belgique*, asanze Andereya Muhirwa i Buvira muri Kongo (**urwandiko 21**).
- 28 *Nzero*. Umuzo ubwa mbere muri Ruanda-Urundi w'Umurwi w'intumwa z'ishirahamwe mpuzamakungu (Cnuru). Itangazwa rya Repuburika mu Rwanda (« ihindurwa ry'ubutegetsu bw'i Gitarama »).
- 29 *Nzero*. Amatora y'abagize Inama nkuru mfatakibanza mu Burundi n'ishingwa rya Reta mfatakibanza (yiswe « fantoche » na Uprona).
- *Ruhuhuma-Rusama*. Umuganwa amenyesha Rezida wa Urundi ko ata bikorwa afise i Usumbura. Yarabaye kenshi i Gitega.
- 5-12 *Ntwarante*. Iashingwa ry'ishirahamwe ry'imigambwe y'abanyagihugu (UPP, Union des partis populaires).
- 8 *Ruheshi*. Umuzo w'intumwa 39 ziri mu bagize umurwi w'ishirahamwe mpuzamakungu kuri Ruanda-Urundi (Cnuru) zije guhagarikira amatora y'abashingamateka mu Burundi no mu Rwanda (wasubiye inyuma ku wa 30 Nyakanga).

- 30 septembre-21 octobre. Séjour de Rwagasore, avec Léon Ndenzako et Apollinaire Siniremera, à Tabora et Dar-es-Salaam, pour les fêtes de l'autonomie du Tanganyika Territory. Rencontres avec les leaders de la Tanu (Nyerere) et du Pafmea (Pan African Freedom Movement for East and Central Africa) ; discussions sur les liens économiques et politiques futurs entre le Burundi et le Tanganyika.
- 21 octobre. Fouille des bagages de Rwagasore et de ses compagnons au retour du Tanganyika ; découverte de tracts politiques signés par le prince.
- 27 octobre. Mise en résidence surveillée du prince Rwagasore à Bururi.
- 29 octobre, 5 novembre. Articles de Léopold Bossaers protestant contre « La relégation du Muganwa Louis Rwagasore » (*La Chronique congolaise*).
- 13 novembre. Diffusion au Burundi du tract « nettement subversif » intitulé « Badasigana b'Imana n'Uburundi » et rédigé au Tanganyika.
- 15 novembre-8 décembre. Elections communales remportées par le PDC (923 sièges de conseillers sur 2 873 dans tout le pays). L'Uprona arrive en deuxième position (545 sièges), devant le PDR (502) et le PP (221).
- 9 décembre. Levée de l'assignation à résidence du prince Rwagasore.
- 20 décembre. Résolution 1579 de l'Onu sur le Ruanda-Urundi (renforcée par la résolution 1605 du 21 avril 1961) ; création de la Commission des Nations-unies pour le Ruanda-Urundi (Cnuru).

1961

- 7-12 janvier. Conférence politique du Rwanda et du Burundi à Ostende.
- 12 janvier. Interview de Louis Rwagasore par Jean Kestergat de *La Libre Belgique*. Rencontre avec André Muhirwa à Uvira, au Congo (texte 21).
- 28 janvier. Premier séjour de la Cnuru au Ruanda-Urundi. Proclamation de la République au Rwanda (« coup d'État de Gitarama »).
- 29 janvier. Elections indirectes au Conseil intérimaire du Burundi et mise en place d'un Gouvernement provisoire (dit « fantoche » par l'Uprona).
- Février-mai. Le prince se plaint au Résident de l'Urundi de son inactivité à Usumbura. Séjours réguliers à Kitega.
- 5-12 mars. Constitution de l'Union des partis populaires (UPP).
- 8 juin. Arrivée des 39 membres de la Cnuru venus superviser les élections législatives au Burundi et au Rwanda (départ le 30 septembre).

- 18 *Nyakanga*. Amatora y'abashingamateka mu Burundi yatsinzwe n'umugambwe Uprona (intebe 58 kuri 64).
- 20 *Nyakanga*. Ijambo ryashikirijwe kw'iradiyo rivumerewe na Rwagasore umugambwe Uprona waraye utsinze (**urwandiko 22**).
- 28 *Nyakanga*. Ijambo ryashikirijwe na Rudoviko Rwagasore igihe habaye inama ya mbere y'abashingamateka i Kitega (**urwandiko 23**).
- 1 *Gitugutu*. Ikiganiro Umushikirangoma wa mbere Rwagasore yahaye uwuserukira ikigo gitangaza amakuru c'Abafaransa, AFP (**urwandiko 24**).
- 4 *Gitugutu*. Ijambo ryashikirijwe na Rudoviko Rwagasore, Umushikirangoma wa mbere ari kumwe n'abagize ishirahamwe Lions Club i Usumbura (**urwandiko 25**).
- 13 *Gitugutu*. Igandagurwa ry'umugambwe Rwagasore i Usumbura (yashinguranywe iteka ku wa 18 Gitugutu).
- 15 *Munyonyo*. Urupfu rw'umwana w'umwigeme w'imfura wa Rwagasore; ku wa 28 Munyonyo, ivuka ry'umwana w'umwigeme wiwe muto, Mariya-Pia (yapfuye ku wa 23 Ruhuhuma 1962).

1962

- 1 *Nzero*. Ukwishira n'ukwizana kw'Uburundi (amasezerano yashizweko umukono ku wa 21 Kigarama 1961).
- *Ruhuhuma-Ndamukiza*. Imanza z'abishe Rwagasore. Uwamurashe yanyonzwe ku wa 29 Ruheshi. Urubanza rwasubiriye mu mpera za 1962, ruvamwo ibihano vy'ugupfa (ukunyongwa kwa Ntidendereza na Birori i Kitega ku wa 15 Nzero 1963).
- 1 *Mukakaro*. Ukwikukira kw'ibihugu vy'Uburundi n'Urwanda kimwe kimwe ukwaco.

- 18 septembre. Élections législatives au Burundi remportées par l'Uprona (58 sièges sur 64).
- 20 septembre. Discours radiodiffusé de Rwagasore après la victoire de l'Uprona (texte 22).
- 28 septembre. Discours de Louis Rwagasore lors de la première réunion de l'Assemblée législative du Burundi à Kitega (texte 23).
- 1^{er} octobre. Interview accordée au représentant de l'AFP (Agence France Presse) par le Premier ministre Rwagasore (texte 24).
- 4 octobre. Allocution prononcée par Louis Rwagasore, Premier ministre du Burundi, au déjeuner du Lions Club d'Usumbura (texte 25).
- 13 octobre. Assassinat du prince Rwagasore à Usumbura (funérailles nationales le 18 octobre).
- 15 novembre. Décès de la fille aînée de Rwagasore ; le 28 novembre, naissance de sa fille cadette, Marie-Pia (morte le 23 février 1962).

1962

- 1^{er} janvier. Autonomie interne du Burundi (protocoles d'accord signés le 21 décembre 1961).
- Février-avril. Procès des assassins de Rwagasore. Le tireur est exécuté (29 juin). Le procès, repris à la fin 1962, aboutit à cinq autres peines capitales (pendaison de Ntidendereza et Biroli à Gitega le 15 janvier 1963).
- 1^{er} juillet. Indépendance séparée du Burundi et du Rwanda.

Références bibliographiques

Urutonde rw'ivyanditswe vyakoreshejwe

BANKUMUHARI Valentin, *Le Conseil supérieur du Pays, promoteur de l'Indépendance nationale*, Bujumbura, broché, sans mention d'éditeur, 1982.

CAZENAVE-PIARROT Alain, « Les paysannats de la plaine de la Rusizi au Burundi », *Les Cahiers d'Outre-Mer, revue de géographie de Bordeaux et de l'Atlantique*, vol. 28, n° 111, p. 275-292.

CHOMÉ Jules, « L'affaire Rwagasore », *Remarques africaines*, vol. 4, n° 41-44, 14 décembre 1962.

CHRÉTIEN Jean-Pierre, « Féodalité ou féodalisation sous le Mandat belge », in CHRÉTIEN J.-P., *Burundi. L'histoire retrouvée*, Paris, Karthala, 1993, p. 189-217.

— « Des sédentaires devenus migrants. Le départ des Burundais et des Rwandais vers l'Ouganda (1920-1960) », in CHRÉTIEN J.-P., *op. cit.*, 1993, p. 275-310.

— « Vrais et faux Nègres. L'idéologie hamitique », in CHRÉTIEN J.-P., *op. cit.*, 1993, p. 335-341.

— « Héros et anti-héros : la transfiguration par la mort. Biographies et pouvoir au Burundi », in HIRSCH B. et KROPP M. (dir.), *Saints, biographies et histoire en Afrique*, Francfort, Peter Lang, 2003, p. 115-125.

DESLAURIER Christine, *Un Monde politique en mutation. Le Burundi à la veille de l'Indépendance (1956-1961)*, thèse de doctorat en histoire, Université Paris 1, 2002.

— « Louis Rwagasore, martyr de l'Indépendance burundaise », *Afrique contemporaine*, n° 235, 2011, p. 68-69.

- « *Rwagasore for ever ? Des usages contemporains d'un héros consensuel au Burundi* », *Vingtième siècle, revue d'histoire*, 2012 (sous presse).
- GAHAMA Joseph, *Le Burundi sous administration belge. La période du mandat 1919-1939*, Paris, Karthala, 1983 (réédité en 2001).
- GHISLAIN Jean, *La Féodalité au Burundi*, Bruxelles, Académie royale des Sciences d'Outre-mer (Arsom), vol. 36, n° 3, 1970.
- *Souvenirs de la Territoriale au Burundi : le brouillard sur la Kibira*, Louvain-la-Neuve, Centre d'histoire de l'Afrique, Enquêtes et documents d'histoire africaine, n° 11, 1992.
- GIHUGU Damasi, *Ubuzima bw'umuganwa Rwagasore Ludoviko Rwagasore n'ukwikukira kw'Uburundi, 1932-1961*, Bujumbura, Presses Lavigerie, 1999.
- HARROY Jean-Paul, *Rwanda. De la féodalité à la démocratie, 1955-1962*, Bruxelles, Hayez, 1984.
- *Burundi 1955-1962. Souvenirs d'un combattant d'une guerre perdue*, Bruxelles, Hayez, 1987.
- LEMARCHAND René, *Rwanda and Burundi*, New York, Praeger, 1970.
- MINISTÈRE DE LA JUSTICE, *Prince Louis Rwagasore*, Bujumbura, 1963.
- MUKURI Melchior, *Dictionnaire chronologique du Burundi. Vol. 1 : circa 1850-1966*, Bujumbura, Université du Burundi, 2011 (1^{ère} éd. 2001).
- MWOROHA Émile, *Peuples et rois de l'Afrique des Lacs*, Dakar-Abidjan, Nouvelles éditions africaines, 1977.
- POPPE Guy, *La Mort de Rwagasore, le Lumumba burundais*, Bujumbura, éd. Iwacu, 2012 (éd. en flamand, 2011).
- UNESCO, *Histoire générale de l'Afrique, vol. 8 : L'Afrique depuis 1935*, Paris, éditions Unesco, 1998.

VAN BILSEN Anton A. Jozef (Jef), « Un plan de trente ans pour l'émancipation politique de l'Afrique belge », in VAN BILSEN A. A. J., *Vers l'Indépendance du Congo et du Ruanda-Urundi*, Kinshasa, Presses universitaires du Zaïre, 1977 (1^{ère} éd. en flamand, 1955), p. 164-202.

Périodiques – *Ibinyamakuru*

Bulletin officiel du Ruanda-Urundi, BORU (Usumbura)

La Chronique congolaise (Usumbura)

Le Courrier d'Afrique (Léopoldville)

La Dépêche du Ruanda-Urundi (Usumbura)

La Libre Belgique (Bruxelles)

Rudipresse (Usumbura)

Temps nouveaux d'Afrique (Usumbura)

Archives – *Ubushinguro bw'ivya kera*

Archives africaines de Belgique – *Ubushinguro bw'iyerekeye Afrika buri i Buirigi* (AAB), Bruxelles : fonds Burundi (dossier-idosiye BUR 6, 42, 63-68, 70, 72-74; Affaires indigènes (AI 4369); Presse 93, Microfilms (MF 11, 17); Archives diplomatiques (14290).

Archives nationales du Burundi – *Ubushinguro bw'ivya kera vyo mu Burundi* (ANB), Bujumbura : dossier-idosiye Kitega AA 451.

Sigles utilisés

Impfunyapfunyo zakoreshejwe

- AAB – Archives africaines de Bruxelles, *Ubushinguro bw'iyerekeye Afirika buri i Bruxelles*
- AFP – Agence France Presse, *Ikigo gitangaza amakuru c'Ubufaransa*
- ANB – Archives nationales du Burundi, *Ubushinguro bw'ivya kera vyo mu Burundi*
- Aprosoma – Association pour la promotion sociale de la masse, *Ishirahamwe ryo guteza imbere abaturagi (Ishyaka rya Rubanda rugufi)*
- Asada – Association des anciens élèves du Groupe scolaire d'Astrida, *Ishirahamwe ry'abanyeshure bize muri Groupe scolaire y'i Astrida*
- CAP – Centre administratif du Pays, *Igisata kijejwe intwari y'igihugu*
- CCB – Coopérative des commerçants du Burundi, *Ikoperative y'abadandaza bo mu Burundi*
- CCIB – Chambre de commerce et d'industrie du Burundi, *Ishirahamwe ryubudandaji n'amahinguriro mu Burundi*
- CCRU – Coopérative des consommateurs et commerçants du Ruanda-Urundi, *Koperative y'abasumyi n'abadandaza bo muri Ruanda-Urundi*
- CDP – Caisse du Pays, *Isandugu y'igihugu*
- CIB – Commission intérimaire du Burundi, *Umurwi w'imfatakibanza w'Uburundi*
- Cnuru – Commission des Nations-unies pour le Ruanda-Urundi, *Umurwi w'ishirahamwe mpuzamakungu Onu ujejwe Ruanda-Urundi*
- Copico – Coopérative indigène de consommation, *Ikoperative kavukire ryo gusumiramwo*
- CSP – Conseil supérieur du Pays, *Inama nkuru y'igihugu*
- Inutom – Institut universitaire des Territoires d'Outre-mer, *Ishure kaminuza y'igikoroni*
- Ociru – Office des cafés du Ruanda-Urundi, *Ishirahamwe riraba ivy'amakawa ya Ruanda-Urundi*

- Onu – Organisation des Nations-unies, *Ishirahamwe mpuzamakungu*
- Pafmeca – Pan African Freedom Movement in East and Central Africa, *Umuhari w'Abanyafirika uharanira ukwikukira muri Afirika yo mu buseruko*
- PDC – Parti démocrate chrétien, *Amasuka y'Umwami*
- PDR – Parti démocrate rural, *Abatananirwa*
- PP – Parti du peuple, *Umugambwe w'Abarundi basanzwe*
- RAU – République arabe unie, *Repuburika y'Abarabu bunze ubumwe*
- Tanu – Tanganyika African National Union, *Ishirahamwe ry'abanyagihugu b'abanyafirika bo muri Tanganyika*
- Ucobu – Union coopérative du Burundi, *Ishirahamwe ry'amakoperative yo mu Burundi*
- Unar – Union nationale rwandaise, *Ishirahamwe ry'Abanyarwanda (Ishyaka ry'Abashyirahamwe en kinyarwanda)*
- Unaru – Union nationale africaine du Ruanda-Urundi, *Ishirahamwe ry'abanyagihugu b'abanyafirika bo muri Ruanda-Urundi*
- UPP – Union des partis populaires, *Ishirahamwe y'imigambwe y'abanyagihugu*
- Uprona – Unité et progrès national, *Abadasigana b'i Burundi*

Ibirimwo

Ugukenguruka	4
Abanditsi	6
Intangamarara : Ivyiyumviro vya poritike dukesha	
Rudoviko Rwagasore mu majambo yiwe	8
1- « Ikiganiro c'umwanya muto... Rudoviko Rwagasore, yatanze igihe yiga muri Kaminuza i Anvers », <i>Le Courrier d'Afrique</i> (Leopoldville), igenekerezo rya 22 Ruheshi 1953	40
2- « Ikiganiro ku "bintu n'ibindi" catanzwe na Rwagasore », <i>Temps nouveaux d'Afrique</i> (Usumbura), igenekerezo rya 20 Munyonyo 1955	48
3- « Isubirwamwo ry'itegeko bwirizwa ryo ku wa 14 Mukakaro 1952 (integuro y'ibwirizwa shingiro ry'Uburundi) », Kitega, igenekerezo rya 4 Ruhuhuma 1956	54
4- Urwandiko rw' « Umuganwa Rudoviko Mwambutsa », rwasohorewe kandi rukwiragizwa mu Buyenzi, Usumbura, nta genekerezo riruranga [Kigarama 1956-Nzero 1957]	60
5- « Raporo yerekeye ikete inomeru 4 risohowe n'umwami rijanye n'inyifato y'abatware », Kitega, igenekerezo rya 3 Myandagaro 1957	64
6- « Raporo yerekeye isekeza ry'ukwimukira Imbo », Kitega, igenekerezo rya 3 Myandagaro 1957	70
7- Ikete Rudoviko Rwagasore yandikiye umwami Mwambutsa ryo gutanga imihoho mu gisata kijejwe intwaro y'iguhugu, Kitega, igenekerezo rya 6 Gitugutu 1957	76
8- « Raporo irungikiwe Reta ya Repuburika y'Abarabu bunze ubumwe », Bruxelles, igenekerezo rya 11 Ruheshi 1958	80

Table des matières

Remerciements	5
Les auteurs	7
Introduction : La pensée politique de Louis Rwagasore à travers ses mots	9
1– « Quelques instants avec... Louis Rwagasori [sic], étudiant noir de l'Institut colonial d'Anvers », <i>Le Courrier d'Afrique</i> (Léopoldville), 22 juin 1953	41
2– « A bâtons rompus avec L. Rwagasore », <i>Temps nouveaux d'Afrique</i> (Usumbura), 20 novembre 1955	49
3– « Révision du décret du 14 juillet 1952 (note sur l'élaboration d'un projet de constitution murundi) », Kitega, 4 février 1956	55
4– Tract « Prince Rudoviko Mwambutsa », imprimé et distribué à Buyenzi, Usumbura, non daté [décembre 1956-janvier 1957]	61
5– « Rapport concernant la circulaire n° 4 du <i>mwami</i> . Comportement des sous-chefs », Kitega, 3 août 1957	65
6– « Rapport sur l'information. La propagande de l'immigration dans l'Imbo », Kitega, 3 août 1957	71
7– Lettre de démission du Centre administratif du Pays adressée par Louis Rwagasore à son père le <i>mwami</i> Mwambutsa, Kitega, 6 octobre 1957	77
8– « Rapport destiné au Gouvernement de la République arabe unie », Bruxelles, 11 juin 1958	81

- 9– Ikete ryanditswe na Rudoviko Rwagasore ku vyerekeye amakoperative, *La Dépêche du Ruanda-Urundi* (Usumbura), igenekerezo rya 26 Mukakaro 1958. 88
- 10– Ijambo Rudoviko Rwagasore yashikirije mu gihe c'ibirori vy'ukwugurura ikoperative Copico (Ikoperative kavukire ryo gusumiramwo), Usumbura, igenekerezo rya 4 Nyakanga 1958 96
- 11– Ijambo Rudoviko Rwagasore yashikirije mu gihe bari mu birori vyo guha ikaze Furera Secundien, Usumbura, igenekerezo rya 14 Gitugutu 1958 102
- 12– Ijambo ry'umuganwa Rwagasore igihe yashikirizwa isheferi ya Buyenzi y'amaja epfo (teritwari ya Ngozi), Rango, igenekerezo rya 21 Ruhuhuma 1959. 110
- 13– « Ikete umuganwa Rudoviko Rwagasore yandikiye Bwana Maus », *La Dépêche du Ruanda-Urundi* (Usumbura), n° 429, igenekerezo rya 4 Kigarama 1959 118
- 14– « Hanyuma y'Urwanda... Uburundi! », *La Dépêche du Ruanda-Urundi* (Usumbura), n° 431, igenekerezo rya 18 Kigarama 1959 124
- 15– « Uburundi bwahisemwo revorisiyo y'ukuri », *La Dépêche du Ruanda-Urundi* (Usumbura), n° 434, igenekerezo rya 8 Nzero 1960 132
- 16– « Kwikukira canke *Independance* », Kitega, igenekerezo rya 8 Ruhuhuma 1960 138
- 17– « Itangazo rimenyeshejwe abanyagihugu b'i Burundi », rishizweko umukono na Rudoviko Rwagasore na Yozefu Birori, *La Dépêche du Ruanda-Urundi* (Usumbura), igenekerezo rya 15 Mukakaro 1960 146
- 18– Ikete Rudoviko Rwagasore yandikiye Rezida w'Uburundi, Usumbura, igenekerezo rya 29 Mukakaro 1960 150

9-	« Mise au point et prise de position » de Louis Rwagasore sur les coopératives, <i>La Dépêche du Ruanda-Urundi</i> (Usumbura), 26 juillet 1958	89
10-	Discours prononcé par Rwagasore pour l'ouverture de la Copico (Coopérative indigène de consommation), Usumbura, 4 septembre 1958	97
11-	Allocution prononcée par Louis Rwagasore en l'honneur du Révérend Frère Secundien, Usumbura, 14 octobre 1958	103
12-	Discours du prince Rwagasore lors de son investiture comme chef du Buyenzi-Sud (territoire de Ngozi), Rango, 21 février 1959	111
13-	« Lettre adressée à Monsieur Maus par le prince Louis Rwagasore », <i>La Dépêche du Ruanda-Urundi</i> (Usumbura), n° 429, 4 décembre 1959	119
14-	« Après le Ruanda... Le Burundi! », <i>La Dépêche du Ruanda-Urundi</i> (Usumbura), n° 431, 18 décembre 1959	125
15-	« Le Burundi a choisi une vraie révolution! », <i>La Dépêche du Ruanda-Urundi</i> (Usumbura), n° 434, 8 janvier 1960	133
16-	« <i>Kwikukira</i> ou bien Indépendance », Kitega, 8 février 1960	139
17-	« Communiqué à la population du Burundi » signé conjointement par Louis Rwagasore et Joseph Biroli, <i>La Dépêche du Ruanda-Urundi</i> (Usumbura), n° spécial du 15 juillet 1960	147
18-	Lettre adressée par Louis Rwagasore au Résident du Burundi, Usumbura, 29 juillet 1960	151

19–	« Umuganwa Rudoviko Rwagasore ashikiriza amahinyu abona ku ntwaro y’abakoroni mu vya poritike », <i>La Chronique congolaise</i> (Usumbura), igenekerezo rya 20 Myandagaro 1960	154
20–	Ikiganiro umuganwa Rudoviko Rwagasore yatanze mw’Ishirahamwe ry’ubudandaji n’amahinguriro ry’ Uburundi (CCIB), Usumbura, igenekerezo rya 25 Myandagaro 1960	162
21–	Igice c’ikiganiro Rudoviko Rwagasore na Andereya Muhirwa bagiraniye na Jean Kestergat, <i>La Libre Belgique</i> (Bruxelles), igenekerezo rya 12 Nzero 1961	184
22–	Ijambo ryashikirijwe kw’iradiyo na Rudoviko Rwagasore igihe Uprona yari yaraye itsinze amatora y’abashingamateka, Usumbura, igenekerezo rya 20 Nyakanga 1961	192
23–	Ijambo Rudoviko Rwagasore yavuze imbere y’abashingamateka batowe abashikiriza abagize Reta y’Uburundi, Kitega, igenekerezo rya 28 Nyakanga 1961	198
24–	Ikiganiro Umushikirangoma wa mbere Rwagasore yahaye ikigo c’abamenyeshamakuru AFP, Usumbura, igenekerezo rya 1 Gitugutu 1961	204
25–	Ijambo ryashikirijwe na Rudoviko Rwagasore, Umushikirangoma wa mbere w’Uburundi, ari kumwe n’abagize ishirahamwe Lions Club, Usumbura, igenekerezo rya 4 Gitugutu 1961	216
	Urukurikirane rw’ivyashitse (1932-1962)	220
	Urutonde rw’ivyanditswe vyakoreshejwe	237
	Impfunyapfunyo zakoreshejwe	240

19–	« Mise au point du prince Louis Rwagasore » sur le rôle politique de l'administration coloniale, <i>La Chronique congolaise</i> (Usumbura), 20 août 1960	155
20–	Exposé du prince Louis Rwagasore à la Chambre de commerce et d'industrie du Burundi (CCIB), Usumbura, 25 août 1960	163
21–	Extraits d'une interview de Louis Rwagasore et André Muhirwa réalisée par Jean Kestergat, <i>La Libre Belgique</i> (Bruxelles), 12 janvier 1961	185
22–	Discours radiodiffusé de Louis Rwagasore au lendemain de la victoire de l'Uprona aux élections législatives, Usumbura, 20 septembre 1961	193
23–	Discours inaugural du formateur du gouvernement du Burundi, Louis Rwagasore, devant les députés élus de l'assemblée parlementaire, Kitega, 28 septembre 1961	199
24–	Interview du Premier ministre Rwagasore par le correspondant local de l'AFP, Usumbura, 1 ^{er} octobre 1961	205
25–	Allocution prononcée par Louis Rwagasore, Premier ministre du Burundi, au déjeuner du Lions Club d'Usumbura, Usumbura, 4 octobre 1961	217
	Repères chronologiques (1932-1962)	221
	Références bibliographiques	237
	Sigles utilisés	240

Achévé d'imprimer en juillet 2012
sur les presses de la Nouvelle Imprimerie Laballery
58500 Clamecy
Dépôt légal : juillet 2012
N° d'impression : 207078

Imprimé en France

La Nouvelle Imprimerie Laballery est titulaire de la marque Imprim'Vert®

Louis Rwagasore appartient à la génération des leaders des Indépendances africaines. C'était, au Burundi, un émule de Patrice Lumumba au Congo et de Julius Nyerere en Tanzanie. Fils du *mwami* (roi) Mwambutsa, il lance à la fin des années 1950 un mouvement nationaliste contre l'administration tatillonne de la Tutelle belge. Fondateur du parti Uprona (Unité et progrès national) tout en étant l'héritier d'une dynastie remontant au XVII^e siècle, il incarne réellement le pays et il réussit à regrouper dans cette action des Burundais de toutes appartenances : Hutu, Tutsi et princes, chrétiens et musulmans swahili. Assassiné en octobre 1961, il ne verra pas l'Indépendance, retrouvée le 1^{er} juillet 1962. Sa mémoire a été maintenue à travers les soubresauts qu'a connus le Burundi depuis 50 ans, mais derrière l'hommage à une icône, sa philosophie politique reste peu connue.

Ce livre réunit, pour la première fois, l'essentiel de ses interventions dans la vie publique, tant en kirundi qu'en français, entre 1953 et 1961. L'ensemble est publié dans les deux langues. Ces textes ont été réunis et commentés par Christine Deslaurier, et traduits par Domitien Nizigiyimana. Ce retour aux sources retiendra l'attention des nouvelles générations africaines, qui s'interrogent sur un avenir qu'ils veulent différent de celui de leurs parents.

Rudoviko Rwagasore ari mu murungo w'imboneza zaharaniye ukwikukira kw'ibihugu vyo muri Afirika. Mu Burundi, agererenywa na Lumumba wo muri Kongo hamwe na Nyerere wo muri Tanzaniya. Yari umuhungu w'umwami Mwambutsa maze mu mpera z'imyaka ya 1950, atanguza umuhari uhurikiyemwo abakunda igihugu n'iteka ryaco ariko intwari y'ababirigi itabishaka. Yashinze umugambwe Uprona (Abadasi-gana b'i Burundi) kandi ari na we yari samuragwa w'ingoma yahereye mu kinjana ca 17. Mu vy'ukuri afatwa nk'ishusho nyayo igihugu cose cibonamwo kandi muri iryo teka yarashoboye kwegeraniriza hamwe abarundi bo mu mpande zose : Abahutu, Abatutsi n'Abaganwa, abakirisu n'abo mw'idini rya Islamu bavuga igiswahiri. Yagandaguwe muri Gitugutu 1961, atabonye intaha y'ukwikukira igihugu cashikiriywe ku wa mbere Mukakaro 1962. Uburundi bwagumye bumwibuka no mu bihe bigoye bwacyemwo kuva imyaka mironko itanu, ariko uretse icubahiro n'iteka bihabwa iyo ni bagiranwa, ivyiyumviro vyamuranga muri poritike bizwi na bake.

Ni ubwa mbere haboneka igitabu cegeranirijwemwo makurumakuru amajambo yashikirijwe mu buzima bw'igihugu, mu ndimi z'ikirundi n'igifaransa hagati y'imyaka ya 1953 na 1961. Vyose hamwe bishikirijwe muri izo ndimi uko ari zibiri. Ivyanditswe vyatororokanijwe vyongera bishikirizwa na Kirisina Deslaurier hanyuma bihindurwa mu kirundi na Domisiyo Nizigiyimana. Iyi ngendo y'ugusubiza agatima kw'isoko, izofasha urwaruka rushasha rwo muri Afirika, rusanganywe ibibazo vyerekeye kazoza, ariko rwifuzako ibihe rwimirije vyobarutira ivyo abavyeyi babo bacyemwo.



Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Direction du développement
et de la coopération DDC



9 782811 107017

ISBN : 978-2-8111-0701-7